Авар 902.9
А36

Т. АЙТБЕРОВ, Ш. ХIАПИЗОВ

# МАГIАРУЛАЛЪ ХЪВАРАЛ ТАРИХИЯЛ АСАРАЛ



**МагIарул миллиябгин маданияб автономия**

*Тарихиял иццал*

**Т. Айтберов, Ш. ХIапизов**

# МАГIАРУЛАЛЪ ХЪВАРАЛ ТАРИХИЯЛ АСАРАЛ

МахIачхъала 2016

УДК 94 (470.67)
ББК 63.2 (2Рос-Даг)

**Министерство образования и науки Российской Федерации**
**ФГБОУ ВО Дагестанский государственный университет**
***(исторический факультет)***
**Дагестанское культурно-историческое общество**
**Национально-культурная автономия аварцев РД**

**Аварские исторические сочинения**

**Айтберов Т., ХIапизов Ш.**
**А-37** МагIарулалъ хъварал тарихиял асарал. МахIачхъала: АЛЕФ, 2016. – 300 гь.

Редактор – **АхIмад МуртазагIалиев**
Корректор – **МухIамадкамил Гьиматов**

Гъаб тIехьалда жанир кьун руго жидер аслу магIарул мацIалда, гажам алипбаялда хъван рукIарал тарихиял асарал. Гьел хъварал чагIи яги лъалел гьечIо, яги – жидер мунагьал чураял абизе бегьулезда гьоркьор руго. Бищун цебесеб буго 600-гIан соналъ ганчIида хъвараб, бищун нахъисеб абуни – 50 соналъ цебе гIуцIараб. Нижеда лъазе кIварал мусанипазул (авторазул) хIакъалъулъги гьезул асаразулги кодоре щварал баянал щибаб тексталда цере кьун руго. Буго кIудияб мажмугI Гиничукьа ХIайдарбегил Мансурица доба-гьаниса бакIарун гIуцIарабги.

*МагIарулазул тарихиял асарал ралагьизеги цо-цо кIочарал рагIабазул магIна гьабизеги нижее цIакъ кIудияб кумек гьабуна Хунзахъа ГIисал ТIалхIатица. Баркала дуе ТIалхIат!*

Мужалаталда кьун руго хадусел суратал:

1. Нуцабазул гьин-кIалгIа. Сурат бахъана Э. Акуваевас.
2. Шамил наибзабигун. Сурат бахъана Х. Мусаесулас.

# МажмугIалда руго:

1. Къорода мажгиталъул къадалъ бугеб хъвай-хъваг1ай............................................................ 4
2. Бакълъухъ мажгиталъул къадалъ бугеб хъвай-хъваг1ай............................................................ 5
3. Хунзахъ нуцабазул тарих........................................ 6
4. Гъумекиса МухIамадханил лъималазул баян ...... 23
5. ТIиндиб Имам-Шамилилгун дандчIвай............... 26
6. КIаратIаса ТавушмухIамадихъе кагъат ................ 30
7. Туркиялъа хъвараб кагъат.................................... .33
8. Дир диналъул вацазе насихIат ............................ 34
9. ГъазимухIамадица вац МухIамадшапигIихъе хъвараб кагъат........................................................ 42
10. Силдерил тарих (Ункъракьалъул тарихалдаса).. 45
11. Къокъаб шаригIат ва гьелъул хIасил.................. 65
12. ХIайдарбегил Мансурица гIуцIараб мажмугI ... 78
13. Гинчал ва гьезул тарих ..................................... 205
14. Сагитасул таварих............................................ 259
15. ЧIохъ росдал аслу буго гьаб............................ 284

# 1. Къорода мажгиталъул къадалъ бугеб хъвай-хъваг1ай

*Гьаб хъвай-хъвагIай бик1ун буго Къорода мажгиталъул къадалъ лъураб ганчIида - магIарул мацIалда, гIажам алипбаги хIалтIизабун. Хъвавул къагIидаялде балагьун, абизе бегьула: гьаб бугин XV гIасруялда ганчIида бикIараб хъвай-хъваг1ай - абун. Гьелдалъунги гьеб рикIкIине бегьула гIажам алипба хIалтIизабун гьабураб тIоцебесеб маг1арул хъвай-хъваг1айлъун.*

***Гьениб хъван буго:***

«БисмилЛагьи рахIмани рахIим. ГIакIа гьабуге мазгит гьабуразе, росда Алака мазгита вакъпу гьабурал. ГIакIа гьабуге, бусурбаби».






# 2. Бакълъухъ мажгиталъул къадалъ бугеб хъвай-хъваг1ай

*Гьаб хъвай-хъваг1ай буго Гъоркьа Бакълухъ мажгиталъул къадалъ лъураб ганчIида. Гьеб букIана мимаралда аскIоб, гьанжейин абуни тIад гьабураб бохьиялъ ганчIида хъвараб жо бахчизабун буго.*

***Гьениб хъван буго:***

«Мажгит бана 973 [1565 соналъ].



# 3. Хунзахъ нуцабазул тарих

*(хъван буго XIX-б г1асруялда, гІажам хатІалда)*



ГІандуникІ-нуцал. Сурат – ТІ. Гъапуровасул

*ХІадур гьабуна Тимур Айтберовас*

## 1. [ГІандуникІ-нуцал II]

ГІумма абурав нуцаласул вас ГІандуникІ-нуцаласдаса [XVI гІасру][1] бахъараб, Гебек абурав нуцаласул [чІван вуго 1802 соналъ] вас Сурхайиде [1834 соналъ ХІамзат-имамасул муридзабаз чІварав] щвезегІан тарих буго гьадинаб.

[1] Гьев ГІандуникІ-нуцал нилъеда рехсон ватула гІараб мацІалъ Дагъистаналда гьарурал хъвай-хъвагІаязулъ 1547/48, 1553/54 соназда.

ГӀумма-нуцаласул васасде – ГӀандуникӀиде – жиндирго инсул, ай ГӀумма-нуцаласул, цӀаралдалъунги цӀар абулеб букӀун буго[2]. Живго ГӀандуникӀ гьижрияб тарихалъул гьаб [977/1569] соналъ хун вуго.

### 2. Дугъру-нуцал

ГӀандуникӀ абурав нуцал хун хадуб Дугъру-нуцал абун цӀар бугев ГӀандуникӀил вас[3] нахъе хутӀун вукӀун вуго. Хундерил ханлъиги ирсияб букӀун, инсул – ГӀандуникӀил – ханлъи васасде Дугъру-нуцаласде гьижрияб тарихалъул [1646] соналъ щун буго. Гьев Дугъру-нуцаласде ТӀурулав (*ТӀуруpав)* абун цӀарги ахӀулеб букӀун буго. Дугъру-нуцал хундерил ханзабазда гьоркьов бищун гӀадилав, динияв абулев хан вукӀун вуго[4].

Гьединав гӀадилав хан вукӀингин цадахъ, Дугъру-нуцалица жиндирго рагӀигаталда гьоркьосан ГӀоротӀа абулеб жамагӀаталъулгун магъало сабаблъун анцӀила анлъго соналъ рагъ гьабун бугила. Гьеб гӀарадерил жамагӀаталъги магъало кьоларого, жал тӀагӀинчӀого кьеларилан, – цо щулияб *Ахидуниб*[5] абулеб кӀкӀалахъ *ЧӀинкӀва*[6] абун цӀар букӀараб росулъ чӀун, – гьеб анцӀила анлъго соналъ Дугъру-нуцаласде дандечӀун, рагъ гьабун бугила.

Жакъаги гӀарадерил ракьалда гьеб ЧӀинкӀва абураб росдал чӀунтараб чӀвадан буго, – лъабкъого си букӀун – цогидал чӀваднал малъичӀого. Гьаб лъабкъоябго сиялда гьоркьобги кӀикъого си Дугъру-нуцалицадила гӀарадериде рагъ гьабизейилан, гъол гӀарал магъилъе хӀалтӀуде гьукъизейилан разарурал рукӀун руго. Нахъе хутӀараб къого си

[2] Гьеб гӀемер щакаб жо буго, тарих хъварав авторасул жиндирго пикру батила.

[3] Хундерица XIX гӀасруялда гьедин бицунеб букӀаниги, мухӀканал хӀужабазда рекъон, цӀар рехсарав Дугъру-нуцал вукӀана ГӀумма-нуцаласул вас.

[4] Диналде данде Совет-хӀукуматалъул къеркьей хӀалуцинегӀан, гьев Дугъру-нуцаласул хабатӀе хунзги цогидалги хьвадулел рукӀун руго.

[5] ГӀоротӀа росдада аскӀоб бугеб бакӀ.

[6] ГӀоротӀа росдада аскӀоб бугеб бакӀ.

гIарадерица Дугъру-нуцаласде дандечIей гъабизйилан базабураб букIун буго.

ГIарадерилгун Дугъру-нуцаласул букIарабилан абулеб рагъда, гьадаб ЧIинкIва абураб росулъ, Хунзахъ [7] Дугъру-нуцаласул бол бетIер, [ХIащтIихилазул – ?] ГIиса абурав чи[8], чIван вугила къаси тIадехун унаго. Гьелдалъунги Дугъру-нуцаласул бо бихханила.

Гьев ГIиса вукIун вуго гъоб заманалъулъ [XVII гIасруялда] цIар бугев, лъикIав бахIарчи. Кибехун бо битIизе кканиги, Дугъру-нуцалица бол бетIерлъун витIулев чи вукIанила.

ГIиса чIваялъул харбихъе, Хунзахъа ахIуд яхъарай ГIисал эбел щванила гIарадерида тIадехун бугеб *Харикь* абураб цо бакIалде. ГIарадерицаги ГIисал жаназа, – ччукIел бахъичIого, щибго тIаса жо босичIого, – кIудияб хIурматалда чIваралъусаги босун, гьеб Харикь бакIалде щвезабун буго. ГIисал жаназа бихьараб мехалъила [ХIащтIихилазул] ГIисал эбелалъ [ 350 г1ан соналъ цебе ] гьабураб магIуги буго:

*Азарго чи хваги ГIорутIа росулъ,*
*Дир ГIисал каранда цо ругъун лъурал!*
*Чиго хутIугеги хундерил ТIалтIа*[9]*.*
*Тiурулав-нуцалил*[10] *гIисин нуцаби,*
*ГIиса ЧIинкIвав гIадин харид рухIаги!*
*РухIалил магIил берзул нур чвахун,*
*Чехьалъул улбулги дун гIадин таги!*
*ТуманкIул цIад байги Дугърил гьундузде,*
*Гьарай байилан, чукъби тун ритIун*

[7] Цебе заманаялъ *хундерил нуцал*-ан абичIого, *Хунзахъ нуцал*-ин абулеб букIун буго, ай *Хунзахъ росулъ чIей бугев хан* абун.

[8] Гьев ГIиса вукIаравлъи щибго щаклъи гьечIеб жо ккола, ГIисал васигатги цIунун буго гьанжелъизегIан.

[9] Хундерил росдал бакI буго гьеб, нуцабазул гьундул ругеб.

[10] Дугъру-нуцаласул цевесев гIагарав чи вукIун вуго гьев, бакълъулаздаги чачаназдаги тIад кверщел хьвадизабулев вукIарав. ТIуруласул инсулги имгIалзабазулги минаби Хунзахъги рукIаралльи бихьизабулеб мухIканаб документ цIунун буго.

*Чанги дун гIадалъе магIирукъ банин.*

Дугъру абурав нуцаласул мирзалъунги къадилъунги вукIана ГIобода абулеб росулъа ШагIбан [11] абурав чи – ИсмагIилил вас.

Нусиялда лъабкъоялда анцIго (170) рукъ гIечIеб[12] бакI буго гIарадерил росу. АнцIила анлъго сонаЛъ гъеб росдаца, хундерил боде дандечIей гьабун, Дугъруде рагъ гьабун бугила.

ГIакъиласул гуреб, гIабдаласул гIакълуялъги гьеб къабул гьабичIониги бицен буго: гIаралгин игъел ансалгунги цолъун, хьиндалазул цогидал жамагIатазул рахъалдаса кумек тIалаб гьабун, Дугъру-ханасдейила данде чIун рукIун руго. Ахир-къадги гьел ханзабазул зулму-магъало гIаралгин игьелдерица тIаса рехи хIакъаб жо буго[13].

[XVIII гIасруялъул 40 соназда] ханасул нусавго чи: нусго соналъ [ГIорутIа] жанив хутIаниги [14] , рухIгун [хьиндалазул] кверде инарилан гьедун рукIун руго, гьаги бан.

[11] Гьесул квералъ хъвараб чанго документги, кагъатги, тIехьги нахъе хутIун буго.

[12] Опициалиял баянazda рекъон, 1902 соналъ ГIорутIа росулъ 164 цIараки букIана.

[13] ГIараб мацIалъ гьарурал мухIканал хъвай-хъвагIаяз бицуна: 1801 соналъ, КIудияв ГIуммахан хун хадуб, умумулъанго гIарадерица кьолеб магъало гьезго кодоб ккун, нахъа-хадуб, лъагIелгIан заманалъ кьезе инкар гьабун букIанила. Баху-бикал заманаялъ [1802 соналдаса нахъе] гIарадерицаги игьелдерицаги, цогидал хьиндалазги ханзабазе магъало кьей жидеда тIадаб букIин къабул гьабун – ансадерида цебе – ва гьединго: жидер чияс такъсир гьабуни, гьелго ханзабазе гIакIа кьейги жидеда тIадаб букIин къабул гьабуна.

[14] ГIарабалъ хъван буго: 1746 соналъ хундерил аскар ГIорутIа росулъе лъугьун буго абун.

Цогидал гIараб мацIалъ гьарурал хъвай-хъвагIаязда бицуна: рехсараб соналъила ханасул бодул 100 чийила балъгояб куцалда ГIоротIа жаниве кIанцIун вугила. Хьиндалазги гьел сверун ккун ругила гIарадерил рукъзабазда жанир. Хадуб гьел къватIире риччаялда хурхун кIалъаялги ккун рукIанила.



Хунзахъ хабалазда Дугъру-нуцалил зани

Гьоркьоре лъугьарал маслахIатчагIаз – гIалимал, гIакъилал, чIахIиял, супиял [15] – гIаралгин игьелдерида тIад букIараб хундерил ханзабазе кьезессеб магъало, ансадерида

[15] ГIарабалъ хъвараб документалда бицунеб буго: гIарадерил рукъзабазда жанив чIарав хундерил нусгогIан гIолохъанчи хвасар гьавиялъе гIолойилан гьоркьор журан рукIанила: лъикIал чагIиги, гIалимзабиги, дибирзабиги.

цебе гъоркье лъун[16] буго. Гьебго гъоркьлъелалъе лъебералда анлъго хъирим - туманкIги кьун буго[17].

ГIаралгин ансадерилгун хундерил ккараб тунка-гIусиялъул хIакъикъат лъарал гьидерица гали цебехун лъун букIун буго: тушманасул тушман гьудул гурев, вац вугилан абураб жидерго кициялда рекъон. Кагъат хъван, кодобеги кьун гьез Унсоколове чи витIун вукIун вуго[18].

[ТIалъиялда] бицен буго: [1802 соналъ] лъабго сордо-къоялъ лъабабго росдал – гIаралгин игьел ва ансадерил – гIадамал тIаделъаниги жидее, ай [хангун цадахъ рачIарал хундерил гIолохъабазе, зарал гьабизе кIвечIин[19].

## [ГIумма-нуцал III ва гьесул цо-цо лъимал]

Дугъру-ян абурав нуцаласул вас ГIумма-нуцаласде абулеб букIун буго КIудияв Булач абунги. [1148/1735–36 соналъ ЦIоралда чIварав] гьев ГIумма-нуцаласул лъабго вас вукIун вуго. Гьезда цIарал руго: МухIамад-нуцал, МухIамадмирза, ГIуммахан абун.

---

[16] *Милъи*, гIурус мацIалда «залог».

[17] ГIарабалъ хъвараб документалда буго: гIарадерилгин ансадерил боялъила, гIага-шагарго 1746 соналъ, ГIорутIа жанир сверун ккурал хундерил гIолохъабазухъа гъоркьлъелалъейилан 100 хъирим-туманкI тIалаб гьабун, ахир-къадги, 30 хъирималда разилъун ругилан. Хундерицайила кьунила ансадерихъе, гъоркьлъалие абун гьеб 30 хъиримги, гIаралгин игьелдерида тIад букIараб магъалогийила.

[18] Нахъе цIунун буго ансадерица, гIага-шагарго 1746 соналъ, гьидерихъе гIарабалъ хъвараб кагъат. Гьелда жаниб бицуна, ансадерил бербалагьиялда рекъон, гIарадеридаги хундеридаги гьоркьор ккарал тунка-гIусиязул хIакъалъулъ.

[19] ГIарабалъ хъван буго: 1802 соналъ магъало хадубккун кьеларилан гIарал тIирун чIун ратидал, Баху-бикал рос, СултанахIмад абурав чи, жиндирго чукъбигун цадахъ, нахъа-хьиндалазухъе вачIун *Нуцазабазул хъалаялъув* рещтIун вугила. Гьев СултанахIмадги чукъбиги хъалаялъур сверун ккун, гIарадерицаги, гьезул рахъ кколезги къватIире риччан гьечIила, лъабго къо ун хадуб гурони. СултанахIмад-ханги цадахъ рукIарал хундерил гIолохъабиги ахир-къад Хунзахъехун ун ругила. Амма мех гьоркьоб инчIого, кIудияб къуватгун гъоркьехун жойисаги рачIун, нахъа-хьиндалаздаго – гьезда гьоркьор гIарадеридаги – магъалаби тIад лъунила.

ГьитIинавго санаде щвечIев ГIумахан гьижрияб тарихалъул 1125/1713 соналъ хун вуго[20].

Яхсиялдаса [21] Хасай-Мусал [22] тайпалъул ПатIимат абурай ясги ячун, МухIамадмирза рукъалде вуссун вуго. Гьей ПатIиматица МухIамадмирзае кIиго лъимер гьабун буго – КIилъилай[23] абурай ясги, Булач абурав васги. Гьев Булачида ГьитIинав Булачиланги абулеб букIун буго. МухIамадмирзал, гьеб кIиябго гуреб, тIокIаб лъимер букIун гьечIо.

Шакиялъул бетIергьан ХIусен-ханасеги Ширваналъул бетIергьан Акъаси-ханасеги [24] кумек гьабун, Дербенталъул ПатагIали-хангун рагъизейилан, [1186/1772-73 соналъ], МухIамадмирза, хундерил богун цадахъ, жиндирго вас Булачги вачун, ун вуго Ширваналде. Гьеб рагъда кIиябго рахъалъул гIемерав чи чIван, гIемераб би гIодобе тIуна.

Хундерил бодуе гьеб зарал ккеялъе сабабги: ХIусен-ханасулги Акъаси-ханасулги боял – Дербенталъул аскаразул кутак бихьидал, – рихxун, гьалмагъзабиги гъоркьго тун, лъутун руго. Гьел шекиселгин ширваназда данде букIарабги ПатагIали-ханасул бо гьебмехалъ хундериде буссун, гьезда тIаделъун бук1ун буго[25]. Гьел нуцабиги, цоцазе *сиянги*[26] кьун, чIун рукIун руго.

Гьев кIиявго – эменги васги, хундерил ханзабазул кьибилалъул чагIи – МухIамадмирзаги Булачги гьеб рагъда

[20] ГIарабалъ хъвараб тарихалда бицуна: ГIуммахан абурав МухIамад-нуцаласул вац 1120/1708-709 соналъ хванилан.
[21] Хасавюрт районалъул Аксай абулеб росу буго гьеб. Амма гъоб заманаялъул Яхсиб цо гохIда букIун буго – гьанжесеб ЦIияб Тумлъуда, Тухчар абураб росу бараб бакIалда.
[22] Гьев Муса абурав нуцалчи гIурусаздаги лъалев, гьез жидерго хъвай-хъвагIаязульги рехсолев чи вуго.
[23] Гьей МухIамадмирзал яс КIилъилай цогидалги хъвай-хъвагIаязулъ рехсолей ятула.
[24] Гьел ханзаби Бакихановасги (1846 соналъ хвана) рехсола.
[25] Гьеб рагъул хIакъалъулъ парс мацIалъги хъвараб жо буго.
[26] *Сиян* – гIарабазул рагIи буго, «цIуни» магIна бугеб.

чІвала[27]. Гьелги чІвай гуребги, хундерил бол гІадамазе – гъоб рагъул сапаралъ – Ширваналда гІемераб зарал ккола.

**[МухІамад-нуцал]**

МухІамад абурав Хунзахъ нуцаласул [28] кІиго чІужу йикІун йиго. Хайдакъ уцумиязул ХанмухІамад[29] абулев чиясул яс – гьесул цо чІужу. Гьелда цІарги Баху[30] букІун буго. Гьей Бахуца МухІамад-нуцаласе ункъо лъимер гьабун буго. Цо васги лъабго ясги рукІун руго.

Цо ясалда цІар Хъистаман абун букІун буго. Гьей кьун йиго Жунгуталдаса [АхІмадхан] абурав ханасул вас ГІалисултание[31]. Хъистаманица гьев ГІалисултание кІиго вас гьавун вуго. Гьезда цІаралги – ХІасанханги СултанахІмадги рукІун руго.

Хайдакъалдаса ячарай Бахуца МухІамад абурав нуцаласе гьаюрай кІиабилей ясалда цІар Аймесе абун букІун буго. Гьей Гъазигъумекиса Шагьмардан[32] абурав МухІамад-ханасул[33] васасе кьун йиго. Гьей Аймесецаила Шагьмардание гьавун вуго Арслан[34] абун цІар лъурав вас.

---

[27] Цогидал баяназда рекъон, Ширваналда чІварав Булач МухІамадмирзал вац вукІун вуго.

[28] Гьев МухІамад абурав Хунзахъ нуцаласул чанго кагъат нахъе цІунун буго.

[29] Гьев ХанмухІамад абулев даргиясул эменги (АхІмадхан) васги (АмирхІамза) Хайдакъалъулго кверщел кодосел ханзабилъун рукІана.

[30] ГІарабалъ хъвараб цо тарихалда бицуна: ХанмухІамадил яс Бахуйилан, 1156/1743-44 соналъ МухІамад-нуцаласе лъадилъун анилан. Гьей хванила 1181/1767-68 соналъилан.

[31] Гьев ГІалисултан гІемерал хъвай-хъвагІаязулъ рехсон вуго. Гьесул кьибил Хунзахъа букІанин абула, магІарул мацІги лъалаан гьесда.

[32] Парс мацІалъги гІарабалъги хъварал тарихазда рехсолев чи вуго гьев Шагьмардан.

[33] Гьев ккола Сурхай-ханасул вас – МухІамад абун. Гьесдаса хутІараб чанго гІарабалъ хъвараб кагъат буго.

[34] Гьев Арслан//Аслан абурав чиясул хІакъалъулъ гІемерал баянал руго гІурусазги цогидазги хъварал. ПарчахІас генераллъи кьурав чийила, тумазда тІад гІурусаз тарав чийила, къаралалгин кьессеразул гьудулила ва гь. ц. Гьесул кагъталги цІунун руго.



МухIамад-нуцал. Сурат бахъарав – Э. Акуваев.

Бахуца гьаюрай лъабабилей ясалда цIар Бахтика абун букIун буго. Гьей Бахтика кьун йиго *шушу-хан* [35] абураб цIаралдалъун Дагъистаналда машгъурлъарав гъарабагъ-ханасе [36] . Гьесул жиндирго битIараб цIар Ибрагьим-хан [ханлъи кодоб ккквеялъул сонал: 1759-1806] абун букIун буго.

Бахтикал эмен МухIамад-нуцал хун [1774 соналъ] хадуб вацас – ГIуммаханица – кьун йиго гьей гъарабагъ-ханасе. [АнцIила ункъо – анцIила щугогIан сон барай яс]

[35] Гьедин абун буго гъосда, Гъарабагъ абураб ханлъиялъул тахшагьар Шушу//Шуша абураб бакIалда букIиндал.

[36] Гьеб Гъарабагъ абураб ханлъи гьанжесеб МугIрузул Гъарабагъалде (АР) данде ккун, кIигогIан кIудияб улка-ракь букIун буго.

Бахтика [37] Ибрагьим-ханасе жий чIужулъун кьеялда разилъуларого йикIун йиго. Жиндирго кIудияв вацасул – ГIуммаханил – вазир ГьоцIалъа ГIалискандида[38]: кьунилан гIайиб гьабун букIун буго. Живго Ибрагьим-ханги гьесул шагьарги[39] Бахтикаца какун руго. Жиндир эмен МухIамаднуцалги, гьесул вац МухIамадмирзаги, гьев МухIамадмирзал вас жий – Бахтика – ячине абун вукIарав Булачги, гьел хун рукIинчIеланийила, дун Ибрагьим-ханасе кьелароан абун – Бахтикаца гьабурабилан абулеб кечI буго:

*Меседил гьаркьица гъалал халаго,*
*Хабар бачIанила Шушуялдаса.*
*ГIарцул саргъасалъуй дун чвердолагун,*
*Чапар гIунтIанила гъарабагъазул*
*Хъатир-хъулухъилан, – бихьинал-цIуял,*
*ЦIер гIадин эхетун хIатIида чIана.*
*Щурщун гIемерлъана дир гIелилазул,*
*ХIалай захIмалъарай КIилъилай щвана,*
*Щапун магIилги тIун, бицана гIодун*
*Гьал рачIарал гьалбал ГIуммаханихъе,*
*Гьарун, мун кьейилан шушу-ханасе.*
*Бицарабго рагIи, гьабураб къотIи.*
*КъачIай, ле, хазина, гьанже къокъине.*
*Къваридай, чучизе чи тIагIанин дир,*
*Чорхол чара хварай, дарман тIагIаралъ.*
*ТIад речIчIун КIилъилай гуюгун рехун,*
*КIицIулго тирана байтулманаб рукъ.*
*Къварилъи ракIалъул! КIоларо чIезе:*
*– Кьоге, вац ГIумма-хан, дун Шушуялде,*
*ЦIарго лъикIаб гьечIин шушу-ханасда.*
*КIанцIизе кьуруни, гIела борхалъи,*
*ГIасияб хвел босзе бокьулеб гьечIо.*

[37] Гъарабагъалда гьей Бахтикада абулеб букIун буго: *Бахтак*– илан, *Бика-агъа*-йилан, *Нуцал-ханасул яс*-илан.
[38] ХIамзат-имамасул эмен ккола гьев ГIалисканди.
[39] Шушу абулеб шагьар буго гьеб.

*ЙитӀуге, яц хваяв, Гъарабагъалде,*
*Инсул тушманасул улкайин кколеб.*
*– КьечӀого кин гӀелей мун Шушуялде,*
*ГӀуммаханил кӀалгӀа гӀарцуца цӀедал.*
*ГӀелищ йитӀичӀого Гъарабагъалде,*
*ГьоцӀдерил чӀункӀбузда дарай ретӀиндал.*
*...Нусго яс гьаеги ГӀалискандие,*
*ГӀарац къваригӀиндал гӀарцухъ ричизе.*
*ГӀарцул лал тӀамаги хундерил ТӀалтӀа,*
*Дир вац дов ГӀуммахан гӀарцуд гӀорцӀизе.*
*Дун йичун босараб меседгин гӀарцул*
*Пурцил маххал гьаре хундерил бое.*
*Нахъе хутӀаралъул тӀад-хӀебдалазе*[40]
*Харицелал къотӀе, къваригӀиналде.*
*Дун кьуралъухъ кьураб мирзай-ххамалъул*[41]
*ЛъагӀилухъ*[42] *тукен лъе, вац дир ГӀуммахан.*
*Кинниса кинниги дун толарелъул,*
*Къолоца бай гӀарац магӀарулазе.*
*КигӀан гьараниги, дир гьариялъе*
*ГьечӀин къабуллъулев, къвакӀун чӀанин мун.*
*Къвалица кье харай*[43] *хундерил бое,*
*Игилъа*[44] *гӀодое дун уней мехалъ.*
*Хадув валагьизе ГӀуммахан анищ,*
*Гъое ЗагӀиехун дун тӀавагьиндал.*
*Аман, горсан ваккун ГьитӀинав Булач,*
*Берцинав Булачил хъалинги*[45] *бухӀун,*
*Хъабалайги ретӀун, тӀалу кин телеб.*
*Гьаб тӀалугӀанасеб тӀухьиги кьвагьун.*

---

[40] ГӀехьел ва аскӀор ругел росабазул чагӀи.
[41] Бакъбаккуда бессулеб ххамил тайпа буго гьеб.
[42] Хунзахъ мухъалда бугеб росу.
[43] *Харай* буго дарайго гӀадаб ххам.
[44] Хунзахъ тун, ЗагӀибехун унелъул, нухда бугеб, борхатаб буцур гӀадаб бакӀ.
[45] *Калым*-ян абулеб жо буго; лъарагӀаз бахӀаралъе кьелеб партун гӀадаб жо буго гьеб.

*Къалда хваралазул хивал кIочениш,*
*ТIалтIа бараб сигIан, гьир харил бухIун.*
*ХIиллаялъ чIваразухъ чIегIер бахъани,*
*ЧIвалел гIайибазул ургъелго гьечIо.*
*Ургъалаби гъунел гъваридал кIкIалал,*
*Гъарин дун яхунел рорхатал щобал!*
*Дунял хIарамлъаги ХIебдал боялъе,*
*АхIи бан аниги, аман гьабичIо.*
*Инсул къайи чIвалеб доб Къарбиялда[46],*
*Меседил щуб ккаги, щварас босизе.*
*Свакарал рещтIунеб доб АхIлъималда[47],*
*ГIарцул полоп баги, банин гьоболлъи.*
*Цинги танин абе Илусиялда[48],*
*Хъурмил хIулабаде ругьалайги ран.*
*Гьанже йигин абе Гъарабагъалда*
*Роржунел хъурмузда хадуй ялагьун.*
*ГIазу балеб къоялъ къватIий яккани,*
*Капураб махI буго росдадасаго.*
*Гьури пулеб къоялъ гортIе яккани,*
*Квешаб махI бахъула авалалдаса.*
*Гьекъезе лъинилан дун зигардани,*
*Хъаба цIун бачIуна лахIчIегIераб жа.*
*Какичуризелан дун гаргадани,*
*Парччи цIун бачIуна болъоназул би.*
*Какикь жойин абун дица абидал,*
*Бехъерхъула цебе болъонил цIоко,*
*Ибрагьим абидал уйилан ккана,*
*ГIадатIа кар тарав кашиш ватана.*

---

[46] Гуржистаналда чвахулеб Иорийилан абулеб гIоралъул магIарул цIар, жиб персазги турказги хIалтIизабулеб.

[47] Дагъистаналдаса ЦIоралдехун (ЛъаратIа мухъалъул Къамилухъ росулъан Билкан мухъалъул КIатIихъ росулъе) унаго цебе батулеб габурлъиялда цIар.

[48] ЦIоралда бараб, цебеккун магIарулазул букIараб некIсияб росу – жибго жиндаго чIараб ханлъиялъул тахшагьар, гьанжесеб Азарбижаналъул КIахъиб (Ках) мухъалда бугеб.

*Ханилан абидал, божун йикIана,*
*Килищ-малъ хIуларав хIама-къажарав.*

ГЪаб кочIол магIна жиндир узданаб черх чияе, хIама гIадин, бичи Бахтикаца какиялъулъ буго. Яц-яс йичунги, гIагарлъиялъ боцIи боси гьелъ рогьолъун рикIкIун буго. Жий гьедин росасе кьунилан, жиндирго хвараб-чIвараб гIагарлъиги рехсон, вац ГIуммаханидаги, гьесул вазир ГIалискандидаги гIайибал чIвалел руго Бахтикаца. Жиндего рачIарал чIегIерал къоязул бицун, магIу тIолеб буго гьей ясалъ. Ракьулъ рахчарал умумулгин гIагарлъи рехсон, жиндиего кIалалъ хвел гьарулебги буго, жинцаго жиндиего хвел босизе кIвечIониги.

Хайдакъ-уцумиязул яс Бахуца МухIамад абурав нуцаласе гьавурав васасда цIар – ГIуммахан букIун буго.

МухIамад абурав нуцаласул кIиабилей чIужу – бусурманлъарай гуржияй ккола. ЦIар гьелда – Марйам букIун буго. Гьей Марйамица МухIамад-нуцаласе Гебек абун цIар лъурав вас гьавун вуго.

Гебек-нуцал, [1802] соналъ гьесулго яцгIал КIилъилалъ цо лагъасда чIвазавураб мехалъила гьев Гебекил Сурхай абун гьитIинавго вас витIун вуго ТIукитIа росулъе, КIудияв Нуричу абурав чиясда аскIовейила. Керен кьун хьихьарав жиндирго вас балъгого чияхъе витIулеб мехалъила, ЧIуркьин абурай гьесул эбелалъ абун руго гьадинал рагIаби:

*Инсул кьибил кьалаб кьурул милъиршо*
*Кьун арабин дица тIукадерихъе.*
*Кьолбода рихараб цо лочнол хоно,*
*Аманатха, тIукал, щулаго рукIа.*

1148/1735-36 соналъ ЦIоралда чIварав ГIумма-нуцаласул лъималазул – МухIамад-нуцалгин МухIамадмирзал – ханлъи жидедаго жаниб букIун буго. КIиявго вац рекъон, цоцаде ургъел бикьун, кIиявго цолъун, цо чияс гIадин хьвадизабулеб букIун буго гьеб. Ваамма ханлъиялъул цIар МухIамад-нуцаласда букIун буго.

МухIамад-нуцалгин МухIамадмирзал заманаялъ, гьижрияб тарихалъул 1153/1741 соналъ, Надир-шагь

Гъазигъумекиве кIудиял боялгун вачIун вукIун вуго. Надир-шагьасдехун дандечIей гьабизе кIвечIого, Чулахъ-Сурхайгун гьесул хъизан Надир-шагьасул кверде ун руго.

Надир-шагьасул кверде ин жидер ламусалъ къабул гьабичIел Чулахъ-Сурхайил лъимал – МухIамадгин МуртазагIали - Хунзахъе кIанцIун руго МухIамад-нуцалгин[49] МухIамадмирзаде тIаде, аманги гьарун. Гьел хундерил ханзабазги Сурхайил лъималазда, – МухIамадгин МуртазагIалида – кIудияб хIурмат-хъатир гьабун хадуб, абун буго…[50]

[МухIамад-нуцал чIван вуго 1187/1773-74 соналъ Ширван абулеб улкаялъул Шамах абулеб шагьаралда жанив, чияца рекIкI гьабун].

**ГIуммахан-нуцал**

ГIумма абурав нуцаласул вас МухIамад-нуцаласе ГIуммахан гьавун вуго [Хунзахъ росулъ] гьижрияб тарихалъул 1175/1761-62 соналъ ХанмухIамадил яс Бахуца – Хайдакъалдаса ячарай чIужуялъ [51] . ГIуммаханил эмен МухIамад-нуцал Шамахаялда *пучхъалихъе.* [52] *ч*Iван вуго Дербенталдаса вачIарав ПатагIали-ханасул чадиралда жанив, гьадаб цебе рехсараб куцалъ[53].

---

[49] Гъоб заманалъ МухIамад-нуцаласул 10/11 сон букIун буго.

[50] Абурал рагIаби нижеда кодоре щвечIо, гьоркьор риччан рукIун.

[51] Тексталда хъван буго: *гьей Бахуйила ХанмухIамадил чIужу йикIанилан.*

[52] *РекIкIалъ*-илан абулеб жо буго гьеб; лъарагIазул рагIи буго гъаб.

Нижеда кодобе щвараб магIарул тексталда МухIамад-нуцал Шамахалда чIваялъул хабар гьоркьоб биччан буго. МагIарулаз гIараб мацIалда хъвараб тарихалда жаниб бицуна: МухIамад-нуцалила халатал, магIна батIи-батIиял кIалъаяздаса хадувила, рекIкI гьабун, Шамахалъул къужруца чIван вугилан.

[53] Бакихановас (XIX гIасру) нуцал чIваялъул хIакъалъулъ парс мацIалъ бицунаго, гьеб хIалихьатаб иш гIахъущдерида бухьинабулеб буго.

Гьездила къужрузда малъанила: чадиралда жанив вугев Аваристаналъул хан чIаго тезе бегьуларин. Нужеца гьев чIвачIого тани, жидер рахъалдаса нужее кумек тIокIалъ букIинарилан абун. Ниж гьаб версиялда божуларо, дагъистаниязда гьоркьоб рикьи гьабизе мурадалда хъвараб жо бугин тола.

Эмен чIвараб мехалда санаде вахинчIев ГIуммахан – анцIила кIиго-лъабго сон барав чи, – 1188/1774 соналъ жидерго умумузул ирсияб ханлъи хьвадизабизе лъугьун вуго.

МухIамад абурав нуцаласул вас ГIуммаханил лъабго чIужу йикIун йиго. ГIуммаханил лъимал – кIиго яс йикIун йиго, вас вукIун гьечIо. Руччабигин ясазул цIарал гьал рукIун руго:

ТIоцеесей чIужу – жиндирго яцгIал КIилъилай, МухIамадмирза абурав имгIаласул яс йикIун йиго. Гьей КIилъилалъ гьабураб лъимер ГIуммаханил букIун гьечIо.

КIиабилей чIужуялда цIар Хъистаман[54] абун букIун буго. Гьей Хъистаманги Хайдакъалдаса ячарай йикIун йиго, уцумиязул яс. Хъистаманица гьаюрай ГIуммаханил ясалда цIар Баху[55] абун букIун буго. ГIуммаханица гьей Баху кьун йиго Жунгуталдаса СултанахIмадие – цее рехсарай жиндирго яцалъул васасе[56].

Лъабабилей чIужуялда цIар букIун буго Дарижа[57] абун. Жиндирго заманалъ берцинлъиялъул рахъалъ цIар гьабулей гIадан йикIун йиго.

Гьей Дарижа бусурманлъарай гуржияй йикIун йиго[58]– гуржиязул бетIергьан ГьерекIли-ханасила [59] ГIуммахание

[54] Хунзахъе 1828 соналъ щварав цо гIурусасда гьей Хъистаман йихьун йиго. Гьев гIурусас хъвараб отчет нахъе цIунун буго.

[55] Гьей ккола Лев Толстояс «ХIажимурад» абулеб тIехьалда рехсарай Баху.

[56] Гьев ккола тIадехун рехсарав ГIалисултанил вас. Жунгуталда чIарал нуцабаз – лъарагIабги магIарулабги мацIалда кIалъалел рукIарал чагIаз – хъвала XIX гIасруялда: жал хунз ругилан абун. КIудияв ГIуммаханил ясалъул рос вукIун, СултанахIмадица 20-гIан соналъ Аваристаналъул ханлъи хьвадизабула.

[57] Гьей ккола *Дареджан* абун Абашидзе абулеб таватазул (гуржи-нуцабазул) тухумалъул яс.

[58] Гуржиязул тарихалда хъван буго: Ваханиб абулеб гуржиязул хъала ГIуммаханил бодулаз кьвагьизабун бахъараб мехалъ, кодоре щварал ясиразда гъорлъ ратанила *Евген* абурав таватасул ясалги, гьезда гьоркьой ятула Абашидзе Дариджанги. Гьей яс ГIуммаханица лъадилъун ячанила, гъолъ исламги босанила.

[59] Тарихалда жаниб машгьурлъи щварав Гуржистаналъул пача ккола гьев – ГьерекIли Багратиони.

сайгъаталъейила йитIун ячIарай, бахIаралъе букIине кколебщинаб къайиги кьун. Гьей магIарухъе ячIун йиго лъабго гIалагун, лъабго бартигун, лъабго лагъгун, цо гъарабашгун цадахъила. Дарижал рукъалъ чIараб бакI ЛъагIилухъ росу букIун буго. Гьей Дарижаца ГIуммахание гьаюрай ясалда цIар ЯхсипатIимат абун букIун буго.

ЯхсипатIимат абун цIар гьелда абиялъе сабаб: ГIуммаханил инсул вацасул – МухIамадмирзал – чIужу Яхсиялдаса ячарай ПатIиматин цIар тарай гIадан йикIун йиго. ГIуммаханил яс ЯхсипатIиматил эбел-эмен хун хадуй[60], гьелъулго яц[61] Бахуца гьей инжит гьаюн йиго: гуржиялъе гьаюрай яс – лагъ абун.

Инсул – гьев шагьидлъун хадуб – щвезе букIараб боцIиги Яхсипат1иматие кьечIого, гьей яс [Бахуцаги КIилъилалъги] КIахъ абураб росдал бакътIерхьул рахъалда букIараб *Ханасул кули* абулеб цо колотIа тун йиго. Рос-рукъалде инчIей гIолохъанчIужу йикIун йиго. Хунги йиго ЯхсипатIимат гьижрияб тарихалъул 1229/1813-14 соналъ, тIагIун абулеб унтудалъун.

ЯхсипатIимат рехсараб колотIа хун йиго. Гьелъул хобги *КIудияб нухлул* рагIалда буго – Хунзахъа ЛъарагIалде гIадамал хьвадулеб, кIахъиязул магъилъан бугеб

Вазир ГIуммаханил вукIун вуго ГьоцIалъа – ГIалиханил МухIамадил вас ГIалисканди[62]. Гьев ГIалискандида гIадамаца абулаан КIудияв ГIалисканди абун.

[60] ГIуммахан хун вуго 1801 соналъ, Дарижа абурай гьесул чIужу 1807 соналъ жеги чIаго йикIун йиго.
[61] Гьел рукIана улбул батIиял, эмен цогоял яцал.
[62] ГIажамалда хъван буго *ГIали-Искандар* абун. Гьев ГьоцIалъа ГIалисканди вукIана ХIамзат-имамасул эмен.



ГІумма-нуцал КІудияв. Сурат бахъана М. Шабановас

ГІуммаханил мирзалъун [63] вукІана Хунзахъа Дибир-къади абулев чи, Макъсуд-къадиясул вас [64]. Гьев Дибир-къадиясда МухІамадшапигІ-мирза абураб цІарги абулаан. ГІадамазда гьоркьоб машгьураб бицен буго, ГІуммаханица абулеб букІараб абун: жиндир гІадав гІакълу цІикІкІарав вазирги, гІелму цІикІкІарав мирзаги цересел ханзабазе щвечІилан абун. Гьединал гІелмуялдалъун машгьурал чагІиги рукІун руго гьел.

[63] Канциляриялъул хІаким, канцлер.

[64] Дибир-къадиясулги гьесул инсулги кагътал цІунун руго. Макъсуд-къадиясул кьалбал хунз рукІунаро, гьел ГІахьалчІиса гочун рачІарал ругъеж рукІун руго.

# 4. Гъумекиса МухIамадханил лъималазул баян

*(Авар-гIурул мухъилъ чIарал магIарулазул тарихалдаса.*
*Хъван буго XIX-б гIасруялда)*



ТIекьадерил мегIер ва Гьолокь росу.
Сурат бахъана Г. Гагариница.

*ХIадур гьабуна Тимур Айтберовас*

Гъумекисев МухIамадханил [65] лъабго вас вукIун вуго: Гунашги [66], ГIалиханги, ГIалибегги. Гьев МухIамадхан хун вуго 1092/1681 соналъ.

---

[65] ГIурусаз хъван буго 1616 соналъ: Дагъистаналъул нуцабаз витIун вачIанила Теркалда бараб жидер хъаладухъе милъид, ай гъоркьлъалие, цо гъумекисев – МухIамадхан абулев гьитIинав вас.

[66] Гьесул зани Гьонода росулъ цIунун буго. Гьелда хъван буго: *Гунаш-нуцалчи хвана 1696/97 соналъ.*

Гъумекдерил нуцабазул гІадат букІун буго: Гъумекив хан хвараб мехалъ, гьесул насруялъул бищун кІудияв ханлъун толеб. Гьебмехалъ, ай гъобго 1092/1681 соналъ, Сурхай дагІбадун вугила гъумекдерил ханлъиялда тІад. Гьес абун бугила: кидаго хан нужер кьерулъа вукІине кколарилан. Жалги ханзабазул насруялъул чагІи ругин. Гьанже ирга нижеде щун бугилан.

МухІамадханил лъималаца абунила: нилъер умумузул гІадат бугин нижер насруялъул бищун кІудияв гъумекдерил ханлъун вукІунеб. Умумузул гІадат нилъеца хвезабизе рекъон гьечІин.

Сурхайица Мух1аммадханилазул рагІи къабул гьабичІила. Гьес абун бугила, нилъеца, руккелги бак1арун, вилаяталда[67] гьикъилин, гьезие бокьарав Гъумекив ханлъунги телилан.

Сурхайил йикІун йиго сихІирай, бечедай, квер гІатІидай эбел[68]. Гъолъ гъумекдерил вилаят, [жиндирго] бакІалда бакІарун, рази гьарунила. Гьебмехалъ гъумекдерицаги абун бугила Сурхайида рекъон: нилъер ракьалда ханлъи иргадал букІине кколилан.

Гъой ч1ужуялъул сихІру лъайдал, МухІамадханил лъимал пашманго рокъо-рокъоре руссун руго: Сурхай чІвазейилан къасдалдайила. Цо къоялъ, цинги, Гунашица чи витІун вугила: Сурхай жинда аскІове ахІизейилан. Живго инчІого, Сурхайица цин жиндирго лагъ довехун витІун вуго, Мух1амадханилазул хІалалъухъ балагьизе.

Цинги, гъов лагъасда лъан буго: Гунашица Сурхай [жинда аскІове] макруялъе ахІулев вукІин. Гъосги абун буго Сурхайида: «Мун чІвазе ахІулев вугин доз, унге дове, – ян.

Гьебмехалъ Сурхайица гъумекдерил вилаяталде кагътал ритІун руго, Мух1амадханил лъималазда рекІелъ

---

[67] *Вилаят* – гІарабазул рагІи буго; улка-ракь, бо абураб магІнаялда хІалтІизабун буго гьаниб.

[68] Гъумекдерица бицунеб букІун буго: гьелъул цІар *Умамат-бика* букІанилан.

бугеб жо бицун. Гьебмехалъ гъумекдерил агьлу балъго, сардилъ, цо бакIалде бачIун буго МухIамадханил лъимал чIвазейилан – 1092/1681 соналъ.

Гьел гIадамал рачIараблъи лъан, МухIамадханил лъимал Вараирейила [69] лъутун руго. Цо микьго къо гьениб байгун, гьезда рагIун бугила: Сурхайдила хер хъвазе аскIоб бугеб колоде унев вугилан. Гьебмехалъ Мухамадханил лъималаз гьесие нух ккун бугила. Цинги гьезда гьоркьобдила ккун бугила кIудияб рагъ. МухIамадханил лъималацаги гьеб рагъулъ Сурхайил кверги къотIун бугила, гьесул вацги чIван вугила.

Гъумекисев Сурхай ХIамзатил насруялъул чи вукIун вуго. МухIамадханил лъималин абуни ГIаббасил наслуялъул чагIи рукIун руго[70].

Цинги МухIамадханил лъимал – аманги гьарун, – гIандалазулги гьидерилги вилаятазде кIанцIун руго. Гьидерица гьел тун рукIун руго Гьолокь. Гьенир чIун рукIун руго Мух1аммадханил лъимал кIиго соналъ. Цинги, бакъул унтиялъукьаги хIинкъун: гьаб гуреб, цоги бакI кьейилан гьарун бугила.

Гьидерица кьун бугила ТIелекь абулеб бакI. ГIандалаз кьун бугила Гьонодаги ГьоцIалъги.

Гьебмехалъ Гъумекиса лъутун рач1арал нуцабаз жидедаго гьоркьоб можоро тIамун бугила. Бищун Гунаш бергьун вуго, гьев Гьоноде ун вуго. Хадуб, ГIалибег бергьун вугила, гьев ТIелекье ун вуго. ГIалихан бищун къун вугила, гьев ГьоцIалъе ун вуго.

---

[69] Вараиб – тумазул росу буго, МохIоб росдалгун гIорхъода бегараб.
[70] Гьанир рехсарал ХIамзатги ГIаббасги Аварагасул (с.гI.с.) имгIалзаби ккола.

# 5. ТӀиндиб Имам-Шамилилгун дандчӀвай



ТӀинди некӀсияб авал. Потосурат бахъана Е. Мовчаница.

*ХӀадурана Тимур Айтберовас ва ШагӀбан ХӀапизовас*

*ГӀажамалда хъвараб Имам-Шамилилгун ккараб гьаб лъугьа-бахъиналъул бицен батана ТӀинди росулъ.*

*Гьаниса нилъеда лъикӀ бихьула магӀарулазда гьоркьоб букӀараб адаб-хъатир.*

*МагӀарул миллат бикьизабиялда тӀад хӀалтӀулел гӀалимзабазе жаваблъунги ккола гьаб хъвай-хъвагӀай.*

*МагӀарул мацӀ ГӀанди-гӀурухъ ГӀабдурахӀман Данияловас билълъанхъизабунилан гаргадулел чагӀазда цӀехезе бегьула нилъеца: гьаб хъвай-хъвагӀайги гьес тӀамун гьабураб жойищилан? Гьелдалъун нилъеда бихьулеб буго болмацӀ XIX гӀасруялдаги кинабго магӀаруллъиялда киназего гӀаммаб алатлъун букӀараблъи. Гурони, щайзе ТӀиндиса чиясе къваригӀараб 1854 соналъ магӀарул мацӀалда гьаб жо хъвазе?*

*Гьеб соналъ Имам-Шамил унев вукIана Гуржиялъе – ЦIинандариса гуржиязул гиназазул хъизамал хъамиялдалъун хадубккун машгьурлъараб чабхъен гьабизе. Унаго, нухтIа ТIиндив рещтIарав гьесухъе рачIуна гIалимзаби ва жамагIатчагIи, кIудияв Имамасе адаб гьабизе. Гьебго къоялъ, рокъове щун хадубго хъвараб бицен буго гьаниб – гъоркьехун – кьолеб хъвай-хъвагIай.*

*ТIиндиса бахIарчи Усайилав Къарахъа МухIамадтIагьирицаги рехсолев вуго, Бусайилав хIисабалда. Амма росулъ ругел биценазда рекъон, гьесул цIар букIун буго Усайилав абун. Гьев хун хадув, гьесул инсуе гьавун вукIун вуго цоги вас ва гьесдаги инсуца лъун бугила Усайилав абун цIар. Гьев чIванила 1930-абилел соназда. Жеги, гьанивго рехсолев Дибирасулав ккола ТIиндиса чи.*

Ла хIавла ва ла къуввата илла биЛлагь.

Рокъове щун хадуб, дица хъвана Имам-Шамилил нижеда гьабураб калам.

Ниж ана – дунги, Дибирасулавги, Усайиласул [эмен] МухIамадги – жакъа имамасда тIаде, гьезие гьоболлъи гьабизе бокьун. Кодоб квенгун нижеца имамасдаса: ниж тIаде рачIине изнуги тIалаб гьабуна.

Имам-Шамилги гьесул наибзабиги рещтIун рукIана нильер росдада цебе – *Гъассилахъ* абулеб колода. Кванан хадуб, дица имамасда абуна: «Гьав МухIамадил вас вукIана дов Аргъванив шагьидлъарав тIиндисев Усайилав, – абун. Гьеб мехалъ имамас, тIаде вахъун, нижер цIидасаги кверал росана. «Гьанже гIодор рукIаян абуна.

«МухIамад, дуеги дур хъизамалъеги баркала! Дица баркала кьола»,- ва лъияб дугIа гьабуна. Нужее Аллагьас лъиялдаса жазаги гьабеги, – абун – гъодинав бахIарчи гIезе гьавиялъухъ – рагъулъ, тушманасдаса щибго беркъачIого, жиндир рухI бичарав ва тушбабазе кIудияб ками ккезе гьабурав. Гьес босана камилаб гъазават. Гьев нужее ахираталда ватила, бахIарав гIадин. Дица гьесие бахIарчиясул цIарги кьуна.

Гьединго, нужер багвалазул, тIиндадерил лъиял бахIарзал дир бода рукIана: ГIалуч-МухIамад – абун , Денгал МухIамад – абун. Гьев ГIалуч-МухIамадицаги, ИчичIали ккараб рагъда бихьизе гьабуна жиндир бахIарчилъи. Гьединал лъимал хьихьарал нужер эбел-инсуе МахIшаралъул къоялъ дир кумек букIина. ИншалЛагьу тагIала. Гьанже нужеца нужерго мурад бицине дир изну буго» – ян абуна имамас.

Цинги нижеца гьикъана: – «Дур къадру борхаяв, хIурматияв имам! Гьаб кIудияб аскар гьаниса эхеде рехиялъе щиб мурад бугеб? – абун. Имамас жаваб гьабуна: «Нилъер магIаруллъи, лъарагIлъи ва чачанлъи гурелги, нилъее къваригIун буго нилъеда сверухъ ругел улкабиги капурлъиялъул лагълъиялдаса эркен гьаризе ва жидерго ихтияраб улка гьабизе. Гьеб букIине гьабизе бацIцIадаб, аварагасул шаригIат цIунараб улкалъун. Цо [чи] хан, цо [ ги чи] лагъ гьечIого, нилъер кинабго халкъ жиндирго ихтияраб букIине. Гьаб дир боги, Гуржиялъе унеб буго. Гьазул бетIерги дир вас ГъазимухIамад гьавуна дица».

Гьебмехалъ нижеца абуна: «Гьеб гуржиязул цIикIкIараб улка гьечIищ. Дуца ГIажамалдаса яги турказул добаса кумек щай тIалаб гьабичIеб? – абун. Имамас абуна: «Нилъее щивго чиясул кумек хIажатаб гьечIо. Нилъерго халкъалъ кинабго рагъуе хIажатаб жо гьабула. Нилъее кумек, жив бетIергьанав Аллагьасул бугони, гIола. Аварагас кколеб ислам – Аллагьасул дин – ханзабазул кумекалдалъун билълъине гьабичIо. Живго Аллагьасул кумекалдалъун билълъине гьабуна. Нужода бихьуларищ Аллагьас дие квегъун кьураб аскар?» Гьеб мехалъ МухIамадица гьикъана: «Чан азар чи ватила гьаб аскаралда? – абун. Имамас хекко жаваб кьуна ва дагьаб нодо букIкIана: «Макка бахъулеб къоялъ Аварагасул гIанаб батила – абун.

Цинги имамасе хабар къокълъизабизе бокьана. Цинги нижеца гьикъана: «Гьанже нижеда амру гьабизе жо бугищ? – абун. Имамас абуна: «Нужеца нужер лъималазда, нужер гIолилазда абе, нужерго Усайилав гIадинал лъугьайин. Абе: бахIарчиясул хвел гьечIин, я дунивалалда, я ахираталда.

Нижеца кверални росана, нижги нахъруссана.

1270/1854 соналъул роол авалаб гІуж.



# 6. КIаратIаса ТавушмухIамадихъе кагъат



*ХIадурана Тимур Айтберовас*

*Гьаб кагъат батана XX гIасруялъул 80-абилел соназда Хунзахъ ракь-мухъалда. Хъварав чи лъазавизе кIолеб гьечIо, амма чIван къотIун лъалеб жо буго лъихъе гьеб хъварабали. Гьев чи ккола гIурусазул наиб КIаратIаса ТавушмухIамад. Гьев ккола Шамил-имамгун цадахъ Калугаялда вукIарав, гьесул божарав чи.*

*Нилъер машгьурав гугарухъан, Северияб Кавказалдаго тIоцевесев Олимпиял хIаязул чемпион Загъаласул кIудияв эмен ккола гьев ТавушмухIамад-наиб.*



ТавушмухIамад. XIX-б гIасруялъул сурат

МухIамадихъа дир хирияв вац ТавушмухIамад-наибасухъе битIулеб ругьел буго гьаб.

Кьибил бацIцIадав чиясде гьаб дир салам буго. ЦIобги баракатги лъеги ТавушмухIамад-наибасда. ТIадегIанав Аллагьас ТавушмухIамад цIунаги.

Амин!

Дица духъе гьаб кагъат битIана васигаталъул хIакъалъулъ[71].

Нижер росуги разилъун, росдал агьлуги данде гьабун, дица гьезда гьикъана: «Васигаталъулги васигат гурелъулги

71 Гьанибе щвезегIан кагътил текст гIарабалъ хъван буго.

амру хьвадизабизе таравищ дун цевеккун вукIарав дибирас?» Гьеб гьикъулеб бакIалда цо нитIасевги вукIана.

«Нижер росдал агьлуялда гьоркьоса гьеб васигат босулев чи дида ватичIо» – гьев нитIасес абуна; гьа, гьев – бигавулги: тумен кьелилан. «Туменалдаса тIокIлъи лъолев чи вугиш нужор – абунги гьикъана дица гьезда. Кепек лъолев чи ватичIо гьезул дида.

Дица бигавуллъун кколев гьев нитIасесе бичана гьеб. СахIихIаб даранги гьабуна.

Гьоркьор къоялги риччан, гьа, гьанже лъела жидедаса кIиго гъуруш тIокIаб – абун – гьел адамал руго, тIокIлъи лъолев чи ватичIого.

Дица босана гьанже бицунеб рагIиги: нужер – хIусудлъи буго[72]… дир щвараб даранги буго – абун[73]… вуго, гьадав нитIасевги вуго.

Саламгун.

[72] Гьаниб лакуна буго, ай гIажамияб текст тIагIараб бакI.

[73] Гьаниб лакуна буго, ай гIажамияб текст тIагIараб бакI.

# 7. Туркиялъа хъвараб кагъат

*ХIадурана ШагIбан ХIапизовас ва Жамалудин МаламухIадовас*

*Гъаб кагъат батун буго Жамалудин МаламухIадовасда Тарихалъул, этнографиялъул ва археологиялъул институталъул кверзул хъваялъул пондалда, МухIамадсайид Саидовасул кагътазда гьоркьоб (Иш. №19. ТI. 134). Гъаниб бицунеб буго Туркиялъ бищун кIудияб ва машгьураб магIарул росу кквеялъул, гьеб лъугьиналъул. Гъанже гьелда цIар буго Гюнейкой абун, амма цин гьезие бихьизабун букIун буго цогидаб магIарул росу – СултIания бугеб бакI. Амма, гьеб лъарагIаб, ралъдал рагIалда бугеб ва гьелдалъун хьуцIал ругеб бакI букIиналъ, магIарул мугьажирзабаз тIалаб гьабун буго жидее мугIрузул щобазда бугеб, жидерго ватIаналда релъараб бакI. Гьенибги Рашадия абураб росу, хадуб гьелда цIарги Гюнейкой абун лъуна.*

Нуж, ингун устарасе[74] парчахIас[75] бищун лъикIаб бакIалда – Истамбулалъул багъазалдаса[76] сагIат[алъ нух] бугеб бакIалда, – бугеб[77], жиндирго, лъикIаб, гьава рекъараб, щибго жо жаниб бижулеб, лъимал, лъикIаб рохь, канцIаб, ралъдал рагIалда бугеб, лъабазарго рукъалъеги цIикIкIараб чиплихъ[78] кьуна. ТIадеялъул хур бачIинегIан тагIинги[79] кьуна: хуриб хьазе хьомги, оцалги, жанир рахъине рукъзалгин цадахъ.

ГIадамал гIемерлъичIого, гIарцул ургъел гьабичIого рагъаре: бакI кквезе. МоцIиде рахъине къасд буго нижер энире. Тана.

---

[74] КIикIуниса Шарапудин – накъшубандияб тIарикъаталъул устар ва Алма-алан росдал кьучI лъурав чи.
[75] ГIусманиязул султIан ГIабдулхIамид II (1876-1909).
[76] Багъаз (турк. – «богъаз») – ралъдал ракьуда жаниблъи (гIурус. – «залив»).
[77] СултIания росу бугеб бакI.
[78] Ракь-милк буго.
[79] Кваназе ролъ-мугь.

# 8. Дир диналъул вацазе насихIат[80]

*ХIадурана ШагIбан ХIапизовас*

*Гъаб хитIаб яги насихIат хъван буго Доногъулазул ХIусенил вас Алхасица. Живго Алхас гьавун вуго 1818 соналъул 10 январалъ ЧIикIаб росулъ. 1853 соналда 1-себ Дагъистаналъул рекIаразул полкалде хъван, гьениб гIезегIан мехалъ хъулухъ гьабун буго гьес. Гьев 1860–70 соназда Хайдакъ Табасараналда наиблъунги вукIун вуго. Гьебги 1889 соналъ тун буго гьес, пенсиялде вахъун. Гьесие анлъго вас ва кIиго яс гьаруна. Васаца, гьесго гIадин, рагъулаб хъулухъ бищана, дибирлъун ккарав Камалудин нахъе тун.*

Падишагьасул рагIдукь бугеб Дагъустаналъул халкъ: нилъ магIарулал рукIа, лъарагIал, гIахъуш[81], гъумек[82], буртиял[83] рукIа, гьел тарал цогидал рукIа, МухIаммадил умматалъул, Аллагьги хIакъго цо гьавулел, Аварагги витIухъ гьавулел бусурбабилъун рижун руго нилъ Аллагьас. Ва амма бусурбанчиян абиялъе гIоло, бусурбанчилъун вукIунаревила гьев чи, Аллагьас жинда тIад лъурал нухал кквечIони, гьел хьвадизе гьаричIони. Гьедин абулеб буго нилъеда Аллагьас, нилъехъе рещтIараб Къуръан – тIехьалъ.

Къол щуябго как базе кколебила, рамазанаб моцIалъул кIал кквезе кколебила, закагIат-сахI тIобитIизе кколебила, боцIуда хIал кIварав чияс, хIеж гьабизе кколебила. Гьелда рекъон, гьереси бицине бегьулаdo, чияр жо бикъизе

---

[80] ГъоркьегIан гIурус мацIалде буссинабунги буго: [Совет моим единоверцам. Написал поручик конно-иррегулярного полка Алхас Гусейнов. 1868 год. г. Темир-Хан-Шура. Печатано в Типографии штаба войск Дагестанской области]. Гьединго жеги гъоркьегIан хъван буго: «*Хъвараб рекIараб полкалъул наиб ХIосенил вас Алхасица. 1284 сон. КIутIараб Шураб*».

[81] ГIахъуш – даргиял.

[82] Гъумек – тумал.

[83] Буртиял – чачанал.

бегьуларебила. Бикъулеб бихьани, гьеб бицине кколебила. БицинчIони, бикъарасеялдаса балъго гьабурасе хIакъги къисасги тIокIабила. Нагагьлъун нахъа-цебе лъани, чияр жо бикъаравги, бикъулеб бихьун балъго гьабуравги, жамагIаталъ батIа гьаругедила. Хъубал чагIилъун рихьедила.

КIиго чиясул къец ккун, цояс дол хъубал чагIазул цоявниги нугIлъиялъе вачун вачIани, нугIлъиялъе восугедила гьев. Росаби данде рачунел гIакъилзабазда, жамагIатчагIазда тIадаб бугила гьединал чагIи битIараб гIакълуялъул нухалде ккезаризеги, мекъса нухалъ унев жиндирго вац-вас, жиндир гьалмагъ чIезавизеги. Щайин абуни, битIараб гIакълу гIадилалда аскIоб гурони, баракатги чIоларебила.

ХIалал-рацIцIад хьвадиялдалъун Аллагьас унти-балагьалдасаги хьихьулелила. Пасалъиялда, хъублъиялда хьвадани, абулеб буго нилъеда Къуръан-хIадисалъ, зулму-хIал биччалила нужеде тIаде. Аллагьасул ццин бахъинабуни, унти-хвелалъул, ракъул балагьал риччалила гьес тIаде. Нужеда рекIелъа гьеб жо кидаго таругедила.

Хьвадаразде рахIматалги кьолев Аллагьасдаса хIинкъедила, гьесда ракIги чIезабедила.

Унтуларев, холарев, хисуларев, жиндир хIалкIолъиялъул хIисаб гьабун нахъгIунтIун кIоларев, кидаго гьеб хIалкIолъи жинда тIаса унарев, киналго жинца рижарав, жиндир махлукъаталъ рекIелъги кIалухъги жив ккурав, кигIан кIодо гьабун, тIокI гьабун жиндие рецц баниги, банагIан жинда гьеб рекъолев, жив цIакъго вацIцIадавлъунги, витIаравлъунги вугев, жинца бижараб халкъалъул хIалал, витIун хьвадарасе жинца гьалмагълъиги гьабулев, нилъеда вихьулареввлъун, нилъеда кIалъалареввлъун жив вугониги, щибаб квешлъиялдаса нилъ хьихьулев вугев, вати тIадав Аллагьасдаги, Аллагьас Аварагасухъе рещтIараб Къуръаналдаги гIамал гьабун хьвадейилан руго нилъ. Къуръаналъ абухъе хьвадулел ратани, гьедин хьвадизе ккела, гьелда щаклъизе бегьиларо, Аллагьги хIакъ гьавулев, Аварагги витIухъе гьавулев бусурманчи.

Ва нуж чIаго хутIаял диналъул вацал, Къуръаналда жаниб бугеб Аллагьасул рагIиййилан гурищ бицунеб даим цIаларал гIалимзабаца нилъее жагьилзабазе. «Хайригьи» лъикIаб бачIаниги, «вашаригьи» квешаб бачIаниги, «миналлагьи тагIала», Аллагьасул рахъалъан бачIараб къадаралда дун рази вугоян чIадила жинда божарав чи.



ДІР ДІНАЂУЛ ВАЦАЗЕ НАСІҺАТ.

коараб рецараб полкаЂул наiбас

ҺОҪЕНІЛ ВАҪАС АЛХАҪІЦА.

1284 ҫон.

КуҔараб Шураб.

Совѣтъ моимъ единовѣрцамъ.

Написалъ Поручикъ Конно-Иррегулярнаго полка *Алхасъ Гусейновъ.*

1868 года.

I. BAUDOUIN DE COURTENAY
Инв. 868

г. Темиръ-Ханъ-Шура.

*Печатано въ Типографіи Штаба войскъ Дагестанской области.*

Квеш хьвадизе тIаде балагьалги риччалев, лъикI. ХъахIабги чIегIерабги жо батIа гьабизе лъалев чиясда, лъикIаб-квешаб жоги батIа гьабизе лъазе ккела. Лъазейин нилъ Аллагьас лъай-гIакълуги кьун рижун ругел.

КIалалъ Аллагь хIакъав, Авараг ритIухъаванги абун, жиндие бокьараб жо бокьухъе гьабизе хIалкIолев БетIергьанасул хIукму-къадаралде дунялалъул цо миллат сурараб мехалъ, Аллагьги Аллагьасул рагIиги кIоченеги тун, жиндир рагIдукье ккаралдаса нахъе, цебе Аллагьасдалъун, кIиабизе гIурус падишагьасдалъун, къоялдаса къоялде, соналдаса соналде нилъее бугеб бигьалъиги, лъикIлъи-рахIатги, гьелъул багьаги гьабуларого, гьесги нилъеда тIад тарав инсуца лъимал гIадин, нилъ данде рачунев падишагьасул вац, нилъер сардар вукIа, нахъиял хIакимзаби рукIа, гьезукьаги намуслъичIого, сабруялда ракIалги чурхдулги чIезаризеги кIоларого, квешаб-лъикIаб батIа гьабизеги лъаларого, гьорол къоялъ лъеде тIаде ккараб тIамах гIадин, гьалаглъизе чурхдулги риччан, эбел-инсудаса жидее хутIараб ракь-милкги рехун тун, щибали лъалареб дунялалде уна гьел. Нуж кире инел абун гьикъараб мехалъ, ниж хункарасде унел руго абула гьез.

Цоги - гIадамал ругони, нилъ гьадин рукIине бегьулелищан, питна-балагьалде халкъги ккезабун, жидерго бетIерги зиян гьабун чIолел. Эбел-инсул букIа, хъизаналъул букIа, вацасул, васасул букIа, жидер бетIербахъиялъул ургъалида, тIалабалда ругел, нахъияб халкъалъул букIа, жал сабаблъун щибдай гьезие лъугьинаян хIисабги гьабуларел, ракIалдеги кколарел, гьел гIадамал, эздалъун сунде, щиб жоялде хьул лъезе ккелеб гIадамазул? Элъулги хIисаб гьабеха нужецаго.

Хункарги жиндирго ракьалда лъикI жиндирго халкъгун, нилъги нилъерго умумузул бакIалда лъикI нилъерго падишагьгун. Хункарасде ун, гьениб гьесие гьабулеб лъикIлъи-хайир, нилъерго рокъорги рукIун, нилъерго бетIералъе, нилъерго хъизаналъе гьабуни, гьебго лъикI нилъее. Гьенире ун тун хадур, нагагьлъун ракъани, захIмалъи-

къварилъиялде ккани, гьечIеб къоялъ рокъоб къваригIараб жо босизе вац-васги гьечIони, божарав-вокъаравги гьечIони, гьеб мехалъин цинги гIадамасе къваригIунеб цIакъго кьучIаб хIалалда хисичIого таваккал лъун, черхги ракIги чIезабизе. Гьединаб къо гIадамасул бетIералде бачIунгеги, нагагь бачIани, кIвеларо гIадамасул черхалда гьедин чIезе. КIвечIого тун хадув тарана цинги гьев чи битIараб нухдасан.

Аллагьасе гьабулеб диналъе мукъсанлъунгутIиги, нилъерго бетIералъул сси-хIурмат басралъичIого букIиналъеги сабаб рукIалида чIей букIинилан ккола. Кинан абуни, ганчIил си рукIалидайилан абула. Цо рукIел таралдаса тIаса бекулеб, мукъсанлъулеб, гьитIинлъулеб букIине бугила гьеб. Гьелда рекъон гIаданги батIалъи щиб, цо мина таралдаса нахъе нилъеда анибгоги бихьула гьеб.

Росулъа росулъе цо чи вачIун чIани, жамагIаталде гъорлъе лъугьун кIалъазе рагIуе ирга гьесде щоларо. КIалъазилан гьев лъугьани, мун кIалъагейилан, дуде рагIул ирга щоларин, тIаде вачIарав апараг вугин, лъикIавани, вижараб росулъго вукIинаанин абун чIезавула гьев. Гьаха, цинги гьеб рагIи гIадамасул ракIалда лъикIищ букIинеб, квешищ букIинеб? Гьелъулги хIисаб гьабе нужецаго. Нилъерго ракьалдацин гьедин букIунелъул, чияр ракьалде аразда щиб лъикIлъиха бихьилеб?!

Гьал цо гIадамал абуни, жидергоги щиб лъугьаниги кIвар гьечIел, парахат, берцин жидер хIалтIул ургъалида, жидер хъизаназул бетIербахъиналъул тIалабалда бугеб безер-мискин халкъ ургъалилъеги рехулел, гьел руго бищунго нилъее захIматал чагIи. Байбихьудасанго гьезулги бицинин нужее.

Шамил вахъун Дагъистан падишагьасул рагIдукье ккун, нахъияб соналъ вахъарав Баяниса[84] Байсунгур, цо.

Хъваршиниса[85] Куракул МухIама, кIиго.

Жунсуса[86] ГIумма, лъабго.

[84] Баяниб – чачаназул Ножаюрт мухъалда бугеб росу.

[85] Хъваршини – некIо Ункъракь бодулъе жанибе унеб букIараб, гьанже ЦIумада мухъалда росу.

Гехиялдаса[87] Атабай, ункъо.
Ичкериялдаса Кунта, щуго.
ЧIарахъа Муртаза-хIажи[88], анлъго.
Табасараналдаса Шихбай, анкьго.
Генуса ХIапизатил МухIама, микьго.

Гьаха, гьав микьавго чини вахъанин. Щиб гьабизе гьел рахъарал, росаби данде рачунел бутIрул, жамагIатчагIи, ва чIахIиял, ва гIисинал! Нужеда кин кколеб, нужеца гьелъул хIисабго гьабулярищ, нужеда гьеб квешго букIунарищ? Гьел рахъун, гьездалъун нилъее бачIараб лъикIлъи-рахIатниги щиб? Гьел рахъинчIого хутIаралани, нилъеде тIаде бачIине букIараб кIудияб ургъел щиб? Масала, жакъа гьел гIадин, метер цогиялги рахъинин. Гьездалъун сунде хьул лъун, гIенеккун, балагьун рукIинел нилъ гьезухъ, хIакимзабазде гьебги тIамун? Таманав чиясда бахарабин гьел гIадамаздасан унти, воре, гьанжениги цIодор рукIа, бахине рукIунге, рекIеда ратизе мех щун буго нилъее.

Цо багьана гьечIеб жо букIинаро. Падишагьасул амруялдалъун букIа, ялъуни гьесги нилъеда тIад тарал хIакимзабацаниги, гьел гIадамаца анкьавго, микьавго абиларин, цо-кIигоясданиги, гьезда гьабураб, нахъияб халкъалда лъалеб рагIараб хIал-зулмуниги бугебани, гьав чи гьадин лъугьинароанин. Гьав хIакимас гьав чиясда хIал гьабунилан, цебе рехизе жониги букIарабани, гьебги гьечIо. Ниж парахатаб хIалалда, лъикIлъиялда чIелароан абураб жо буго гьезул гьеб. Басралъи балагьана гьез, батана гьезда гьеб. ХвечIого гIоларел ратани, жалго хва абеха гьел гIадамал, гьезие гIоло хвезе нахъияб халкъалде тIаде ккараб къо щиб?

Ма, цинги гьединал чагIи сабаблъун, нахъиязе бачIунеб къварилъиялда, лъугьунеб зияналда, падишагьасулниги,

[86] Жунсуб – чачаназул Шобутиб мухъалда бугеб росу.
[87] Гехи –чачаназул ГIурусмартан мухъалда бугеб росу.
[88] МуртазагIали ккола имам Шамилил заманалда гIурусазул хъулухъалда вукIун, магIарулазде данде вагъарав, хадув 1863 соналда гIурусазде данде ЦIоралъул магIарулал рахъине гьаврав Билкан мухъалъул – ЦIалбан росулъа чи.

нахъиял хIакимзабазулниги, гьединал чагIада ракIги гурхIулаларебин, вайниги гьабулаexcluding нужеда кколеб батани, мекъса буго, гьереси буго гьедин кколел чагIазул. Падишагьасул рагIдукье ккун тун хадур, жидеда кодор ругел гIадамал нухтIаса тарун, эдинаб лъайгьечIолъи гьезухъа лъугьараб мехалъ, ццин бахъинчIого букIинаро. Ваамма, хIакъалдалъун, рекIел гурхIелги кIудияб букIунеб эзул, зайинги цIакъ гьабулеб гьез. Щив чиясул черхалдасан лъугьараб мунагь бихьун, гьикъун, цIехон, бацIцIад гьабун гурони, гьев чиясул мунагь борцунареб гьез. Борцунеб мехалъги гIакълуялдалъун къачIараб падишагьасул къануналдеги ралагьун, гьагъав чияс гьабунщинаб жо жиндаго цебеги цIалун, гьаб гьабурав чиясе гьаб тагIзир[89] бугоян абун гурони, гьабулареб гьез тамихIги. Гьеб тамихIги гьабизе ккаразеги дагь гьабун, мукъсан гьабун гурони, гьебги гьабичIеб. Гьелдалъунги лъазе ккела нужеда гьел хIакимзабазул гурхIелги цIобги нилъеда букIунеблъи, бегьунгутIиялде ккараб мехалъ гурони, нилъее гьез тамихI гьабунгутIиги.

Ваамма цо жо буго жалгоги мукIурал ратила элъие чачаназулниги, чIарлъиялъулниги, хайдакъ-табасаранлъиялъулниги гIадамал. Эзул халкъ-жамагIаталдаса магIарул халкъалъул, жамагIаталъул, лъай-гIакълу тIокIлъана. Кинан абунани, ГIумахъги Кунтахъги чачанал гIадин, МуртазахIажихъ чIарлъи гIадин, Шихбайихъ хайдакъ-табасаран гIадин, ХIапизатил МухIамахъ магIарулал балагьичIо. Гьесул хабар жидеда рагIараб мехалъ киналго магIарул боязда цIакъ мекъсаги бихьана, гIемер квешги букIана. Киналго магIарул жамагIатаца лъазеги гьабуна гьел гендерида тIоцеве Генуве Ярагъиса апандиги вачIун, Гъази-МухIамадилгун кIалъайги гьабун, питна байбихьараб бетIералдаса бицун, хIатIиде ХIапизатил МухIамадиде щвезегIан лъугьанщинаб жо абун, бицинеги гьабун, нечезеги

[89] ТагIзир – тIил къабиялдалъун тамихI (гIадлу) гьаби.

гьаруна. Гьаб нух тIарамагъадисеб нухила, кIочонгедила гьеб рагIиян лъазеги гьабуна.

ХIакимзабазде гьезул рагIиги ккезе течIого, лъикIаб бицун гьелги чIезарун, абуна гьез хIакимзабазда: нижги падишагьасул боялила, буюре падишагьасул амру, гьеб тIубазе нижеда тIадаб бугила. Падишагьасул низамалъул боялги рагъаризе риччачIого, хIакимзабиги инжит гьаричIого, буюрухъ кьовухъе падишагьасул амруги жидецаго тIубан, падишагьасулниги, гьесул гьитIинав вацасул, нилъеда тIад вугев сардарасулниги нахъиял хIакимзабазулниги баркалаги щвана гьезие.

Аллагьасда аскIоб кириги бокьарал, цебе падишагьасда, хадуб гьесул халкъалда гьоркьобги сси-хIурмат тIадегIанлъизе бокьаралги, жидер жамагIат, жидер боял рорцIун, боцIигун баракатгун рукIине бокьани, жамагIаталда жанир ругел цIаларал гIалимзабаца букIа, гIакъилал, жагьилзабаца букIа, малъун хIалалаб нух бихьизабе нахъияб халкъалда, Аллагьас бищунго беццарабги гьеблъидал. МалъичIониги, щияв чиясда жиндаго лъазе ккараб жо буго гьеб. Щибан абуни, цебе Аллагьасе тIадаб тIагIат-динги гьабун, хадуб падишагьасул амруги тIубан, гьелда нахъа ракIалги парахат хьихьун, рагIиги Аллагьасде тIамун, цебе Аллагьасдалъунги, хадуб падишагьасул чIаголъиялдалъунги, щибго гьабизе гIатIидаб, парахатаб дуниял нилъеда бихьун бугелъул гьанже.

ГIи-боцIиялда хадур чIайилан малъе, хур-хералда хадур лъугьайилан абе. Гьеб тарабги, лъихъ сундул пагьму, устарлъи батаниги, хIалкIун, гIетI бацIцIун, лъалес лъалеб гьабейилан. ЧIахIияца, гIакъилаца, нахъиял гIисиназе насихIатги кье, гIакълуги малъе. Гьезухъ гьелги гIенекке. Гьелдаса лъикIаб жо нилъеда батиларин ккола, дунялалъул цояб рагIалде щвезегIан нилъ сверданиги.

# 9. ГъазимухIамадица вац МухIамадшапигIихъе хъвараб кагъат



*ХIадурана Жамалудин МаламухIадовас*

Дир хирияв вац МухIамадшапигIиде, ассаламу гIалайкум! Аллагъасул рахIматги цIобги лъеги нужеда! Амин!

Цинги хадуб.

Ниж Киевалде щвана декабиралъул кIиабилеб къоялъ сордо бащалъараб мехалъ. Баратинскал бакIалда лъабго сордоги бана нижеца, эс цIакъ хIурматги гъабуна кинабго нилъер хъизаналъе. Эсул чIужуялъ гIемераб жо бишкишги гъабуна. Эл бишкишалги:

Загьидатие[90] – бирилиантги чIчIараб курхьенги, каранда чIвалеб меседил бурушкаги, ай рачелалда балеб гIекIмацI; ШугIванатие (ШугIайнатие)[91] – меседил курхьенги маргъалги чIчIараб, суратги лъолеб меседил запункабиги маргъалги лъураб; ХIабибатие[92] – меседил кIилкIалги, бурушкаги, запинкабиги алмасалги чIараб маржанги рекьарал; ФатIиматие[93] – меседил бурушкаги раххасгун цадахъ, алмасалги маргъалги тIад чIчIараб чIумалги, цIердал гIадинал нижедаги лъаларо щибжояли; Нажабатие[94] – сагIатги, мина бичараб запинкабиги маржанал лъураб; Сапиятие[95] – бурушкаги жаниб суратги лъолеб, пирузалги чIчIараб запинкабиги, чIумалги. Элги сундулали нижедаги лъаларо; Баху-Меседое[96] – запункабиги меседил, якъуталги чIчIараб чIумалги, ПатIиматил гIадаб мидалйонги; МагIазатие[97] – чIумалги кагърубаялъул, гIемер чIахIиял меседил

---

[90] Загьидат – Имамасул лъабабилей чIужу. Гьаюна Гъази-Гъумекий 1823 с., хвана Мединаялда 1870 с. Гьей йикIана цIар рагIарав шайих Джамалудин Гъази-Гъумукъиясул яс, Шамилил мугIалимасул. Гьезул рукIана лъабго лъимал, кIиго яс ва цо вас: Нажабат, Баху-Меседо, МухIамад-Камиль.

[91] ШугIайнат – Шамил имамасул ункъабилей чIужу. Гьаюна Моздокалда 1825 с., хвана Истамбулалда 1876 с. Гьей йикIана асирлъуде ккарай христианка, хадуб жий ислам-диналде ячIарай. Гьезул йикIана цо яс Сапийат абурай.

[92] ХIабибат (Хъистаман) – Гъази-МухIамадил кIиабилей чIужу. Гьей гьаюна ЧIохъ росулъ 1844 с., хвана Мадинаялда 1903 с. Гьей йикIана Кавказалдаго цIар рагIарав яргъил устар Даудиласул яс.

[93] ПатIимат – Шамил имамасул кIиабилей яс, ПатIиматидасан жий гьайурай. Гьайуна Дарго-Ведено 1843 с., хвана Мадинаялда 1871 с. Гьей рукъалда йикIана Жамалудин Гъази-Гъумукъиясул вас ГIабдурахIимихъ.

[94] Нажабат – Шамилил лъабабилей яс СагIидатица гьайурай. Гьей гьайуна Даргъо-Ведено 1846 с., хвана Истамбулалда 1874 с. Гьей рукъалда йикIана МухIамад-Аминил вас Давудихъ.

[95] Сапинат – Шамилил ункъабилей яс ШугIайнатица гьайурай. Гьей гьайуна Даргъо-Ведено 1855 с., хвана Мадинаялда 1870 г.

[96] Баху-Меседо – Шамилил щуабилей яс СагIидатица гьаюрай. Гьаюна Даргъо-Ведено 1856 с., хвана Истамбулалда 1875 с.

[97] МагIазат – гьей Шамилил хъизаналъул цо гъараваш ятизе ккола.

запинкабиги; Щуго тумен гIарац Жариятиеги[98], щуго тумен Валигъизиеги[99] кьуна.

Гьабгощинаб жо Баратинскал чIужуялъул бишкишал руго, нилъер хъизаналъе гьабураб.

Гьанже Баратинскаца гьабураб бишкишги бицинин.

Инсуе цо Хурасан хвалченги кьуна, хъажар къагIидаялъул дагьаб къачIараб, цо гIарцул истаканги кьуна нухтIа къваригIанщинаб жо жаниб бугеб жинцаго хьвадизе гьабуле букIараб жойилан, Маккаялде щвараб мехалъ Зам-Замалъул лъим гьекъейилан абун. Цо нусги кьуна гIемераб жо жани бугеб, цо хинал, хасало ретIунел итигалги кьуна. Дие кIирекIараб туманкI кьуна нахъасан цIолеб, гIемер лъияб. Ва амма гьаниб элъие гула-хер гьечIо Мускувалдаса босани гурони. ГIабдурахIимие[100] меседил кIирекIараб сагIат кьуна, дуца дие кьураб гIадинаб, ва амма тIалъел гьечIеб цIер гурони. Эв ГIабдуррахIимги тилмачлъун вукIана инсудаги Баратинискадаги гьоркьов, щайилан абуни Индирай [101] Кийавалде витIун вукIун, цеве, нижее рукъзал къачIазе, МустIапаги[102] къаялда цадахъ нахъа тун вукIун. Михаилихъе кагъатги хъвана инсуца хIежалде виччайилан гьарун хъизангун цадахъ. Баратинскацаги абуна: «Хъизаналда дагIваго гьабиларилаан дун гьанив танани». Инсуцаги дунги мунги кIиявго гьанивги тун нахъияб хъизангун цадахъ виччайилан гьарана, хIежги гьабизе ясалги росасе кьезе, жиндирго цересел чагIазе. ЧIаго хутIани Россиялде нахъвуссинин абун рагIиги кьуна.

Къоабилеб декабералъ битIана эб кагъат гьаниса 1869.

Щвана 10-абилеб февраль 1870 соналъ.

---

[98] Жарият – Шамилил хъизаналъул цойги гъараваш.

[99] Валигиз – рахьан, гъараваш

[100] ГIабдурахIим – Шамилил вакьад Гъумекиса Жамалудин гьоркьохъев вас. Гьавуна 1841 с.

[101] Индирай (Андрей) – Шамил имамасул цо тилмач.

[102] МустапIа – Шамил имамасул кIиабилев тилмач.

# 10. Силдерил тарих
# (Ункъракьалъул тарихалдаса)

*ХIадурана Тимур Айтберовас*

*ГIага-шагарго 13-го соналъ цебе силдисев АмирхIамзаца босун бачIана дие – Т. Айтберовасе – гьанжесеб магIарул алипалда (кириллица) магIарулалъ хъвараб тарих, жинда жаниб 1871 соналъ Ункъракьалда (ЦIумада районалъул тIасияб мухъ) ккарал лъугьа-бахъиназул бицунеб. Гьев Камилов абун памилия бугев бергьарав гIалимчияс бицана дида гъоб мехалъ: росулъила гьеб тарих цо чанго тIанчида гIажамалъ хъвараб бугила. Амма гьеб гIажам лъулъан басралъун, тIаде жоялъеги, квешаб хатIалъ хъвараб бугелъулила жинцайила дуе гьаб кириллицалде сверизабун бачIанилан.*

*Гьаб тIехь хъвазе нигат ккедал, нижеца – автораз – силдал рагъаризарун, гьезги АмирхIамза вагъаризавун гIемераб чIаголъи гьабуна гъоркьехун басма бахъулеб силдадерил тарихалъул гIажам кодобе бачIинабизе. Амма щиб гьабунги гьеб батизе кIвечIо, силдал гIемерго хIалтIаниги.*

*Тарих хъварав чи рагIула АсхIаб абун Шамил-имамасул нусил бетIерасул васасул вас. Гьев АсхIаб вукIанила 20-30-л соназда (XX гIасру) магIарулалъ хъвадарулев вукIарав чи. Росулъгоги, жиндирго тухумалда жанибги гъол кьогIал, 1871 соналъ ккарал лъугьа-бахъиназул хIакъалъулъ рицунел харбалги ракIарун, кагътиде гьел лъунила силдисев АсхIабица.*

*Гьелго лъугьа-бахъиназул, ай 1871 соналъ Ункъракьалда ккараб чIвай-хъвеялъулги, силдадерица бараб рагъулги хIакъалъулъ, хъвана гIурус парчахIасул апицеразги. Гьез хъварал текстаздаги АсхIабица хъвараб тексталдаги гьоркьоб гIемераб пархен буго, амма къимат лъей батIа-батIаго буго.*



Басрияб ТIинди. Потосурат бахъана Е. Мовчаница.

*ХIадурана Тимур Айтберовас*

Гьанжеялдаса лъабнусгогIан соналъ цебе [ай XVI гIасруялда, БакътIерхьул] Дагъистан капураб букIун буго. Нилъер гьаб Дагъистан ракьалда тIоцере ккурал росабиги гьал ругила: Аргъваниб бугила, Кванхидалъ бугила, ТIинди бугила. Гьелги гъоб заманаялъ капурал рукIун руго.

ХӀасан-Абулмуслим[103] абулев чияс Дагъистан, гъолдаса хадуб, бусурбан гьабун буго, къватӀиве вахъун Шамалъул рахъалдаса, Хайдакъ-Тапасараялъул рахъалдасан аскаргун гьаниveги вачӀун. Гьев ХӀасан-Абулмуслим Дагъистаналдехун вачӀунеб мехалъ, кколел рукӀун руго капурзабаздаги бусурбабазул аскаралдаги гьоркьор рагъал. ТӀубараб ункъо-щуго соналъниги халат рахъарал, кӀуди-кӀудиял рагъал рукӀун руго гьезул. Ахир-къадги, гьеб капурлъи хӀалалъ бахъизе кӀолареблъи лъан, ХӀасан-Абулмуслимица чед гьабун бугила, загьруги жубан. Хадуб, гьеб чедги гъоркьго тун, живги жиндир бодулалги нахъе лъутун руго жал рукӀараб бакӀалдаса, мугӀрузул капурзаби тӀаде кӀанцӀизеги риччан.

Цинги тӀаде щвараб гьеб чадиде квешго бакъараб капурлъи. Кванан танила халкъалъ загьру жубан бежараб чед, гьелдалъунги гьезул киналгогӀан хун тӀагӀанила. Гьединаб хӀилла гьабун гурого, ХӀасан-Абулмуслимида Дагъистан бахъизе кӀун гьечӀо[104].

Гъолдаса хадуб – Дагъистан бусурбанлъараб заманалъ, – тушманлъи ккола Дагъистаналъулги Гуржи-ЦӀоралъулги халкъазда гьоркьоб. Гьеб тушманлъиги кинаб букӀараб? Цояз-цоязул боцӀи хъамулеб, гӀадамал рикъулеб заман букӀун буго гъоб. Дагъистанияз лъол тушалин абураб гуржи тайпаялъул боцӀул давла гьабун, лъоз гьезул давла гьабун, гьелдасан гурони квана-гьекъей букӀун гьечӀо.

ГӀадлу гьечӀого, гӀадлу гьабизе аскӀов хан гьечӀого, бергьарас къурасухъа жиндие бокьа-бокьараб жо бахъулеб букӀун буго гъоб заманалъ. Цо лъилалиго лъикӀаб хур лъидаялиго бихьани, кодоса бахъулеб букӀун буго, гьелъул хважайин цодагьав рухӀдакъав чи ватани. ТӀадеги вачӀун, кутак бугес гьединав рухӀдакъ, гъежги ккун, довехунги рехун, хур жиндиего босулеб букӀун буго.

---

[103] Абумуслим – гьанжесел тарихчагӀаз гьев рикӀкӀуна XII-XIII гӀасрабазда вукӀарав динияв хӀаракатчилъун, ислам тӀибитӀизабулаго машгьуралъарав ва Хунзахъ вукъарав.
[104] Гьаб загьру кьеялъул баян авторас босун буго «Тарих Дагъисталда» жаниса.

Гъоб заманаялъ гIадамазда гъоркьор цо-цоял, батIаго цIакъ бечелъун, ханлъи гъабизе лъугьунел рукIун руго. Мискинал чагIазе ракьалго течIого, жиб-жиб мугIрузул шагьаралдаги ратулел, жиб-жиб росулъги ратулел бечелъарал чагIаца дора-гьанир ругел киналгогIан ракьал жидедаго кодор кколел рукIун руго. Гьел ракьал ккуралги гIечIого, мадугьалихъ рукIарал гIадамазда тIад магъалоги лъун, болжал чIезабун, гьеб бахъулеб букIун буго. Гьел гIадамал жидедаго цере чIорого хIалтIизарулелги рукIун руго.

Гьединал жал гьарун бечелъараб мехалъ, рехсарал чагIи унел рукIун руго Маскавалде парччахIасда тIаде, жинди-жиндиего хъулухъ тIалаб гьабизейилан. Бечедал чагIазул гъоб хIукуматги букIун, парччахIасги гъозие хьул ккараб, бокьараб хъулухъ кьолеб букIун буго. Гьединлъидал, цинги, Дагъистаналда жанирго ханзабиги раккун, халкъ язихъ гьабулеб букIун буго. Цинги, гьел бечедал чагIаца Дагъистаналъул мискинзабазе гьабулеб зулмуги букIун, вахъуна МагIарухъ Шамил-имам: гьеб хIалалде ккараб магIарул халкъ жинца эркен гьабилин абураб къасдалда.

Ханзабиян абун, мискинал чагIазухъа магъало бахъулел рукIарал чагIи, ахир-къад, жиндир квер щвараб бакIалдаса гIебеде – цоял чIван, цогиял туснахъ гьарун, – лъугIизарула шаргIияв имамас. Гьелдалъунги жиде-жидер ихтияралде мискинзабиги ккезарула гьес.

Амма гьанир, мугIрузда къараб нилъер халкъалда гьоркьор, хутIун рукIуна чагIи, Ункъракьалдаго тIад магъалоги лъун, гьалъул гIадамазухъа магъало бахъулел, жал ханзабигин нуцабазул чагIи ругиланги абун.

Къедив чIарав анцIила лъабго нуцалчи вукIанила. Гьез бахъулеб букIуна Ункъракьалдасаго магъало[105].

[105] Гьел ккола, некIсияб заманалдаго (XIII гIасруялда?) Хунзахъа Къедире гочун доба тIирщараб, щулалъураб нуцабазул тухумалъул гIаркьел. Ахирисел гIасрабазда гьел лъалел рукIун руго Алдамил тухум хIисабалда.

ГьабсагIатги Къедиб росулъ ругила Алдамил тухумалъул чагIи – *Алдамилал* абун . Гьезул некIсияб – кьуртIа бараб – «Каву» абураб авалги буго.

Ункъракьал абулел чагIиги ккола, ЦIумада-гIурухъин абулеб бакIги тун, тIадехун чIараб халкъ. Гьезул буго ункъо кIкIал. Цо кIкIал буго къеди-сасикьазул, кIиабилеб кIкIал буго Хъваршиб кIкIал, лъабабилеб кIкIал буго Силдиб-Гьакъоб кIкIал, ункъабилеб кIкIал буго Хъваршини-митаразул кIкIал – Хушатибе щвезегIан.

Гьебщинаб халкъалда кодоса щибаб соналъ нуцабаз бахъулеб букIарабила магъалоги: гьитIинаб росдада тIаса – лъеберго хIоржо, кIудияб росдада тIаса – кIикъого хIоржо. Цинги, генусев Шамил Дагъистаналдаго имамлъун лъугьун хадуб заманалъги, гьединго – хIоржал рахъизейилан абун – вачIаравила Силдиве нуцалазул лъабгояв. Силдисев ДенгамухIамадицаги, гьесулго гьалмагъ СагитмухIамадицаги, гьезулго гьалмагъ АсхIабил Гунаш абулев чиясги Къедиса рачIарал нуцаби нахъчIвала: нужее гьанжелъизегIан магъало гIемераб кьунилан. Гьанже нижеца нужее тIокIаб магъало кьезе гьечIилан, нижги гьанже Шамил-имамасда кодор ругилан. Гьел нуцабаз абун буго: гурила, жидеда Шамил лъаларила. Гьаб нужерги – силдал – нуж гурезулги ракь, цебеккун букIараб гIадин, гьанжелъизегIан ниж маликаб бугила. «Гьединаб хIал букIинеб гьанжеги». Силдисев ДенгамухIамадица нуцабазда абун буго: нужеца бахъедила гьеб кIикъого хIоржо нижехъа. Нижеца гьеб магъало кьеларилан.

Цинги – гьол ханзабигин нуцабазул зулму цебеккунги хIехьон ругьунаб – Силдиб росдал нахъияб жамагIаталъ абун буго ДенгамухIамадидаги гьосул гьалмагъзабаздаги: гьев Шамил-имамасул шаргIияб низамги, гьесул гIадлуги нилъеда тIаде – Ункъракьалде, – гIунтIун гьечIила. Кинниги, нижеца гьабураб маслихIаталда чIадила нужги гьел къедиселги. Пуланав ГIисал МуртазагIали абулев чиясул бугила тIад месед бекьун къачIараб истанбул абураб хъирим. Нижеца нуцабазе гьеб кьелила, магъалоялда цебеса. Гьеб хъиримги босун, нуцабиги чIадила, нужги чIадила.

Цинги, силдисев ДенгамухIамадица абун буго росуцоязда: гьеб хъирим кьедила нужеца нуцабазе. Гьебги босун, Силдиб росулъа къватIире гьел чагIи унарилаха. Гьанже, гьагъаб истанбул абулеб хъиримги босун, инейилан къватIиве вахъаравила нуцабазул лъабгояв. Росдал рагIалде гьел щвараб мехалъ, хадурги рачIун, ДенгамухIамадицаги СагитмухIамадицаги, кьурун, хъирим гъозухъаги бахъун, ганчIилъги кьабун, гъуризе хъундагъги гьабун, хьвагIун, эхебе рехун буго.



Гьанжесеб Силди росу

Цинги, Къедиса рачIун рукIарал нуцабазе силдерил лебалаца кьварараб жаваб гьабиялъул хабар рагIун бугила Шамил-имамасда. Гьес тIаса вищарав лъабго силдисев жинда тIаде ахIун вугила.

ГIашилтIа абулеб росулъе жинда тIадеги ахIун, Шамилица [1837 соналъ – ?] гьел силдерил гIолохъабазул цIакъ адаб-хIурматги гьабун, гьезие баркалаги кьун, хъван

вуго ДенгамухIамад байрахъулавлъун вукIине – жиндир рагъ киб кканиги, гьеб бакIалда цевехъанлъун вукIине. СагитмухIамад гьанивго – Ункъракьалда – наиблъун тун вукIун вуго имамас, АсхIабил Гунаш абулев чи Силдиб росдал нусил бетIерлъун тун вукIун вуго. Амма гьев Гунашил эмен нахъа вукIиндал, Гунашица – мунги нахъа вукIун, дир эмен, нусил бетIерлъун дун рекъарав гьечIилан, – жиндирго эмен АсхIаб тун вуго.

Цинги, Шамил-имамас Къедир рукIарал гьадал нуцабиййилан абулел чагIи чIва-чIван руго. Гьеб ишалъе жиндирго муридзабиги, силдисев ДенгамухIамадги, Гъадариса ХIавалав[106] абун – нуцаби чIвалев чиги рихьизарун, нуцабазда тIаде ритIун рукIун руго имамас. Гьез нуцаби Къедирго [1844 – ? ] гъурун руго.

Гъобго заманалъила, цинги, тущдерил [107] лъореги ун, наиблъун тарав СагитмухIамадицагиййила байрахъулавлъун тарав ДенгамухIамадицагиййила тушазулгун ракълил къотIи-къай гьабун букIун буго: гъоб цебе букIараб рикьи гьечIого, кIиябго рахъ ракълида рукIине. Тущдерил халкъги Ункъракьалъул халкъги разилъун къабул гьабун букIун буго гьеб рекъел. Амма чIамалазулгун тущдерил кьал хутIун букIун буго.

«ЧIамалазулгун рекъел гьечIо – ян абураб рагIиялъе, лъабнусго чи гъорлъ вугеб тущдерил рекIаразул цо къокъа бачIун буго *Игъадахъ* магIарде[108] – боцIуда рукIарал нижер силдадерил гIухьбузда аскIоре. Доб Игъадахъ абулеб силдадерил мегIералъулги гьакварисезул – чIамалазул – *ХIамикь* абулеб мегIералъулги гIорхъи жубараб букIун, дол нижер гIухьбуз росулъе, ай Силдиве, чи витIун вуго:

---

[106] Имамасул гIаштIичи.

[107] Туш (Тушети) – Гуржистаналъул бакъбаккуда, ЦIумадагин ЦIунтIа ракъ-мухъазул гIорхъода бугеб гуржи мацIалъул бо. Тушал ккола XIX гIасруялда гурони тIубанго насранияб дин босичIел ва цогидал хаслъаби ругел мугIрузулал-гуржиял. Гьеб бо рагъуе гуржиязда гъорлъ бищун лъикIаблъун рикIкIунеб букIараб.

[108] Игъадахъ – Силди-Гьакъо ва Къеди-Сасикь росабазда гьоркьоб бугеб гIиял кваналеб мегIер.

гьакварисезул боцIул давла гьабизейилан тущдерил къокъа анин жидеда цебесан, чIамалазда гьеб лъазабе – абун. Цинги, силдадерица, ай ДенгамухIамадицагийила СагитмухIамад-наибасгийила абун бугила: «Гьеб хабар Гьакварибги лъан, гьакварисел тущдерида хадур гъелалде, доз боцIи эхеде – Тушалъе – хъамула. Же-я, бугес бугеб ярагъги босун, силдадерил балугъавщинав чи тущдерие нух кквезе къватIиве вахъадила.

Силдал рахъун руго къватIире. Гьадал тушал рачIунеб нухда гьез гъоркьчIел гьабун бугила. Гьел тIаде рачIаралго, силдадерица рагъде байбихьун бугила. Ахир-къадги тущдерил рекIаразул къокъа гъуранила гьез, цо чи гурони гIаданги нахъе течIогойила. Гьевги цогидазда гьоркьоса вищулев вукIун гьечIила, лъол жидерго гIадамазда гьес хабар лъазабизеян гурого.

Гьелдаса нахъейила лъун бугила доб нижер мегIералда Игъадахъ мегIер абураб цIарги. Цебе заманалъин абуни, гьеб мегIералда цIар букIун буго Нахъа мегIер.

Цинги-хадуб, гьакварисезул кинабго боцIи гьезухъего щун буго. Гьезги силдадерие ракI-ракIалъго кIудияб баркалаги кьун буго. Гьеб заманалъила, – Гьаквариб мажгит балеб мехалда, – къадал гамачIгицин лъун бугила мажгиталъул рагьуда битIун тIад, жидер ункърижиялдеги васигат гьабураб: силдадерил чи лъикIлъиялда Гьаквариве вачIани, гьев нахъчIвагеян абураб рагIиги хъван. Гьединаб хъвай-хъвагIай тIад бикIараб гамачI гьабсагIатги гьеб росулъ бугила.

Гьолдаса хадуб, [1854 соналъ], Шамил-имам къачIан вуго, боги бачун, ЦIоралде ине. Жиндир ихтияр тIад лъугьараб кинабниги бакIалдасайила халкъ бакIарун букIун буго. Гьениве, ай Гуржи-ЦIоралде, рагъде ине лъеберазаргойила рекIаравги вачунев вукIун вуго Шамилица: гьеб Гуржи-ЦIоралъул халкъги жинца бусурман гьабила абураб къасдалда.

Цинги Шамил-имамги боги кинабго ЦIоралъул ракь бихьулеб цо мегIералда [109] гIодор чIола. ГIодор чIараб

[109] Гьеб ккола Пахали абураб мегIер, ЦIунтIагин Кахеталда гьоркьоб бугеб.

заманалъ, Шамилида бихьулеб буго, бакътIерхьул рахъалдехун балагьун, цо роцIараб гIадаб хъахIаб бакI. Байрахъулав ДенгамухIамадида Шамилица абулеб буго: гъоб нилъеда бихьулеб хъахIаб бакI щиб бакIдила бугеб? ДенгамухIамадица жаваб кьолеб буго: гъоб бугила Алабир-гьатIан[110]. Шамилица абун буго, гIайдила, гъов квешав вас гьанив вукIаравани, гъобасанги кIкIуйни баккилаанила жакъайилан.

Байрахъулав ДенгамухIамадица абун буго Шамилида: мун гIадинав кIудияв имам гIадамазул мацIалда божуларев ватаравани, квешав васги нилъеда гьоркьов вукIинаан жакъайилан. Гьев васги вукIун вуго, цинги, [1852 соналъ Илусив чIварав] ХIажимурад-наиб.

Шамил-имам щвезе вукIана ШилтIа-Къурали[111] абулеб гуржиязул бакIалде. Цинги, шилтIа-къуралисезул гуржияб халкъ – Шамилги боги рачIинел ругиланги рагIун, гьезукьа хIинкъун, – рокъо-рокъоса къватIире рахъун рукIун руго. Гьеб мехалъги гьел гуржиял Алазаналъул рагIалда цо жал рихьулареб бакIалда рахчун рукIун руго.

Шамил-имамги боги ЦIоралъул гуржиязул росабалъе щвараб мехалъ, гъора гIадамалго ратичIого, магIарулазул киналго ростанхъилел рукIун руго гьезда хадур: гьел гуржиял цIехезе абун.

Цинги, Шамилил байрахъулал тIаде ккун ругила Алазаналъул рагIаллъабазда рахчун рукIарал гьагъал гуржи-гIадамазде. Гьел байрахъулал тIад раккаралго, гьагъаб ЦIоралъул гуржи-халкъ, гьезукьаги хIинкъун, кодорго гIисинал хъизан-лъималгун Алазаналда жанибе кIанцIун

[110] Алабир гьатIан – гьеб ккола Гуржистаналда бищун кIудиял килсабазда гьоркьоса цояб, Алаверди абун гуржиязда лъалеб. Гьелъул борхалъи бахунеб буго 50 метралде, бана гьеб XI гIасруялда, ва хадуб чанго нухалъ къачIана. Алазан гIурул кваранаб рахъалда аваданаб майданлъиялда жиб бан бугелъул, гьеб, гачалъ хъахI гьабураб килса бокьараб габурлъиялдаса бихьула.

[111] Шилда ва Къварели – Алазан гIоралъул квегIаб рахъалда ругезда гьоркьоса бищун кIудиял гуржиязул росаби ккола. Гуржистаналъул Къуралиб шагьаралда гьанже 9 азарго чи вуго, Шилдаялда абуни – 5,5 азарго.

бугила. Гъезде щвараб балагьалда ракI пашманлъун: нилъее нух битIичIилан, Шамил-имам хеккого ЦIороса нахъвуссун вуго. Гьеб магIарул боги нахъе цIан буго [1854 соналъ] имамас, гьелъул гIолохъабиги рокъо-рокъоре ритIун руго.

Шамил-имамасул хабар бицине ккани, гIемераб хIужа буго. Дица гьаниб къокъ гьабун тана.

Шамил-имам, цинги, парчахIасул салдаталъ [112] [1859 соналда] кодове восула. Хадуб, гьев парччахIасда аскIове уна. Шамил тIаде вачIараб мехалъ гIурусазул, Гiалисканди-парччахIас гьесул цIакъ адаб-хъулухъ гьабула.

ПарччахIас Шамил-имам толев вукIанила, харжги кьун, жиндаго кодор цереккунги рукIарал – магIарулалги чачаналги абулел – халкъазул гIадлуги гьабизейила, гьезда гъорлъ шаргIги хьвадизабизейила. ПарчахIасул гьеб рагIи Шамилие къабуллъичIила.

Кинниги, Шамилица [ГIалисканди] парчахIасда гьарун букIун буго: дуца жиндие лъикIлъи гьабулеб батани, жив ГIарабиялъе витIедила. ПарчахIас, цинги, Шамил-имамасул гьари къабулги гьабун, [1869 соналъ] ГIарабиялъе гьев витIула. Гьелдаса хадуб парчахIас Дагъистаналда тIад жиндирго гIадлу лъун тун буго.

Шамил-имамасда кодор рукIарал – магIарулалги чачаналги – халкъазда тIад гIурусазул парчахIасул кверщел лъугьараблъи лъараб мехалъ, гъоба Гуржи-ЦIоралда Шамилидасан лъугьараб жоги захIмалъун вукIарав цо къуралисес – ЧIавчIавуз-гиназ [113] абулев гуржияс: жив Дагъистаналде хъулухъалъе витIейин тIалаб гьабун, Тулписалда вукIарав салдарасухъе гIарза кьун буго.

---

[112] ГIурусазул рагIи буго гьеб, «солдаты» абулеб.

[113] Николай (НикIолоз) ЧIавчIавадзе (1830-1897) – Къуралиб росулъ, жиндирго умумузул ракьалда гьавурав гиназав, ай таватияв, нахъа генерал. 1866 –1876-л соназда гьеб тIамула БакътIерхьул Дагъистаналъул рагъулав начальниклъун. 1877 – 1878-л соназда гьев гIахьаллъула турказулгун букIараб рагъда, хадув (10.01.1880 – 09.03.1896) гьев лъугьуна Дагъистаналъул рагъулав губернаторлъун.

Салдарасги, гиназасул гІарзаги къабул гьабун, гьев Болъихъе начаникІлъун [1866 соналъ] витІун вуго.



*БакътІерхьул Дагъистаналъул начаникІ НикІолоз ЧІавчІавадзе, идаралъул хІалтІухъабигун*

Гьев гуржи-гиназас, цинги, тарал рукІана ГІанди-угрукІалда [114] киналго наибзаби. Гьелги, Дагъистаналъул росабалъ бечедалщинал чагІи цІехон, гьес ралагьарал рукІун руго. Гьездасан рищун толаанила ЧІавчІавуз-гиназас наибзаби. Гьагъаб заманалъ ЧІавчІавузица тарав вукІун вуго кІаратІасев ХІажияв[115] абулев наибги.

Гъоб заманалъ магІарул гІадамазе ретІел-партал гьабизе ххам щолеб букІинчІила. ГІадан хвани, мусруялъе сугъур букІунаанила жиб-жиб рокъоб, хІадурун, нахъеги лъун

[114] ГІанди округ.

[115] Шамилил божарав мурид, 1859 соналда гьесда цадахъ Калугаялде арав. Хадув, тІадвуссуна Дагъистаналде ва гІурусаз гьев тІамула Ункъракь наиблъун.

– руччабаца, квасги дургъун, гъабураб. ТIад ретIунеб партал, бихьиназулги руччабазулги, къохьол букIунаанила.

Цинги, гъоб заманалъ [1870 соналъ – ?] арав нижер силдерил цо анлъго чи Гуржи-ЦIоралде: сугърал ричизе абун. Сугъразухъ гъоба багъа щолила. Сугъралги ричун, кIаланчIад тайпаялъул ххам босани, гьединаб ххам гIемераб бачIунила.

Тилавур[116] абулеб Гуржи-ЦIоралъул шагьаралдеги ун, гъора ратарал гуржиязе сугъралги ричун, Дагъистаналдехун нахъруссун рачIунел гьел силдадерида батун буго Алазаналъул рагIалда, цо гамущ – хIарщулъ тIерхьун, хвезеги хун, хIаридалъ хIатIалги къан. КIанцIарал гьел силдадерил анлъгоял гъоб ганщиде тIаде. ХIаридалъа къватIибе баккараб бакIалдасан гъоб ганщил балканаб къаркъала ччукIизеги-ччукIун, гьез жинди-жиндиего хьитал рукъизейилан, тIомол кескал къотIун, тIукъби рахъун рукIун руго. Щивас гьабун буго гъоба кIи-кIи, лъаб-лъаб тIикъва.

Гьеб заманалъ вукIун вуго цеве рехсарав Гъазиясул ХIажияв абулев КIаратIаса чи Гьакварив наиблъун. Росабалъги мацI гьабулел гIадамал камуларелъул, гьев ХIажияв-наибасде хабар щвезабун букIун буго: пуланав – гьавги гьавги – силдадерил чиясила, ЦIоралда чIагояб гамущги хъун, хьитазул тIукъбиги гьанги Дагъистаналде бачIун бугилан. Гьанже ахIарал гьел силдал ХIажияв-наибас Гьакварире. Гьеб бакIалдаго силдадерил анлъгоясдаго гIакIаги къотIун, бахъараб наибас гьезухъа къоло щу-щу гъурущ. Гьеб къоло щуго гъурщил багьаги букIун буго гъоб заманалъ кIиго гIаладул багьайила.

Гьеб гIарац бахъарабги гIечIого, тIамурал ХIажияв-наибас гьел силдал – анлъавго чи – кIиго-лъабго моцIалъ Болъихъ туснахъалда. Гьенисаги, цинги, ритIарал гьес гьел, ЧIавчIавуз-гиназасул амруялдалъун, Хунзахье. Гьенибги бараб гьел силдадерица анлъго моцI, жидее щибниги диванго гьабичIого.

[116] Тилавур (Телави) – Кахет вилаяталъул тахшагьар.

Ахир-къад, битIун буго Хунзахъ вугев [ГIалисканди НакIашиз абулев – ?] угрукI-начаникIас гиназасухъе ругъел: силдадерил туснахъазе щибдила жинца гъабилебан. Гъезул диван къотIулеб заманги тIаса анилан. Гъанже ЧIавчIавуз абулев гиназасги битIун буго дов [НакIашиз // Накашидзе] начаникIасухъе жаваб: дагъаб заманалдасан чи хвезабулеб загьруги кьун, гьел силдал дуца рокъо-рокъоре риччайдила. Досги, цинги, ЧIавчIавуз-гиназас малъухъе, загьруги кьун: рокъоре адила абун, нахъе ритIун руго туснахъалда рукIарал силдал.

Гъезул цояв, цинги, Харахьиве щведал, хун вуго. Цогияв – Кьохъе щведал, хун вуго. Цогиявги – Болъихъе щведал, ахираталде ун вуго.

Балъхъадерил бегавулас гъикъун буго, гъанже, ЧIавчIавуз-гиназасда: гъанисан Хунзахъе рачун ун рукIарал гъол туснахъазул лъабгояв киндай вугевилан. Нолъ гъезул – силдадерил – цо чи гъанивги хванилан. Гъебмехалъ абун буго гиназас: гъозул нахъе хутIарав лъабгоявги, рокъоре щвелалдего, хвезе вугилан. Цинги, рокъове щвелалде, гъев лъабавгоги хун вуго.

Рокъоре щвелалде, гъев лъабавго хвезе вугилан – ЧIавчIавуз-гиназас абурал рагIабаздалъун, силдесезда лъан буго туснахъалда рукIаразе загьру кьураблъи.

Загьруд хварал силдисезда гъорлъ вукIанила ДенгамухIамад абурав Шамилил байрахъуласул инсул вац КъурамухIаммад абулев чиги. СагитмухIамад абурав Шамилил наибасул вацгIал Жамалудинги вукIанила. Цинги гъол загьруд хварал цогидазулги Силдир вацалги гIагарлъиги рукIинарищха.

Гъанже ДенгамухIамадицаги СагитмухIамадицаги абун буго: «ГъанжелъизегIан нилъер силдадерил чиясул хIакъалъулъ, нижеда лъаралдаса нахъе, ничаб жо рагIун гьечIо. Гьеб нилъер гIагарлъи хвеялъе сабабги кIаратIасев ХIажияв вуго». БецIун, нилъеца гьев чIвачIони, нилъер халкъалда: ничги цогидаб жоги рагIулилан.

Гьел силдал хвезари гуребги, цоги гIилла гьаниб букIун буго. КIаратIасев ХIажияв, жив наиблъун гIурусаз толаго, боцIи гIемерав чи вукIун вуго. Гьес силдадерил Игъадахъ абулеб магIарде боцIиги бачун, мегIер кваназабулеб букIун буго. Гьенир рукъзалги ран, – жиндирго боцIуе къваригIарал гIухьби жанир рукIинейилан, – силдадерил боцIи гьес мегIер кваназе толеб букIун гьечIо. ХIажиясул гIухьбуца, гьаб наибасул боцIи букIин лъаларищ нужедайилан, силдадерил гIухьбузе зама-заманалъ хIинкъигицин кьолеб букIун буго.

Гьединго, силдадерил *Беда-рохьо* йилан абулеб бакIалда кули бан буго гьев Гъазиясул ХIажияс, хасало жиндир боцIуе лъикIаб бакI буго абун. Гьеб колода, цинги, щибго ужра-мухьго гьечIого, силдадерил балугъалщинал чагIи хIалтIизе ине абун, гьев наибас ирга биччан букIун буго. ГьабсагIатги нижер цIикIкIарал чагIаз гьеб бакIалда *ХIажиясул чIвадихъ* илан цIар абула. Гьелдаго гIагардаго буго митаразул *ТалихI гьечIеб бакъда* абулеб бак1. Гьенибги ХIажияс гьебго хIалтIи гьабун букIун буго. Гьединал хIалтIабаца силдадерие рихарав лъугъун вукIун вуго ЧIавчIавуз-гиназас тарав гьев гIурусазул наиб.

Шамил-имамасул байрахъулавлъун вукIарав ДенгамухIамадица, тIоцеве живгоги гъорлъе ун, гьагъав хварав анлъавго силдадерил чиясул тIоцересел гIагаразулъа анцIила кIиго чи гьедизавун вукIун вуго, руччабазул цIаралги тIамун, жидеца ХIажияв-наиб кинго чIвачIого теларилан. Гьеб гьедиги гьеб хабарги балъгояб букIун буго, гьев анцIила кIиявго силдадерил чиясда гурони, халкъалда лъачIеб.

Цинги гьеб заманалдаса нахъе гIемер мехго гьоркьоб инчIого, [1871 соналъ] вахъарав Хъваршинивехун ХIажияв-наиб, росабалъ сверизе абун. Гьанже арал Хъваршиниве гъол силдадерил анцIила кIиявго гьедарав чиги – гиназас жидеда тIад тарав наибасдехун. Гьединго, рачIарал доре митаралги хушатги. Гьел рачIиналъеги гIилла букIун буго: гьезул росабалъги, силдадериего гIадинал, зулмабиги къадарал жалги наибас гьарун рукIин. Цинги, Хъваршинир ракIарарал

ункъракьазул цевехъанлъун чIарав ДенгамухIамадица абун буго: гIурусазул наиб жанив вугеб рукъ сверун ккведила.

Ункъракьалъул агьлуялъги радалисаго гьеб рукъ сверун ккун буго. Гьеб заманалъ ХIажияв-наибасда цадахъ рукIанила дора кIиго нукарги сасикьев ГIисал Дибирин абулев цо мирзаги – наибасул ишазе хъвадарулев чи.

Радал, Хъваршиниб рогьарабго, лъан буго рукъалда жанир рещтIарал чагIазда, жал сверун ккураблъи. Гьез гьадабго параялъ жанисахун нуцIа щулаго рахан буго. ХIажияв-наибас, цинги, абулеб букIун буго гъол цадахъ рукIаразда: «Нужго къватIире а. Жанив дун гIела, – ян. Цадахъ рукIараца абун буго: «Инаро. Мун хваралъув, нижги хвезе руго, – ян.

Цинги, доб Хъваршиниб эхетараб рукъалъул нуцIаялъулъ кIулил каратI букIун буго, нуцIаги борлъун бахъараб. Наибасул гьалмагъзаби кинго къватIире раккичIеб мехалъ, ДенгамухIамадица, гьагъаб кIулил картIинисан жанивехунги валагьун, ХIажияв-наиб вугеб бакIалъул хIисабги гьабун, гьагъав чиясдехун таманчаги битIизабун, гьагъаб кIулил каратIалда данде гьебги ккезабун, кьвагьун буго.

Кьвагьараб таманчадул гулла кIаратIасев ХIажиясул квералъул буртIин килищалда щун буго. Гьанже кIанцIун вуго къватIиве гьагъав лъабавго – кIиго нукарги сасикьав Дибир-мирзаги: гьав щивдила наибасда туманкI речIчIулев чидила?

Цингиги, гьагъал лъабгоял къватIире лъугьиналдего, ХIажияв-наибас нуцIа рахан буго. Шамилил болъ байрахъулавлъун вукIарав ДенгамухIамадица: жанибго бухIедила, цердила абун, рукъалда гъоркь букIараб бокьобги рукъ сверунги, бан цIулгун, цIа гъола.

ЦIаги гъун, цIагин кIкIуй гьалаглъараб мехалъ, ХIажияв-наиб цо бокьове ворчIун вуго, сверухъ ругезул лъиданиги вихьичIого – гордухъан къватIивеги кIанцIун, гIадамазда вихьулареб рахъалдехун лъутун. Гьенив жанив гьесда ватун вуго цо гьитIинавго гIолохъанчи, аскIоб

туманкӀги эхетизабун, чури биххулев. Гьев гьитӀинав чи ватидал, гъов къватӀиве инеян абун, ХӀажияв-наибас кодоб букӀараб таманча гьесде битӀизабун буго. Гьев васасин абуни, кӀутӀун кодобеги босун, ХӀажиясул керен бакьулъе речӀчӀун буго аскӀоб эхетун букӀараб жиндирго туманкӀ.

Гьев вас вукӀун вуго Силдаса ХӀадисил Шарип абулев. Гьеб бакӀалдаго [1871 соналъ] чӀван вуго гьес Гъазиясул ХӀажияв – ЧӀавчӀавузица наиблъун тарав чи.

Гьанже, – ЧӀавчӀавуз-гиназас хъулухъ кьурав чи жидеца чӀван хадуб, –ДенгамухӀамадги, СагитмухӀамадги, гьезул гӀагарал чагӀиги, хъизаналги рокъо-рокъоре руссинчӀо: нилъ гьанже гиназас чӀвачӀого толарилан. Нилъ Тушалъе ине ругила. Тушалъ нилъер божарал гьалбалги ругила, лъоз нилъее кумекги гьабизе бугила.

Гьедин Тушалъехун ине абун, къватӀиреги рахъун, хъачагълъуда рукӀун руго дагьаб мехалъ гьел силдал.

Гьелдаса хадуб, Алазаналда Шамил-имамасдалъун тӀагӀараб жидер гъоб халкъги пикрабалъ бихьун, силдадерица Игъадахъ гъурараб тушдерил къокъаги пикрабалъ бихьун, гьебги захӀмалъун гӀодовчӀван вукӀарав ЧӀавчӀавуз-гиназас, парчахӀасде гӀарз гьабун буго. Гьелдалъунги бакӀарун буго цинги Маскавалдаса салдат.

Ункъракь бахъизейилан, гӀодовегӀан, 15 000 салдат вачӀун ватила. Гьезда тӀадеги кинабго ГӀанди-угрукӀалъул [идарабазда хӀалтӀулел] гӀадамалги гъоб мехалъ салдатгун цадахъ рукӀанила.

Ункъракьалде бачӀараб салдаталъ кӀаратӀасев ХӀажияв чӀваялъулъ гӀахьаллъарал росабиги рухӀана. Гьел росабазул гӀадамалги – бихьинав-цӀуяв, гьитӀинав-кӀудиявин течӀого, – къватӀире рахъизарунила. Гьезул боцӀиги хъун, гьебги тӀагӀинабунила.

Силдадерие [1871 соналъ] цӀакъго зулму гьабун букӀун буго. Силдив вукӀуна НикӀалайил цо announce – Гъазил АхӀмадхан абун. Гьевги гьесул гӀагарлъиялъул анцӀила щуго рукъги хутӀун, нахъияб силдадерил халкъ салдаталъ къватӀибе

бахъизабула. Гъединго митаралги къватIире рахъизарула гъеб салдаталъ. Хъваршинисезул чи – Хушатибе щвезегIан бугеб ракьалдаго – рокъов течIила.

ГIисинал, рилълъине кIоларел ункъракьазул лъимал гьезулго улбуз мугъалда раччун руго. Рилълъанхъизе кIолел, квер ккун, гьез хIалалъ рилълъинарун руго. Гъединаб куцалда Болъихъе щун руго силдалги, митаралги, цогидал ункъракьалги. Гьезул – жидеда цебе салдаталъ хъвехъун, – кванан тIагIинчIеб боцIиги, ГIанди-угрукIалъул идараялъуб хIалтIулеб халкъалъ хъамун буго, жидеего давла гьабун.

Цинги, Ункъракьалъул гьеб халкъ Болъихъе бачун букIараб куц бихьараб мехалъ, гIандисев [Гирайил – ?] ГIараш абулев наибас ЧIавчIавуз-гиназасда абун буго: «Я, гиназав! Гьев кIаратIасев ХIажиявни Ункъракьалъул гIолохъабаз чIван ватилила. Гьаб кинабго халкъалда щиб гIайибдила букIараб, гьал къватIире рачахъизе кканани? Гиназас абун буго: гьел ункъракьалги Алазаналъ арал жидералги кидадила ращалъулел? ГIарашица рекIелъ абунила: «ГIай, цIинандарисев! Гьединищ вукIарав мун – кIалдиб цаги, цабикь гIанкIги ккун, – гьал мискинзаби тIагIинарулев?»

Ункъракьалъул гьеб халкъ, хIатIазда хьвадизарун, [1871 соналъ] Ставропулски областалде щвезарун руго, я рекIунеб машина гьечIого, яги цогидаб – гьоко гIадаб, – гIадан рекIунеб жо гьечIого. Гьезул нахъе чиги вачIинчIо, нусгоясда гьоркьосан анцIгогIанав чи гурони.

Гьанже гьагъав ЧIавчIавуз-гиназас хехаб заманалдаго *пурман*-пирказ гьабула тущдерил халкъалда – Силдиса ДенгамухIамадилги, гьесул гьалмагъзабазулги хIакъалъулъ гьадин: наиб чIварал чагIи Дагъистаналдаса лъутун ругин. Нужер тущдерил ракьалда гьел кодор ккезе щванани, ккезеги ккун, Тушалъа рачун, жинда тIаде щвезаредила. Жинде тIаде щвезаризе нужеда кIолеб гьечIони, ратаралъур чIвай абун.

Гьанже бахъараб Дагалдехун[117] шанагусезул[118] ахIи силдадерида хадуб. ЦIехарал гьел ЧIиру-гIор бахъун доб рахъалда ругел шанагусеца. Ахир-къадги силдадерида тIаде ккун руго гьел: гъозда жал рихьулареб, жидеда гъол рихьулеб цо [сургIа гIадаб]бакIалда.



Дагалда росу

Гьанже гьел тущдерица пикру гьабун буго: «Нилъ жал кквезелъун тIаде рачIараллъи лъанани, гъол силдадерица нилъее зарал гьабизе буго. Нилъеца ритIила гъозухъе силдадерилго гьалбал, цереккунго ракълиейилан нилъер гьанире – Тушалъе – рачIун рукIараб мехалъ, гъол силдал жидеда тIад рещтIун рукIарал чагIи. РитIила гьел некIсиял гьалбал силдерихъе жидее кумек гьабизейилан рачIараллъун, гъозухъа ярагъ нахъе босизе гIоло. Цинги, ярагъ нахъе босун хадуб, гьабила нилъеца гъол силдадерие гьабулеб жо».

ВитIанила гьел тущдерица ДенгамухIамадихъе жиндир гъасда гьев рещтIун вукIарав гьесулго гьобол. Цоги витIанила

---

[117] Дагалда (гурж. – დიკლო «ДикIло») – бакъбаккул Тушеталда, магIарулазда аскIоб бугеб росу.

[118] Шанагу (гурж. – შენაქო «Шенако») – бакъбаккул Тушеталда, магIарулазда аскIоб бугеб росу.

гьез гъосдаги лъалев гъовги лъалев кIигоявги. Цоги чагIи ритIанила тушдерица гъол силдадерида тIаде, батIияб нухдасан сверун.

ДенгамухIаммад, Шанагуса тушдерил чагIи жинда тIаде рачIиндал, цIакъ воханила, жидее лъикIлъиялъе рачIарал чагIиян ракIалдеги ккун. Цинги тIаде рачIарал тушаз абунила: «Нужеца гьанже щибниги жоялъул ургъел гьабуге. Гьаб ярагъги нижеца босила. Нужер къайи-матахI нужецаго босе, гьал хъизаналги раче. Нилъ къаси бигьаго Дагалде щвезе руго, – ян.

Шамилил болъ байрахъулавлъун вукIарав ДенгамухIамадица букIа, Шамилил наиблъун вукIарав СагитмухIамадица букIа, жинди-жиндир ярагъги босун, Шанагуса рачIарал тушдадерихъе кьунила. Нахъа, киналго хъизамалги рачча-къан, гьагъал силдал цо кIудияб [суркIа гIадаб] бакIалдаса тIадехун рахаралго, рохьор жанир кьерун рукIарал шанагусез – рохьоса къватIиреги к1анцIун, – ДенгамухIамадги, СагитмухIамадги, цадахъ рукIарал силдадедирил киналго бихьинал чагIиги, чIва-чIван ран ругила, щибго жоялде балагьичIого.

Цо лъабго-ункъо сон барав васги гъоркь лъун: гьитIинав вас чIвагеянги абун, тIадги егун чIарай эбелалдацин гурхIичIила тушал. Мугъалда хвалченги кьабун, кIудияб ругъун лъунила.

Гьеб тушдерил ракьалда чIван вугила шанагусез силдадерил гьитIинав-кIудияв щуго бихьинчи чи. ЧIварал гIечIого, гьезул бутIрулги къотIун ругила.

Силдадерил руччабазул кверал рухьун рукIун руго дора гьел шанагусез. ДенгамухIамадилги, СагитмухIамадилги, цогидалги чIварал бихьиназул кверал къотIун ругила. Цинги гьел къотIарал бихьиназул бутIрул гьагъал руччабазда раччизарун ругила. Мугъалда раччизеги риччачIого, жинди-жиндир чIинчIо-кIазалда жанирги рухьун, карандаса церехун эхере дализарун ругила.

Гьеб хIалалъ силдадерил руччаби лъоб Тушалъа Болъихъеги рачун, ЧIавчIавуз-гиназасда цере рахъун чIезарун рукIун руго. Гиназас, цинги, гьел магIарул руччаби рачун рачIарал тушдерие кIудияб баркалаги кьун, щивав цоясе анцI-анцI гъурущ гIарацги кьун, рокъо-рокъоре ритIун руго.

Гьанже гиназас силдадерил чагIи къачIалел рукIун руго, Ставрапулски рахъалде ритIизе, гьел руччабигун цадахъ. Гьебмехалъ балъхъадерил жамагIаталъги цоги-цогидал магIарул гIадамацаги, гъол магIарул руччабазда ракIги гурхIун, гьарун буго гиназасда: гьел силдадерил руччаби гъоре ритIугедила, цоги бакIалде ритIедила. ЧIавчIавуз абурав гуржи-гиназас, гьезул гьари къабулги гьабун, Гьакварире ритIун руго гьел руччаби, жидерго росулъе ритIичIого. Доба Гьакварив, щуго-анлъго сонги бан, хадур [1876 соналъ – ?] рачIана гьел Силдиб росулъе.

# 11. Къокъаб шаригIат ва гьелъул хIасил

*ХIадурана Шамхалдибир ГIисаевас*

*ГъазимухIамадил вас МухIамад гьавуна Гьигьалъ росулъ 1855 соналда. Гьев вахъана машгьурав шагIир, гIалимчи ва жамгIияв хIаракатчилъун. Гьес хъварал мавлидалгун туркаби гIечIого XX гIасруялъул байбихьуда басмаханаязда рахъана 4 тIехь.*

*ТIоцебе 1906-б соналда Петровск шагьаралда (гьанжесеб МахIачхъала) А.М. Михайловасул басмаханаялда бахъана «ТухIват ал-Мутаваджидин». 1911-б соналда Шурагьиб букIараб МухIамадмирза Мавраевасул басмаханаялда бахъана кIиго тIарикъаталда тIаса хъвараб тIехь («ИмтихIан ас-саликин» ва «Манзумат ал-гIажамийа»). Добго Петровскалда 1913-б соналда бахъана «МигIрадж ан-наджат».*

*Гьаб тарихияб асарги гьевго ГъазимухIамадил МухIамадица хъвараб ккола жиндирго ракIалдещвеял хIисабалда, щайгурелъул гьев живго гIахьаллъаларав гьеб къокъаб шаригIаталъул хIаракаталда. Гьелъ гьаб асар хасаб, къиматаб даражаялде бахинабулеб буго, цогидазухъ гьечIел баяналги гьанир жанир ратулел руго.*

ТIоцебе чачаназул ГIалибег-хIажиясдасаги Зумсиса [119] ГIума ХIажиясдаги байбихьун Дагъистаналъул гIурус пачаясда данде рагъизе рахъиналъулги, гьелдалъун лъугьа-бахъараб жоялъулги, гьелдалъун Дагъистаналъе щвараб кIудияб *хъосара*[120]лъулги дида лъараб хабар.

Гьев ГIалибег-хIажи халкъалда щив чи вугевали лъаларев чи вукIана. ГIума-ХIажи абуни Шамилил заманаялда

[119] Зумси – чачаназул Аргъун гIорул кваранаб рагIалда, Итумхъалагун Шобутиб гьоркьоб бугеб жамагIат.

[120] *Хъосар* – рагIул магIна лъазе кIвечIо. Гьаниб гьеб хIалтIизабун буго «балагь» хIисабалда.

бахIарчилъиялъул цIар рагIарав чи вукIана. Шамил ккураб мехалъ гьес гIурус пачагун рекъелги гьабичIого, гьелдаса Дагъистаналъе лъикIлъи щвелареб жинда лъалиланги абун, кьогIлъиялда чIана. Гьесдаго релъун гьевгун цадахъ чачаназул Мартаналдаса Атабай абулев цо гIалимчиги чIана. Гьел кIигоял гьеб хIаладе тIамун чIарал рукIана. [ТIадежоялъе] гьелгун рекъон балъго гIурусалгун тушманлъиялда чIарал гIемерал чагIи рукIана. Гьез доре-гьанир хьвадарулел гIурусазе нухал ккун релъидал[121], гIурусал рещтIараб бакIалда тIад рачIун, гIемер кIудияб зарал гьабун, гьеб хIалалде ккезаруна кIиго-лъабго нухалъ. Гьезда тIаде гIурусазул кIудияб аскар ун, гьез ГIума-хIажиги гьев Атабайги ккун, Сибиралде ритIана. Сибиралда гIемерал сонал рана.



Гьанжесеб Гьигьалъ росу

Цинги ГъазимухIамадица [122] ГIума-хIажиясде хъвараб кагъатги кьуна ГIалибег-хIажиде кодоб, жиндир кагъатгун

[121] Релъидал – бергьенлъи босидал.
[122] Имам Шамилил кIудияв вас, гьеб заманалда Туркиялъ чIчIарав.

гьев жинца ГІалибег-хІажида вихьизавурав ГІабас-паша [123] щвараб сагІаталъ, дуцаги ГІалибег-хІажиясги Дагъистаналда гъалмагъалги байбихье, [абун]. [Жеги ГъазимухІамадица хъван букІана] ккаралъул къваригІел тІубан хадуб, Дагъистан бахъизе гІурус пачаясдаса Дагъистаналде турказул аскаралгун жив вачІиналъул рохелги рагІизе гьабейилан.

Цинги ГъазимухІамадил рахъалдаса гьев ГІабас-паша вачІиналъухъ ГІумахІажи гІенеккун чІана. Гьев вачІанани, гьесул амруялда гІамал гьабизе, вачІинчІони, жинца гІурус пачагун гьабураб ракълида вукІине, гІурус гІелму цІализе кьун жиндир васги вукІиндал.

Цинги гьелдаса гІемер [заман ун] хадуб, [гІурусазулгун] бакълъулазул боязда гьоркьоб гьесдалъун [124] МелъелтІа, Данухъ, ГІаркьухъ рагъ кканиланги рагІана. Гьенибги гьев сабаблъун халкъалъе зарал гуреб жо ккечІо. Амма гІурусаца жалгун рагъ ккараб росу бухІи, росдал агьлу-хъизан квешезе гьари, гьезул боцІи бахъи, гьабичІого, рагъулъ жалгун рагъаразе *вай-вай*ги [125] гьабун, нахъияб жо, щибаб [126] Дагъистаналъ гьабулеб жо гьабун бахъинегІанги тун. Гьеб мехалъ бищун такъсир кІудиял гъанкъана. Хадуб такъсир бугелниги, рагъулъ лъукъаралниги Сибиралде ритІана. Дагьаб такъсир ккарал рагъулъе ритІизе пулкалда[127] хъвана.

Гьев ГІалибег-хІажиясул амру-нагьия [128] МагІарухъе эхедехун щвечІо, Чачан вилаят тун цогидаб вилаяталде. Чачаналда жаниб жинда хадув вилъинчІев чиясе [гьес] гІакъуба-гІазаб кьолеб [букІун] буго. Жинда хадур рилъаралгун цадахъ вахъун, гьес гІурусазе нухда *гьара-патІа*[129] гьабулеб бугилан рагІулеб букІана. Чачанал гурел батІиял чагІи гьевгун цадахъги рукІинчІо. Дунги дун гуревги

[123] ГъазимухІамадил вакил, Туркиялъ чІчІей бугев ансалтІисев.
[124] ГІума-хІажи сабаблъун.
[125] ТамихІ.
[126] ТІолабго.
[127] Полкалда, аскаралда.
[128] Вилаяталда тІад кверщел.
[129] Гъара балеб, гьел чІвалел.

– гьесул мируватлъи, гьесул бахӀарчилъи, гьесдаса бачӀараб зарал, тӀокӀалъ гьесдалъун Чачан ракьалда жаниб щиб сиясат хьвадулеб букӀаравали лъалев чи щивго гьечӀо. Амма [гьабсагӀатги] чачаназда гъорлъ гьеб заманалда рукӀарал кӀудиял чагӀи ратила: гьезда лъала [гьелъул хӀакъалъулъ].

Чачаназул вилайат тун къватӀив гьевги вахъинчӀелъул, гьесул амру-нагьият билъинабизе хьвадулел чапарзабиги рукӀичӀелъул, гьес гьедин гьабуна. Гьев гьединав вукӀанайилан дида рагӀарал, кьучӀ гьечӀел харбал кагътида хъван кьезе дида кӀвечӀо. КьучӀ гьечӀел ругониги, гьесул рахъалдасан рагӀараб жогун, хъвачӀеб абуни, ГӀалибег-хӀажиги гьесие хӀалае, гьесие квер-бакъизе гьевгун цадахъ чӀарав Зандакъариса [130] Дадайилан абулев чиясулги шамгун шам [131] гванзаб хабар бицунеб букӀана гӀакъилав чи божулареб, гӀабдал гурес гӀенеккулареб: ГӀалибег-хӀажиясдаса щибги жо балъго гьабун лъиданиги бажаруларо. ГӀалибег-хӀажида кинабго балъгояб жоги гьесда аскӀоб гьедин бицинги щивниги чиясда кӀоларо, гьесда аскӀоб цодагьабниги гьедин бицун кӀалъарав чи, черхалде сири бан, гӀодов кколилан рагӀулеб букӀана.

Зандакъариса Дада абулев чиясда релъеда [132], къечон радал тӀаде вахъиналде Къуръан рекӀехъе лъан батана. Гьесул кверазул килщал киналго ращадал, рукьбулъан халатал ругилан рагӀулеб букӀана. Щиб рагӀаниги, гьелдаса дагьаб [гуреб] жо халкъалъ уяб битӀараб гьабун гьуин къабуллъун бицунеб букӀана. Халкъалъе гӀурус пача рихарав вукӀун, ГӀалибег-хӀажил рагӀиги ритӀухълъун [ккολаан], гӀурус пачаясул къабсалдаса [133] Дагъистан хвасарлъизе бокьун, Дагъистаналъул гӀурус пачаясда ццим бахъиналъеги, гьев гьезие рихиналъеги сабаб дица хадуб бицина.

Цинги, гьеб соналъул риидалил кӀиго моцӀгӀанасеб заман араб мехалъ, ГӀалибег-хӀажица абухъе АнсалтӀаса ГӀабаспаша

---

[130] Чачаназул Нажаюрт мухъалда, Дагъистаналъулгун гӀорхъода бугеб росу.
[131] Шамгун шам – рагӀабазул магӀна лъазе кӀвечӀо.
[132] Сардилъ.
[133] ТамихӀалдаса.

вачIана ГъазимухIамадил кагъталгун. (Гьев ГIабас-паша, АнсалтIаса мугьажирлъун ИстIанбулалде арав чиясул вас вукIун, гьенив хункарас аскаралда жанив лъугьине гьавун, пашалъи щварав вукIун вуго). Гьев ГIабас-паша Дагъистаналде щвараб заман, гIурус пачаяс Хъарс[134] кодоб босун хадуб букIаниланги абулеб букIана гьев гьенив щвезе нух щвечIого нухда кватIун. Гьев гьенив щун хадуб бахъана Хъарсиланги абулеб букIана.

Цинги гьев вачIингун, гIурус пачаясда ццин бахъун, гьесул закон рихун, ракI унтун букIараб кинабго дагъистаналъул агьлуялъ бацIадаб ният гьабуна гьесде данде рагъизе. Хайдакъ, Табасаран, Самуралде щвезегIан щибниги вилайат хутIичIо гьесда[135] гIасилъизе ният гьабичIеб.

Цинги Дагъистаналъул хIажизаби, гIалимзаби, гIакъилзаби данделъана Сугъралъ ГIабдурахIман-хIажи шайихасда аскIор. Гьесдаса [изну] тIалаб гьабун, гьесда щиб гьабилебан цIехон. Гьес абуна, гIурус пачаяс лъабкъого соналъ Дагъистаналъул агьлуялда тIад зулму гьабуна, чияр чагIи тIадегIан гьарун, пакъирзаби гIодорегIан гьарун, ханзабазе, бегзабазе мугIрул кьун, хъутаби кьун, бечедал залимзаби халкъалда тIад наибзабилъун тун, гьезул мацIалда божун, Дагъистаналъул лъикIалщинал бахIарзалги тIагIине гьаруна, Сибиралде ритIун. Цоял гьесул закон-зулму бакIлъун Хъарсалде, ИстIанбулалде ана. Гьанже нужеца гьесулгун рекъел бихизеги, гьесде нуж гIасилъизеги бегьилилан абуна. ГъазимухIамадил чапарги вачIун вугелъул, ГъазимугIамад вачIинегIан, цо нужода лъалев, маслихIатавлъун вукIарав чи имамлъун чIезе гьавизеги бегьилиланги абуна гьес.

Цинги гьес гьедин абидал, гьесул гIакълуялъул баракат букIиналдаги хьуллъун, гьеб агьлуялъул цIакъго ният бацIалъана гIурус пачаясде гIасилъизеги, гьевгун рагъун

[134] Хъарс – турказул букIараб гучаб хъала, ГIурус империялъулгун гIорхъода букIараб. Гьанже – Туркиялъул бакъбаккуда бугеб шагьар ва вилаят.

[135] ГIурус пачаясда.

хвезеги. Цинги гьеб жамгIияталъул азаргоялдасаги цIикIкIун чи вуго. Гьел киназго рахъ ккун, гьев ГIабдурахIман-хIажи шейхасул МухIамад-хIажи абулев вас чIезе гьавуна имамлъун. Гьев вас гьитIинав чи вукIана цIалулев вукIарав, щибго дунялалъул умуразул тажбират тадбир лъаларев, жинда сверун ругел чагIазул гIакълуялдалъун гурони жиндалъун амру-нагьият гьабизе пиша гьечIев.

Цинги Дагъистан мурадалде щвечIого, нахъеги Дагъистан гIурус пачаясул хIатIикье ккараб мехалъ, гIемер чияс абун бачIана, Дагъистаналъул иш мекъса ккеялъул гIаламат гIайиб, гьеб щибго жоялъул тадбир лъаларев гьитIинав чи имамлъун тей букIана абун. Ялъуни Хунзахъа ПатагIали [136], ялъуни ГIумахIажи тун рукIаралани имамзабилъун, гьадигIан хехго Дагъистан гIодобегIанлъиялде ккелароанилан. Гьев кIиявго бахIарчилъи бергьарал рукIаниги, жагьилал рукIиндал, кин телел. Гьев [вас] имамлъун теялдалъун, ГIабдурахIман-хIажи щайхасул баракат букIиналде хьулги букIиндал, тун вукIана гьесул вас [имамлъун].

Цинги гьев имам, къватIив вахъун, сугъулдерил ХIото майдан абураб бакIалда чIана. ГIумахIажиги къватIив вахъана Тутхъай абулев жиндир васгун. ГIурусаца гIемер кIодо гьавун, чинги кьун вукIарав, гьесул цояв Дада абулев васги, гIурусаздаса ватIалъун, инсуда аскIове вачIана. Гьединго гIурусаз кIодо гьарун, гьезул хъулухъалда рукIарал Гъумекиса Агълар ханасул вас ЖагIпархан, Гъумекиса ГIабдулмажид, ТIелекьа МуртазагIали, гьесул вас Жаватхан, Хунзахъа ПатагIали-хан, Къарахъа ГIабдулагь. Гьел гурелги ЦIадахI-ГIахъущдерил, Хайдакъ-Табасараналъул, гIурусаз чиналги кьун, гьезул харжги кванан рукIаралщинал, дагьа-макъал хутIун, имамасул рахъалдаги бищун цIакъ хIаракат бахъун рагъизе гIамал гьабулелги гьел рукIана, имамасде руссинчIого,

[136] ПатагIали – магIарул нуцабазул ахирисев – 1802 соналда чIварав КIудияв ГIумаханил вац – Гебекил наслуялъул чи.

гІурусазул хъулбузда лъукъарал чагІазул боцІи кваназе цІакъ хІаракат бахъулелги гьел рукІана.

Цо Аллагьасул хІукму-къадаралъул гІажаиблъи! Шамил имамасда данде бищун цІакъ вагъулев вукІана Агълархан, гьесул вас ЖагІпархан абуни бищунго кутакалда имамасул рахъалги ккун гІурус пачаясда данде бищунго цІакъ вагъизе вахъана. Шамил имамасул рахъги ккун гІурусалгун вагъулев вукІана Сугъралъа Хурш. Гьесул вас МухІамад имамгун рекъечІого, Дагъистаналъ гьабурабги гьабичІого гІурусазул рахъги ккун чІана.

Цинги гьев имамас Дагъистаналъул рахъ-рахъалде вакилзаби ритІана киналго вилайатазда наибзаби тезе. Живго, цохІо гали бахъун, ХІото майданалдаса къватІиве вахъичІого чІана, гьелдалъун гьесде халкъалъ гІемер гІайибги чІвалеб букІана. [Гьез абулаан:] имамилан вугев чи, вакилзабазде кинабго жоги тІамун, халкъалда амру-нагьия гьабизе, халкъалда вагІза насихІаталдалъун кІалъазе вугев *хубиса цІакъ бахъи*[137] нуж тохлъани, кІиабизеги нилъ нилъер тушманасул хІатІикь кквелилан. [Жеги халкъалъ абулаан:] яхІ ккезе гьабизе, къватІивего вахъичІого кин чІолевилан?

Цинги гьеб заман, гІурусазул аскаралги Хъарсалде ун, Дагъистаналда ругел хъулбузда дагьа-дагьал салдатал гурони гьечІеб заман букІана, Дагъистаналъул боялги гІемерал рукІун, цІакъ бигьаго киналго хъулби кодоре щвеялда ракІчІун рагъ байбихьараб.

Цинги тІоцебе ккараб жо. Гъумукъ нахІияталъул боял лъугьана Гъумуки шагьаралда бугеб хъала бахъизе. Гьеб хъалаялда жанир кІикъого салдатги гьезул гІурус началникІги рукІун руго. Цинги цин тІалаб гьабуна гьездасан, рагъичІого кодоре рачІайилан. РагъичІого кодоре рачІинеги хъала кодобе кьезеги кинго пачаясул изну закон гьечІилан абуна началникІас. Цадахъго хъалаялда тІаде гІемерал боял кІанцІун, туманкІ-гІарада бан, нусиялда къого, нусиялда

[137] Хубиса цІакъ бахъи – гьал рагІабазул магІна лъазе кІвечІо.

лъабкъогойиланги абуна чи чIван, хадур хъалаялда жанире кIанцIун гьел салдаталги гъурана, гьев началникIги, гьесул хъизанги ккун рачун, лъабго къо бан хадуб, гьелги чIвана. Гьев началникIас гьарулеб букIун буго, жив чIваге, жив чIвачIого теялдалъун нужое кIудияб пайда бугилан. [Амма] кинниги течIого, [гьев] чIвана. Гьеб вакъигIат гьадин ккараблъи дидаги цогидаздаги лъалеб машгьураб [жо] буго.

Цинги гьелда хадуб ЦIадахIари, Лаваши кIудиял рагъал ккана. Гьениб лъугьараб жоялъул мухIканлъи дида лъаларо. Кинниги лъалеб машгьураб буго ЦIадахIари багъулеб боялда тIад ПатагIали вукIинги, гьеб рагъулъ гIурусазе ПатагIалил бахIарчилъиялдалъун гIемер кIудияб зарал ккейги, гьеб рагъулъ живго ПатагIали чIвайги. Халкъалъ абулеб букIана, ПатагIали чIван хадуб, Дагъистаналъул гьоко нахъехун гирун гурого цебехун гиричIилан.

Цинги дида бихьун лъараб жо. Гьеб соналъул рии ун хадуб, Къарахъа ГIабдуллагь вачIана цIунтIадерие, тIиндадерие, ункъракь, чIамалазе, багвалазе наибзаби тезеги, гьезул наибзабигун, гьезул боялгун Болъихъ хъала бахъизе инейилан. ЦIунтIа щив таравали лъачIо. ТIиндадерида Сурхай тана. Гьевги гIурусазул аписар вукIана, гьезул харжалдалъун кваналев. Гъакварида Карим тана. Гьевги гьакварисезул нусил бетIер вукIана, гIурусаз харж кьолев. Гьев ГIабдулагь ТIиндиве щведал, чIамалазулги, ункъракьалъулги наиблъун гIурусазул рахъалдасан наиблъун вукIарав Сасикъа ГIисалдибир, жиндирго кIиго васгун, лъутун, Гьигъалъе вачIана. Гьигьалъ кIиго аписар вукIана: цо ИмаммухIамадилан[138], цояв Дибирасулавилан. ИмаммухIамад гIурус хъулухъалда вукIинчIо, гIурусазул харж букIана гьесие. Дибирасулав Болъихъ махIкамаялъул диванбег вукIана. Гьигьалъдерил нусил бетIерги вукIана Гъазийилан, гIурусазул харж бугев.

[138] Имаматалъул тарих хъварав, Шамилил наиблъун вукIарав гьигьалъев.

Цинги гьев ГIисалдибир гьезда цIакъ мимидун, чIирчIидун, гIурус пачаясде гIасилъун пайда бахунгутIи хIакъаб бугилан абун, гьес гьел мукIур гьаруна гьев ГIабдулагьида тIаде инчIого рукIинеги гьес малъараб жоялда разилъунгутIизеги. Гьес зулму хIал гьабуна, гьевгун цадахъ ИмаммухIамад абулев аписарги ана, Гъази абулев нусил бетIерги ана, цо щуго-анлъго гIурусазул хъулухъалда ругел милицабиги ана. Дибирасулав Болъихъеги инчIого, рокъов чIана. ГIабдулагьида тIаде инчIого вукIининан, инчIого чIанани жив ворчIилилан хьулалда.

Цинги гьев ГIабдулагьил кагъат бачIана Дибирасуласухъе, тIокIалъ чIечIого гьигьалъдерил агьлугун жинда тIаде Хуштадерил кьоде вачIайилан. Гьеб мехалъги инчIого чIун вукIун, нахъойги гьес чи витIун вачIана. Къалъул гIужалъ вачIунев ватана. Бакъанил гIужда цебе жинда тIаде щвечIони, жив кIудияб богун вачIунев ватана мунги ккун Имамасухъе витIизе, дур росуги бухIизе, дурги дур росдалги боцIиги тала гьабизе. Гьеб мехалъ росулъ ватарав балугъав чиги цадахъ вачун, вилъун бакъанил гIужда дагьаб цебе ГIабдулагьида тIаде щвана. Гьес наиблъиялъул чалма кьедал, гьадин абун, додин абун, къабул гьабунгутIидал, гьаб тIолго Дагъистаналъ гьабураб жо гьабичIого букIине, ГIабдулагьица цохIо мун гIакъилавищ, Дагъистан гIадалабищ бугебиланги абун, гьесул бетIералдаса жинцаго тIагъурги бахъун, жинцаго чалмаги къана, мун метер чIун сезе дурго богун МигIарсдерил лъарахъе щвайиланги абун. Живго гьеб къоялъ багвалазул тIиндадерил богун гьениве щвайилан Болъихъ хъала бахъизе ине гьедин амруги гьабун витIана.

Цинги гьеб къоялъ цIакъ захIматго, цIакъ зигардулаго жиндирго богун Дибирасулавги ункъракьалъул, тIиндадерил, багулазул, гьакварисезул боялгун, гьезул наибзабигун ГIабдулагьги мигIарсдерил лъарахъе щвана. Гьеб сордоялъ гьенир чIун рукIадго, радал хъала бахъизе ине хIисабалда, радал хабар баккана, гьеб сордоялъ гьев Дибирасулавги, гьесул васги Болъихъ хъалаялде лъутизехъин рукIун ругилан,

гьеб сордоялъ ва хъаравулзабигун *цIихху* [139] [рукIарал] гIадамазда лъан гуребанийилан абун. Гьел кIияздаго тIиндалги гьаквариселги рукIарал ГIабдулагьица амру гьабун тIаде кIанцIун. Ярагъги тIетIезе гьабун чуялги кодоса рахъун кIиялго Сугъралъ ритIана, гьенир чIвазе хIисабалда. Кинниги гъозул эмен ХIажардибир ГIабдурахIманхIажида лъалев Шамилил наиб вукIун, гьесул хIурматалъе гIоло чIвачIого тун нахъе ритIун рачIана.

Цинги нахъияб къоялъ радал гъол боязда тIаде рагъизе гIурусазул аскар бачIунеблъи лъан, МигIарсдерида цебе бугеб борхатаб халатаб гохIда чIун ГIабдурахIманги гьел боялги рукIаго, гьеб гохIил ахадасанги тIарадасанги рикьун гIурусалги гьелгун цадахъ балъхъадерил наибгун тIаде щвезегIанго гьез туманкI бан гъосул туманкI гьезухъ бахъичIого гъол киналго боялги гьеы ГIабдулагьги лъутана.

Цинги гIурусаз, гьеб гохIги рехун лъутун унел бояздехун туманкI бан, гIемерал чагIи лъукъана. Нусгоялдаса цIикIкIун чIвана. Щибго зарал гIурусазеги ккечIо. Цо маслихIат ккана, гьел гIурусал гьеб гохIилъ чIун, хадуб туманкIги бан гурого хадур лъугьинчIолъи, хадур лъугьун рагъаралани гьел боязул цохIо инсан ворчIиляроан.

Цинги гьеб рагъул ккараб жо бихьидал, ракIги къварилъун дагьаб черхги щокълъун тIокIаб гьелдаса нахъе рокъоса къватIиве вахъинарилан – ниялталдалъун рокъове унаго, дида нухда дандчIвана ГIума аскIор рукIун, гьениса нахъе руссун рачIунел, гьев ГIабдулагьица Гьаквариса наиблъун тарав Каримги, гьев ГъазимухIамадица Дагъистаналде витIун вачIарав ГIабас-пашаги.

Каримица дида щиб хабарилан гьикъун дица гьади-гьадин кколилан абидал, Каримил дидаго лъан бадиса кьерги тIуна, гьес бадибе тIагъурги цIана. ГIабас-пашаяс абуна, рагъул къваригIел цо къоялъ гьедин ккола гьелдаса хадуб лъикI гурого…

---

[139] ЦIихху – гьаб рагIул магIна лъазе кIвечIо.

Цинги гьес гьедин абидал дун рокъовги чIун, гIенеккун, щибдай рагIиладаян гIинтIамун вукIадго, гъодоберисезул Ишахикь абураб бакIалда чIун букIараб цIунтIадерилги тIиндадерилги боялда тIад радал бецIабго букIун Болъихъ хъалаялдаса рахъун рачIун гьезда рагIулебги лъачIого рачIарал гIурусазул аскаралъ цIунтIадерил нусгоялдаса цIикIкIун чи чIвана, гIемерал лъукъана. ТIиндадерилги дагьал чагIиги чIвана, гьезул наиб Сурхайги чIвана. Гьеб кIиябго рагъдасеб кIкIалахъги рагъ ккун, гьенибги гьезда тIад гIурусаз тун наиблъун вукIарав Гъумекиса МухIамад чIван гурони гIурусазе бицинегIанаб зарал ккечIо. ГIурусаздалъун [магIарулазе абуни] гIемераб зарал ккана. Гьени ккараб жоялъул баян дида ракIалда гьечIо. Гьеб мехалъ богун цадахъ ТIелекьа Жаватхан Гьигьалъ вачIун Болъихъ хъалаялде лъутун арал ИмаммухIамадилги Гъазилги жодой кодоб щвараб боцIиги тала гьабуна рокъосебниги, къватIисебниги гьезул руччаби хъизанги ккун ана. Цинги гьелда хадуб Дагъистаналда щибго рагъги ккечIо. ГIурусаз Хъарсалда кверщел гьабуниланги, гьелда хадуб Дагъистаналда [рагIана] ГIабдулагIазиз хункарги ГъазимухIамадги такъсириял лъугьун, ГIабдулагIазизие хIукуматалъ гъанкъизе хIукму гьабун, гьев жинцаго загьру гьекъон хваниланги [140]. ГъазимухIамад такъсиралдаса цIакъ захIматго ворчIаниланги хабар рагIун Дагъистан гIундул далун гIодоб ккана. КIудияб такъсир бугелги гьеб инкъилабалъухъ цIар бахъарал чагIиги гьабизе сабаб тIагIун гIакълу бихун хIасраталде ккана.

Цинги Хъарсалдаса нахъ руссун гIурусазул гIаскараз Дагъистан кодоб босизеги, гьениб ккараб ишалде балагьун такъсиралъул бетIергьабазе жодор такъсиралде рикьун чIвазе ккана. ТIоцебе ккараб жо: Чачаналда ГIалибег-хIажиги ГIумахIажиги гьелдаккун ращалъун гьеб гIисяналъул цIакъ [гIемер] чагIи ккун гъанкъана. Гьезул рикIкIен микьго, анцIго, анцIила кIигойилан рагIана дида, гьелъул мухIканлъи лъачIо. Цинги

[140] 1876 соналъул 4 июналда ГIусман империялъул султIан ГIабдулгIазиз чIвана багъабачари лъугьун, туснахъалда рехарав мехалъ.

гьениб Чачаналда гIемерал чагIи ккун Сибиралде ритIана. Гьезулги анкьнусго азаргойилан рагIана, кьучI лъачIо.

Цинги ГIума-хIажил васал Дадаги Тутухъайги, Зандакъариса Дадаги ГIабаспашаги, гьел гурелги цогидал гIисян инкъилабалъул чагIи гъанкъун, я Сибиралде ритIун гурони тунгутIи жодода якъинлъарабго, Сугъралъ руссана, гьениб рагъун хвезе къасдалда. Гьезул рикIкIен лъабнусгоиланги гьелдасаги дагьалиланги рагIана, кьучI лъачIо. Цинги гьениб рагъ ккана лъабабилеб къоялъ. Ккурал, ккун чIваразул гьениб къваригIел тIубана.

ГIума-хIажил кIиявго васги, Зандакъариса Дадаги, ТIелекьа Жаватханги кинго кквезе чIечIого гьенир рагъулъ чIвана. ГIабас-пашаги Агъларханасул вас ЖагIпархан, гьев имам МухIамадхIажи, Къарахъа ГIабдулагьи, Гъумекиса ГIабдулмажид ТIелекьа МуртазагIали, Сугъралъа ГIабдухIалимги, гьав анкьавгоги гьел гурел цогидал анкьавгоги, дида лъаларел анцIила ункъго чи ХIото майданалда гъанкъана[141].

Цинги гIурусазул хIакимзабаца Дагъистаналдаса жодода кIудияб такъсиралъул чагIилъун цIикIкIаралниги рагъулъ гьитIинабниги ругъун щун лъукъаралниги анкьазарго чи Сибиралде витIана. ГьитIинаб такъсиралъул чагIилъун рикIкIарал жидеца ритIараб бакIалда рагъулъ инзе полкалда хъвана. Шурагьире ритIун рукIин, гьеб мехалъул паша хун цIияв паша тедал, гьес мунагь исана гьабун нахъе ритIун рачIана. Сибиралде арал, гIемерисел гьенир хвана. Дагьал анкьго сон бан хадуб мураххас гьабун рокъор рачIана.

**Цо суал, гьелъие жавабги.** ГIурус пачаяс хъулухъалги кьун, гьес кIодоги гьарун чинал кьун, харж кьун халкъалда тIад наибзабилъун тун кIудияб чIухIи-пахруялда рукIарал чагIи гьаб инкъилабалъул гьесда рагъизе рахъиялъеги нахъиял гьел гурел пакъирал мискинал чагIи гьесда гIасилъизеги сабаб гIилла щиб абуни – мухIканаб жаваб. Гьел пачаяс кIодо

141 Гьаниб гъалатI ккана, гьел гъанкъана ругъеждерил ракьалда, Салануб абураб бакIалда.

гьарурал, гьесул харжалги кванан мискинал, пакъирал чагІазда данде жал пачаяс хира гьарурал, гьес гуккулел чагІи ругилан хІужаги гьабун, гьезие жидер хІал ккараб зулмуги гьабун, дагьа-дагьаб ужраялъухъ мискинал загІипал чагІиги ижараялъ ккун рукІарал чагІазе гІурус пача жидер рухІалгІан хирияв вукІана. Киниги ГъазимухІамадил рахъалъан Дагъистаналда ГІабас-пашаги вачІун, Дагъистаналъул мискинзаби пакъирзаби пачаясда гІасилъизе рахъидал, гьезие гьев тушмангІан рихарав вукІун, цинги гьел залимал чагІаца цІакъ [гьира] гьабун, гьездаса пачаясда гІасилъиялъул жал щвезе ккезе. ГъазимухІамад, вачІидал, гьес инжит, гІодорегІан гьариялдасаги хІинкъун, гьес жодое гІакъуба гІазаб кьеялдасаги хІинкъун. Гьедин гуребани Гъумекиса Агъларханасул вас ЖагІпарханас щиб мурадалъе гІоло пачаясда гІасилъун, пачаяс жиндий кьурал багІарал чинал тІетІезе гьарун, цІадай рехун рухІарал?

Гьел залимзаби гурел, мискинзабазе кидаго гІурус пача рихарав вукІана, гьесул сиясат къануналдаги гьелги разиял рукІинчІо, щайилан абуни, гьес кидаго кигІан гІакъилавги мискинчи гІагар гьавулев вукІинчІо, гьесие бечедал чагІи хириял рукІана. Гьелдалъун гьес халкъалда наибзабиги тана.

# 12. ХIайдарбегил Мансурица гIуцIараб мажмугI

*ХIадурана ШагIбан ХIапизовас*

Гьаб буго Гиничукьа Авар округалдаса ХIайдарбегил вас МухIамадмансурица [1921 с.] накълу гьабураб жо гIадамазул кIалаздасанниги эл кицаби гьарулел умумузул асараздасаниги[142].

**ТIоцебесеб баб кучIдузулги ва кучIдузда хурхарал харбазулги буго**

ГIенекке, гIадамал, хабар бицинин
Я гьал ханзабазда хIал гьабурасул.
ЧIахъаял, кIалъаге, гьунар ахIизин
Гьунар Бичас кьурав болъонил цIакил.
Паранг[143]-гIурусалъе чапарги витIун,
Хъазан[144] шагьаралде хъван кагътал ритIун,
Камилал салдатал цадахъги рачун,
ВачIинев рагIула чIваяв Ярмулоп[145],
ЛъарагI чурхъилилан, чабхъен балилан,
Рохьор гъутIби гIадал гIарадабигун,
ГъотIол хIухьдул гIадал гумпарабигун,
Зодихъ моцI бахъулел топалги росун,
Чол ирхъи жаниб гъун, хурзал квинилан,
ГьаркIасул магIарда[146] чадрал чIвалилан,

[142] Даптаралъул ахирисеб тIамачалда гIурус мацIалда хъван буго: «Материалы представлены гражд. сел. Геничутль Магомед-Мансуром, сыном Гайдарбека, на объявленный НКП ДССР конкурс (Газ. «Красный Дагестан» от 30 мая №118 (642). Удост. 2 премии в 100 рубл.».
[143] Паранг – пачалихъ (гIурус. «Франция»).
[144] Хъазан – Волга гIоралъул байбихьуда, гьелъул рагIалда бугеб Татарстаналъул тахшагьар (гIурус. «Казань»).
[145] Ярмалоп (1777-1861) – гIурусазул генерал, 1816-1827 саназда – Кавказалъул рагъул губернатор (гIурус. «Алексей Петрович Ермолов»).

ГIаймаки[147] къварилъухъ топал[148] лъелилан,
Бусурманлъиялда хвалчен лъелилан,
Дайтилазул[149] хъала цIед бухIилилан,
ЦIияб гьатIан гьабун, кашиш телилан,
Квер гьечIев Сурхай-хан[150] рехилин абун,
Доб гьидерил кьотIа[151] хъала балилан.
ЛъарагI чурхъулебдай, чабхъен балебдай –
Чучи гьечIеб алмас Парил ХIасанхан[152]!
Чол ирхъи жаниб гъун, хурзал кунелдай,
Чарамалъул хвалчен СултIан-АхIмад-хан!
ГьаркIасул магIарда чадрал чIвалелдай,
Бахъарабго хвалчен — Даргуялъул бо[153]!
ГIаймаки къварилъухъ топал лъолелдай,
Росаби рухIулел я гъол хьиндалал[154]!
Бусурманлъиялда хвалчен лъолебдай,
Дол къелгун[155] къаралал[156] чIаго рукIаго!
Дайтилазул хъала цIед бухIулебдай, –
ТIолго цIадул хIубал — хIалчIахъаял хунз!
ЦIияб гьатIан гьабун, кашиш толевдай, –

---

146 ГьаркIас – Шураб мухъалда бугеб магIарул росу, цебехун гьеб букIана чол илхъиял кваналеб мегIер. Гьеб бакIалъул цIар лъугьун буго «гьирк» (миккил гъветI) рагIудасан, гьелде тIаде супикс «-ас», ай киб жиб бугеб бихьизабулеб (жаниса, гъоркьиса, тIаса ва гь.ц.) бутIа жубан.
147 ГIаймаки – гьанже Хьаргаби мухъалъул росу.
148 ГIарадаби.
149 МагIарул нуцабазул гIаркьелалдаса лъугьараб тухум, жиб Хунзахъ бищун рагIи билълъараздаса цояб.
150 Гъумекдерил хан (1700-1741), гьавуна 1680 с., хвана 1748 с.
151 Гьидерил кьо бан буго Авар-гIоралда тIад, гьанже Шамил мухъ.
152 Хъван буго «Гьарил ХIасанхан». Парил ХIасанхан ккола Магьдилазул (Мехтули) хан (1809-1818 сс.). Парилросу (гIурус. – «Параул») жиндир тахбакIлъун гьабун батила гьесда гьеб тIокIцIар лъун.
153 ГIахъущдерил бо.
154 Унсоколо, Хьаргаби мухъазул гIемерисел ва Болъихъгун Хунзахъ мухъазул цо-цо росабазул жамагIат – бо.
155 Къелеб бо гьанже Шамил мухъалда ругел росаби, жал Ругъелда росдал шураялде гъорлъе унел.
156 Гьанже ЧIарада мухъалда ругел 20-гIан росдал бо (Гьачада, Гьочоб, Кьорош, Кьахъ, ЦIулда ва гь.ц.).

ТуманкӀуй лебалал кӀкӀуялгин[157] тӀелкьал[158],
Кьурульги кколарел гӀасалгин бакълъал[159],
ГӀадамил гьан кунел гӀахъвалгин[160] нахъбакӀ[161]!
Доб гьидерил кьотӀа хъала балебдай,
Чанги хъазахъ[162] чӀвазе хьирим[163] чухӀараб,
Чанги ччугӀа квараб, хъуртма[164] кӀудияб
БахӀрул Къулзум ралъад[165] — доб гьидерил бо!
ПиргӀавнлъун гъанкъила чӀваяв Ярмалоп.
Элъул-долъул бицун бицардилаго,
Бицарабщиналда божун рукӀаго,
Цо кагъат бачӀана гъоба ЛъаргӀиса[166],
СултӀан-АхӀмадил цӀар мугъзадаги хъван[167]:
ХӀасан-хан[168] хванилан, хабалъ лъунилан,
ГӀурус рещтӀанилан гъоб Яхсиялда[169],
Ярмалоп чӀанилан гъоб Жунгуталда[170].
Хъистаман[171] анилан доб хъалаялде.

[157] КӀкӀуяда – 40-гӀан гӀисинал росабаздасан гӀуцӀараб жамагӀат, гьанже Гъуниб мухъ.
[158] ТӀелекь – гьанже Шамил мухъалъул росу.
[159] ГӀасаб ва Бакълъухъ гьанже Шамил мухъалъул росаби.
[160] ГӀахьвахъ мухъалда ругел чанго росабазул жамагӀат (КӀудиябросу, Лологъонилъ, КъванкӀеро, Изано ва гь.ц.).
[161] Гьанжесеб Казбек мухъ ва ЧӀикӀаб росдал бо.
[162] Гьаниб гӀурусазул Кавказалда чӀараб бо (гӀурус – «казаки»).
[163] Хьирим – туманкӀул тайпа.
[164] Ралъдал рухӀчӀаголъи (гӀурус. – «кит»).
[165] БагӀараб ралъад – СагӀудиягун Априкъиялда гьоркьоб бугеб ралъад. Гьаниб кӀудияб къуват хӀисабалда рехсолеб буго.
[166] ЛъарагӀлъиялдаса.
[167] Кагътил нахъисеб рахъалда СултӀан-АхӀмадил мугьру чӀвараб кагъат бачӀун буго. Гьев Магьдилазул ГӀалисултӀанил вас вукӀаниги, хадув магӀарул нуцаби чӀван хадув, Хунзахъ тахбакӀалда кӀусана, гьезул гӀагарав чи хисабалда. 1802-1823 соназда гьев вукӀана Хунзахъ нуцаллъун.
[168] СултӀан-АхӀмадил вац, гӀурусазда данде чӀарав магьдилазул хан.
[169] Яхсиб (гӀурус. – «Аксай») – гьанже Хасавхъала мухъалда бугеб кӀудияб росу.
[170] Жунгут (гӀурус. – «Дженгутай») – гьанже Шураб мухъалда бугеб росу.
[171] КӀудияв ГӀумма-нуцалил (1761-1801) тӀоцеесей чӀужу, Бахубикал эбел ятизе йиго.

Маххул хIосал рарал ханасул кавай[172]
Кин ричIизе кIварал капурзабазда?
Киражалъ гьарурал хъахIал хъалаби
Рахъизе кин кIварал малгIунзабазда?
Огь, дур талихI къаяв Азайни[173] шамхал,
Щущазе гьабуна гьаб бусурманлъи,
Риххизе гьаруна гъарим лъарагIал.
Хъабчилъ, чухъилъ къарал гъарим лъарагIал,
ГIурусал рихьидал, рохьазде ана.
Рагъулъ хIалго лъачIеб Даргуялъул бо,
Ярмалоп вихьидал, хIатIиде ана,
ГIодор накаби чIван, суждаги гьабун,
Къуръан нахъе рехун, хъанч цебе босун,
Бусурманаб дин тун, дин капураб ккун,
Мун нижер ханилан, харж дуй кьелилан,
Дуй хIал гьабуралъур хIалай чIелилан.
Дараял ретIарал лъаргIи мусудул
Дин къуразул къвалакь къварид рагIула.
КъватI-къоного цIурал гIисинал лъимал,
Теркалъухъе[174] рачун, ричулел руго.
Я гьал ханзабазул хайир бегьичIо,
Цинги нуцабазул ияхI бегьичIо.
БацIикьа тIурулел цIцIани гIадинан,
ТIурун инел руго я гьал ханзаби.
ЦIудукьа кьерулел мокъокъал гIадин,
Кьер-кьедулел руго цинги нуцаби.
Вахъинарищ тIаде, лачен ГIуммахан[175],
ГIурусал кIурулеб кIалденги[176] босун,
Шагьраби хъурулел хьирмал гъежтIа лъун.

---

[172] Кавaби.
[173] Таргъуялда магIарулазул цIар.
[174] Терк – Хьунал Кавказалда чвахулеб кIудияб гIор, жиндир бетIер Гуржиялъ бугеб ва Каспи ралъдалъ жубалеб.
[175] КIудияв ГIумма-нуцал (1761-1801) – машгьурав магIарул нуцал, тIолабго Бакъбаккул Кавказ жиндир кверщаликь ккурав.
[176] Хвалчадул тайпа.

Дол къел-къаралазде хабарги битIун,
Сверухъ ГIандаллъуде[177] чапарги витIун.
Магьдикь дарай барал чуялги рекIун,
ТIад тарихал хъварал топалги росун,
Гъорлъе журахъдулел байрахъулалгун,
ГIарахъ[178] магIарда чIун хвалчен хьвагIизе,
Къварилъул кIалтIу ккун, гIурус гъуризе.
Аман Аллагь анищ гъов ГIалисканди[179],
Ярмалопил бетIер тIаса босизе.
Цинги аман анищ жан Баттал Халид[180],
Ярмалопил чадир хвалчад къотIизе.
Ярмалопил чадир хвалчадги къотIун,
ЦIоралъул нуцIида хвалчад цIар хъвазе.
Бусурманлъул хIалалъ капурлъи къечIин,
Цо къолеб къогIаги тIамеги, Аллагь!
Ханзабазул хвалчад Ярмалоп чIвачIин,
Хвалчен дуца хьвагIе, ТIадегIанасев!



[177] ГIандалал – гьанжесеб Гъуниб мухъалъул росабазул бо.
[178] Хунзахъ мухъалда бугеб кIудияб мегIер-гIалах, жиб гIи-боцIуца кваналеб.
[179] КIудияв ГIумма-нуцалил (1761-1801) вазир, гIакълучи. Хвана 1814 соналда. Гьев ккола кIиабилев имам ХIамзатил эмен.
[180] Гьев чи кIиабилев Сурхай-ханил (1744-1827) вас Халид, жив гIурусалгун рагъулаго машьугарлъарав ватилин ккола.

## [ЧӀарихъа ШагӀбан[181]]

ГӀенекке, гӀадамал, хабар бицинин
ГӀурус парччахӀасда хӀал гьабуразул.
ЧӀахъаял, кӀалъаге, цо кечӀ ахӀизин
Анкьго капурав хан жанир чӀваразул,
Лъабнусго меседу къорол таразул.
Метер къурбан хъвезе къотӀи букӀагун,
Къаси квен гьабичӀо гъолодисеца.
Къаде какил гӀужалъ кагътал цӀалана,
МалгӀун рещтӀанила Алазаналъухъ,
Элалъул боялде[182] топил кӀал сверун.
МалгӀунасул кагътал цӀалулел руго:
Закалталанубе[183] хъала лъелилан,
Алазан[184] рагӀалда къайи чӀвалилан,
КъарахӀажил[185] гьундухъ живго чӀелилан.
Дол гуржазул махӀлъахъ[186] топал лъелилан,
Эхебе чалабахъ чадрал чӀвалилан.

---

[181] КечӀалъул цӀар хъван гьечӀо, амма дица гьелъул магӀна кьочӀое босун, гьелда тана гьаб цӀар.

[182] Элалъул бойилан абулаан Гъолода боялда, ай ЦӀоралда гӀуцӀараб магӀарул хӀукуматалда.

[183] Закатала – цебе букӀана ЧӀар шагьаралъул тӀасияб рахъ, жиб къварилъиялда жаниб бан букӀараб щулияб авал. 1830 соналда гӀурусаз ЧӀаралъул гъоркьияб рахъалда бараб хъалаялдаги тана цӀар Закатала абун («Новые Закаталы»). Нахъа гьеб цӀар рекӀана гьеб хъала сверухъ лъугьараб шагьаралда. Жибго бакӀалъул цӀар буго Заки абурав магӀарулас бацӀцӀад гьабураб рохьил талаялдаса ккараб. Гьединлъидал гьанибги гьелда Закалтала абулеб буго.

[184] ЦӀоралда чвахулеб гӀор, жиб Кор гӀурулъе жубалеб. Алазан хьваназул сверелалда хӀоралда абула. ГӀоралъул цӀар гьеб магӀарул жамагӀаталъул рагӀудаса лъугьараб бугин ккола.

[185] КъарахӀажил гьен – Хъизихъ (Гуржистан) улкаялъул ДедоплисцӀкъаро мухъалда Алазан гӀурул кваранаб рагӀалда букӀараб хъала. Гьеб ккола гуржияз ЧӀарахъа магӀарулазул аскарал Кахеталде рорчӀичӀого рукӀине бараб щулалъи. Алазан гӀорги бахун мугӀрузда гьоркьоб бугеб кӀкӀалахъ бан бугелъул, гьеб масъала чанги гьелъ тӀубазабулаан.

[186] МахӀла – ЦӀоралъул магӀарулазул сверелалда – «азбар».

Гуллаби тIе абе дол Жагъаназда[187],
Хвалчай лъухье абе Билаканлъида[188].
Хехал кагътал ана доб Ункъракьалде[189],
ГIуру-байданалде[190] руккел гъейилан.
ВитIун чапар ана Кьенсер-Къарахъе[191]:
«Нижеда тIад ругел кIудал аскарал!
Нижер хъизаназда нуж гурхIуларищ?
Нужейги нахъарукъ — ниж гъолодисел[192],
Метерисеб къоялъ къваригIел ккани.
Къаси сардал рорчIун рачIа!» — ян абун.
Гьанже данде вагъун дир хIал кIоларо,
ХIалид витIун нахъе довги инаро.
Гьаб камилаб рекъел гъалатI гьабуни,
Дунялахъ цIар арал ЧIарлъул мусудул
Хъазахъ-гIурусалъе рикьизе ккела,
ГIелмуялтIа тарал гIисинал лъимал,
Байданалде рачун, чол бой риччала.
ТIарамагъадисеб рагIи абидал,
Азарго гъазияв ЧIарахъ[193] гьедана,
Лъабнусго гъазияс лъадул цIар тIамун,
ТIад руссун ЧIарахъе рилълъинарилан.
Чанги игит вуго гъуждул гурулев,
Хвалчай гъуризегIан гъерелин абун.

---

[187] Жагъан – Билкан районалъул КIатIихъ росдал авал букIине ккола.
[188] Билаканлъи – Билканалъул магIарулал.
[189] БитIун букIине ккола Анкьракь, щайгурелъул ЦIоралъул мугъ гIадаб гьеб букIиндал, Ункъракь абуни гьелдаса рикIкIад буго ва гьениса чанго къо бала кумек щвелалде. Анкьракь – гьанжесеб ЛъаратIа районалде гъорлъе унеб чанго росу цолъун гIуцIараб жамагIаталда магIарулаз абулеб цIар.
[190] ЛъаратIа росулъа ЧIурмутI гIор ккун тIадехун бугеб майдан. Гьенир тIоритIулаан Анкьракь бодул руккалаби.
[191] Кьенсерухъ ва Къарахъ – гьанжесеб ЧIарада мухъалъул магIарул боял.
[192] Гъолодисел – ЦIоралъул магIарулал. Гьезул тахшагьар Гъолода букIиндал гьезда гIемерисез гъолодисел абулаан.
[193] ЧIар шагьаралда, гьанже Закатала шагьар ва гьелдаса тIадегIан бугеб ЧIар росу.

Чанги гъалбацI вуго михъал къурулев,
Чармил хвалчабазул хIал бихьилилан.
Мугъзалъ рачI кIетIолел такъиябигун[194],
ТупанкIуй щулиял пиктарал[195] ретIун,
Мисри-парангиял[196] бакьулъги рорчун,
Чергесазул кьалал чуяздаги лъун,
Цо чол бони араб доб Элалдасан.
Гъаб дунял къалъарал къолдаби[197] ретIун,
Къаси сардал канал[198] ярагъалги ран,
КIиябго рукьалда рукьамаххалгин[199],
Рукъун меседилал мисраби рорчун,
Мисри-парангиял бакьулъги рухьун,
Агъалда кIетIолел байтулмалалгун[200],
Зодихъ мацI бахъулел дугъалги[201] росун,
Цо къокъани араб доб Элалдасан.
Арав цевехъанги ЧIарахъа ШагIбан[202],
Къолдаби ретIарав къого вацгIалгун.
Алазан рагIалде жал щвараб мехалъ,
МалгIунасде гIагар гIунтIараб мехалъ,
ШагIбанид ахIана лъалхъейин абун:
«Лъалхъе, гIолохъаби, вагIза гьабизин,
Закалталанубе хъала лъунани,
ТIолго бусурманлъи тIагIунго тела.

[194] Такъия – бетIер цIунизе лъолеб букIараб рагъулаб алат – маххул тIагъур (гIурус. – «шлем»).
[195] Пиктар – черхалда тIад балеб букIараб рагъул алат, маххул кескал ратIлида тIад рукъун гьабулеб букIараб.
[196] Мисралда ва Парангалда гьарулел рукIарал хвалчабазул тайпаби.
[197] Къолден – черх цIунизе маххул кескал тIад рукъараб ретIел.
[198] Сордо канлъизабулел, ай хъахIлъизабулел яргъил алатал.
[199] Рукьамахх – рукьазда тIад, гьел цIунизейилан ралел рукIарал маххул алатал.
[200] ТуманкIул хер жанире ралел алатал.
[201] Дугъ – байрахъ. Жибго байрахъ ккола кIиго мацI бугеб, дугъин абуни ункъбокIонаб ххамил гьабураб.
[202] ЧIарахъа ШагIбан – XVIII гIасруялда машгьурав ЦIоралъул магIарулазул бодул цевехъан.

КъарахIажил гьундухъ малгIун чIанани,
Къуръан-хIадисалъул хIукмуго хвела.
Гьабе, гIолохъаби, бацIцIадаб тавбу!
Жакъа хваралазе — хвелги шагьидаб,
Нахъе хутIарасе — цIарги кIудияб!
КIиго чIужуялъул анлъго цIар тIамун,
Гьеданила ШагIбан кIудаб гьаялда:
ТIадвуссун ЧIарахъе вачIинарилан.
КIудияб гьаялда ШагIбан гьедидал,
Жудеда тIад рарал гIарцул ярагъал
ТIутIун гIодор рана гьел гIолохъабаз.
Жидер хъатикь ккурал роцхъахIал хъирмал,
КIалал хъатикьги ккун, хъундагъ гъурана.
Лъел гIодобе рехун, хвалчаби рахъун,
Арал гъорлъе журан дол гъолодисел!
Цо гъуйи бахъана гъазизабазул,
Дол хъахIилал зобал гъугъалел гIадаб.
МагIарде тIупулеб накIкIги жо гуро,
Балай кIкIуйдул бача ТIад Ширакалда[203]!
НакIкIулъан чапулеб цIадги гьереси,
Арал бидул гIорал Алазаналде.
Агъалдисеб чакма бидул цIезегIан,
Чодасан рагъана дол гъолодисел.
Черхалдисеб ярагъ цIед биинегIан,
Гьединги рагъарал ЧIарлъул бахIарзал.
Шакигимо Ширван[204] хвезеги гьабун,
Туплисалде[205] щвейгIан хвалченги хьвагIун,
Гьеб Хъизихълъул[206] улка цIа тIамун бухIун,
Азарго гъазияв ЧIарахъаги чIван,

[203] Ширак – Къарби-гIоргун (гIурус. – Иори) Алазаналдаги гьоркьоб бугеб авлахъ.
[204] Шеки, Ширван – гьанжесеб Азарбижаналъул ракьазул цIарал.
[205] Туплис – Хъизихъ (Гуржистан) улкаялъул тахшагьар.
[206] Хъизихъ (Гуржистаналъул ДедоплисцIкъаро ва Сагънагъ районазул) вилаяталъул гIадамазда магIарулаз абулаан хъазахъал. Хадуб магIарулаз гьеб цIар киналго гуржиязда бухьинабун буго.

Нахъе руссанила гьел гІолохъаби.
МагІу рагІизабун хІал кІеларилан,
Щоб-щобалде рахун, салхІал гьаруна.
КьегІер-гІи данд байдал, гъуйги жо гуро,
Балай магІил гъуйи доба Гъолода!
Явмул[207] шапигІунал мубаризунал,
Явмул къиямалъе я шапигІуллагь!
Щваги шапагІалъи гъазизабазул!

**[ХъахІабросулъа ХъабагІали[208]]**

Вахъайилан абе ХъабагІалида[209],
ХъахІабросугин бекь[210] цадахъги гьарун.
КъватІив лъугьа абе ГІусманиласда[211],
ГІарцуца къачІарал хьиндалал рачун,
ЦІоралъул хІал лъалел ансалги[212] рачун.
Дур божарав гьобол ХІалаж ГІабдуллагь[213],
ХІал бергьун, гІурусаз чІван тун рагІула.
Нужер чуял гъолел ГІабдулал куругъ[214].
ГІурусазул цІеца бухІулеб буго.
Жанив хан рещтІунеб билил тавухан[215]
Вазирасул топид биххун рагІула.

---

[207] Явму (гІараб. – къо).
[208] КечІалъул цІар хъван гьечо, амма дица гьелъул магІна кьочІое босун, гьелда тана гьаб цІар.
[209] ХъабагІали – ХъахІабросулъа машгьурав бол цевехъан.
[210] ХъахІабросу, Бекь – Унсоколо мухъалъул росаби.
[211] ГІусманилав – Унсоколоса машгьурав бол цевехъан ГІусманил МухІамад.
[212] Ансал – гьанир унсоколосел.
[213] ХІалаж ГІабдула – Билкан жамагІаталъул XVIII гІасруялъул ахиралда рагъулав цевехъан ва ХІалажал абураб, рагІи билълъараб тухумалъул бетІер.
[214] ЦІоралъул сверелалда «къуругъ» ккола минаялда сверухъ бугеб гІуру чІвараб азбар.
[215] Тавухан – минаялъуб бищун чІухІун къачІараб, гьалбал рещтІунеб рукъ.

Горда керен цучІел берцинал ясал
Дин гьечІел гІурусаз басра гьаруна.
Мунагьалъе гІечІел гІисинал лъимал,
Байданалде рачун, чол бой риччана.
Вахъайилан абе ГІалискандида,
Галамал[216] риххулеб базаралъул хер,
Сангарал[217] тІутІулеб румаб гІарада.
Хвалчаби чарамул гьоцІалги[218] рачун,
Маххулъан бер баккун, хунз цадахъ гьарун.
Гьал церехъабазул пайдаги ккечІо,
Цинги нуцабазул хайир бегьичІо.
Вахъайилан абе ТІалтІа[219] ГІуммахан.
Жиндий гІакълу кьолев ГІалискандигун,
ГІакълу камиллъарав Беццав Чупангун[220],
Дайиитилал рачун, Угъузилалгун[221],
Регьун таманчаби рачлихъги рахъун,
БацІил лъулдул ругел хъирмалги росун,
Хъузхъузда ругьунал истанпулалгун[222],
Маххда рукъардулел, къан ккун чІоларел,
КІанцІун чан толарел чуялги рекІун,
Вахъумо ГІуммахан ГІурахъе[223] щведал,
Бугъи цІакъаб тана тушманзабаца[224].
ГІурахъ чадиразул хъахІлъи бихьидал,
Хъалаби ссокІкІарал Гуржистаналъул[225].

---

[216] Хъаладул къедал.
[217] Тушманасда данде рагъизе хІадурарал ганчІаца гьарурал гохІал.
[218] ГьоцІалъел.
[219] Хунзахъ шагьаралъул авал.
[220] ГІумма-ханил эмен МухІамад-нуцалил вукІарав гІакълучи.
[221] Ханлъи жидехъе щвечІел магІарул нуцабазул гІагарлъудаса лъугьарал тухумал.
[222] ТуманкІул тайпа.
[223] ГІурахъ – КІудияб Кавказалъул бал; ЛъаратІа, ЧІарада мухъазул гІадамаз гьеб балалда ГІурахъ абула.
[224] Бугъи – къаси сордо тІами. Гьаниб абизе бокьун буго тушбабазул макьу тІагІанин, ГІуммаханас ГІурахъ герун ЦІоралде щведал, гьесдаса хІинкъиялъ.

Жани гьинде рачун, кIалден хьвагIидал,
КIалабурил[226] каву кIал-кIала чIварав.
КъватIив ТIалтIе вахъун, туманкI речIчIидал,
Тулписалда ханги жанив вахчарав.
Чанги хан вахъарав гIатIиракьалда,
Пулаво кваналев, чалтук[227] бекьулев, –
Цо хан вахъун вуго хундерил ТIалтIа,
Харица галамал зодихъе ралев,
Маххул свераниги, галам толарев,
Гачил гьаруниги, сиял толарев.
Гьесда хадур ругел гьел гIолохъаби,
ЦIадай кIанцIизеги нахъе къаларел.



МагIарулал рагъулаб сапаралда

[225] ГIуммаханасдаса цIунизейилан Гуржистаналда сокIкIана цIиял хъалаби.
[226] РоцIинабизе кIвечIо.
[227] Чалтук – бацIцIинчIеб пиринчI, лал тIамичIеб, хъал бахъичIеб.



## Меселасул хIакъалъулъ кечI

Дуниял бигъаги Гаваз[228]-ханасе,
Анцухъ[229] рачIайилан кагътал рачIарав.
Чиго хутIугеги Кахет[230] боялда,
Меселав вачеян чапар гIунтIарав.

[228] Гавази – Гуржистаналъул Къурели (Къварели) мухъалъул кIудияб гуржиязул Гавази (магIарул мацIалъ – Гуваз) росу.
[229] Анцухъ – ЛъаратIа районалъул бакътIерхьуда бугеб улка-ракьалъул цIар.
[230] Кахет – Гуржистаналъул бакъбаккул рахъ.

Меседил магIу тIун, гIодилей дун тун,
Меселас герана гургинал мугIрул.
ГIарцул хIухьел биччан, угьдилей дун тун,
Тирун ана лачен ТIинди кIкIалахъе.
Меселав ЦIоров щун щуго къо байдал,
Хабар бачIанила бухIаб ЦIороса,
Вай, Меселав наиб хванилан абун.
Холаро, холаро нижер Меселав,
Эхев ЛъаргIив ана боял рачине.
Хвезе чара гьечIо кьолбол бидулав,
Гьидерил чукъбигун Хурда[231] ватила.
Эхев ЛъаргIив индал, боял рачине,
Дур цIахIил гIаларча магъилъ свердулищ?
Гьидерил чукъбигун Хурда вугелъул,
ТIулалъул яцаца чухъа ретIунищ?
РачIунел рагIула эхе лъарагIал,
Гавази къварилъухъ къайи чIвалилан,
Къурели Сабуда[232] сухIмат лъелилан.
Гавази къварилъухъ къайи чIвалебдай,
Къол бакулеб чирахъ – нижер Меселав?
Къурели Сабуда сухIмат лъолебдай,
Сапар бухьун арав мун вуссинчIелъул?
Сурхайил рокъобе меседил къолден,
ГIукIдулккун щущараб ТIад Ширакалда.
Инсул кавудахъе нуралъул хIуби,
Байган[233] беганадай жаниб ЦIоралда?
Азарго чи гIолев чи вукIунаро,
Чи гIун мун хведалго херлъарав эмен.
ЧагIи холебги лъилгоги гIадат,
Огь, мун хваралдаса херлъарай эбел.
Яцаца лъутIараб хатайдул[234] гужгат –

---

[231] Хурда – гьидерил эркенаб жамагIаталъул бо бакIарулеб букIараб бакIалъул цIар.
[232] Гуржистаналъул Къурели мухъалъул кIудиял росаби.
[233] Байган – унго.

Бихьуларищ, яцал, гьудулалъ ретIун?
Гьудулалъ букъараб чIегIераб чухъа –
Балагье, кьерилал, тIулилалъ ретIун.




Ражбадинил ахирисеб чабхъен

[234] Хатай – Китаялдаса бачIунеб букIараб хирияб ххам.

## Ражбадинил кечI

Алазан рагIалде жал щваралдаса
Щунусго капурчи кверде вачIарав.
Коралъул[235] мухъалде вахъаралдаса
Нусго кашишасул бетIер къотIарав.
Свакаралго чагIи, кIвекIарал чагIи,
Цо гъвелил ракьанда рещтIун рукIаго,
Рег-регулел руго гьел гIолохъаби,
Чухъ-чухъулел руго къайицадахъал.
Макьилъ бихьанила цевехъанасда
Болъонил гьанада гьаби кваналел.
Цинги бихьанила гIолохъабазда
Бидул хIоринисан лъедон рахунел.
Макьилъ квешаб бихьун, тIуркIун рорчIидал,
Сверун ккун ратана хIамул гуржияз.
– Нижее нух биччай, хIамул гуржиял,
Ниж эбел-инсуе цо-цойин ругел,
Гьиналъул лъудбузе кIи-кIи гьечIелин.
– Нуж эбел-инсуе цо-цо ратани,
Чодул кьолонир лъун, бутIрул ритIила.
Гьиналъул лъудбузе кIи-кIи гьечIелъул,
Хвалчаца къотIила, гIемер гьарила.
– Аллагьасе гIоло, дир гьитIинав вац,
РекIе гьаб дир чуги, а мун Гъолоде.
Гьикъарийин абе, саламин абе,
Сверун хъузхъуца ккун танилан абе.
Вацасул чу рекIун, щвана Гъолоде.
– Ассалам гIайкум, ва гъолодисел!
– ВагIалайкум салам, цо магIарулав!
…Гьикъари гьабуна, салам гьабуна,
Сверун хъузхъуца ккун танин абуна.
…Рухъдабе[236] рехулеб румаб гIарада,

[235] Кор – кIудияб гIор, жиб Туркиялъ байбихьун, Гуржистанги къотIун, Азербижан бакьулъа чвахун Каспи ральдалъе жубалеб.

ГІарада рехана, бо бакІарана.
КІалцІуца цулъарал бидаял чуял,
Миндарулъ хъат кьабгІун, кьололел руго.
Кьвагьун алхунарел роцхъахІал хъирмал,
Гьа бан, гьедун цІуна гІолохъабаца.
Лъабго къол нух бугеб ТІад Ширакалде,
Бакъаникак базе тІаде гІунтІана.
ГьерекІли ханасул чадир бихьидал,
Чуял сверун гъуна гъолодисеца.
Чадиралда сверун хъузхъул рихьидал,
Чадалъе росани гьел гІолохъаби.
ГьерекІли ханасул хъахІилаб чадир
Чол малакь мерхьарав КІатІихъа ЦІетІав[237].
Ханасул васасул меседил байрахъ
Басра гьабун тарав КІутІил МухІама.
Гьеб гьересийилан лъачІес абуни,
Лъабго чи ворчІичІищ ГьерекІли хангун?
Гьереси батилан бихьчІес абуни,
Бидул гІор биччачІищ Алазаналде.
Лъелехь бан бахчичІищ Кор гъун гІодобе,
Гьагьица рикьичІищ КІалбанил[238] хьитал?

### [Рекъав Ражбадин]

Индиралда рищун чуялги рачун,
Чергесазда рищун тІад кьалалги лъун,
Кьвагьун рихьун хъирмал хъатикьеги ккун,
Кьабун рихьун хвалчай рачлихъги рорчун,
Вахъана Ражбадин Нахъа ЦІоралде.
Алазан рагІалда какиги чурун,
Коралъул рахъалда суннаталги ран,

---

[236] Рахъуялде сверизабулеб.
[237] КІатІихъ – ЦІоралда, Билкан мухъалда бугеб магІарул росу. ЦІетІав щивали лъазавизе кІвечІо.
[238] РоцІинабизе кІвечІо.

Гьари гьабунила Ражбадиница,
Аварагзабазул заманаялда
Зирарие гIадаб талихI кьегиян.
Амин гьабунила гIолохъабаца,
Гарбал гIебал хъузхъул хвалчад цIвакилан
Гьениса рилълъана Нахъа ЦIоралде,
Нахъа ЦIорой кIанцIун, давла гьабуна,
Цебе ЦIорой кIанцIун, ясир гьаруна.
Сида жаний йигей гуржи меседу
Чода нахъа чIвана Ражбадиница.
Гьелда аскIор ругел къайгил[239] мусудул
Къвалица росана сидуса[240] гIодой.
ЛълъаратIа натI бугел хъизихъил оцал,
ЦIалаца гьаруна, цере къотIана.
ХIалалаб давлагун, квер цIураб жогун,
Гьединаб хIалалда жал рачIинаго,
Борхатаб щоб бихьун чIей ккун батана,
Гъварида кIкIалахъе гъоркьчIел батана.
Цо бегIераб гохIде тIадеги рахун,
Хунжруца гIури ссун, сунгрулги гьарун,
Гьединаб хIалалда жал рагъилагун,
Хъвехъизе рачарал Хъизхъалъул боцIи, –
Сангаразде тIаде гьелги хъвехъана.
Рихьдае рачарал берцинал ясал, –
Сангар гIечIелъуре къотI-къотIун лъуна
Гьединаб хIалалда жал рагъилагун,
РачIине рихьула чIахIиял боял.
– Къвагье, гIолохъаби, роцхъахIал хъирмал,
Жакъа чучарасул чилъи холебин!
Кьабе, гIолохъаби, чармил хвалчаби,
Чучун вагъарасул лъадул цIар кколин!
Радал къалъизегIан туманкIул гъугъай,

239 Къайгим – цо улкадул нухмалъулев. Къайгил мусудул – къайгимил, ай чIухIарал, ханзабазул ясал.
240 Сиялдаса.

ТуманкIул цIадуца михъалги чIурхIун.
Къалъудаса хадуб хвалчадул чапи[241],
Бохалдесеб чакма бидул цIезегIан.
Кьвагьу-кьвагьулелъул речIчIи бихьидал
КьабгIу-кьабгIулелъул къотIи бихьидал,
АхIдезе рекIана мацI лъалев кашиш,
Гьаб рекъараб къокъа кисайин абун,
Къокъадул цевехъан щивилан абун.
– Гьаб рекъараб къокъа – белехьгин ансал[242],
Къокъадул цевехъан Рекъав Ражбадин!
– Белехьилан ккечIо, хунзилан ккана,
Хъирмидул гъугъайги хундерил буго.
Хвалчадул чапиги хундерил буго.
ВачIа, ле Ражбадин, рекъел гьабизе,
ГIарац бокьанани, хулжаца кьела,
Хазина бокьани, гIурцIмад буххила,
Ясал рокьанани, кьела мусудул,
Бакьулъаги къарал, къан букIдул рарал.
Васал рокьанани, кьела чергесал,
Чакмабазда жанир угъдул гургинал.
– Нужед нижей кьолеб гIарацгин месед, –
Бичас нижей кьела Пирдавус алжан.
Нужед нижей кьолел берцинал ясал, –
Бичас нижей кьела хIурулгIинзаби.
Нужед нижей кьолел чергесал васал, –
ХIалай нижей щвела малаикзаби!
…Гьеб кIиябго рагIи кIалалъги абун,
Мокъокъазде гъорлъе къвекIаб цIум гIадин,
Гъорлъе жуван арав Рекъав Ражбадин.
ЦIудудаго хадур тIанчIи гIадинан,
Хадур пархун арал гьел гIолохъаби.
КъвекIаб цIум речIчIидал, мокъокъал гIадин,

[241] Чапи – бакъдал рахъалда ругел магIарулазул сверелалда «кьаби» магIнаялда хIалтIизабула гьеб рагIи.
[242] Балахьуни, Унсоколо росдал чагIи.

Риххизе квер бана гьеб капурлъиялъ.
Инжил нахъе рехун, хъанч цебе рехун,
Гьедана имангьечI кIудаб гьаялда,
Гьаб нухалда дуе зарар гьечIилан,
Божана Ражбадин имангьечIида,
КIовокIун Ражбадин цеве лъугьиндал,
Кьер хисулеб буго имангьечIасул.
– Бихье, ле Ражбадин, чарамул хвалчен,
Чанги кашишасул бетIер къотIанин.
ХантIан бахъун хвалчен цебе рехидал,
Кьер хисулеб буго имангьечIасул.
Мугъалде биччараб чаранги гьечIо,
Черхалъго цIа гъола Ражбадинасул!
Черхалда бакараб багIар цIа гьечIо,
ГIадалъан кIкIуй буго багьадурасул!
Гьеди-гьединалги тIагIиндал гурищ,
ТIалтIа хъала бараб Жибжикупица[243],
ТIагIаяб капурлъи тIаде бахъараб!

## [Мунуса ГIумар[244]]

ГIенекке, гIадамал, хабар бицизин,
Халкъалда рагIарав багьадурасул.
ЧIахъаял, кIалъаге, гьунар ахIизин,
Гьунар Бичас кьурав цо мунусесул[245].
Эбелалъ гьабураб квенги кваначIо,
КъвачIиниса бахъун кагIак[246] гурони,
Лъадуца тIамурав боснив вегичIо,
ЧIахIил бусен гьабун, гъотIокь гурони.

[243] Гьеб батизе буго Хунзахъ хъала барав гIурус апицерасул памилия.
[244] КечIалъул цIар хъван гьечо, амма дица гьелъул магIна кьочIое босун, гьелда тана гьаб цIар. Моноса ГIумар XVIII гIасруялъул ахиралда вукIарав цевехъан кколев вуго.
[245] Муни – гьанжесеб Болъихъ мухъалъул росу.
[246] КагIак – (гIараб мацIалда гIурус «сухарь»-чадида абула «кагIак»-илан) сапаразда унелъул бежулеб букIараб чадил тайпа.

РоцӀанщинал къоял ЦӀоралда тӀамун,
ЦӀар ана, ле гъалбацӀ, дур дунялалда.
ЦӀад банщинал сардал гъвелил ракьанда,
Магъи хъахӀаб хъирим хъатикьеги ккун.
– Мискиналщиналги бечелъун ругин,
Бахъедила дуца гӀарцудул ярагъ.
Бечедалщиназе боцӀи гӀун бугин,
Вусса, ле, рукъалде, къвал гӀебаб гъалбацӀ.
– Мискиналщиналги бечелъаниги,
Бахъиларо дица хӀан гӀарцул ярагъ.
Бечедалщиназе боцӀи гӀуниги,
РакӀго сасунаро вижараб росулъ.
Жиндаго рекъараб къокъаги бачун,
КъачӀанила лачен Жаниб ЦӀоралде.
Ахалсихъе[247] кӀанцӀун, ясалги рачун,
ХӀал гӀураб давлагун, квер гъураб жогун,
Гьединаб хӀалалда жал рачӀинагун,
Борхатаб балагьун гохӀ ккун батана,
Гъваридаб кӀкӀалахъе гъоркьчӀел батана.
Гьединаб къоялда къваридго рукӀун,
ВитӀун чи анила дове КӀкӀаратӀе, –
Хехлъи гьабе абе Къурбаниласда[248],
Къварилъи ккун бугин гӀолохъабазе.
Хъван кагътал ритӀана цӀунтӀадерихъе, –
Хехлъи гьабе абе цӀунтӀадерида,
Гъов Мунуса ГӀумар жанив сверанин.
КӀкӀаратӀаса чапар нахъе щвелелде,
Чу-ярагъ бахъана гӀолохъабахъа.
ЦӀунтӀа кӀкӀалахъ арал кагътал щвелелде,
БетӀер къотӀанила цо моносесул.
Ракьда гьорогьайги[249] ГьерекӀлил сиял,

[247] Ахалсихъ (гурж. *Ахалцихе*) – гуржиязул бакътӀерхьуда бугеб шагьар.
[248] КӀкӀаратӀаса Къурбан – XVIII гӀ. ахиралда XIX гӀасруялъул авалалда цӀар арав чабхъадулав ва жамагӀаталъул бетӀер.
[249] Гьорой риччайги.

Мунуса ГIумарил бетIер тIад барал!
Зодихъе рахъайги хъахIал хъалаби,
ХъахIаб итаркIодул малърал хIуларал.
ЦIорго-ЦIор абула – жиб цIорон таяб,
Чанги цIудул милъир жаниб хIулараб.
Гъвелго-гъвел абула – жиб гъугъан аяб,
Чанги гъалбацIалъул гожо бортараб
Къоролай абизе дур лъади гьечIо,
Къороллъаги, ГIумар, бакъ гIарцул ярагъ!
Бесдалал абизе дур лъимал гьечIо,
Бесдаллъаги, лачен, цIахIил гIаларча!

## [Зардухил ГIали[250]]

ВитIун чи вачIана къибудисеца[251],
Дов Зардухил ГIали ХIурахъ[252] щвайилан.
– Унге, эбел хваяв Зардухил ГIали,
РекIкI батизе гурин къибудисезул.
– АхIун чи вачIиндал дун инчIонани,
ХIинкъунин ккеларищ къибудисезда?
…Гьениса вилълъана Зардухил ГIали.
– Ассалам гIалайкум, ва къватIул гъумек,
– ВагIалайкум салам, Зардухил ГIали!
Щибдила, ле ГIали, пахруяб хIухьел,
Бода цеве вилълъун, чи чIварав гIадин?
– Бода цере рилълъун, чи чIварал чагIи
Чан ругел, ле шамхал[253], дур улкаялда?
Бода цере рилълъун чи чIваразул чи
Гъале дунго цеве, ваче дургоги.

[250] КечIалъул цIар хъван гьечIо, амма дица гьелъул магIна кьочIое босун, гьелда тана гьаб цIар. Зардухил ГIали XVII гIасруялда вукIарав цевехъан кколев вуго. Гьев вукIун ватила РисгIоралдаса яги ГIандаллъиялдаса.
[251] Къибуди – Гъемекиб шагьаралъул некIсияб авал.
[252] Гъумекиб шагьаралъул бакьулъ бугеб авал, жиб хIоралда сверухъ бараб букIиналъ батила ХIурахъ абураб цIар щвараб.
[253] Шамхал – Гъумеки ханазул гIаммаб цIар.

…Тедила, ле ГIали, вижараб росу,
Чанги хIинкъичIогун сверданин къватIахъ.
Гьениса вилълъана Зардухил ГIали.
– Ассалам гIалайкум, гьаурай эбел!
– ВагIалайкум салам, Зардухил ГIали!
Хабар щибин абун, гьей цIехолдидал:
– Росу теян руго гьал къватIул гъумек.
Рокьи ккун ячарай берцинай лъади,
ЦIар тIамун йитIилищ инсул рокъое?
Гьиндалъе гьарурал гIисинал лъимал,
Хъвехъун сонгрое ран, вагъизе лълъвинищ?
– Абуге, хар, дир вас, гьединаб рагIи,
Кьурдаги рекIунин гьаб росдал газа.
…Цо лъагIел инзегIанжо мун къватIив айин,
Гьениса вилълъана доб Нухаялде[254].
Жив Нухаялде щун щуго моцI бачIо,
Хабар цIехезелан къватIив вахъиндал,
КъотIнор чIун ватана анлъго базарган,
Жалго магIарулал, мацI гъумекдерил[255].
Анлъавгоги чIвана, давла гьабуна,
Гьезухъ батараб жо бега-битIулев,
ГIали гIодов чIарав доб Нухаялда.
Кагъат босун щварав шамхаласул вас:
«ВачIайила, ГIали, дове рокьове,
Нижейги вокьулин лъикIав бахIарчи».
ВачIинилан абе Зардухил ГIали,
Къибуда йищарай щуго меседу,
Щобал регун нахъе данде ритIани,
Бищунго берцинай шамхаласул яс,
Лагълъул магьари лъун, жиндие кьуни.
Зурма-къали босун, мусудул рачун,

[254] Нуха – гьанжесеб Азарбижаналда бугеб Шеки шагьаралъул некIсияб цIар.

[255] Гьаб хIужаца бихьизабулеб буго цере тумалги магIарулаллъун рихьизарулел рукIин.

ЛилимегIералде[256] данде рачIани...
Кагъат босун щварав шамхаласул вас,
Кваранаб квер къотIун, рокъой витIана.
Къибуда йищарай щуго меседу,
Щобал регун нахъе данде ритIана,
Бищунго берцинай шамхаласул яс,
Лагълъул магъари лъун, гъей жиндий кьуна.
Зурма – къали босун, мусудул рачун,
ЛилимегIералде дандеги рачIун,
Гъединаб хIалалда рокъой вачана.
РагIанищ, гIадамал, гъадинаб хабар,
Вачахъун витIарав ахIун вачунеб?
РагIарас биценищ гъадинаб жого,
Васасул квер къотIун, яс кьун, хьихьарав.

## [Хочбарил кечI]

ВитIун чи вачIарав хундерил боца,
Хунзахъе Хочобар вачIайин абун.
– Унге, эбел хваяв, тIаде Хунзахъе,
Дуйго Нуцалханил[257] рекIкIин батилеб,
Дуйго хIебдалазул[258] хIилла батила.
– АхIун чи вачIиндал, дун инчIеб мехалъ,
ХIинкъунилан ккела дол хIебдалазда.
Къанилан ккеларищ дун нуцалида?
…Живго Нуцалханий цо чу бачана,
Нуцалил лъадуе баргъич босана,
АхIун вачIарасе бачун куй кьуна.
Гъениса вилълъана тIаде Хунзахъе.

[256] ЛилимегIер – гъеб щиб бакI бугин лъазабизе кIвечIо. БукIине ккола Нухаялдаса Гъумеки унеб нухда.
[257] Гъев щив ханали лъазабун гъечIо жеги. ГIемерисезул пикруялда рекъон Хочбар вукIине ккола XVII гIасруялда гIумру гъабун вукIарав чи, амма цониги документалда рехсон гъечIо гъев.
[258] ХIебдалал – гъанжесеб Хунзахъ мухъалъул росабазул бо (ТIануси, ГIобода, ГъацIалухъ, Сиухъ, ЦIатIанихъ ва гь.ц.).




Хочбарие гьабизе букIараб гIарасалъул эскиз.

– Ассалам гІалайкум, Хунзахъ Нуцалхан!
– ВагІалайкум салам, лачен Хочобар.
– Дуегойищ, нуцал, дун къваригІарав,
Дурго бодуедай дун хІажалъарав?
– Диего, Хочобар, мун къваригІарав,
Дирго бодуеги мун хІажалъарав.
…Нуцалил рокъове жив щвараб мехалъ,
БагІарал хІатІазда хІатІил махх бана,
КІалдибеги бана квеш маххул синжир.
Цо гІакІа ахІана Нуцалил росулъ:
«ХІамул ругелаца хІамудги босе,
ХІамул гьечІелаца магьидги бачче!»
– Вилълъа ле, Хочобар, ТІалтІа гьоцІире,
Махсаро рагІулин гІолохъабазул.
– Валлагь, вилълъа, нуцал, щай вилълъунарев,
Махсарояли дий цІакъин бокьулеб.
Гьеб ТІалтІа гьоцІиве жив щвараб мехалъ,
Цо цІа баканила ТІалтІа гьоцІибе,
ТІалу багІарараб, дунял хинлъараб.
– КечІ ахІе, Хочобар, щай ахІулареб,
КечІ ахІизеяли цІакъав рагІулин.
Кьурде, ле Хочобар, щай кьурдуларев,
Кьурдизеяли мун лъикІав рагІулин.
– КечІ ахІизеяли цІакъав вукІарав,
КечІ ахІулеб кІалдиб синжир бан буго.
Кьурдизеяли дун лъикІав вукІарав,
Кьурдулел хІатІада хІатІил махх буго.
Дир кІалдибе бараб квеш маххул синжир[259]
Квешаб мочол чедлъун бич-бичун аги!
Дир хІатІазда бараб квешаб хІатІил махх
Бакълъуда миччилгІан бихх-биххун аги!
Кинго ахІейилан хІалхьи течІелъул,
Цо кечІ ахІанила Хочобарица:
«Гьаб хундерил росулъ берцинал ясал,

[259] Синжир – рахас.

Берциналал рихьун, гьел кIвекIарав щив?
Нужер магIардасел кьариял чуял,
ТIаса кьалал рахъун, гьел ричарав щив?
ГIурул рагIалалда оцазул лулдул,
Лъица оцал хъамун, чIорого ругел?
Гьадал тIаса ругел къорол руччаби,
Лъица россалги чIван, къороллъун ругел?
Гьадал тIаса ругел гIисинал лъимал,
Лъица умумул чIван, бесдаллъун ругел?
Хунзахъ ГIуммаханил[260] гIарцул хъалиман,
ЧIарде босун, цIана Хочобарица.
ГIуммаханил Бахул дарайдул горде,
Гордонисан лъугьун, лъица бахъараб?»
Гьиналъе гьарурал Нуцалил васал
Цо-цо накуялде цо-цо вегана.
Цин-циял къвалакье гьел васалги ккун,
КIанцIун виччанила Хочобар цIадай.
Щайзе зигардулел, умумул хваял,
Нужерго умумуз бакараб цIайин!
Жеги Хочобарил михъцин чIурхIичIо,
КIиго гьиналъул вас вухIулев вуго.
– Риччай, ле Хочобар, гьел лъимал къватIир,
Дуйго Нуцалханил ханлъиги кьелин!
– Валлагь, риччаларо гьал лъимал къватIир,
Риччазелан къачIо цIадаре къвалакь.
Саламилан абе дир эбелалда,
ДугIайилан абе Гьидалъ боялда, —
ГIададани хвечIо нужер Хочобар,
КIиго лочнол хоно бекун гурони.
Радал-къалъизегIан къалигун зурма,
ГIи гъурулев гъалбацI кодов щванилан.
Къалъудаса нахъе чIегIераб магIу,
КIиго гьиналъул вас цIед вухIанилан.

[260] ГIуммахан абурав нуцал тарихалда 5 вукIиндал, гьезда гьоркьоса гьав кисавали чIезабизе кIолеб гьечIо.

## [Гургинав ГІали]

– Рилъадила, ГІали, нилъго ЦІоралде
ЦІорор таватиял[261] тохлъун рагІулин.
Доб цІахІил Алазан сасун рагІулин.
– ЦІорор таватиял тохлъулелгодай,
ТуманкІул кІалалда макьу бухьарал?
Доб цІахІил Алазан сасунебгодай,
Нусго иццул бетІер гъорлъе жубараб?
…КъачІанила къокъа Жаниб ЦІоробе,
ГІалиги малъана, анлъгояв гІуна.
Гьединаб хІалалда жал рачІинагун,
ЦІоралъул гІорхъоде жал щвараб мехалъ,
Свакаралго чагІи, кІвекІарал чагІи,
Цо гъвелил ракьанда рещтІун рукІаго,
Кьиж-кьижулел руго гьел гІолохъаби,
Рег-регулел руго къайицадахъал.
Кьижа-къижаралъур кьижаралги тун,
Вега-вегаралъув вегаравги тун,
Цо борхатаб щобде тІадеги вахун,
Жиндир хъатикь бугеб меседил дурнав[262]
Цоцалъаги бахъун жив халайидал,
Цо хъала бихьула рохьоб жанибе,
Сверун киражалъул, тІаде махх ккураб.
Дица хъат кьабгІичІеб хъалаги течІин,
БотІрода квер чІвачІев кашишги гьечІин,
Гьадаб хъалаго щиб, тІун гІодоб аяб.
Гьениса вилълъана гьеб хъалаялде,
Хъалаялъуй йиго анкьго меседу,
Жидерго нуралъухъ жал рукъарулел.

[261] Таватиял – гуржиязул бечедал чагІи, гІодобегІанаб даражаялъул пеодалазул цІар.
[262] Дурнав (гІурус. – «подзорная труба») – халатаб, жаниса гьодораб рогІоро хІисабалдаги гьабун, цІурдулги жанир лъун, рикІкІад бугеб жо бихьулеб алат.

Жидерго гъалаца кверялги рухьун,
Анкьайгоги ячун жив вачIинагун,
Лъутун инел руго гьел гIолохъаби,
Рортун инел руго къайицадахъал.
– Лъутуге, лъутуге нуж, гIолохъаби,
Рортуге, рортуге, къайицадахъал,
Нужей давла босун, дунин вачIунев.
Гьединаб хIалалда жал рачIинагун,
Шуш бан, гаргадана гьал гIолохъаби,
Гьаб нухалда гьав чи рокъой ворчIани,
ГодекIанир рукIин нилъей гьечIилан.
Гьелъул-долъул бицун, бицардилаго,
Кьвагьилан бахъана истанпул хъирим,
КвергIан тIулги борлъун, гIурдалъе ана.
– ГIенекке, гIолохъай, гIинтIаме, вацал,
Нуж чIва-чIвазеяли дидаги кIвела,
ВацгIалзабиги чIван, рокъой кин инев?
Гьадин гIодой къотIун, Къарби гIоралде,
СалтIа гIодой русса Сагурманалде[263],
Квараниса руссун, нохъоде рилълъа,
РитIухъего ккела инсул росулъе.
…Гьедин гIодой кIотIун, Къарби гIоралде,
СалтIа гIодой руссун Сагурманалде,
Квараниса руссун, нохъоде рилълъун,
РитIухъего ккана инсул росулъе.
– Вас кив тарав?–илан эбел ячIана.
– Дур васгини тарав Хъизихълъиялда,
Хъазахъасул гуллид керенги борлъун.
– Вац кив ана? – йилан яцал рачIана.
– Нужер вацги тарав Гамбурлъиялда[264],

[263] Сагурман – Гуржистаналда Туплисалдаса хьунал рахъалдехун бугеб, Мхцета шагьаралда аскIосеб жаниблъи. Гуржияз гьелда Сагурамо абула. Гьеб ккола гуржиязул ханзабазул гIаркьелалъе (БагъратIиони-Мухранисал) ирсалъе щвараб милк.

Гуржи нуцабигун хвалчал рагъги лъун.
…Я гъел рокъоре щун дагьаб мехалде,
Мехго бахъилалде, сон сверилалде,
МацI лъан гаргадана къайгил мусудул,
Я гьал чагIабаца ниж рачинчIилан,
Ниж рачарав лачен гьаз чIванин абун.
Дерметалде[265] йортун, загьру босана,
Загьру-закъум жубан чедги бежана,
БацIцIадаб щонщодул чIагIа гьабуна.
ГIалие гьабураб гьекъел букIанин,
Гьеб цIекIлъулеб бугин, рачIа гьекъезе.
Вацасе бежараб чедги букIанин,
Гьеб кваназе рачIа ГIалил къавулал.
Чи витIун ахIани, щаклъилин абун,
Жийго ун ахIана ГIалил эбелалъ.
Цо-цо гьекъаравав кIалалъго ккана,
КIилъила[266] гьекъарав – нуцIида нахъа.
НуцIида нахъасеб бал гIебаб гIащтIи,
Цо-цоясда гIадалъ цо-цо гьеб бана.
Васасда хадусеб хвел жиндийилан,
Жиндагоги бана гIадалъ эбелалъ.
ЛъугIана, тIагIана, тIаса бихьана!

## [Кьурулъ хутIарав ГIали]

– Вилълъадила, ГIали, Чаран кьурулъе,
Исанаги лачен къинлъун рагIулин.
– Вилълъинаро, вацал, Чаран кьурулъе,
Я хIилла батила, я рекIкI батила.
– ХIилла букIунебдай тIул бикьаразул,
Я рекIкI букIунебдай тIулил вацазул?

---

[264] Гамбур – Гуржистаналда Къарби-гIоргун Алазани гIоралда гьоркьоб бугеб рохьаз бацараб мугIрузул мицIир.
[265] Дербент шагьар.
[266] КIиго нухалъ гIемер.

– Кинго бегьичIони, ва тIулил вацал,
Росдада тIад лъугьун гIаршалги росе,
Рилълъининха, вацал, Чаран кьурулъе.
…Гьениса рилълъана Чаран кьурулъе.
– ТIамедила, вацал, тIагърил можоро.
ТIамуна вацаца тIагърил можоро.
ТалихI къарав ГIали, можороги къун,
Бакьулъаги вухьун, гъоркье виччана.
– Аниб лачен гьечIо, чаргъедо буго,
Лочнол бусен гьечIо, гъадил гурони.
– Лочнол бусенилан лъица абураб,
Чаргъадил гурилан лъица бицараб?
– Нужей талихI кьеял тIулалъул вацал,
Дие инсул щвараб щунусабго гIи
Щу-щуккун бикьила, дун тIаде вахъе.
Эбелалъул щвараб росда цебе хур
ГIарщ чIвамо къотIилин, дун гьанив тоге.
– Инсул дуе щвараб щунусабго гIи
Щу-щуккун бикьила, мун гьенив тела.
Эбелалъул щвараб росда цебе хур
ГIарш чIвамо къотIила, мун тIад вахъларо.
…Гьагъал цереса ун дагьаб мехалде,
Мехго бахъилалде, къо сверилалде,
БачIинеб бихьула гIоразул нухъа,
ГIодоб ракь бухъурхъун, тIад гьава гьабун.
– Боржунеб жо хъвачIеб Чаран кьурулъе
Лъил хIилла бергьараб, гьитIинав ГIали?
ХIанчIил милъир хъвачIеб дир бусеналде
Лъил макру бергьараб, лъикIав бахIарчи?
– Боржунеб жо хъвачIеб Чаран кьурулъе
ТIулалъул вацазул хIилла бергьана.
ХIанчIил милъир хъвачIеб дур бусеналде
Эбел цадахъазул макру цIикIкIана.
Дуе талихI кьеяб гIоразул нухъа,
Дун тIаде вахъизе рес рекъеларищ?

– Мун тӀаде вахъизе рес кин рекъелеб,
Малърал хӀулун руго, хӀокӀ[267] бекун буго,
ТӀанчӀазе хӀелхӀедун, хӀалакълъун буго,
НекӀосеяб заман дидаги гьечӀо.
– Дуе талихӀ кьеяб чӀегӀераб нухъа,
Цо дир эбелалде цо хабар гьабе,
Ячарай лъадуда вугеб бакӀ бице!
…Гьениса боржана чӀегӀераб нухъа,
Гьесул къайи сверухъ свердилеб чӀана.
– ГӀемераб свердуге, чӀегӀераб нухъа,
ГӀали кьурулъ вукӀин дида лъан бугин.
БачӀун дур хъванкӀди щиб, чӀегӀераб нухъа,
Эв вакъун вугевлъи дида лъан бугин?
…Чакар бараб таргьа къвалакьеги ккун,
ЧӀагӀдал цӀураб парччи хъатикьеги ккун,
Гьениса йилълъана Чаран кьурулъе.
ГӀалиян ахӀана, ваян ахӀана,
Вореян рехана чакарул таргьа,
Гьесухъе щвечӀого, гъоркьа речӀчӀана.
ГӀалиян ахӀана, ваян ахӀана,
Босун рехун ана чӀагӀдалаб парччи,
Гьесухъе щвечӀого, гъоркьа речӀчӀана.
– Дуе талихӀ кьеяй чехьалъул эбел,
Дагьай цеегӀан къай, хал гьабун бихье.
Дагьай цеегӀан къан, хал гьабун бихьдал,
Маргъалул черхалде чарчураб гужгат
Бортун инеб буго кьурулъа гъоркье.
Бахьинаб надалде хъурайсен тӀагъур
Гирун инеб буго парсиса гӀодоб.
– Вабабай-вададай, цӀар бахъаги дир,
Огьогьой-агьагьай, гьан тураги дир!
…ГӀагардасан йилълъун нухги батичӀо,
РикӀкӀадасан сверун, гъоркье йилълъиндал,

[267] Мугъзал гьод.

Маргъалул черхалде чакарулаб гьан
Чапун инеб буго кьурса гIодобе.
Чакарул гьаналъе магьидул рукьби
Гъвегъун инел руго гъугъдулъа гъоркье.
Чакар бараб таргьа рокьолги цIуна,
ЧIагIа тIураб парччи бидулги цIуна,
Гьениса йилълъана гьесул бакIалде.
Инсул гьесий щвараб щунусабго гIи
Щу-щуккун бикьула кIиго тушманас.
Эбелалъул щвараб росда цебе хур
ГIарш чIвамо къотIула кIиявго вацас.
Гьеб гIоларелъубе гьабги босеян,
Рокьол цIураб таргьа цебе рехана.
Гьелъ гIорцIуларел нуж гьалъ гIорцIейилан,
Бидул цIураб парччи цебе чIехьана.




ЦIоралда чабхъеназул аслиял бакIал

## [Гургинавгун ГIусманилав]

Жансавогун чIабатI[268] — кIабго рекъани,
ТупанкIалда жаниб гулла толаро,
Рекъана Гургинав ГIусманилавгун.
КъивутIе[269] Гургинав къватIив вахъиндал,
Къараб маххул сангар Гуржистаналда.
Алазан рагIалда цо хIавуз буго,
Я гьеб хIавузалда рещтIун рукIаго,
Цо къокъа баккана гъвелилъа цебе.
Вай, магIарулалдай? Огь, лъарагIалдай?
Гуржи мацI лъалесев чиго гьечIодай?
Гуржи мацI лъалесев чиго ватичIо.
Гьеб гуржи мацI лъалев, я гьев Гургинав
Гаргазе рекIана гьел гуржиязда.
Нижги таватиял, те цо хIалалда!
Нижги ХIалажилал[270], вай, магIарулал!
Гьеб кIиябго рагIи кIалалъги абун,
ТIерхьун унел руго гьел таватиял.
РачIа, речIчIейилан кIи-кIиял руго.
РечIчIун лъикI гурилан цо-цоял руго.
РечIчIана, кьабгIана — тIагIинаруна,
Кьвагьана, гъурана — лъугIизаруна.
КIикъого чи вугел таватиязул
КIикъоявго чIвана, бетIер къотIана.
Гьезда нахъ бухьараб меседгин гIарац,
Гьел гIолохъабазе гьебги бикьана.
Гьезул гъежтIа ругел дурусал хъирмал,
Гъажилдаса рахъун, хъатикье кьуна.
Гьезул бакьулъ ругел чармил хвалчаби,

[268] Жансаво (гIурус. – «селитра») ва чIабатI (гIурус. – «сера») жубан гьабулаан некIо яргъил хер.
[269] Къивуди – Гъумеки шагьаралъул некIсияб, къуртIа бараб щулияб авал.
[270] ХIалажилал – Билкан шагьаралъул магIарулазул бищун кIудияб ва некIо рагIи билълъараб кьибил.

КIи-кIи рорчейилан, гьел цере рана.
Гьединаб хIалалда жал рагъулаго,
РачIинел рихьула кIудиял боял.
РачIун тIаде щвана кIудиял боял.
«Ниж кIудиял боял, нуж дагьал чагIи,
Данде рагъ гьабизе ниж ламус руго.
Нужер гъещтIа ругел дурусал хьирмал,
Гъажилдаса рахъун, гьел нижехъе кье.
Нужер бакьулъ ругел мисри хвалчаби,
Рачлихъаги рахъун, гьел нижехъе кье...»
Жидер гъещтIа ругел дурусал хьирмал,
Гъажилдаса рахъун, хъатикье кьуна.
Жидер бакьулъ ругел мисри хвалчаби,
КIудав кашишасул кверда ран ана.
ЦIалун тIаделъана, къана кIикъого чи,
Нахъиябщинаб бо рукъде буссана...
...Габунибаб синжир тIамулеб буго,
Квердасебаб рухьен бухьунеб буго.
– Нужеца нижее гьабулебго щиб?
– Нижеца нужее гьечIо гьабулеб:
Имарат[271] ханасул маххул гъанцIица
КъотIизилан руго гьал нужер бутIрул.
...Гьунар бахъизени, цо сагIат буго,
ГьечIо кьвагьулеб жо — щиб, хар, гьабилеб?
ЦIар босизеяли цо пара буго,
ГьечIо кьабгIулеб жо — щиб, хар, батилеб?
Гьединаб къоялда къварид рукIаго,
ВачIун тIаде щвана дов ГIусманилав,
Я дол къарал боял цадахъги рачун.
«Нужер къварилъи щиб, вай, гIолохъаби?!
Нужер хIалуцин щиб, гьитIинаб къокъа?!»
«Къварилъиларищ ниж, вай, ГIусманилав,
Имарат ханасул маххул гъанцIица

[271] Имарати – Гуржистаналъул бакътIерхьул рахъ, Кутаиси шагьаралъул сверухълъи.

КъотIизилан руго гьал нижер бутIрул».
РикIкIун гьенив тарав кIикъоявго чи,
КIикъоявго чIвана, бутIрул къотIана.
Гьезул гъещтIа ругел дурусал хъирмал,
Гъажилдаса рахъун, хъатикье кьуна.
Гьезул бакьулъ ругел чармил хвалчаби,
КIи-кIи рорчейилан, гьел цере рана.
Азарго чи гIеги къарал боялда,
Къан рухьарал кверал ричун риччарал.
ТалихI кьун вохаги дов ГIусманилав,
Нижер анкьасулго рухI хвасарлъарав.

## ТIануси

Цебесеб заманаялда ТIад Нусив[272] вукIун вуго цо Карал Малачи[273] абурав чи. Цо бакIалде болъе рахъараб мехалъ эзда хадуб, хъван цIаралгун, (жидерго гIадаталда), чед бачIун букIуна. Элдаги абулеб букIун буго кагIак[274] абун. Гьанже, дагьал гIадамал рекъон, эсул кагIак бахчун буго, жидерго кагIкалги рикьун руго. Цинги, балагьунги вукIун, эс абун буго:
Дуде дандияца кагIак кунелъул,
Дуца когIо кванай, Карал Маллачи, – абун.

## ГIуммаханасул хIакъалъулъниги, эв гъорлъ рехсонниги гьарурал кучIдул ва гьезда хурхарал харбалги

ГIуммахан хун вуго, тарих 1215 соналде (байбихьана 24.05.1800 с.) щвараб гIужалъ. Эвги вукIун вуго цIакъав, гIадилав, гIакълу бугев, бахIарчияв чи. Ханзабаз абулебги букIун буго, Аллагьас цIунагийин эс кIикъого сон базейилан.

[272] ТIад Нуси – Хунзахъ мухъалъул ТIануси росу.
[273] Малачилал абун ТIануси буго кIудияб тухум, гьезул кIудаэмен вукIун ватила гьев Малачилав.
[274] Сапаразда цадахъ босулеб букIараб чадил тайпа.

Эв хунги вуго Тулпис[275] бахъизейилан ун вукIарав чи, Тулписалъул ханас эсул ЧIарахъа гьоболасе лъабго сахI меседилги бан[276], жиндирго гьоболас загьруги кьун. Эсул гьединалго гIакълу бугел вазирги кагъат хъвалев чиги рукIун руго. Вазир ГIалисканди[277] абун вукIун вуго, кагъат хъвалев чи Дибир-къади[278] абун вукIун вуго. Эс щибго жоги гьабулеб букIун гьечIо шураталдалъун[279] гурони. Эс абулебги букIун буго, жиндир гIадав мирзаги жиндир гIадав вазирги лъугьинчIилан. Цинги эс абулеб букIун буго къохьое нах гIадаб жойин гIадамасе кьей[280] абун. Гьеб жиндирго цо рагIуда рекъон, кIудиял гIадамазул аби буго – бакълъулаздаса[281] бахъараб лъарагIалде[282] (эзул ЦIоралде унелъул боял хадур гъезегIан чIолел рукIараб байдан, къаралазул бакIалда бугеб) щвезегIан, инсул би босизе Хубаялде[283] унеб мехалъ, щунусго тумен гIарац гьудул-гьалмагъзабазе бикьун батун бугилан. Гьоболасульги рещтIунев вукIун гьечIо, масжидалда гурони, жив росдалго гьобол вугилан, цоял цоязулъ жахIда ккелебилан.

---

[275] Туплис – Гуржистаналъул тахшагьар.

[276] Унгояб гIиллалъун ккола Ганжаялъул Джавад-хан Къажарица загьру лъезабун гьев хвей. Гьеб загьруги ГIуммаханил гьобол ХIалажил ГIабдулагьил гъаравашалъ лъун букIун буго кванилъ. Гьев ГIабдулагьил васасги, гьеб лъан хадуб, гьей къажарай гъараваш кIудияб цIаги бан, гьений рехун йухIун йиго. Гьединан хъвалеб буго XIX гIасруялъул тарихчи Гиничукьа ХIайдарбегица.

[277] ГьоцIалъа ГIалисканди (хвана 1814 с.) кколаан Аваралъул ханасул вазирлъун ва гьесие гьавуна имам ХIамзат.

[278] Хунзахъа Дибир-къади (1742-1817) – машгьурав гIалимчи ва Аваралъул къади.

[279] Шурат – гIакълу дандбазе, хIукму къотIизе гьабураб данделъи.

[280] Гьаниб сайгъат кьеялъул бицунеб буго.

[281] Бакълъулал – гьанжесеб Гумбет мухъалъул гIадамал.

[282] Бо рещтIунеб лъарагI – гьанжесеб ЧIарада мухъалъул Рилъаб росдада аскIоб бугеб, Кьенсер-гIоралъул рагIаллъи. Гьениб буго ЦIоралде унаго бо рещтIунеб букIараб лъарагIлъи.

[283] Хуба – гьанжесеб Азарбижаналъул хьунда бугеб шагьар ва мухъ, цебехун хасаб Хуба ханлъи.

Эв ханлъунги ккун вуго анIила кIиго сон барав чи. Эзул ханлъиги ирсалъе бачIунеб жолъидал букIараб. Дагьал гIадамал [гурони ГIуммаханида] хадур рилълъунарогун рукIун руго. Эв гьитIинав чи, бачун чукъа-рахьангун, ал гIадамал хадур рилълъине гьаризе бо тIалаб гьабун, ЛъарагIалде шамхалзабазде (ай лъарагIазул ханзабазде) аскIове ун вуго. ЦIакъ кIодоги гьавун, абун буго, боцIи къваригIани – боцIи кьелин абун, гIарац къваригIани – гIарац кьелин, ракь къваригIани – ракь кьелин, къваригIараб жо абейилан. Эс абун буго, валлагьи, жиндие щибго хинкIикълъи гьечIин, чиякълъи гуронийилан, жиндие нужеца кумек гьабулеб батани, дагьаб аскар кьейин жиндихъейилан. Эз абун буго, чидакълъунилан вачIун, хундерил ханасухъе бо кьезе кIвеларилан.

Гьениса вилълъун вуго гьалмагълъигун чигун Гъумеки ханасухъе *(эв Гъумеки ханасулгун гьелдаса хадуб эсул лъугьараб жо дица хъвана гъоркьегIан)*. Эсги абун буго: «ГIарацищ къваригIараб, ракьищ къваригIараб, боцIийищ къваригIараб?» – абун. Эс абун буго, жив хинкIикълъун[284] гьечIин, кинниги чидакълъун[285] вугилан. Эсда Гъумеки ханас абун буго, гьел боялги рачун, дур щиб гьабизе къасд [бугебин] абун. ГIуммаханас абун буго, дир гьитIинлъиялъе гIоло, дир инсул букIараб рагIийаталда дун дагьав инжитго вихьулев вугин. Цо дагьал церехъабаздаги, эл гурелги, эзул гIадамаздаги тIад иш кьваризе гьабизе къваригIун бугилан. Гъумеки ханас абун буго, гьел боялги рачун, дуца гьел хунз ригъине гьаругейилан. Эс эсиеги кьун буго лъабго чу, лъабго хъирим, лъеберго тумен гIарац. Эс абунги буго, лъикIаб гьоболлъиги гьабун, кIудияб хъулухъ-хъатиралда дурго улкаялдаса ичIго цевехъан, цо рагIи билълъунел гIадал чагIи, кваназеги ахIун, лъабго хъирим лъабгоясе, лъабго барти лъабгоясе, лъеберабго тумен лъабгоясе кье абун.

---

284 ХинкIикълъун – хинкI камун яги квен гьечIого хутIун.

285 Чидакълъун – жинда хадур рилълъунел чагIи гьечIого.

Цинги гьениса ГІуммахан, гьеб гІакълуялдаги рекъон, нахъвуссанила. Гьадаб жиндаго малъухъе, жиндирго улкаялдаса рагІи билълъунел чагІи ахІанила: жинцаго чІвазе гьавурав Мусал ГІадалавниги[286], гьесда релълъун, цойги-цойгидалниги. ГІуммаханас жидее гьеб сайгъат кьедал, киназго абунила, жидеда къваригІараб жо абейилан. Эс эзда щибго жоги абичІила. Кинниги эсде цІакъ мутІигІал, цІакъ гьетІарал лъугьанила.

Гьебилан абула ГІуммаханасул къохьое нах гІадаб жойин гІадамасе кьейилан абураб кици бачІараб бакІ.

**ГІуммаханасул асарал**

*(Эсул мирзаяс (кагъат хъвалев чияс) жидерго тІехьалда хъван батана гьаб жо).*

Жидедаги (нижедаги) Шамахалъул гІадамаздаги гьоркьоб рекъел ккана 1200 соналъ (байбихьана 3.11.1785 с.). Щибаб соналъ ихдал (ай гьадаб жидерго (нижерго) къотІи ккараб ихдал заманаялда) щунус-нус тумен жидее (нижее) кьезе. Гьанже нижеца витІидал 1201 соналъ (байбихьана 23.10.1786 с.) нижерго чи эб босизе, эз къотІуе хилиплъи гьабуна, магъалоги кьечІо. Ниж цинги энире боялгун рахъана.

КІиабизеги нижер къотІи ккана, рехсараб 500 тумен гІарац нижее кьезе. Ниж нахъруссана. Нижеца эзде чи витІана 1202 соналъ (байбихьана 12.10.1787 с.).

КІиабилеб соналъги магъало кьолеб заманги щун, эз эниса 1000 тумен гІарац бачІана, доб цебесеб соналъ хутІарабги тІад лъун. Жойисаги витІана нижеца эниве чи хасалихъе мехалъ 1203 соналъ (байбихьана 1.10.1788 с.). Эз эв нахъчІван вачІана, заман щвечІилан (ай ихдал заман щвечІилан). Эз дагьа-макъабго гьадиятги бачІана. Гьанже гьаб араб ихдал гьадаб заман щвечІилан кьечІогун тараб магъало кьезе заман щвана. Гьанже нижеца эб босана. Эбги босун хадуб, нижее бокьани, бачІунеб хасалихъе нижеца эздасаги

[286] Балахьуниса Мусал ГІадалав – машгьурав бодул цевехъан, чІвана 1786 соналда Имаратив.

нусиялда кIикъоялда анцIго туменги босила. Ялъуни, нижееги бокьани, ихдал цадахъ щунусабго босизе тела 1204 соналъ (байбихьана 21.09.1789 с.).




ГIумма-нуцалгун гуржиязул ГIалискандри-хан.
Сурат бахъарав – Х. Мусаясул.

**Цойги ГIуммаханасул рахъалдасан боял ракIаризе хъвараб кагъат ва элъул таржамаги, эсул мирзаясул хатIалдасан накълу гьабураб.**

ГIуммаханасул рахъалдасан жиндир хириял, кIудиял, бахIарчилъи бугел, иияхI бугел, диналъулги дунялалъулги кIвар бугел вацаздейила, дибирзабаздейила, боял цере цIалел церехъабадейила, гIакъилзабадейила, гIолохъабаздейила, херал гIадамаздейила, хIажизабаздейила, дин цIунулел гIадамаздейила – Къородисезул, КIкIуядисезул, Ругъеждерил, КIкIагьадерил, Сугъурдерил, ЧIахъадерил, Куделдерил, цойгидалги ГIандалазул, – эзие квербакъагиийила кинабниги диналъулги, дунялалъулги, миллаталъулги лъикIалде.

Хадуб. Хьул буго нужеде нужеца гIин тIамилилан хIакъаб якъиналъухъ. Эбги капурзабазул (гIурусазул) аскараца дарул-исламалде къасд гьаби буго. Гьелъие гIолон гьез сверун ккуна «Баб-ул-абваб» – Дербенд, эб рагьу[287] бугелъул эзие цойгидал шагьрабазде. Гьеб Дербенд босун хадуб, гьез кверщел гьабула ЛъарагIалда, Шамахалда, Шакиялда, ЧIаралда ва Талаялдаги, Тулписалде щвезегIан, жидеда кIвараб къагIидаялъ.

Гьедин букIингун цадахъ, гьанже гьеб амру (иш) гьелде ани, киса Дагъистаналъе цIам, махх босизе къудрат – ЛъарагIалдаса, давла босизе къудрат киса Гуржистаналдаса? Кире нилъер базаргаби хьвадилел? Киб нилъер гIияца бетIер бахъилеб? Гьанже нилъ хутIула сверункквеялъул хIайранлъиялда, нилъер хириял умумузул намусги цIарги хвезе гьабун. Щиб цIар нилъеда лъелеб гIагаразгин рикIкIадаз, нилъеца гьел капурзаби гьанир гьел пасалъалаби рилълъанхъизе гьаризе тани? Нилъеца нилъер БетIергьанасе жаваб кин кьелеб? Эсул расуласул шапагIаталде хьулги кин лъелеб, нилъеца нилъер нупусал гьадин рахIаталда тани, нилъ гьадин гъапулгоги чIани, нилъелъ гьеб хIалалда тасаруп

[287] Рагьу (гIурус. – «вход») – жанире лъугьунеб нух – бакI.

гьабизе ва нилъер боцIиялъулъги, руччабазулъги, лъималазулъги бокьараб иш гьабизе элги риччан тани, кинан гьеб баччулеб жиндир рекIелъ хIамиякьаталъул асар, бахIарчилъиялъул дагьабниги хутIа жиндир чорхолъ бугев чияс? Гьаб нилъеца рехсараб жо гьечIо дин гIодобегIанлъиги, кIиябго рукъалъулъ дармид къейги гурони. Гьанже гьеб кIиябго – дунявиябги диниябги зараралде халгьабун, нижеца Аллагьасде таваккал тIамуна, ниж рагъаргъизеги рагъарана, нижеца пикру гьабизе, гьел капурзаби жиндалъун нахъчIвалеб дару балагьизе, элъулъ пикру гьабизе, хасго нижеца эл нахъчIвазе нижеде ахIи тIамун рачIарал вацаздаса цо бигьаяб нухалда. Нилъеда цадахъги руго гьаб амруялъе (иш) нижер цойгидал вацал Даргагь – ГIахъуш бодул, эл гурелги тавхIидалда ругел гIадамазул жамагIатал. Гьедин бугелъул, воре, нужеца хехлъи гьабе рахъиналъулъги хадургъеялъулъги нижер кIудияб данделъиялда, УхIладерил[288] ракьалда ругел рекIаралгун, лъелалгун, гIолохъабигун, хералгун. Воре, хIал ккеялда ракI чIарав гурев чи рекIунел жалазухъ балагьуге. Нужецаги баччизе гьабе ункъо-щугоясул квен хIама-хьваниялда. Нужеца кунчIлалги рачлихъ рахъе, нужеца цIакъги бахъе. Нужги рахъа «лаилагь» бачунаго, Аллагьасе рецц гьабулаго, ниж рахъарал гIадин, цойгидал гIадамалгун цадахъ.

## Цойги ГIуммаханил кагъат гьевго чияс хъвараб

Хирияв ханасдасан – ГIуммаханасдасан жиндир вацIцIадав, вокьулев гIалимлъун жив вугев ХIажи Аддам дибирасде буго салам.

Дир рукIана Зарагьгараналда[289] гьудулзаби, рокьарал гIадамал. Дида эзул гIемерисел ратана аманат (божел) гьечIел гIадамаллъун. Мунги нужерго гIадамазул хIал цIакъ лъалев чи

[288] УхIлиб – гьанжесеб Лаваши мухъалъул магIарул росу.
[289] Зарагьгаран – ираназул мацIалда Ургъабек (Кубачи) бодуде абулеб букIараб цIар. Гьелъул магIнаги ккола «къолдаби гьарулел» чагIи.

вуго. Дир хъулухъ цIакъ тIубазе гьабулевги вуго, нижги гьудулзабазул къадру лъалел руго. Дица духъе битIана лъабкъоялда анцIго тумен гIарац гьаб саламгун вачIарав чиясухъ, дир лагъасухъ, ГIисахъги. ТIоцебе дуца элъухъ босе анкьго чиясе ярагъ, цойгидал къваригIунел жалгун цадахъ. ХIатта, кинабниги къачIанги букIа эб ярагъ гIарцуца. Нужер гIадаталда элъул рухьбиги рукIа къачIан. Цинги нахъе хутIараб жоялде гьадал гьалмагъзабаца абунщинал шалал росе ялъуни цебе бачIун букIаралдаса лъикIаб шал босе цо. Жойисаги къачIай дуца гьаб дир таманча гьаб меседалдалъун чахъмаги лъун, хъундагъги лъун. Элъухъ ужраги гьеб гIарцухъ кье, (ай кагъат босарав чиясухъ бугеб). Нахъияб хабар кагъат босун вачIарасул кIалдиб буго.



МагIарул нуцаллъиялъул герб.
Сурат бахъана 1735 соналда Вахушти Багратионица.

**ГІуммаханасул гІадат** (рехсарав кагъат хъвалев чияс жидерго тІехьалда хъван батараб)

ГІуммаханас лъазе гъабуна жиндир боялда бихьинасениги цІуясениги хІапулеб хер кьурав чиясе жинца чи чІварав чиясе гъабулеб жо гъабилин – рукъзал чІунтизе гьари, нусго гІи бахъи, рокъоса бид виххизе гьави – гъов жиндие хер кьурав чи хун вукІа, хвечІого вукІа. Гьелда кинабго боги рекъана. Гьединлъидал дица элъул гьаб тарихги хъвана 1211 (байбихьана 6.07.1796 с.).

Гьаб къотІиги ккана гьеб хІапулеб хер кьедал БакьайичІиб гьеб сурараб, инжитаб жоги ккедал. Гьелъие нугІзалги руго, ханасул мугъруги кІудияб нугІ буго.

**Мусал ГІадаласулги, ЧІегІер ХІожолги, ХІажимухІамалги[290] харбал, эзде гьарурал кучІдулги**

Гьев ХІожо Унсоколоса вукІун вуго. ГьитІинав чияс, жегиги ЦІоралдеги инчІев эс йитІун йиго жиндирго эбел цо мадугьалихъа яс жиндиего абун. Эз абун бачІун буго, ЦІоралде ун, хъазахъги ккечІев, чабхъадулъ чедги бекичІев чиясе жидеца яс кьоларилан. Эб ХІожода цІакъ квеш букІун буго. Жиндирго ункъгІалалда чадалги гьаризе гьарун, къваригІараб-тарабги босун, ЦІорове вилълъун вуго. Эс абулаанила, жив ЦІоралдеги щун, къаси терелев вукІаго, гІабдал гІадинан, жиндихъа цо тамахаб жоялда хІетІе чІанилан. Жиндица хІетІе тІаде цунин, кодобе босичІин. Гьелдаса бахІарчияб хІалтІи гьабичІин жинцайилан.

Гьанже эв, ЦІоралъул хІалги лъаларев чи, гьабилеб жоги лъаларого, терелев вукІун вуго. Эсда рихьун руго цо кІудияв чиги, цо гьитІинав гІолохъанчиги рачІинел кІиго

[290] XVIII гІасруялъул ахиралда рукІарал, Хьиндалазул бодул церехъаби. Мусал ГІадалав – Балахьуниса, ЧІегІерав ХІожогун ХІажимухІамада – Унсоколо росулъа.

оцалги рачун рохьоре. Гьанже эл кIиязго эл оцал цо гъотIоде рухьун руго, жалгоги рохьил тIарадегIан рахун руго.

Гьанже ХIожоца кIиялго оцал ричун риччан руго. Элги риччан, живгоги вахчун вуго. Гьанже эмен оцазде балагьун вуго. Эсда рихьун руго эл унел. Эв васасдеги семун, эс оцал рухьине вас витIун вуго. Гьанже ХIожоца, эв васасда хадувги вилълъун, эсул гъванщилъ квеш туманкI бан буго. Цинги, туманкIги гIодобе рехун, эс эв гIодов речIчIун вуго. РечIчIун хадубги, тIад квеш-квеш накабиги тункун руго. Рачлихъа таманчаги бахъун буго, вухь-вухьун гIодов лъун вуго. Гьенисаги дагьаб тохаб бакIалдегIанги вехъерхъун, цо гъотIодеги щула гьавун вуго. Гьесул гIодобе рехараб хъабарчаги нахъа чIван буго. Эсул тIагъурги лъун буго. Гьедин дол оцалги рачун жив (гьев) вачIингун, дов кIудияв чи цIакъ семун вуго, жиндирго вас абун ккун.

Гьанже ХIожоца эл оцалги рухьун руго, щибдай гьабилеб абун ургъун вуго. Эсда ракIалде щун буго эсие гьабилеб жо – гьададинго нахъасанги вилълъун, эсдаги бан буго, гIадалъеги ккезе гьабун, цо-кIиго туманкI. Гьададинго гIодовги речIчIун, каранда тIад накабиги тункун, вухь-вухьун рехун вуго

Гьанже, вухулаго эвги вачун, гъов васасде аскIове вачIун вуго. Жодоргониги жиндиргониги къайи-матахIги баччизе гьабун буго, ункъабго оцги бачун буго, рилълъун руго.

ХIожоца абулаанила рокъоре щвезегIан жинца гьел цо квешаб хIалалда ракъизе течIин ва амма квен кIалдиб жоги жинцаго лъолаанилан. Рокъове щвараб мехалъ, цо хъазахъги кьунин гъой абулей йикIарай гIадамалъе, кIиго оцги кьунин, гьейги ячанилан.

(Цересел хъварал жалаздасан ва кIудиял гIадамазул харбаздасанги хъвана).



ГъоркьчIел. Сурат бахъарав – Т. Горшельдт.

**ГIадалавги, ХIожоги, ХIажимухIамаги чIвай, элъие сабаб, эзул кечI**

Гьел лъабалго ГIуммаханасул заманаялда рукIун руго. Эвгун цадахъ эл ЦIоралде ун руго, жидерго гIадаталда инин. Эл лъабазго дагIба гьабун буго, жидееги цо дур бодул чиясеги давла бащад бегьиларин, жидее давла бикьулеб мехаца, кIиго-лъабго бутIайилан. ГIуммахан, гIадилав чиги вукIун, эс эзие эб давла кьун гьечIо, нуж бахIарчиял рукIунин абун, эб кьезе бегьуларилан.

Гьеб мехалда эл лъабазго ахIун буго давла бокьарав чи жидеда хадур рачIа абун. Эзда хадувги лъугьун (ун) вуго лъабнусго гIадав чи.

Гьанже гьез гьабулеб бегьулареб жо бихьараб мехалъ, ГIуммахан, боде гьаракьги гьабун, тIаде вортулев вукIун вуго.

Эсул вазирас – ГІалискандица абун буго: «Къалмидалъун, дир кІудияв», – абун.

Эбги уяблъун бихьун, ГІуммаханас, чІезеги чІун, кагътал ритІун руго ГьерекІлиде Тулписалде гьади-гьадин арал гІадамазул къокъадул нахъе чи тогеян.

ГІадалавги ХІожоги рилълъун (ун), нусиялда кІикъоялда анцІго чи цоясулгун, гьединго нусиялда кІикъоялда анцІго чи цогиясулгун, эз Имарати абураб росу бахъун, давла гьабун буго. Гьанже ГІадалас абун буго ХІожода, хІамабахІарчилъиги лъикІаб букІунарин, рачІа, тІадруссинилан. ХІожоца абун буго, нилъер умумузул гІадат букІанин бахъараб росулъ лъабго къоялъ чІолеб, мун дагьав гІедегІарав гІадин вугин, хІинкъун вугев ватани, дир хвахиниве лъугьайилан. ГІадалавги, эб рагІиги цІунун, кІиго сордо-къоялъ гьеб росулъ чІун вуго. Лъабабилеб сордоялде эб росу ГьерекІлицаги сверун ккун батун буго. Гьанже цин ГьерекІлица кверде рачІин тІалаб гьабун буго. Цояб авалалда вугев ХІожоцаги, рекъел бокьиги загьир гьабун, ГІадаласде аскІове чи витІун вачІун вуго. Гьанже ГІадаласги абун буго, хІинкъун вугев ватани, дир хвахиниве лъугьине вачІайилан.

Гьанже ХІожо кверде ун вуго. ГІадалавги балагьун вукІаго, ХІожохъа ярагъ босун буго. ГІадалавги вагъун вуго, бищун божи хвезе ккараб жо гьадазул гьадаб бугилан. ГІадалавги чІван вуго. ГІадаласдасаги бахІарчилъи балагьулев вукІарав ХІожоги чІван вуго.

Гьезул гьениса нахъеги ворчІун гьечІо цо ЧІикІаса ГьоцІо-МухІама абурав чи гурони. Элъие сабабги гьадинаб жо ккун буго. ГьоцІо-МухІама вукІун вуго лъикІав бахІарчи. Эс ккун вукІун вуго цо гІолохъанчи ЦІороса. Эвги вачун вачІунаго, эв кваналеб мехалда, ГьоцІо-МухІама эсухъ балагьун вукІун вуго. ГьебсагІат гьедун вуго гьев ГьоцІо-МухІама, дица гьав чиясда, магІарухъеги вачун, хІалтІи малъиларилан. Жиндирго ярагъги жиндихъего кьун, эс эв нухтІаги тІовитІун вукІун вуго.

Гьанже гьеб Имаратив гьес ГьоцIо-МухIама хвалчаде ахIун[291] вуго. Эвги ун вуго. АскIоре щвеялъул лъазеги гьабун, ккурав ххвелги гьабун, жидедаго аскIовеги вачун, виччан тун вуго. Эв гуржияс лъазеги гьабун букIун буго жиндирго вацгIалзабазда, дун дос лъачIогон гьарун чIвазе ккани, нуж тIаде кIанцIе абун. Эзги ххвелал гьарун руго. ГьоцIо-МухIамаги ворчIун вуго. Гьев гуржияв ГьоцIо-МухIамида жидерго гIорхъи бахине гьабизеги вилълъун вуго.

Гьединго цойги нухалъ ГIуммаханасде мацI гьабун буго ГIадаласдасан. Гьеб нухалдаги ахIун вуго эс эв чIвазе абун. Эсул гIадат букIун буго, чоде цебе жоги бан, чол русснив гурони, гIодов вукIунареб. ВукIараб мехалъ, танкан цо хIотIочI хъалиманги цIалеб букIун буго. Гьеб жиндирго гIадаталдалъун хъалимангун русснитIаги вукIун, ахIун буго, цо цIа босе абун.

ГIуммаханас малъун буго жиндир рахьаналда эсие лъолеб цIа дуцаго досул хъалиманалда цузе гьабейин, гъосул килщидаго цадахъилан. Жиндаго малъараб хIалалда, куракул цIулал цо сунтурги босун, элъ квердаги хъалиманалдаги цадахъ цузе гьабун буго. Хъалиманги рекIун буго, эсул кверги бухIун буго, рак гIадин. Эс абизеги абун буго, абги бухIулебищ букIарабилан. Эб мехалъ рахьаналъ лъугьараб жо бицун буго. ГIуммаханас абун буго, гьединалщинал чагIи чIвани, нилъер иш цIакъ квеш ккелилан. Эвги, батIияб багьанаги батун, рокъове витIун вуго, гьав чи цо къоялъ ватилиланги абун.

(КIудиял гIадамазул кIалалдасан)

[291] Хвалчаде ахIи (гIурус. – «вызов на дуэль») – некIо букIараб гIадат буго, рагъухъабаз цоцаде ахIи балеб букIараб рагъизе рахъайилан.

## [Мусал ГІадалав]

Боде гъара балел гъолодисеца
ГъалбацІилан тарав Мусал ГІадалав.
Къокъаби тІутІулел дол тІомураца[292]
ТІаса вищун тарав балахьунисев.
Алазан рагІалде жив щвараб мехалъ,
Щунусго капурчи кверде вачарав.
Коралъул рахъалде вахъараб мехалъ,
Нусго кашишасул бетІер къотІарав.
Имарати росу харидги бухІун,
Жанив чІун вагъарав Мусал ГІадалав.
Гьедин абун хабар жиндихъе щведал,
Хъван кагътал ритІана ГІуммаханица.
Нусазар чи вугев дир улкаялда, —
Дида кІал гьикъарав Мусал ГІадалав,
Воре, ГІадаласул чи нахъе тоге!
ГІуммаханил кагътал жиндихъе щведал,
КъачІазе рекІана чІваяв ГьерекІли.
Рохьор гъутІби гІадал гІарадабигун,
ГъотІол хІухьдул гІадал гумпарабигун,
Зодихъ моцІ бахъулел топалги росун,
Къое гъурущ кьезе ациял рачун,
ГІарцул магъало тун, туш, москоІ рачун,
Мугъалда гьирал ран пилил бо бачун,
КъачІарав ГьерекІли доб Имаратив.
Имарати росу сверухъеги ккун,
ГІадалав унеб нух щулаги гьабун,
Гьанже кІал гьикъана дов ГІадаласда:
– Зобалде воржине куркьбалги гьечІин,
Гьанже кив ворчІулев, Мусал ГІадалав?
Ракьалде лъугьине гузбалги гьечІин,
Гьайт, вихьила гури, балахьунисев!

[292] ТІомурал – гьанжесеб ЛъаратІа мухъалъул бищун ЧІурмутІ гІор ккун тІадегІан ругел 8 росдал гІадамал.

– Зобалде воржине куркьбал гурелдай,
Кьвагьун алхунарел роцхъахIал хъирмал.
Ракьалде лъугьине гузбал гурелдай,
Бидухъ къечон ругел чарамул хвалчай.
…Я гьел гIолохъаби жанир рукъзабахъ, —
 Жинир рукъзал рорлъун, картIалги рахъун.
ГIадаласул сангар тIохил рагIалда, —
КIалдире гулби ран, тIаргъазтIе хер бан.
ЧIинхъи бахъаралъуб туманкIги речIчIун,
ИчIабго сордо-къо тIаса тIохалда:
ЧIегIераб лъадаца кIалги хуличIо,
КIиябго лъадал бер дандеги къачIо.
ИчIго сордоги бан, анцIго балелде,
Гьедана ГIадалав кIудаб гьаялда,
КIияйго лъадуда анлъго цIар тIамун,
Метер радалиса гъорлъ журалилан.
Рогьалил какги бан, дугIаги гьабун,
Какда нахъ суннат бан, аминги абун,
ГIали, ГIумарилан гьаракьги гьабун,
Мокъокъалъ речIчIулеб къвекIаб цIум гIадин,
РечIчIун виччан тана капурлъиялда.
КIиго къватIни чIвана капурлъиялда,
КIиго цадахъ гьоко бачинеб гIадаб.
Лъабабилеб къватI чIван жив вагъулаго,
ТIобитIун бачIана тIохьидул гулла.
Босанищ, ГIадалав, хвалчаца алжан?!
Насиблъаги дуе хIурулгIинзаби,
ХIалаллъаги дуе пирдвус алжан!

**[Цоги ГIадаласул кечI]**

МегIер къотIун жиб унеб
ГъалбацIдай, ле, бахIарзал,
Гуржиялгун гъеролев
Лачен Мусал ГIадалав.

ГъалбацӀалда хьолбохъе
ТӀанчӀидай, ле, кьерилал,
ГӀадаласул хьолбохъе
Белехьдерил бахӀарзал.
Михъида хъундагъги цун,
Ралагьулел дур берал
Ралагьанищ, ГӀадалав,
Байдан алжаналъуре.
Хвалчадул рухьен кколел
Къаламалъул дур килщал,
Къарал чучун ккаралищ,
Чорхолъа рухӀ босидал?


МагӀарулал. Сурат бахъарав – Т. Горшельдт.

## [Цоги ГIадаласул кечI]

ГIадаласул ччукIел[293] тIасаги бахъун,
Дове Тулписалде жив щвараб мехалъ,
ГIадаласул ччукIел цебе байдалго,
ГIодизе рекIана ГьерекIлил ясал:
– Мекъияб дур ракьхъен хъван ананиги,
Щайзе чIварав, дади, Мусал ГIадалав?
ТIолгосеб дур улка ккун ананиги,
Яс кьун кин хьихьичIев балахьунисев?
– Мекъияб дир ракьхъен хъван ананиги,
ЧIвалароан, дир яс, Мусал ГIадалав, —
ЧIвайилан чи щвана ГIуммаханасул.
ТIолгосеб дир улка ккун ананиги,
Яс кьун хьихьилаан балахьунисев, —
ЧIухIарал чукъби чIван къварид гьавуна.
…Цоги кIиго соналъ хутIаравани,
Телароан дуца Тулпис, Телавур[294],
Бегьилаан духъе я гьаб капурлъи,
Дулугъ дуе кьелин, ниж жалго теян.
Къарбалъул рагIалда какиги чурун,
Щулалъаби рахъун, хъизан бачарав.
Коралъул рахъалда жамагIат гьабун,
Же, гьанжеян абун, галмал рахъарав.
Гордал тIадго лъечIес дол церехъаби.
Гулла алхунарев, хер рагьаларев,
Салиянил[295] боял ракьалда лъурав.
Хвалчен чучуларев, чу свакаларев
ЛатIибашил[296] къокъа къанабакь лъурав.

---

[293] ЧчукIел (гIурус. – «скальп») – некIсияб гIадаталда рекъон бергьарас, жинца чIварав чиясул ботIрол нахъисеб рахъалдаса бахъулеб букIараб тIом – хъал.

[294] Телавур (Телави) – бакътIерхьул Гуржистаналъул, КIахеталъул тахшагьар.

[295] Гьанжесеб Азарбижаналъул бакъбаккуда, Каспи ральдал рагIалда бугеб шагьар, цебехун – хасаб ханлъи.

РатIал цIан тIохьидул тIун арал гулби
ГьерекIлил чукъбузул чорхолъ бекьарав,
Чухъадай, ле, бараб ХIасанбегида,
Чол таргьил кIал харцIун гьабун араб хер
Азнавурзабазул лугбузде хьарав, —
БайинчIедай, ле, квер, эвго ГIалида.
ГIурцIаби журарал, жайран гъорлъ ссиял,
Жани тушал мерхьун, рехьед бачарал
Дир вацгIалзабазул гьорол айгъирал, —
ХIуртIа расандулел, салтIа кьурдулел,
Сивуда квачI балел, квачIид рагъулел, —
Гъаримаб рухьада рухьун рагIула,
ХIежалтIе унеца рекIайин абун.
Гьанже йохуларо дун вацаздаса,
АхIуд рахъун, ЦIорго цIан бачIаниги.
РакIго гъоларо дир нахъе ругезде,
Амисил лугбузда хъахIаб ххам жемун.
Дур ярагъал ралеб хIобол магIида
ХIапара бан буго багьадурасул.
Харил можрал ралел билал рагъаби
Хъанхъра речун руго, ва Чончол Муса[297].
Дур бартаби толел ХIасансаялда[298],
Сверун ралъад кIанцIун, гъанкъаги, Муса.
Давлаби рикьулеб Маркъубил[299] майдан
РекIун цIед бухIаги, бодул цевехъан!

[296] Гьеб Салиянил хан яги бодул цевехъан ватила.
[297] Чончол Муса – тIадегIан рехсарав Балахьуниса Мусал ГIадаласул эмен, живгоги машгьурав цевехъан.
[298] Гьеб щиб бакI бугебали роцIинабизе кIвечIо.
[299] Маркъуби (гуржи. – Марткъопи) – Туплисалдаса бакъбаккуде унаго, КIахеталъул кIудияб росу. Гьелдаса Къарби гIурухъе швезегIан руго кIудиял байдаби, жал магIарулазул боязул нухлъун рукIарал.



ГӀумма-нуцал (ГӀуммахан). Сурат бахъарав – ТӀ. Гъапуров.

## ГІуммаханасул жиндирго вазирасулгун – ГІалискандилгун ккарал жал

Эл ккун руго цо заманаялъ Гъумекире. ГІуммаханица абун буго ГІалискандида:

– РачІа, цо Гъумекдерил ханасда ракІалда бугеб жо лъазе цо хІилла гьабизе, – абун.

ГІалискандица абун буго:

– ГІемер жойищ эсие гьабизе ккелеб? Метер дуца цо дица абураб жоялде хилиплъидал, дун дуде вортанхъила. Дуца гьеб мехалъ нукарзабазда амру гьабе дун чІваян. Цинги дун лъутила, Гъумекдерил ханасде кІанцІила. Цинги лъала нилъеда гьесул нилъергун хІал кин бугебали.

Цинги гьез гьеб рехсараб хІалалда эб гьабун (буго) бодуе ханжу бикьулаго. Цинги ГІалисканди гьесул нукарзабакьа лъутун, ханасде кІанцІана. ГІалискандица ханасда абуна:

– Дицани хІал кІоларого тун вугин гьаб гважул когІо, дуца щай тун вугев?

Цинги ханас абун буго:

– Дунги гьединго гурищ, кикав чиян.

Гьанже эв, къаси вегизе индал, гІадам кьижараб мехалъ, ханасда хадув вилълъун вуго.

Гьанже гьев ун ватидал, Гъумекдерил ханас абун буго, цо борохь бачІун, ургьибеги лъугьун, борчІун анилан.

### ГІуммаханасде гьабураб буго гьабги

Чанги хан вахъарав гІатІиракьалда,
Пулаво кваналев, чалтук[300] бекьулев.
Цо хан вахъун вуго Хундерил ТІалтІа,
Харица галамал зодихъе ралев,
Маххул гьабуниги, галам толарев,
Гачил гьаруниги, сиял толарев.

---

[300] Чалтук – бацІинчІеб пиринчІ.

Маххда рукъардулел, къазе кIоларел,
ТIад чагIи толарел чуялги рекIун,
Чуяздеял кьалал киласалъулал,
Вахъана ГIуммахан гъизилбашалълъе.
ТIад тарихал хъварал дугъалги росун,
БацIил лъулдул ругел хъирмалги росун,
Дайитилал рачун, Угъузилалгун[301],
Гьениса вилълъана Нахъа ЦIорове.
Жанив гьиндив вукIун кIалден хьвагIидал,
КIалаюриб каву кIал-кIала чIварав.
КъватIив ТIалде вахъун туманкI рехидал,
Тулписалда ханги жанив вахчарав.
Гьединаб хIалалда жал ричIинагун,
ЦIоралъул гIорхъоде жал щвараб мехалъ,
Чапар витIанила дове ЦIоралде,
Я гьал шагърабазул шагьшагьаралъул
Щибал шагьрабазде каваби рагьун,
Тулписалда каву кIал-кIалаги чIван,
КIалагъоркье регун, хIатIида ккедал,
Хвалчен хьвагIанила Хундерил ханас,
Дир дин Исламилан гьаракьги гьабун,
Яъжуж-маъжужалъул гIорхъоде щвейгIан,
ГIаршалъул нуцIида цIар хъинтIизегIан,
Анкьабго зоб цIурал малаикзаби,
РухI бахъа-бахъарал нахъе руссана.
Микьабго зоб цIурал хIурулгIинзаби,
Микьабгоги рагьун, тIадбалагьана.
ХIалалаб давлагун, квер гIураб жогун,
Гьединаб хIалалда жал рачIинагун,
Огь, жиб рагIугеяб цо квешаб хабар,
Макьилъ бихьаниги, лъадал хIинкъараб.
Гьакил двари буго доб Дерметалда,
Дагъистаналъул хан хун рагIулилан.

[301] Нуцабазул гIагарлъудаса XVII гIасруялда лъугьарал рагIи билъарал тухумал.

Топил рохел буго муридзабазул
Хвеялъул мухIканлъи кодой щванилан.
Дуе рекIкI гьабурав ЧIарахъа гьобол,
ЧIаго дунялалда жив хутIугеги.
ГIуммаханил мисри боснобе индал,
МагIарда гъулдуца чIегIер бачIодай?
Гьиналъул мусудул Гъолоде щведал,
Гъулдузул чундуца магIил тIечIодай?
Дур къаданиб чIвараб меседил зани
ГIурусазул харид бухIун рагIула.
Сверухъе гьабураб киражалъул къед
Капуразул гуллид хъахIиллъун буго.
Бакъги цIакъ бухIулеб ЧIарталанубе
ВухIанищ, ГIуммахан, хинаб гьороца?
ЦIадги тирун балеб масжидул тIохде
Гъаругъанищ, лачен, гургинал гъуждул?
Дуда гъоркь рекIунеб цIахIилаб барти,
ЦIоралде балагьун хIихIилеб буго.
Дуда бакьулъ балеб чарамул хвалчен,
МагIида баралъуб гIодилеб буго,
Дур боял риххаяв лачен ГIуммахан.

**[ГIуммаханасде гьабураб]**

ГIенекке, гIадамал, хабар бицинин
Хайбаралде гIунтIун цIар рагIарасул.
ЧIахъаял, кIалъаге, гьунар ахIизин
Доб Мадинаялда рохел лъурасул.
Хайбаралде гIунтIун цIар рагIи гурищ,
ЦIоралда ханзаби жиндикьа хIинкъи?
Доб Мадинаялда рохел лъей гурищ,
Доб пиригIавнил уммат жиндехун руссин.
Меседил гьиндибе гьабураб лачен,
Гьунаралъе вахъа дове ЧIарахъе.
Гьунар Бичас кьурав ГIалил Зурпукъан,
КъотIаризе вилълъа капурлъиялде.

Маххда рукъардулел, къан жал чIоларел,
ТIад чагIи толарел чуялги рекIун,
БацIил лъулдул ругел хъирмалги росун,
Гъорлъе журан унел байрахъчагIигун,
Дайитилал рачун, Угъузилалгун,
ЦIоралъул хIал лъалев, хIинкъи тIагIарав –
ВачIумо ГIуммахан ГIурахъ[302] рещтIиндал,
Бугъи[303] цIакъаб тана тушманал шагьраз.
ГIурахъ чадиразул хъахIлъи бихьидал,
Хъалаби щапана мин[304] пачаясул.
ГIажиб-хан, ГIакъит-хан, Кулмали[305] бачун,
Мугъзада паж барал пилил боялгун,
КъватIиве вахъарав дов Рагьмузил шагь.
Полхица цулъарал чуялги рекIун,
Черхалда бер чIвани гIадан соролел,
ХъахIил маккал гIадал къолдайги ретIун,
Къад чирахъ бакулел ярагъалги ран,
Лъудби ругелаца цIаралги тIамун,
Лъудби гьечIелаца васиййат бахъун,
Мискин бардалъе садакъаги кьун,
Къулгьу цIалун ярагъ черхалдаги бан,
Цо хирияб дугIа хвалчадаги хъван,
Щварал гъолодисел Алазаналде.
– Ассалам гIалайкум, Хундил ГIуммахан!
– ВагIалайкум салам, ЧIарлъул бахIарзал!
– Дур бухьараб сапар саламалъеяв,
Давлагун рукъалде мун лъикI вачаяв.
…Азарго гIорцIмида гIарацги босун,
Нусго варанида хазинаги къан,
Щварав Ширакалде дов Ибрагьим хан,

[302] ГIурахъ – Кавказалъул кIудияб бал.
[303] Бугъи – къаси кьижизе бакI. ГIурахъ мугIрузда ГIуммахан щведал, гьениб гьес урду чIвайдал, жидерго рукъзабахъ сордо базе хIинкъун, хъалабазде, рохьазде лъутун гьенир чIолел рукIанин абизе бокьун буго кочIолъ.
[304] Мин – турк мацIалда «азарго».
[305] Гьанжесеб Азарбижаналъул ханзаби хIисабалда кьурал цIарал ратила.

Бархан бухIулесе хIал кьелин абун.
Вай, доб Бархан хъала[306], доб Байдан хъала,
ГIали, ГIумарида бахъизе кIвечIеб,
Бахъун боде кьурав нуциясул вас!
ГIажиб-хъала[307] бахъун, хъузхъул гъурарав,
Гумуш-хъала[308] бахъун, ясир гьабурав,
ГьерекIли ханасул улка чурхъарав,
Тушманал шагьраби хIатIикь тIамурав!
…Халкъалъул кIудияв къажаразул хан
АхIдезе рекIана – чIваяв имангьечI,
Хайбаралъул рагьу рагьун тейилан,
Цо бо бугин бачIун Хунзахъайилан,
Харица галамал зодихъе ралеб.
Гьезулги хан вугин ГIуммаханилан,
РещтIараб бакIалда тIад кIкIуй бетулев.
ГIали, ГIумарица лагIанат кьолел,
Накалда квер кьабгIун как бихxулезде
Биччан тана хвалчен Хундерил ханас
Яъжуж-маъжужалъул гIорхъоде щвегIан.
…Бакъги цIакъ бухIулеб ЧIарталанубе
ВухIанищ, ГIуммахан, хинаб гьороца?
ЦIадги тирун балеб масжидул тIохде
Анадай гъабугъун хIанил гъажаби?
КIабгуяб[309] сверун къан, къолдаби ретIун,

[306] Бархан (Вахани) – Гуржистаналъул гьанжесеб Харагаули мухъалда рохьаз рацарал кIкIалазда тIад бараб Хъала. Цебехун Туплисалдаса Кутаисалде унеб нухда, Имарати ракьалда гьеб бан букIана гьеб нух цIунизе ва ГIабашидзе гиназазул тухумалъул милклъун букIана. 1785 соналда ГIуммаханица гьеб бахъун букIана ва гьениса гIемераб боцIи босана ва Дарижа ГIабашидзе абурай гиназазул яс жиндие ячана ункъабилей чIужулъун.
[307] ГIажиб – гьеб бакI лъазе кIвечIо.
[308] Гумуш – гьанжесеб Гуржистан ва Армения хIукуматазул гIорхъода, хьуналаб Армениялда букIараб хъала. НекIо гьеб Гуржистаналде гъорлъе унел ракьал кколаан. Гьебги гIарац бахъулел магIданал цIунизе бараб букIана. 1785 соналда ГIуммаханица гьеб хъала, яргъил ххарил алаталги галаналда гъоркь лъун кьвагьана ва гIарцул магIданаздаса гIемераб гIарац-месед босана.

Къаси рахъун арал АхIматIханилал[310].
Къварилъи хIехьезе хвалчаби рорчун,
ХIатIил гьицIго арал ханасул чукъби.
ГIуммаханил мисри босун батидал,
ЦIоралъул гъулдуца чIегIер бачIодай?
Ханасул меседу Гъолоде щведал,
Гъулдузул тIанчIаца тIечIодай магIил?
ХIуби гIарацалъул, чIалу меседил
Нартил цIед бухIаги, кIвечIин КIилъилалъ[311]
ЧIабар якъуталъул, хъарщи меседил,
ТIун гIодобе агиян ана Хъисдаман[312]!
Жанив гьиндив вукIун хвалчен хьвагIидал,
Телавури каву дуца къотIулев,
КьуртIе ТIалтIе вахун, туманкI рехидал,
Тулписалда ханги жанив вахчулев
Хвеларо, хвеларо лачен ГIуммахан,
Хьиндалазул богун ЦIоров ватила,
Хвезе ресго гьечIин лачен Шагь-ГIаббас,
ХIалаж ГIабдулагин[313] гьакълилъ ватила.
Дуе рекIкI гьабурав ЧIарахъа гьобол
ЧIаго дунялалда жив кватIугеги!
ЧIарахъ гьоболалъул гьуинаб гьекъел,
Хвезе загьру бараб гьоцIо жубараб,
Гьуинищ, ГIуммахан, дуда бихьараб?
Дур хабада бугеб киражалъул къед
ГIурусазул харид чIегIер белъаяв!
Дур къаданиб чIвараб меседил зани
Азнавурзабазул гуллид борлъаяв!

309 КIиябго гъеж.
310 Магьдилазул ханзаби ва гьезул бо.
311 КIилъилай – ГIуммаханил тIоцеесей чIужу. Гьей ккола имгIал МухIамадмирзал яс, ай ГIуммаханил яцгIал. Хвана 1833 яги 1834 соналда.
312 Хъисдаман – ГIуммаханил кIиабилей чIужу. Гьей ккола Хайдакъ уцумил яс.
313 ХIалаж ГIабдула – ГIуммаханил Билканалда вукIарав божарав гьобол.



Чабхъен. Сурат бахъарав – Г. Гагарин.

**[Унсоколоса ХIожо]**

Дуниял бегаги Гаваз ханасе,
Хиянатаб рекIкIалъ руккел гъурарав.
Гъара бачIун, чIвайги чIегIерав Герги,
Галаналда нахъа хъаравул тарав.
ТуманкI речIчIейила ЧIегIер ХIожода,
Хвалчен кьабгIейилан дов дов лекIул[314] чукъби.
ТуманкI речIчIилаан ЧIегIер ХIожода,
ЧIегIераб чармилъе гулла кин къалеб?!
Хвалчен кьабгIилаан лекIул чукъбузда,
Чармил буцуралъан би чвахиладай?!
Гьединаб хIалалда хIамул гуржиял,
Галамалда нахъа хъаравуллъуда.
Хъурмазул кармангин Кегълъурул гIадав
ГIадаласул гьалмагъ ХIажимухIама –

[314] ЛекIи – гуржи мацIалда «магIарулав».

ХIал бикьизе вачIун ХIожо Сабуде.
Сабуда дариял Натли Симунихъ.
Сангаралде тIаде жал щвараб мехалъ,
АхIтIезе рекIана мацI лъалев хъазахъ:
– Хъулбузул щулияб, гачица бараб,
Маххуца къакъараб Къадру хъаладухъ[315]
Хъаравуллъун тарал таватиязул
ТуманкIул цIадулъан рорчIарал кинан?
Кутакалъ рагъулел, гъуждул гургинал
Гавазил чукъбузул кIалден хвалчабаз
Учахъалда жаний нуж кин риччарал?
– ГIенеккея хIама, хIама гуржияв,
Хъулбузул щулияб, гачица бараб,
Маххуца къакъараб Къадру хъаладухъ
Хъаравул лъун тарал таватиязул
Къадалги хутIичIо, щущазе гьарун,
Гьениб хъаравуллъи таватиязул –
ТуманкIул цIадуца рорчIарал кинан?
Кутакалъ рагъулел, гъуждул гургинал
Гавази чукъбузул кIолден хвалчабаз
Ухъахъалда жаниб нух кин бищараб?
ГIенеккея хIама – хIама гуржияв,
Хъулбузул щулияб, гачица бараб,
Маххуца къакъараб Къадру хъаладул
Гавазил чукъбузда чол лал тIамуна.
 Эзда тIад рукIарал кIалден хвалчаби
КIи-кIи цо-цоясе гьал бахIарзазул.
Би гьекъон, гьан кунел капурлъиялде
Карбитул цIад балеб цIу гуржиязде.
Гулил кIкIуй бетулеб таватиязда.
Те ле Симонил си, рухI босиларо.
Тела Симонил си, босуге дир рухI,
Рагъуларищ гьатIан бетIер къотIаяс,

[315] Къадру хъала – КIахеталдаса ЦIунтIа унеб нухда бараб хъала.

Къадалги хутIичIо, щущазаруна
Гьениб хъаравуллъи таватиязул,
ТуманкIул цIадуца бухIун рехана.
«Рагьила гьатIанрукъ, къотIуге бетIер».
Гьеб кIиябго рагIи кIалалъги абун,
ГIанкIилаб кIанцIигун кIудияв хIама,
ХIамилаб гьагIигун, гьвелаб вортигун
ГьерекIлил гъапуде ахIи тIамизе.
АхIи бан вачIарав чегIерав Гергиде
Гаргар гьабунила ГьерекIли ханас.
– Сабуда ухъахил хъухъуйгин гъугъай,
Гъулдузда цIад хIаллъун иххилцин гурищ?
Гачица щулияб, маххуца къараб
Къадру хъалаялде горойищ бараб?
– Сабуда ухъахил хъухъуйгин гъугъай
Гъулдузда цIад хIаллъун иххилни гуро,
ГанчIил ракIал ругел магIарулазул
МагIида хутIаял хъирмазул буго.
Хъаладул рахъалде гороги бачIо,
БачIана гуллил цIад, хъала чIунтараб.
Натли Симонихъе нижеде тIаде,
ТIаде Къадруялде – доб хъалаялде
Гуллил кIкIуй бетана таватиязда.
Гуллид хъала чункъун ЧIегIерав ХIожо,
ХIалае хунз рачун, рахсил кьо бахун.
Хъулбузул щулияб, гачица бараб,
Маххуца къакъараб Къадруги бахъун,
КъвачIил карман бачун, киве лекIуяв?
– Гачица къакъараб Къадру хъаладухъ
Хъаравуллъун тарал таватиязул
ТуманкIул цIадулъан рорчIарал кинан?
Кутакалъ рагъулел, гъуждул гургинал
Гуржи кIацIабазул кIалден хвалчабаз
Ухъухалде жаниб нух кин биччараб?

## [Урхъалиса Хъадар]

Вахъа, МухIамадгIали,
Урхъалиб[316] си ккве-кквезе,
Урхъалиса Чаландар,
Дирги ракIалъул гьудул.
РачIумо ухIлалгимо[317],
Вегъумо ХIайдарбеггун,
Урхъалдерил сивуда
Гаргадилел рукIагун,
АхIулеб ахIи буго,
Хъадар къватIив вахъаян,
ТIамулеб гьарай буго,
Хъадар кверде вачIаян.
Щибдай, киндайин абун,
Хъадар къватIив вахъиндал,
ГIалибегил Чупанил[318]
ЛахIчIегIерал аскарал
Сверун сида чIун руго.
– Вахъа, Хъадар, къватIиве,
Дуй рекIине чу кьела,
Борчине ярагъ кьела,
Магьдиллъила — лъикI тела.
– Гьедин вачIан витIичIев
КIудияс дун гьаниве.
ГIалибег чIван, чу рекIун,
Чупалав чIван, ярагъ бан,
ВачIайилан витIарав.

---

[316] Урхъалиб (гIурус. – Гукал) – Гъумеки шагьаралда аскIоб букIараб росу. БатIи-батIиял биценал руго гьеб росу бихххиялъул. Гьездаса гьоркьос, цоялда рекъон, XVIII гIасруялда, КвергьечIев Сурхайица гьебги бихххизабун, хутIарал чагIи Гъумеки шагьаралъул рагIалда гочинарун, гьениб авал гIуцIун буго. Гьелда Укъал яги Табахлу абула тумаз жидерго мацIалда.
[317] УхIлал – Лаваши мухъалъул УхIлиб росдал чагIи.
[318] ГIалибегил Чупан ккола 1620 с. хварав Гъумекиса ханзаюазул чи ГIалибегил вас. Гьев Гъумеки мухъалда рагIибилъарав чи вукIун вуго.

КӀудияс дихъе кьураб
Микьго тӀохьидул гулла
ГанчӀилъ речӀчӀун чӀинтӀичӀеб
Лъалеб ГӀалибегида.
Магьдица дихъе кьураб
ИчӀго чергес гӀочӀол чӀор,
ЧӀахӀилъе гьел хъурщичӀеб
Лъалеб гъумекдерида.
ХӀалайилан рачӀарал
УхӀладерил бахӀарзал,
Бахъун ярагъ кодой кьун,
КӀалтӀе лъутун лъугӀана.
Чи чӀвазеян вачӀарав
ХӀайнусарил ХӀайдарбег,
Бахъун шарбал гьежтӀа чӀван,
ЧӀанкӀ къватӀатӀа лъутана.
Агь, вочӀорав риххул чи —
Чи чӀвараб рагъ гьабурав
Хъарал Магьдил цо Хъадар
Хъала хьихьун хутӀана.
Руцби[319] кӀутӀун бихьана,
Роцен харил батана,
ЦӀанха[320] кӀутӀун бихьана,
КӀиго гулла батана.
Роцен харил гъоркье бан,
КӀиго гулла тӀад тӀамун,
ЦӀун хӀолбохъ эхетана
БухӀаяб гӀурус бахӀри.
ГӀалибегил чу рекӀун,
Чупаласул ярагъ бан,
Чукъаясул къо лъугӀун,

---

[319] Руцби – каранда ралел рукӀарал рагъул хер жани балел патираби гӀадал жал (гӀурус. – газыри). Цо роцен, гӀемерлъул къагӀида – руцби.
[320] Лакайдул гьабураб, гулби жани цӀунулеб чанта, жиб рачлихъе бухьулеб букӀараб.

Чукъа цеве лъугьана.
Чукъаясул каранда
КІиябго гулла лъуна.
БахІарчи лъикІас балеб
ЧІегІер чарамул ярагъ,
ГьечІищ лъикІав бахІарчи,
Бугин цо си бахъулеб?
Дун бахІарчи лъикІавин,
КІигІарчисев[321] кІанцІана,
КІал ккун, гІурус гІадалъ бан,
Гьевги ккезе гьавуна.
ГІурдалъ чІвараб чІор гІадаб
ЧІухІаб урхъадерил си,
Махил гъотІол кар гІадин,
Хьвар-хьвадизе рекІана.
Гьелдасаги щулияб
Сида сверухъе сангар,
ЦІад байдал миччил гІадин,
Бич-бичизе лъугьана.
Щибдай, киндайин абун,
Сидул тІохде вахиндал,
Дун сверухъе си буго,
Си сверухъе цІа буго,
ЦІа сверухъе рихьула
Чухъби халатал гъумек[322].
- ГІенеккея, ва гъумек,
Цо васиййат гьабизин:
Гьаб цІеца вухІаниги,
ХІал дица гьарулареб;
Гьаб кІкІуйца гьанкъаниги,
Аманги ахІулареб!
Росда нахъа хур буго,

[321] КІигІарчи – тумазул росу, Тумазул мухъалда, МукъаргІурул кІкІалахъ букІараб. Гьанже гІадамаз рехун тун буго.
[322] Гъумекисел.

Лъабил бутIа — васиййат.
БагIарчараб оц буго,
Хоб бухъарас хъве абе,
БухъичIого хутIани,
Жагьандаман дуниял!
Цо херай эбел йиго,
Хва абе къо щведалго.
Берцинай лъади йиго,
Холарес яче абе.
Цо гьитIинав вас вуго –
Аманат, Хъарал Магьди,
КъватIатIе рехун тоге!
Дарай-зарбал гъоркь тIамун,
ТIад регаралги хварал,
Хвезего бегьуларищ
Хъарал Магьдил цо Хъадар?
КъатIипаги тIибитIун,
ТIаде къанщарал хварал,
БухIун хвани кIваричIо,
Цо панаяб черх буго!

**[Хъарач МухIамае гьабураб кечI]**

– Рокъор ругонани, ЦIоралъул бицун,
ЦIоралда ругони, лъудбузул бицун,
ЧIалгIун руго дида нуж, гIолохъаби.
Рилълъа, ле, рилълъинин нилъго ЦIоралде,
Сасумо рагIулин цIахIил Алазан.
РачIа, ле, бухьинин хIалалаб сапар,
Кьижумо рагIулин хIакъаб капурлъи.
– Сасунебгоядай цIахIил Алазан,
Азарго иццул лъим гъорлъе жубараб.
Кьижулелгоядай хIакъаб капурлъи,
ТуманкIул кIалалда макьу бухьарал.
Алазанги къотIун, Къарбиги бахун,

Коралъул рахъалде жал щвараб мехалъ,
Сасумо батараб цIахIил Алазан,
Кьижумо батараб хIакъаб капурлъи.
Кьижарав капурчи – агь, жив ворчIигIан,
КIикъоялда анцI-анцI хунжруца хъуна,
ВорчIарав капурас ярагъ базегIан,
Лъабкъоялда анцI-анцI хвалчаца чIвана.
Гьединаб хIалалда жал кьабгIелагун,
Цо галлам батана гачид къачIараб.
Гачица къачIараб малад биххана,
Маххуца къачIараб хунжруз къотIана.
Галмида нахъехун цо си батана,
ХъахIилаб зодихъе тIулби рагьараб.
Цо тIалаги ричIун жанир раккидал,
Гьелда жаний йиго кIиго меседу:
Цо – ца маргъалулай, цо – гъал гIарцулай.
Цо ца маргъалулай – ма, игьалисев.
Цо гъал меседилай – ма, цIатIанихъев.
Цоги тIала ричIун, жанир лъугьиндал,
Гьелда жанир руго ясалгин васал.
Ясал рокьанани – мусудул рачун,
Катанал жемизе гарбал халатал.
Васал рокьанани – чергесал рачун,
Чакмабазда жанир угъдул гургинал;
Жидейго гIезегIан гIарацги босун,
ГIунги тIокIлъизегIан меседги босун,
Гьединаб хIалалда жал рачIинагун,
ВачIинев вихьула чIваяв ГьерекIли,
ЦIад баялда цебе чIегIер накIкI гIадин,
ЧIахIиял аскарал цадахъги рачун.
Инжил цебе рехун, хъанч нахъе рехун,
Гьедана имангьечI инсул гьаялда,
Гьаб нухалда нахъе вуссинарилан.
...Рухъе, гIолохъаби, тIерхьунел гундби,
ТIагъур бахъунилан дос нилъ теларин.

Гьаре, гIолохъаби, лебалал сунгрул,
НакалтIа ккунилан нилъ рорчIиларин.
Хонжроца гIери ссун, сангаралги къан,
Гъоркь рекIарал чуял бачаеги[323] лъун,
Кьвагьезе рекIарал гьел гIолохъаби,
КьабгIезе рекIарав Хъарач МухIама.
Кьвагьа-кьвагьаралъул речIчIи бихьидал,
АхIтIезе рекIана мацI лъалев хъазахъ,
Гьаб гьитIинаб къокъа кисаян абун,
Къокъадул цевехъан щиб росулъаян.
– Гьаб гьитIинаб къокъа белехьгин ансал,
Къокъадул цевехъан Хъарач МухIама.
– Белехьилан ккечIо, хунзилан ккана,
ТуманкIул кьвагьиги хундерил буго,
Ансалилан ккечIо, хунзилан ккана,
Хвалчадул чапиги хундерил буго.
– ВачIа, Хъач МухIама, рекъел гьабизе.
Ясал рокьанани, мусудул кьела,
Васал рокьанани, чергесал кьела,
Нужейго гIезегIан гIарацги кьела,
ГIунги тIокIлъизегIан меседги кьела.
– Нужед нижей кьолел васалги ясал, –
Бичас нижей кьолел хIурулгIинзаби.
Нужед нижей кьолеб меседгин гIарац, –
Бичас нижей кьолеб Пирдавус алжан.
ГьерекIли хан чIвала, чуял рекIина,
Азнагьурзаби чIван, лъудби рачина,
Цо гIайибни ккана цевехъанасда,
Нахъа ЦIоров вагъун, Гъолода чIейи.
Цойги гIайиб ккана Хъарач МухIамил
Ругъун щвараб лъайдал горлъ жувачIолъи.

[323] Бача яги хъалхъан – рагъухъан цIунизе цебе кколеб рагъулаб алат.



Къарби-гІурухъ ккараб рагъ. Сурат бахъарав – Н. Самокиш.

**[ГІалибулатиде гьабураб кечІ]**

ГІенекке, гІадамал, хабар бицинин
Хвалчен бегун тарал Дайитилазул[324].
ЧІахъаял, кІалъаге къиса рикІкІинзин

[324] Дайитилал – Хунзахъ чІчІей букІараб рагъул церехъабазул тухум. XVII гІасруялъул байбихьуда гІумру гьабулев вукІарав ГІума-нуцаласул вац, жиндие кверщел-ханлъи щвечІев Сулайман ккола гьеб кьибилъул кьучІ лъурав чи. Гьесул вас ГІалисканди вукІана машгьурав магІарул бодул цевехъан ва гьесул хоб букІана Лъарахъ авалалда Элдаровазул къавулъ. Гьев ГІалискандил васасул вас – Дайит (гуржиязул Давид магІарулаца босана Дайит къагІидаялда) лъугьана гьединго машгьурав бодул цевехъанлъун ва гьесдасан щвана тухумалъе гьеб цІарги. Дайитил вас вукІана Хъарагиши, гьесулги вас Беццав Чупан, 1774 соналда рекІкІ гьабун къажараз МухІамад-нуцал чІван хадув магІарул бо хвасар гьабун гьениса Хунзахъе бачарав чи. Гьев Чупанил вас ГІандалавги лъугьана бодул цевехъанлъун, амма машгьурлъана 1802 с. КІудияв ГІуммаханил вац Гебек чІваялдалъун. Гьев Чупанил вукІана чанго вас, амма бищунго магІарулазда гьоркьов цІар аравлъун ккола Хириясулав ва гьесул вас ГІалибег, жиндир АхІулгохІалда бихьизабураб бахІарчилъи щибав магІаруласда лъалев.

Дугъал регун тарал Угъузилазул.
Гьал Дайитилазул хвалчен бегидал,
Хундерил боялъул наку хъухъана.
Дол Угъузилазул[325] дугъал регидал,
Диналъул тушманас рохел гьабуна.
Маххул хIосал рарал каваби рекун,
Кархана[326] бикьараб Дайитилаца.
Киражалъ гьарурал сияхъе[327] кIанцIун,
Дараял рихъарал Хундерил бое.
Гишихъе[328] данделъун, диван гьабидал,
ГIакълу лъица кьелеб дур кьибилалъе?
Дур чу басандулел Нуси байдаби[329]
Наккаби хIунчараб ахир замана.
Ханасда тIад лъолеб гебергараб рагъ
Гьанже гIодобцана, ва ГIалибулад[330]!

---

325 Угъузилал ккола тIадехун рехсарав, XVII гIасруялда гIумру гьабулев вукIарав Сулайманил вац ГIандуникил наслу. Гьев ГIандуникI вукIун вуго вихьизе залимав, вахIшияв чи, ва гьелдалъун гьесул букIун буго Угъуз абураб тIокIцIар. Хадуб гьев ГIандуникIил вас МухIамадханида гьеб Угъуз абураб тIокIцIар рекIон буго, инсул цIар хIисабалда. Мисалалъе, 1666 с. къабул гьабураб цо документалда гьесул цIар хъван буго Угъузил МухIамадхан абун. Хадубин абуни гьеб Угъузилал абураб цIар тIолабго гьесул наслуялдаго рекIон буго.

326 Кархана – щибниги алат-нигIмат гьабулеб идара, ай завод-пабрика. Гьаниб бицунеб буго 1785 соналда КIудияв ГIуммаханил нухмалъиялда гъоркь гуржиязул хан ГьерекIлил букIараб гIарац-месед бахъулеб магIдан ва гьеб биунеб кархана кодоб босиялъул.

327 ХIаршул бакIалда гач, ай кираж хIалтIизабун эхетарал сиязул бицунеб буго.

328 XVIII гIасруялда Дайитилазул тухумалъул кIудияв чилъун вукIана Хъарагиши, жив гIага-шагарго 1700-л саназда гьавурав. Нахъа гьесул бакIалда лъугьана Хъарагишил вас Чупан, жив Беццав Чупанилан тарихалда лъалкI тарав.

329 ТIалъиялда, ТIануси росдадаса гъоркьегIан, ЦIада росулъе швелалде рукIарал байдаби.

330 Дайитилазул кьибилалъул машгьурав рагъухъан. Гьев ватизе вуго Хъарагишил вас яги вацасул вас. Къарби гIурухъ, 1800 соналъул 7 нояберaлда ккараб рагъулъ гIурусазулгун гуржиязул аскаразда тIаде кIанцIулаго гIарадаялдаса кьвагьараб сачмаялъ чIван вуго Дайтилазул

Гъункарасул лъудбуз керен бухарав,
Керен кьун хьихьичIев, ва ГIалибулад,
Карандаса ругънал раккулел руго.
Маккашарипасул ясал гIодарав
ТIулал вац вукIинчIищ, СултIан цевехъан?
Нижер бурдуздаса нур босун ана,
Мунго чи гIелалде, чу цебе кIанцIун,
Чурхъараб дир лачен, дуца росаби.
Росабиги чурхъун рачарал ясал,
Хъарсалдеги[331] рачун, меседихъ кьурав.
Михъазда бил лъурал азнавурзаби
ГьоцIдерил къватIазда къвалид рикьарав.
Азнагьурзабазул угьараб хIухьел
БухIаяб ЦIоралда накIкIлъун тIупула.
Къарби мусудузул тIинкIараб магIу,
Хариде бараб тIегь чурун бакъвала.
Мусудузда бараб сири къотIана,
Сиязда бакараб багIар цIа сванин.
Байган, ГIалибулад, хутIарав лъанин,
ХантIан бахъун партал кваридаги бан,
Вега мусудузда, Герги Мирзалав.
Зурма-къали босе, мусудул раче,
Лилу мегIералда данделъе гьабе,
Дунял биххизегIан рохел гьабизе.
Гьаб дуниялалъул кверкъел бекидал,
Керен унтичIебдай ГIалихъиличил,
ГIодичIодай берал Булачил Задал[332]?
Дур цIахIил гIаларча гIорда бихьидал,
ГIарада речIчIарав чIваяв ГьерекIли.

---

ГIалибулад ва жеги щуго гьеб тухумалдаса бахIарчи. Жеги живго ГIуммахан лъукъун вуго ва чIван вуго машгьурав бахIарчи КIкIаратIаса Гушу.

[331] Хъарс – турказул бакъбаккуда букIараб шагьар ва щулияб хъала. МагIарулаз Гуржистаналде чабхъенал ва рагъулал сапарал гьарун, унаан гьенире хасел тIамизе ва даран гьабизе.

[332] ГIалихъиличгун Булачил Зада рукIине ккола ГIалибулатил эменгун эбел.

ГIуммаханил чадир чулид[333] чIван бугин,
Чу лъица кьололеб, ва ГIалибулад?!
ГIалискандил[334] дугъал къеда ран ругин,
КъватIив щив вахъинев, Ижарукъилав[335]?

### [УхIладерил ХIасанхан]

Варакъалъ хъвара Къуръан,
ХIежрукъалъул нуцIбал къан,
УхIладерил ХIасанхан[336],
ГIаммаги хабалъ лъедал.
Шагьрустаналда хъвараб
ГIараб мацIалъул дугIа
Бихъанин, гIалимзаби,
Азайнуб[337] хъалаялда.
Хъала сверун сур пунин,
Сундейила ракI гъолеб.
Симиралда эбел чIун[338],
Сверухъ дуниял нугIлъун,
Дунялго къалеб къолден,
Къварид вуго Хундил хан,

---

[333] Чули – мечI, гIури чIвараб майдан.

[334] ГьоцIалъа ГIалисканди (хв. 1814 с.) – КIудияв ГIуммаханил вазир.

[335] Ижарукъилал ккола гьоцIдерил рагIи билъраб тухум. Гьев ГIалибуладги гьезул чи вукIун ватила.

[336] Магьдилазул хан (1808-1818 сс.). УхIлиб кколаан гьезул тахбакI букIараб росулъун ва гьелдалъун магIарулаз гьел рикIкIулаан УхIлиселлъун, жидерго чанги батIияб бакIалда чIей бугониги. КIалгIа – гьин гьесул букIана Гъоркь Жунгуталда. Гьесул эмен ккола магьдилазул хан ГIалисултIан (1773-1807 сс.), эбел – КIудияв ГIуммаханил яц Хъистаман. ГIурусазул инарал А. Ермоловасде данде вахъун, гьев 1818 с. къуна ва гIурус аскаралъ Жунгут росу гьужумалъ кодобе босун, биххараб мехалда ХIасанхан Хунзахъе лъутизе ккана. Хвана гьев 1819 соналда. Ермоловас абуни, гьеб Аварзул нуцабазул гIуцIараб Магьдилазул ханлъи бикьана жиндие мутIигIав Таргъуялъул ханасе.

[337] МагIарулаз Таргъуялда Азайнуб абулаан.

[338] Ермоловас гьесул эбел гIурус ракьалде симир гьаюн (гIурус. – «ссылка») йикIун йиго.

Таклималда[339] лъалеблъун,
ЛъаргIир[340] нуцаби тIагIун,
Цо жив хутIанин абун.
Маккаялъул булбулхIинчI
ХIадисалде буссани,
ХIал инаребдай тIаса
Бусурманаб ракьдаса?
Магърибаталъулаб гIеч
Хайдакъалда[341] барщани,
Ккелародай, дир Бечед,
Гъоркь букIатIе Дагъистан?
Дунял бакьулъ КагIбарукъ,
КигIандай къварид буго:
БачIун рещтIун капурлъи
Кунел лъачIищ лъарагIал.
КагIба битIун тIаса зоб,
Хар, аманат дугIадул,
Азайни хъалаялда
Хабалъ лъолеб жаназа.
Их бащалъидал щолеб
Гьаракь берцинаб гагу,
Гавуразул гьакаца
Къолеб буго Магьдил иц.
Гьакил двари бахъани,
Дагъистан гьалаглъулин,
Вахъа, Гъуйнахъ МухIама,
Шамхаласде иман лъе.
Шагьидул дулугъ лъедал,
Даргал бо[342] къварид бугин,
ГьечIищ ияхI бугев чи

[339] Мекъса хъвараб Талгим батизе ккола гьаб.
[340] ЛъарагIлъиялда.
[341] Хайдакъ – гьанжесеб Хайдакъ (Кайтаг) мухъгун гьелда сверухъ рукIарад ракьал жани бачулеб букIараб улка-ракь.
[342] Даргиязул бо, ГIахъуша ва гьелде къуларал даргиязул жамагIатал.

АхІлъим[343] бахун анивхун?
АхІлъим къалел къокъаби
Ккун ругин къварилъуде,
Мисриял кІалдабазул
Хун бугин магІдан-къимат,
МагІ берцинал хъирмазухъ
Кьолебани хъахгІарац!
БухІаги бакъул дунял,
Хун бугин яргъил къимат!
Къвал базилан йикІана,
Къирбалалде йиссине.
Йурталъул[344] бод таниги,
ТуманкІул рагъ гьабурал,
Тушманзаби рачІиндал,
КъулгІа сонгрое ккурал
Сверун гІурус лъугьиндал,
Мажгит борлъун рагъ барал,
Хирияб къоялъ хъурал
Къурбанал гъоркьго тарал,
Къварилъаби ккедалги,
КІвараб ияхІ гьабурал.
Мисри-Шам разилъаял
ГІаймакдерил[345] бахІарзал.
ГІодоб ракьда кьвагьи лъун,
ХъахІил зодихъ гъугъай лъун,
Жаниб багІар цІа тІамун,
ГІаймек рухІулеб къоялъ,
Аман, Аллагь — дир Бечед!
Кир ругелги гъазизай
Кир ругелги чІаголъун,
ЧІухІарав ГІумахангун

343 Билканалдаса ТІад-МагІарухъе унаго бугеб габурлъи.
344 Йурт – гьанжесеб Лаваша мухъалъул магІарул росаби.
345 ГІаймаки росуги унаан Магьдилазул ханлъиялда гъоркье, амма аслияб гьезул пиша букІана – рагъухъаби чІезари.

БакI-бакIахъан рикь-рикьун,
Ракь-ракьалъул бо гьабун,
Бол диваналде вахъун,
Цо кьвагьи лъун бихьизе
ГIаймек рухIулеб къоялъ!
Боржунеб цIудудаги
Лъалеб анищ парси мацI[346],
ЦIамул хур щун бугилан,
Хабар босун битIизе.
Цинги анищ, Къудратав,
Къункърад руссен гьабизе,
Росу бухIарал гIаймек
Руссун гIодой риччазе.
Давуд къолдаби анищ
КIикIундерил[347] росдае,
Къварилъаби ккедалго,
КIвараб ияхI гьабурал.
Къадги анищ чирахъал,
Хьергебдерил[348] мажгитухъ,
Росу бухIарал гIаймек[349].
Рес батийгIан хьихьарал.
Гьардолаан Дагъистан
ГIумахан[350] хвагийилан,
Гьанже хванин ГIумахан,
ГIурусал щай риччалел?!

[346] Иранազул мацI.
[347] КIикIуни – Хьаргаби мухъалъул росу.
[348] Хьаргаби росу XVIII гIасруялъул ахиралде швезегIан унаан Магьдилазул ханлъиялде гъоркье, нахъа гьел лъугьана Хьиндалазул бодулъе.
[349] ГIаймакисел.
[350] КIудияв ГIуммахан (1761-1801) – магIарул нуцал (1774-1801).

## [ГІашилтІаса Хъазиде[351]]

ГІенекке, гІадамал, хабар бицинин
Хочол гонгинисан би гьекъарасул.
ЧІахъаял, кІалъаге, къиса рикІкІинин
Хвалчакьан борчІараб ругІел кварасул.
Хочол гонгинисан би гьекъей гурищ,
Элдарил би гьекъон, къечІогун вагъи?
Хвалчакьан борчІараб ругІел квин гурищ,
Ярми[352] къажар[353] гъурун, халкъалда рагІи?
Хъван кагъат щванила Хайдакъ уцумил
Гъазданущив[354] вугев ЦабигьечІихъе[355],
Хъази цадахъ вачун, болълъе къачІаян,
Чи витІун, ахІарав дов гІашилтІасев.
ГІадамал хІайранаб ретІелги ретІун,
Индиралда рищун чуялги кьолон,
Чергесалъа рищун тІад кьалалги лъун,
Кьвагьун рихьун хъирмал хъатикьеги ккун,
ЦІцІан рихьун хвалчаби бакьулъги рорчун,
Лъабазар рекІарав цадахъги вачун,
Вахъун щварав Хъази Хъазданущиве.
– Ассалам гІалайкум, Хъездендил шагьар!
– ВагІалайкум салам, Хъази багьадур!
Бухьараб дур сапар саламалъаги,
Саламатго рукъде мун лъикІ вачаги,
ЦІоралдаса давла дуй насиблъаги,
Давлагун рукъалде мун лъикІ вачаги!

---

[351] Машгьурав бодул цевехъан. Гьес 1774 соналда Хъупаялда аскІоб бугеб Гавдушан абураб бакІалда Хъупаялъул ханасул аскар гъурулаго бахІарчилъи бихьизабуна.
[352] Яримал – рихарал, сурарал.
[353] Хъупаялъул хан ва гьесул сверухълъи рукІана къажарал, ай турк мацІ бицунел шигІиял.
[354] Гъазданущиб (гІурус. – «Нижнее Казанище») – Шураб мухъалъул росу.
[355] МухІамад ЦабигьечІ – магІарул нуцал МухІамаднуцалил кумекалдалъун Шураб мухъалъул ханлъи кодобе босараб бег (1763-1774 санал).

...Рохел гьабунила хъездендерица,
Хъази нилъей щванин, щиб нилъейилан.
Салатгирайигун Таймасхан рачун,
КIиявго Исбагьан[356] къватIив вахъиндал,
Зобал цIунщинаца амин абуна
Махлукъат бижарав Ихтиярасда,
Къажарал гъуризе гъалбацI тегиян.
ТIовитIизин арав хъездендил къади,
Хъатид магIу бацIцIун, нахъе вуссана,
РуссунгутIиялда дир ракIчIанилан —
ЧIун бутила тIад нур дов кIиясдаго.
Гьеб камилаб къокъа цадахъги бачун,
РещтIанила Хъази доб Худаталда.
ВачIинев рагIула чIваяв Хъупа-хан[357],
Чол гьаказда тIад къан гIарадабигун,
ГIурцIмазда бухь-бухьун топтаханагун,
Улка толарев мун, гьайт, вихьилилан!
Хъазил къокъаялъул къачIай бихьидал,
АхIтIезе рекIана чIваяв Хъупа-хан:
– Месед бокьанани, хулжица кьела,
Хазина бокьани, гIурцIмад буххила,
Улка къваригIани — кIи бикьун кьела
ВачIадила ракълий, дир гьитIинав вац!
– Дурги дирги инсул рекъел батана —
ЦоцатIе битIулеб тIухьидал гулла.
Гьанже кIиясулго камилаб рекъел —
Цоцазда кьабгIулеб чарамул хвалчен.
Агь, нилъеда гьоркьор маслахIатчагIи!
Гьеб кIиябго рагIи кIалалъги абун,
Мокъокъалъ речIчIулеб къвекIаб цIум гIадин,

[356] Исбагьан – Ираналъул тахшагьар. Гьаб сипат гьабун буго гьел бахIарзазул къуват бихьизабизе гIоло.
[357] Хъупа хан ПатагIали (1758-1789 сс.). Хъупа ханлъиялде гъорлъе унаан гьанжесеб Азарбижаналъул бакъбаккул рахъ, Бакуялдаса Дербенталде швезегIан.

РечIчIанила Хъази дол хъизилбашалъ.
Бода тавпикъ кьолев Элдар-ханасул
КъотIун хIетI-бетIерги кьолохъ бухьана.
Хъурайсин хIинкъарав чIваяв Хъупа-хан,
Бол рагIалде тIамун, гьалаг гьавуна.
Гьаваялде араб Баку-Салиман[358]
Аманалде ккезе жинца гьабурав,
Халкъалда рагIараб доб Дермет-гъапу[359]
Бахъун боде кьурав ХIажи-Мамалав!
Аварагзабазул заманаялда
Зурпукъан ГIалица ралъдалъе рехун,
Жаниб бугебщинаб хIутI-хъумур хъвехъун,
БилбагIар гьабураб кIудияб ралъад.
Багьадур Хъазица хъизилбаш гъурун,
Кьер свине гьабураб доб Самуралъул.
Мокъокъий лъим гьечIеб ЦIарахъ[360] кIалтIутIа
Бица лъадарарал чармил хвалчаби.
Эхебехун унеб Самуралъул гIор
БагIар гьабун араб цо гIашилтIисес.

**[Къацарал МухIамадиде[361]]**

Рорхатал хъалабазда
Хъаравуллъи толаро,
Хъацарал МухIаммадил
Чол бо биларалдаса.
ХъахIилал галамазда
Маххул хIосал раларо,
ЦIор къуркъулев багьадур

[358] Бакугун Салиман (Кор гIурул рагIалда букIараб гьитIинаб ханлъи) кколаан Хъупаялъул хан ПатагIалил кверщалида ругел улкаби.
[359] Дермет-гъапу – Дербенталъул каву.
[360] Самур гIоралъул рагIалда, гьанжесел Азарбижангун Дагъистаналъул гIорхъода бугеб бакI.
[361] ГIашилтIаса бодул цевехъан. УхIладерил ХIасанхание кумекалъе ун, 1818 яги 1819 с. гIурусазулгун рагъулъ чIвана.

Къанабазукь къанилпан.
Гъункарасул тахида
Тарих цІалун рагІула,
ЦІор къуркьулев багьадур
Къанабакье къанилан.
Дагьнаялда[362] ханасги
Рохел гьабун рагІула,
Хъацарал МухІаммадил
Чол бо биланин абун.
Гамида байрахъ чІвалел
ЧІухІал абицарзабаз
Иман гьечІел гІурусал
Рачун ругин ЛъаргІире,
Индиразул росабалъ
Килисаби ралилан,
Шамхаласул гьундузул
ГьатІанал гьарилилан.
ЦІатІанихъа Хъайитмаз,
ХъахІабросулъа ХІосен,
ГІадилгимо Герайи,
Парилросдал[363] ХІасанхан,
Аман анищ ГІуммахан –
ЧІухІун бугин капурлъи.
БулбулхІанчІи ахІтІолел
ГІешдерил Нахъмагъилъ
МагІил гьаракь рагІидал,
Паналъараб дунията.
ЧІухІаразе тІутІ лъолеб
МухІаммадил нахъарукъ, –
Жаниб къулгьу рагІидал,
Къварилъула дир керен.

[362] Дагьна – Азарбижаналъул Шаки, ай Нухаялдаса бакъдар рахъалдехун бугеб гьитІинаб ханлъи. Кор гІурул кваранаб рагІалда бугеб мухъ.
[363] Парилросу (гІурус. – «Параул») – Къарабдахъ мухъалъул росу. Гьаниб гьин-кІалгІа букІана Магьдилазул хан ХІасанханил (1808-1819 сс.).

КIалалъ чагIи чIва-чIвалеб
ЦIахIилкабаб бида дур
РагьтIе бачIун пунхъидал,
Хонотарай[364] дур лъади.
Таватиял[365] кIурулеб
МисрикIалден – дур хвалчен
Лъалиниб зигардидал,
Бесдаллъарал дур лъимал.



Хъами. Сурат бахъарав – М. Лермонтов.

[364] Къоролайлъун ккарай.
[365] Гуржиязул бегзабазда бицунеб рагIи.

*(Цересел гIадамазул хатIалъ цебесеб кагъаталда хъван ратарал кочIол рагIаби, тIад щибго игIраб-нукътIаги гьечIого):*

* * *

Килас бараб тайичу,
Тоге, васав, дун рехун,
Ахикь щвараб гIинтIул тIегь,–
Дица мунги теларо.
Михъал раккун мун вуго,
Керен баккун дун йиго.
Ургъалида мун вуго,
МахIалалда дун йиго.
Барщидал квинчIеб курак
Гъоркье бортун турула.
Барщидал квер лъечIеб кек
ХIасраталда биуна.
Беразда чакар буго,
Кваназе дуда лъани.
Каранда гьоцIо буго,
ЦIвизе махщел гIунани.

* * *

Дирги дурги къисаби
Мисриялде щванани,
Мисриялъул шарипас
ШигIруялда ахIила.
Дирги дурги хабарал
Гъункарасде щванани,
Гъункарасул дибирас
Хабаралда бицина.

* * *

Дирги араб ЦIоралде
ЦIал кIутIичIеб тайичу,

ЦIоралдаса бачIинчIо
Милъир хъахIаб итаркIо.

* * *

Къарбуялъул рахъалде
Мисри чамасдакил гъветI
БарщизегIан дуца тун,
Квана рагIал чидаца
Чамасдакил гъветIалъул
КIаркьен багIараб кьегIер,
Кьур-кьудизе дуца тун,
Хъун рагIула гIадамаз.



**(Имам ГъазимухIамадиде гьабураб кечI буго гьаб)**

ГIенекке, гIадамал, хабар бицинин
Халкъалда рагIарав цо генусесул.
ЧIахъаял, кIалъаге, къиса рикIкIинин
КъватIиве вахъарав ГъазимухIаммил.
ГьаракIуни СагIид[366] къватIийги витIун,
Къо кIудияб босзе боялги рачун,
Тушман теларилан ругьелги гьабун,
Индиралде гIунтIун лъарагIги бачун,
ТIехIнуцаллъул боде кагъталги ритIун,
ГIандал рухIизилан, бакълъулал рачун,
Дол гьитIинал инкIкIел[367] рекIкIалъги росун,
Хъван кагътал анила ансадерица
ГIатIгого гьан кунел гIахъвадериде
Къаде какил гIужалъ тIаде щвайилан.
ТIад магъало бугел гIаралги рачун,
ТIаса лагълъи инчIел херехьги рачун,
Халкъалда рагIарал гIандалги рачун,
ГIурмиго тушманал мущулги рачун,
Нусабго росулъе гIакIаги ахIун,
Щварав РагIадутIе ГъазимухIамма,
ТIаде магIаруллъи чапилин абун,
Лъабавго ханасул улка квинилан.
ТIаде магIаруллъи киндай чапулеб,
Дол ханасул васал чIаго рукIагун?
Лъабавго ханасул улка кунебдай,
Хъалаби рахъулел хунзги нахъе тун.
БогIолъ гьоло гIадал цIетIенгин кулал[368],
Кверал рухьун ана ГIандире ритIун.
ХIакъаб капурлъидай кулал рукIарал,
Кверал нахъе рухьун рагътIе рачине.
Сиял къачIай абе дой КIилъилалда[369],

---

[366] Машгьурав гIалим (1764-1834 сс.), гъазаваталде данде чIейдал, гьев росулъа лъутизе ккана ГъазимухIамад вачIинев вугин лъараб мехалъ.
[367] ИнкIкIвалитIа росдал гIадамал.
[368] ЦIатIанихъ ва Колоб росдал чагIи.

КIудиял аскарал рачIинел ругин,
ХIебдалазул чIухIби чIва-чIвалин абун,
Хундерил нуцаби рецилин абун.
Дов ГIалимчул ХIусен къадилъунги тун,
Дов ГъоцIалъа ХIамзат ханлъун телилан.
Инсул ватарав лагъ хвалчаца чIвайдал,
ЧIалгIен тун рагъарал Чупанил[370] васал.
Чол тируе гIолеб Къвегъада байдан[371] –
Къаргъа гъабун тараб лачен ГIандалас[372].
Ханзаби рукъулеб Нахъа Къвегъада,
Гъорлъе жуван арав игит Таймасхан[373],
Дол лъархъалгин ччатал[374] хадурги гъарун.
Чанги галамалда гулла речIчIарав,
Чанги габуралда хвалчен къабгIарав,
Унтараб гъаналъе кверги сабабав,
ГьечIо нахъе хIаким мун хвconfigалдаса.
Чанги бо балагьун гьунар гьабурав
Гъонохъа Шагьидав ЧIудалъ[375] чIван тана.
Лъабавго ханасул рахьанал[376] чIвайдал,
ЧIвачIого кин телел нуж хундерица?
КьагIи расандулел хабал ахада
Хвалчаца гъурарал бакълъулазул бо.
Рищни-щвайи балеб къадада нахъа
Гъанал мачIу къараб гIолохъабаца.

---

[369] КIудияб ГIуммаханил чIужу. Гьей кколаан 1772 с. чIварав МухIамаднуцалил вац МухIамадмирзал яс. Гьевги, гьесул васги хун хадур, гьей бесдал яс хутIичIого ва гьелъие кколеб ирс чидае швечIого, гьей кьуна гьелъул вацгIал КIудияв ГIуммахание. Хвана гьей 1833 яги 1834 с.
[370] ТIадехун рехсарав Беццав Чупан.
[371] Хунзахъ шагьаралдаса хьунал рахъалда, Байикь, ЧIондокьехун балагьараб рагIалда бугеб майдан. Балагьараб мехалда, гьелъул цIар лъугьун бугин ккола, къаргъа абураб рагIудаса. Къаргъа хIалеб бакI – Къвергъада, Къвегъада.
[372] Беццав Чупанил вас ГIандалав. ТIадехун рехсон вуго.
[373] Беццав Чупанил вас Таймасхан.
[374] Хунзахъ шагьаралъул Лъарахъгун, ЧчототIа авалазул гIолохъаби.
[375] Хунзахъ шагьаралъул гьитIинаб роххен, ЩулалъутIа, Самилахъ авалаздасан гIодобегIан, Лъарахъ авалалде щвелелде бугеб.
[376] РекIарал.

Гьеб гьересийилан лъачIес абуни,
ЛъечIищ мусрал рачIел гIеркъазда гьоркьор.
МугIрул гIорхъи чIвалеб ГIалил Зурпукъан
ГIанса босун щвана Къигъа рагIалде.
Я гьел хундерие хъван кьураб тарих –
АхIтIезе рекIана Султан-хIажияв
Магьи хъахIал хъирмал речIчIугейилан.
Магьи хъахIал хъирмал гIурдадеги ран,
ГIедегIулел руго гIехьелгун сахъал[377],
Сири балеб буго Бакълъул боялда.
Дол ханзаби ХIорихъ ратарал ани,
ХьвагIилаан хвалчен хьиндал боялде,
Доб бакълъул боялъул гIорхъолъе щвейгIан.
ГьитIинго вукIагун кIодолъи щварав,
КIудал ханзабаца кодохъ восарав,
Аварагасул хоб жинда бихьарав,
ХIежрукъалда сверун суннатал рарав,
Султан-хIажиясул мегIер борлъизе
ГIайибилан ккечIищ гIехьелдерида.
ГIалаби тIаде гъун, тIилалги кьабгIун,
ВитIун арав чапар тIилад вухидал,
ТIунила гуллаби гIолохъабаца.
ТIохал рорхаталъур сангаралги къан,
Сиял рорхаталъуб рагъдаги гьабун,
ХIажизабазул бо гъурилин абун.
Хундерил хIал лъарад хьимакъгин щатал[378],
МоцIрол хьибил ккураб канаб цIва гIадин,
Хундерил хьибил ккун сивутIа руго.
Боржунеб цIум хъвачIел дол цIорол гохIал
Гендерил чIверуца гIорогун руго.
ЧIегIер гъудул кколел бакълъул курумул?
Бакълъулазул бица багIар белъана.
Баччун рак щолареб доб Нахъамагъилъ
ЦIоросаролъил гIатI бекьулеб буго,

[377] ГIахьалчIи, Сиухъ росабазул чагIи.
[378] ЩототIа, Хьимакъоро росабазул чагIи.

Раччарал къучIбузда роцир хунжрул чIван.
Гьал гIисинал лъимал бесдал гьаруна,
Чанги гIолилалда хIебет ретIана, –
ЧIвачIого кин телел нуж хундерица?
Рахъарал туманкIал нахъе кин кьелел,
Рахъарал туманкIал нахъехун рехун,
РекIелъ ракьа бугел гIолохъабигун
Дов Хирдил МухIама гъорлъе жувайдал?
Бичас алжан кьеги дол самилазе[379],
Хьиндалазул ботIе гуллаби тIурал.
Биччан чу свакалеб Тоботгъун тIаде
ТIад кьвагьи кин лъечIеб цIигьулгин гъанхъал[380]?
Бусурманлъи цIакъаб ГIахьалчIиб шагьар,
ГIалимзабазулги мугIрул рорлъараб.
Чакарилав дибир Генув гвандинив,
Исупил ХIосенги мегIерги борлъун.
Баркалани буго сахъадерие,
ЧIагIа гIодобе тIун, хьиндаде индал.
Цингиги баркала тIанусдерие,
ТIаса рищун, малъал кодобе кьедал.
Ясахъ бакIарулеб доб ГIарахъ мегIер
Баркатаб батаги тIанусдерие,
Бол жураял къалеб хъахIал къаяби
ЧIахIие руссана чалма бичидал
Алжан босизеян жемараб чалма
Кьалуе буссана ансадерие.
ГьитIинав ГIуммахан[381] кIудияв гIела,
КIудав Нуцалица[382] боял рачина,
Булачил[383] гъажалде хъирим бахина –
Бихьила, хьиндалал, пихъ бичулеб бакI!

---

[379] Хунзахъ шагьаралъул Самилахъ авалалъул чагIи.
[380] ЦIада, Гъонохъ росабазул чагIи.
[381] СултIанахIмадилгун Бахул вас ГIуммахан (1816-1834 сс.).
[382] СултIанахIмадилгун Бахул вас АбусултIан Нуцал (1813-1834 сс.).
[383] СултIанахIмадилгун Бахул вас Булач (1820-1834 сс.).


ГъазимухIамад. Сурат бахъарав – Къ. Юнусилав

**Имам ГъазимухIаммадиде гьабураб кечI буго гьаб**

ГIенекке, гIадамал, хабар бицинин,
Халкъул гIаламалда дин малъарасул.
ЧIахъаял, гIенекке гьунар ахIизин,
ТIолгосеб Дагъистан жинде буссарав,
Бисмиллагьги бахъун, къватIив вахъиндал,

Цадахъ рахъанила малаикзаби.
Салаватги битIун чотIе вахиндал,
Чол хIотIочIчIел кквечIищ хIурулгIинзабаз.
Я капурлъи гъурун, я гъаза тIубан,
ТIолго гъоб улкаги жинде бачIаяв.
Мискиналщиназе садакъаги кьун,
Сапар бухьун арав ГъазимухIаммад.
– Гьаб унеб нухалда дун вачIинчIони,
Вореги, аманат, ГьоцIалъа ХIамзат!
Араб гьаб сапаралъ дун вуссинчIони,
Воре, хIисаб гьабе, Генуса Шамил!
Дунго хвананиги, хвалчен аниги,
Вореги, чучуге, ГьоцIалъа ХIамзат!
Хар дун хваниги, мажар аниги,
Воре, чухьарлъуге, Генуса Шамил!
Гьал бусурзабазда нуж квалквадуге,
Квер биххараб гIурус нахъеги тоге.
Киса гIарцул цIурал гIахъущдерил бо,
Гьел харбие тела, дун рагъда хвела.
Дин гьечIел капурал паранг, гIурусал,
Рихьизе чIахIиял, чIвазе бигьаял.
Гьайт, бихьилагури, талихI кьунани,
Алазан таялда, доб Тулписалда,
Добе Гъолодегин Хъарабагъалда,
Хъабахъчалъул гохIтIа[384] хъаравулги тун,
РагIула гIурусал кутан балилан.
Кутнадаги оцал нуж гъолодисел[385].
Гьакил двари буго доб Дерметалда,
Дагъистаналъул хан хун рагIулилан.
Топил рохел лъуна доб Шушуялда[386],
Доб диналъул хIуби къанщанин абун.

[384] ЦIоралъул Билкан мухъалъул Хъабахъчолиб абураб магIарул росдада ва Алазан гIоралда аскIоб бугеб гохI.
[385] ЦIоралъул магIарулал.
[386] Шушу – Гъарабагъ ханлъиялъул тахшагьар.

Хваравго ватанищ ГъазимухIаммад,
Ал бусурзабазул гIарцун сверунжо!
Макка-Мадиналда дибирлъи щварав,
МутагIилзабазул мадраса бугев,
Будун-дибирасул адаб кIудияв,
Аварагзабазул гIелму цIаларав,
ГIурус парччахIасги кIодолъи кьурав,
ГIайиб гурищ хвезе ГъазимухIаммад!
Гьединаб гъазаялъ жив гъеролагун,
КIирикьун чIанила хъахIилал зобал,
Ралагьун чIанила хIурулгIинзаби,
ХIайранлъун чIанила малаикзаби.
Гьединаб гъазаялъ жив гъеролагун,
ТуманкIул кIалалда кIкIуйги бетарав,
Хвалчадул гIоркьалда биги бетарав,
Бахъумо хвалченгун, гурун гъуждулгун,
Гужгаталъул къвалал къотIунги рехун,
Гъоб Тавубашалде[387] топал кьвагьана,
Жаниб сачма лъурал гулби кьвагьана,
КIудаб Таргъу хъала жибго кьвагьана,
ГIисинал гIолилал харца рухIана,
Чанги игитасул михъал чIурхIана.
Гьардарав гуревдай ГъазимухIаммад,
КIудиял аскарал хвалчаца чIварав.
Цингиги дахIалал гьел муридзаби,
Бичас алжан кьурал, гъаза тIубарал.
Гендерил росдаца гьари банила:
– БахIарзалги гуро, чучалги гуро,
Чара бухIидалин нахъе рачIарал,
Воре, ниж жалго те, хIакъав багьадур!
–Тела, гьудулзаби, щайзе толарел,
Дунял бокьарасе нухги битIаги,
Алжан бокьарасе гъаза тIубайги!

[387] Шураб шагьаралъул бакъдал рахъалда бугеб гохI. Гьанже Гирей-авалахъалде унеб нухда тIад, хабалаздаса эхедегIан бугеб гохI.

Гъажабалги гуре, гуллаги тIаме.
ХъахIаб ххамил натIал горбода жеме.
Жакъа хваралазул хвелги шагьидаб,
Нахъе хутIарасул цIарги кIудияб.
БахIарчи лъикIасул чIужу – къоролай,
Жив багьадурасул лъимал – бесдалал.
Жакъа хваралазда гIайиб чIваларо,
Кьвагье, гIолохъаби, роцхъахIал хъирмал.
КьабгIе, гIолохъаби, чаран хвалчаби,
Кьвагьана, речIчIана, тIагIин гьабуна,
Явмул къиямати я, шапигIуллагь!
Щваги шапагIалъи гъазизабазул!
Дуниял къалъизе къутIбу гIадинав,
Къанщаравдай кканищ ГъазимухIаммад!?

## ХIамзат имамасде гьабураб кечI буго гьаб

ГIенекке, гIадамал, хабар бицинин,
Ансал, генал рекъон диванги гьабун,
Гъов ГьоцIалъа ХIамзат имамлъунги тун,
Гъов Генуса Шамил муридлъунги тун,
Игьалиса СагIид къадилъунги тун,
Хабар рагIилалде, цIар бахъилалде,
ЦIогьохъе рещтIана хундерил магъилъ.
Кьалал чучун, чуял магъилъеги гьун,
ЛъагIалий бекьараб бахьин ролъул[388] хур,
Хьиндалазул чабхъад чурхъулеб буго.
Гъоб Хангишил хурир чадиралги чIван,
Кагътал ритIанила гъол хундериде:
– КьочIокь месед лъурал хъахIал хъалаби —
Гьел ЦIолбокьа[389] гьоркье гьорогьун рала,
МукIурлъеян абе ГIуммаханасда[390].

[388] Бахьин ролъ – хъахIаб ролъ.
[389] Хунзахъ шагьаралда ва Илъа росдада гьоркьоб бугеб кIкIал. Гьеб ккезабун буго Тобот чвахиялъ.



ХIамзат-имам. Сурат бахъарай – А. Самарская.

Жаваб гьабунила гъол хундерица:
– Магъилъе росулел, гIурухъ рахъулел
ЧIегIерал хъирмаца ниж рахъиларо.
Чамги хъирим буго нижер хъаладухъ,
ХъахIал тIагърал гIадал магьаби лъурал,
Зодихъ цIваби гIадин горал гвангъарал,
Курхъул гIуркьал гIадин кIалал къурарал,
Нужер умумузул курмул рорлъарал.
Нужер бидухъ гурищ гьел къечон ругел?
Дагьал тIадегIан къай, ва каъалал тIагърал!
…Гьанже тIаде бана хьиндалазул бо,
ТIадего кIанцIана ГьоцIалъа ХIамзат.
Бадру, УхIудалда ХIамзатид гIадин,
Цо хвалчен биччана дол самилаца.
Марва, Сапаялда ГIумар гIадинан,
Хвалченгун вагъана КIудияв къади.

[390] СултIанахIмадилгун Бахул вас ГIуммахан (1816-1834 сс.).

Чаран хвалчабазул кьабгIи бихьидал,
Кьалул рачел къачIо гъол хьиндалаца.
РоцхъахIал хъирмазул речIчIи бихьидал,
ГIурччинаб мегъ тана гъов ХIамзатица.
Магъилъ чIвараб чадир нахъеги босун,
Гъова кьодухъ Тобтихъ живгоги рещтIун,
Гьанже чапар ана Бахухъе витIун:
– Дурги дирги инсул дагIба батичIо,
РачIа дагIбадилин капурзабигун.
КIиязго нилъеца кьал къотIи гьабун,
Кьалуе лъугьинин тушманзабигун.
Бицине чи гьечIел гIисинал нуцай
Бициндал божана сихIирзабада.
Гьикъизе гьечIей Шагь-ГIаббасил яс
Сверизе гьаюна макирзабаца.
Цере чукъби рачун, хадуб рахьангун,
ВитIана ГIуммахан ТIаде ТобтитIе.
Магъдидарай бараб бартиги рекIун,
Нуцалханги[391] щвана чодрол ракьанде.
ХIамзатил чодрода гьоболлъиги бан,
Чадиралъул кIалтIа жал гIодор чIедал,
Аллагьасул калам цебеги босун,
ВагIза-хабар бицун, ХIамзат кIалъайдал,
Харбихъе гIодана гIисинал нуцаби.
Гьанже шуш биччана гъол хьиндал боялъ:
«Бахъунеб, бахъунеб бо букIунаро,
Щовухъе гъурилин гIисинал нуцаби».
Гьанже тIад рагъ лъуна гъоб хьиндал боялъ.
Бихъараб ххам гIадаб халатаб лага
Харица бухIана Нуцалханасул.
Можрил гулби гIадал гургинал гъуждул,
Хвалчаца гьаруна ГIуммаханасул.
ЛъикIлъи бихьугеги хьиндал боялда,
ЛъикIал гIолохъаби лъикI-лъикI гьарунин.

[391] СултIанахIмадилгун Бахул вас АбусултIан Нуцал (1813-1834 сс.).

ГIуммаханас кьураб чед кIоченчIого,
Чодрохъ чIун кьабгIарав цIадахIарисев.
Зоб-ракьалъул гIелму ракьалдайилан,
Хвалченгун кIетIарав Хундерил къади.
Мокъокъил рохьдолъе къвекIаб цIум гIадин,
Хъвехъаризе варав Хизрил Дайитбег.
Рохьоб чан толареб тайлан-хъарчигъа,
КьабгIезе рекIана Лъарахъа Алхас.
НакIкIикьан чвахулеб цIадал ихх гIадин,
Бидул ихх биччана Тобтил рагIалда.
Мулк кодобе щварав авараг гIадин,
Гьанже гIодоцана ГьоцIалъа ХIамзат.
РекIей бокьараб кьал лъугьанин абун,
ЧIинкьа-кIитIанила хьиндалазул бо.
Эбелалъ чехь къинлъун жив гIуралдаса
Чодул кьолониса нахъе вахъинчIев,
Чи гIун булугъалде вахаралдаса
Лъадигун вегизе ярагъ бичичIев —
Гьедун вуссанила гьитIинав ГIусман[392],
ГIуммаханил хабад тIад гIодовги чIун.
ТIоргъод магIу бацIцIун, хъатица хер бан,
Лъабго тIамун, цIуна паранг таманча,
Дуда речIчIарасда речIчIилин абун.
БачIанщинаб къоялъ лъазе гьабула,
Ярагъ борчун къватIив чи вахъунгеян.
Лъаравщинав вачIун, жинда бицуна,
Ярагъ борчарав чи чIвалилан абун.
Рорче, гIолохъаби, чармил хвалчаби,
Чучун нилъ толарин тушманзабаца.
РетIе, гIолохъаби, гъоркьан къолдаби,
Жакъа къел лъарасул чилъи холебин.
ХъахIилал къолдаби гъоркьанги ретIун,
ЧIегIерал буртаби тIасанги ретIун,
ТIаде зоб гвангъараб такъияби лъун,

[392] Наиб ХIажимурадил вац.

Къвалзукь бакI цIунарал рукьаллъалайгун,
Гьедун къватIир ана гьел гIолохъаби,
Жакъа хьиндалазул хIал бихьилилан.
ЛъикIаб-квешаб бицун кагътидаги хъван,
Жакъа ракI бухIизе жо гьечIин абун,
ГIусманги вилълъана бол мажгиталде.
Гъоб бол мажгиталда рещтIенги гьабун,
Цо-цо суннатги бан, жал гIодор чIедал,
ВачIинев вихьула ГьоцIалъа ХIамзат,
ТIолго гьаб махлукъат кIкIвинеб хIалалда.
Бисмиллагьги бахъун, салават битIун,
Саламаб хIалалда жанив лъугьана,
ТIаде рахъайилан гьаракьги гьабун.
КIанцIун вахъанила гьитIинав ГIусман.
«Рахъа, гIолохъаби, кин рахъинарел,
ТIаде щолев вугин кIудияв имам!»
МихIрабул ракьанде хиялги гьабун,
Цевесахун ХIамзат вилълъунеб мехалъ,
Гьаб кунан речIчIана паранг таманча.
«Щай, ле, зигардулев, хьиндалазул хан?
Гьединин бахъараб ГIуммаханил рухI.
Гуллил хIалищ щвараб, кIудияв имам?
Гьединин бухIараб Нуцалханасда».
Гьанже хвалчен лъуна гъол гIолохъабаз,
Бидул гIор биччана бол мажгиталда.
ГьоцIалъа ХIамзатил муридзабазул
БутIрул къватIир рана, чурхдул жанир тун.
Лъабкъого хьиндалав мажгитухъ чIвана,
Мажгитул гордахъан къватIире рана.
Гьебги гьересиян лъачIес абуни,
Бидул гIор биччачIищ бол мажгиталда.
Гьереси батлилан бихьчIес абуни,
ТIамун чу свакалеб Къвегъада авал, –
Къаргъа гьабун течIищ тушманзабазда.
Сверулеб, тирулеб бакъул дуниял.

## Дагъистаналъул гъалбацI Хунзахъа ХIажимурадиде гьабураб кечI буго гьаб

ГIенекке, гIадамал, хабар бицинин,
Халкъалда рагIарав багьадурасул.
ЧIахъаял кIалъаге, гьунар ахIизин,
Гьунар Бичас кьурав цо хунзахъесул.
Михъида бил лъурал васал чункарав,
Гъалазда бил лъурал ясал рачарав,
СахIид месед-гIарац къокъаде кьурав,
АхIилищ, ле, гъалбацI, дудего шигIру?
Гьаб Дагъистаналъе бахъараб хвалчен,
Шамил имамасе цIураб гIарада,
Гехи[393] хъалаялде лъутун рагIула,
Бартан[394] хъалаялде ворчIун рагIула.
Меседил цIар бугеб тIалуги рехун,
Мун киве вукIарав капурлъиялде?
Алжанул махI бугеб шаригIатги тун,
Щайзе, ле, мун арав Шахкираялде[395]?
Меседил цIар бугеб ТIалуги тана,
ТIаса габуралда хвалчен лъелилан.
Алжанул махI бугеб шаригIат тана,
Чияр чукъби рачIун, чехь бихъилилан.
ГIенеккеха, вацал, багьадурасде,
Имамасул рокъоб ццин батарасде,
Хундерил росониб магIу тIурасде,
Я гьаб Дагъустаналъ чIегIер барасде!
Хундерил росониб магIу тIей гурищ,
Къол бикьулеб давла тIаса арабин.
Я гьаб Дагъустаналъ чIегIер бай гурищ,
РукIел тун итаркIо Сунжалде боржин.

---

[393] Чачаназул кIудияб росу.
[394] Бартан – чачаназул шагьар (гIурус. – «Урус-мартан»).
[395] Аргун гIоралъул рагIалда бугеб чачаназул росу.



ХIажимурад. Сурат бахъарав – Е. Лансере.

Борхьил чохьонисан чол боги бачун,
Чурхъун тана, гъалбацI, дуца Арияхъ.
Чияда лъалелде мусудул рачун,
Чанги вачIарав мун хундерил ТIалтIе.
Кагъат гIарацалъул миндаралги цIун,
Хъумсие бахъизе хъахIаб гIарацгун,
Чанги гьеларав мун ГьаракIунисан.

Боржунеб жо хъвачIеб доб Хъара-Хайдакъ,
Хъат кьабгIун босарав гIундул къокъаб бацI.
Гъудил ракьда хIетIе хъвачIей Шагьвалил бика
Квекарай чодроний, жан ХIажимурад.
Гьебги гьересилан лъачIес абуни,
ТешлахIар[396] чIухIараб буртузул ирхъи,
Талгималъул[397] рохьоб бачун, гьебги къан,
Ралъад рагIалдасан ирхъиги бачун,
Турарал гвадразул сангаралги къан,
Кагътал ритIанила гьов Аргъутиде:
“Нужеда кIутIулеб кIалден гьабеле,
КъватIив вахъа абе гьов Аргъутида.
Мусудул къакъалев чIегIерав бугъа,
Гьале Талгималда, къуларав шамхал”.
АхIдезе рекIана къуларав шамхал:
«УхIлал рачун, къумцIал, хъезденгин жунгут[398],
Воре, нухал свере, гьанже сунгрул къай,
Воре, ине гурин жан ХIажимурад,
ВорчIизе виччаге хIама хунзахъев!
Гьанисаги нахъе гьев ворчIанани,
Кирго ругелщинал ханзай гъурила,
Тулписалда жанив сардар теларо,
Гьал инаралзаби ясир гьарила,
Россабазда къвалакь лъудби теларо.
Улбузул каранда ясал теларо,
Къайгил мусудузда синжир тIамила!»
...Нухалги сверана, сунгрулги къана,
ГIарадаби цIана, тастай[399] гьаруна.
Аргъутги вахъана, гъалбацI кинигин,
Шамхалги гьедана, тушман чIвазилан.

[396] ТешлахIар (гьанже Сергохъала) даргиязул росу, Сергохъала мухъалъул тахросу.
[397] Талгим – МахIачхъалаялда аскIоб бугеб жаниблъи (гIурус. – «Талги»).
[398] УхIлиб, КъулецIма, Гъазданущиб, Жунгуталиб росабазул чагIи.
[399] Тастаби - къокъаби. Даста, таста ккола ираназул рагIи.

Резил къали кьабгІун, накъираги пун,
ГІодоб чакма тункун, гІадал сап бетІун,
Гъура ахІун гъуна гъоб гохІде хъазахъ.
– РакІ батІадалниги, дин цоял вацал,
Нуж нахъегІан рилълъа, вай, милицаби.
Диде тІаде биччай Аргъутил хъазахъ,
Тамаша бихьизе Талгим кІкІалахъе!
…Бисмиллагьги бахъун, гъуждулги гурун,
Салаватги битІун, кІалденал рахъун,
КІанцІун гъорлъе ана гьел гІолохъаби.
Хадувго вортана дур хІалчІахъаяв.
Хъвехъизе хьихьарал куйдул гІадинан,
Хъвехъун бана салдат сонгрол ракьанде.
Бищун вокьарасе кьолеб сайигъат,
КъотІун бутІрул ана инараласе.
Цо борхатаб щобде тІадеги вахун,
ГІонсой хвалчен гІунтІун, тІадеги вегун,
АхІтІезе рекІана хІакъав багьадур:
– «Базманул хІал лъалев къуларав шамхал,
Къасабалъе[400] биче хъвехъараб салдат.
Гьакал къачІай абе хъездендерида
Гьаб хъвехъараб салдат Шураб баччизе.
Данде рахъа абе гъол гъумухъазда,
Гъураралщиназул хІисаб гьабизе.
Гьакал кин къачІалел хъездендерица?
Талгималда бугеб жал бурияб бацІ!
Данде кин рахъинел чІваял гъумухъал?
ГІи гъурулеб гьалбацІ рохьоб букІаго!
Гьениса тІадвуссун рокъой щвелалде,
Рохалида вуго Генуса Шамил,
Лачен ХІажимурад чІван рагІулилан,
Дол хІамул дабагъал лъугІаралилан.
ГІемерав чІухІуге, Генуса Шамил,

[400] Гьаниб – бичулеб гьан.

Чанги бецIал сардал канал гьарунин,
Чанги къваридаб кIкIал гIатIид гьабунин.
Гъоб Буртинаялде гIурус щолелъул,
Вугев ани, Шамил, дов ХIажимурад.
Дагъустан урхъараб чIухIараб гьесий
МалгIунзаби рачIун, гьаб кколеб къоялъ,
ЧIунтарал гохIазде сангар къалелъул,
Жакъа вугев ани гIундул къокъаб бацI.
Дур тIогьилаб чарма лъерулеб къоялъ
Бичасе керен кьун, хвалчен хьвагIизе
Хъала балароан Буртинаялда,
Хъазахъ щвелароан КIудаб рецуде.
Элъул-долъул бицун, бицардулаго,
Кагъат босун араб Таймур-Хан-Шураб:
“Нижер имамасул чIегIерав бугъа
ВихьичIищ, инарал, кив аравали?
Мусудул толареб тайланалъул тIинчI
Щиб мухъалда вугев, чIваяв комендат?»
- «Нужер имамасул чIегIерав бугъа,
Мусудузе чан къан, Къарбидухъ вуго.
Мусудул толареб тайланалъул тIинчI,
ГIурус хъулбузда чIун, хъанделев вуго.
Лъел тIадго чи чIвалеб чарамул хвалченги,
Бекун Икридухъ[401] эбги рагIула.
...Аллагьасул къоял гIемералниги,
Цо рузман къо щвана гъоб Яхсиялде.
Рузманалдейилан, огь, жив вилълъиндал,
КIулал рахан руго гъов Асланханас[402],
Жидер тушманила, мун вачIунгелан.

[401] Алазан гIоралъул кваранаб жубай-гIор. ГьетIараб-гIор, ай Икри чвахула наиб ХIажимурад чIвараб бакIалда аскIосан.

[402] Яхсиса Хасаязул бегас ХIажимурад мажгиталде виччачIого абун, гьеб рахазе тIамун рукIун руго. Гьеб рагIун, ХIажимурадица гьесул азабаралъуве кIанцIун вуго, амма гьев бег вахчун чIун, чIужуялде абун буго жив рокъов гьечIилан абейилан. Ахиралде гьев Хасаев ХIажимурадикьа хIинкъун рокъоса къватIив вахъулароан.

Чвархъун цIа[403] толареб паранг таманча,
РечIчIун биччан тана мидил квералъ.
Огь, рузманги бана, хутIба гьабуна,
Берцинаб хIалалда гьариги гьабун.
Рилълъа, гIолохъаби, Асланханасде,
Бусурманаб дин тун, гIурус босарав,
Я гьал гIадамазе гIакъуба кьурав.
Цо хвалчен биччазин хъахIал хъулбухъе.
Асланил гьундузде жанирги кIанцIун,
Лъабго-ункъо гьалмагъ цадахъги рачун.
Гьанже къватIив вахъа, чIваяв Асланхан,
Дуда гъоркь рекIунеб тIогьилаб барти,
Жал ккун, рекIун бугин гьав цо хунзахъес.
...Анкьго рахаралъув нахъаги вахчун,
Руччаби рачIана кIалъазе ритIун.
– Гьав рокъовго гьечIо, жан ХIажимурад,
Хасав-хъалаялде[404] вачун ун вуго.
– Нужеда кIалъазе дий бегьуларо!
…Найил зузуй гIадаб зикруги бачун,
Ана гьоболасде гIундул къокъаб бацI.
Дуниял сверулеб аздагьо гIадин,
МугIрул ккун багъулеб гъалбацI гIадинан,
Улкабиги къуркьун, Къарбиги[405] бахун,
Дове Нухаялде[406] жанивги лъугьун,
Цо нуцалчиясда гьоболлъиги бан,
Гьалбал гьарейилан тIаде рахиндал,
ТIалабго гьабичIо имангьечIеца.
Нух регIизе абун, къватIивги вачIун,
Къадекакил гIужалъ гIурдаде щвана.

[403] Чвархъи (гIурус. – «осечка») кьолареб тапанчаялъул бицунеб буго.
[404] Хасав-хъала – Хасавюрталда магIарулаз абулеб букIараб цIар.
[405] Кьарби (гIурус. – «Иори») – Гуржистаналда Алазаналдаса бакътIерхьухъе, Туплисалъул рахъалдехун бугеб, Кор гIурулъе жубалеб гIор.
[406] Нуха (гIурус. – «Шеки») – Азарбижаналда, Закаталаялдаса бакъбаккухъе бугеб шагьар.

Аллагьас тIад лъураб парз тIубаларо,
Эб парзалъул тIалаб гьабулеб гьечIо.
Как байилан абун жинца абидал,
Баларилан абун, инкар гьабуна.
Как таравщинав чи чIвалевги вукIун,
Жакъа мун танани, дие хIакъ гьечIищ?
Бисмиллагьги бахъун, салават битIун,
Саламатаб хIалалъ хвалчен къабгIидал,
Щобдасан гирулеб гьорчо гIадинан,
Гирун гIурде ана малгIунил бетIер.
Гьенир аскIор ругел хвалчад гъурана.
Лъутун ворчIулесда туманкIги речIчIун,
Берцинаб хIалалда гьенир рукIагун,
ВачIинев вихьула ункъазарго чи,
РекIараца лъелал цадахъги рачун.
– Зобалде воржине, куркьбалги гурин,
Киса мун ворчIилев дир хвалчадаса?
КьегIер хъамун ине, хъамаги гурин,
Гьанже лъалагури мун, ХIажимурад.
– Зобалде воржине, куркьбал гурелдай
КьабгIун чи кьотIулел мисри хвалчаби!
Ракь хъвалхьун лъугьине гузби гурелдай
Кьвагьун алхунарел роцхъахIал хъирмал!
…Гьеб кIиябго рагIи кIалалъги абун,
Радал къалъизегIан тункIид вагъана.
ТуманкI речIчIаралъуб чIортоги бугIун.
Къалъудаса хадув хвалчад вагъана,
Лъабкъого къажарав хъун сонгройги лъун,
Дур рухI босун араб доб Сигънагъалда[407].
Сверун зикри буго гъазизабазул,
Мун жанив вукъараб Къарби гIоралда.

[407] Сигънагъ (гIурус. – «Сигнахи») – Гуржистаналда Алазаналалъул кваранаб рагIалдехун бугеб шагьар. Гьеб XVIII гI. ГьерекIли-ханас хъалаги бан щула гьабураб шагьар буго, магIарулазул рагъулал сапаразде дандейилан бараб.

Къойилго садакъа доб улкаялда.
Алазан туялда, доб Тулписалда.
Гьениса Гъолоде, Гъарабагъалде,
Доба Хъубаялде, доб Ганжаялде,
Гъоба ТешлахIариб, бухIаяб Шураб
Хъаравуллъи тоге, пиргIавнил уммат,
Вилълъанин ракьалде Бичасул вали,
Анин алжаналде жан ХIажимурад.
Чанги гъазизабаз гъаза тIубала,
Дуй Бичас къотIараб Пирдавус алжан.
Чанги хIажизабаз хIурулгIин кведал,
ХIалаллъаги дуе алжанул шарап.
Щваги шапагIалъи гIолохъабазе.

## [Бахтикал кечI[408]]

Меседил гьаркьица гъалал ххалаго,
Хабар бачIанила Шушуялдаса[409].
ГIарцул саргъасалъуй дун черолаго,
Чапар нахъ гIунтIарав хъарабагъазул.
– Кьоге, вац ГIуммахан, дун Шушуялде,
ЦIарго лъикIаб гьечIин шушуханасда.
ЙитIуге, яц хваяв, Хъарабагъалде
Инсул тушманасул улка бихьизе.
– Кьечого кин гIелей мун Шушуялде,
ГIуммаханил кIалгIа гIарцуца цIедал?
ГIелищ йитIичIого Хъарабагъалде,
ГьоцIдерил чIункIбузда дарай ретIиндал.
…Нусго яс гьаеги ГIалискандие,
БоцIи къваригIиндал гIарцухъ ричизе.

[408] Гьаниб бицунеб буго КIудияв ГIуммаханица жиндир яц Бахтика, гьелъие бокьичIониги Гъарабагъалъул хан Ибрагьим-Халил-хание росасе кьеялъул. Гьезул бертин тIобитIун буго 1780-л саназда. Гьеб ригьнада Бахтикае гьарун руго 2 вас ва 1 яс.
[409] Гъарабагъалъул тахшагьар.

ГӀарцул лал тӀамеги хундерил ТӀалтӀа,
Дир вац гъов ГӀуммахан гӀарцуд гӀорцӀизе.
Дун йичун босараб меседгин гӀарцул
Пурцимаххал гьаре хундерил бое!
Нахъе хутӀаралъул тӀад хӀебдалазе
Харицелал къотӀе къваригӀиналде.
Дун кьуралъухъ кьураб мирзай ххамалъул
ЛъагӀилухъ тукен лъе, дир вац ГӀуммахан.
Киннаса кинниги, дун толарелъул,
Къолоца бай гӀарац магӀарулазе.
Киннаса гьабунги, дун йитӀулелъул,
Къвалица кье харай хундерил бое.
Игилъа гӀебеде дун унеб мехалъ,
Хадув валагьизе ГӀуммахан анищ?
ЗагӀиса гӀодое дун тӀавагьиндал,
Горсан ваккичӀодай гьитӀинав Булач.
Ургъалаби гъунел гъваридал кӀкӀалай,
Гъарин дун яхунел рорхатал щобал.
Дунял хӀайранлъаги хӀебдал боялъе.
Дуца къайи чӀвалеб доб Къарбиялда,
Меседил щуб ккаги, месед Бахтика!
Свакарал рещтӀунеб доб АхӀлъималда[410].
ГӀарцул полоп байги, ГӀуммал меседу.
Берцинав Булачил[411] хъалинги бухӀун,
Хъабалоги ретӀун ТӀалтӀа кин чӀелей?
Гьадаб тӀалу гӀанаб тӀохьи арабин,
ТӀолго кьвагьарабищ, гьитӀинав Булач?
ТӀалтӀа бугеб сигӀан гьир харил анин,
ТӀолго бухӀанадай, МухӀаммадмирза[412]?

410 АхӀлъим (гӀурус. – «Ахкимал») – ЛъаратӀа мухъалъул ТӀомураздаса Билкан мухъалде унаго бугеб габурлъи. Жиб гӀатӀидаб ва аваданаб бакӀ бугелъул, гьениб нухлулаз чанги хӀухьбахъи гьабулаан.
411 ГьитӀинав Булач – КӀудияв ГӀуммаханил вацгӀал, МухӀамадмирзал вас. Инсуда цадахъ рагъулабсапаралда вукӀарав гьев 1772 с. чӀвана.
412 ГӀуммаханил эмен МухӀамад-нуцалил вац. Гьев 1772 с. къажараз, ай Хъубаялъул хан ПатагӀали рекӀкӀ гьабун чӀвана.

Лъимго чилугеги ХIалъадунибе,
Дов МухIаммадмирзал чол бох бекараб.
Чиго кIанцIугеги сангаралъуве,
Булачил каранда бидул хатI хъвараб.
Роржунел хъурмаца хъулухъ гьабурав,
Дур хъажар тIагIаяв МухIаммадмирза.
Хъурмил хIулай рикIкIун дулугъ бачIаяв
Дур боял гIодор чIа, гьитIинав Булач.
Дунги йигин абе Хъарабагъалда,
Роржунел хъурмазда хадуй балагьун,
Цинги танин абе Илусиялда[413],
Хъергъул хIулабазда рогьалайги ран,
ГIазу балеб къоялъ къватIий яккани,
Капураб махI буго росдадасаго.
Гьури пулеб къоялъ гортIе егани,
Квешаб махI бахъуна авалалдаса.
Гьекъезе лъимилан дун зигардидал,
Хъаба цIун бачIуна Маску гIаракъи[414].
Каки чуризелан дун гаргадидал,
Парччи цIун бачIана болъоназул би.
Какикье жойилан дица абидал,
Цебе реханила болъонил цIоко[415].
Ибрагьим абидал, уйилан ккана,
ГIадалтIа кар тарав кашиш ватана.
Ханилан абидал божун йикIана,
Килщил малъ хIуларав хIама къажарав!

[413] Илусиб (гIурус. – «Елису») – ЦIоралда машгьураб магIарулаблъун букIараб росу. 1930-л саназдаса хадув гьенир ругел гIадамал падарлъана, магIарул мацI бицунел чагIиги Илусиб хутIун гьечIо.
[414] Доб мехалъго магIарулазда рагIун букIун буго Маскавалъул гIаракъи.
[415] Шушуялда аслияб къажар эрмениязул букIана, гьелги болъон хьихьулел, жа гьекъолел чагIи рукIин Бахтикае сурараблъун бихьулеб буго.



**Хундерил ханасулги Гьидерил ханасулги ккараб дагIба ва маслахIатги, эзул гIадамазда тIад букIараб магъалоги**

Эб хъван батана нижеда ГIахьвахъ чIарав Мусаласдасан – ХIажимухIамадил вас, эвги МухIамадил вас, эвги Мусаласул вас, эвги Гъанбулатил вас гьаб соналда – 1302[416].

Булач-нуцал абун вукIун вуго Хундерил хан, ХIажи-ГIали шамхал абун вукIун вуго Гьидерил хан. Эл кIиялго рукIун руго Амир-СултIанасул[417] наслу-лъимал. Эвги Баяр-ГIаббасил[418], Суракъатил[419] вас, «нуцалилан» жинда тIокIцIар абулев. Гьанже гьев Хундерил ханасулги Гьидерил ханасулги дагIба ккун буго рагIият сабаблъун ва жидер гьоркьобакIалда бугеб ракьги сабаблъун. Эл дагьалго рагъунги руго.

Цинги рехсарав Суракъатил васас, жудерго имгIалас, гьел гIемерал гIакъилзабигун ва гIалимзабигун цадахъ, ГIандадерил магIарде маслахIаталъе ахIун руго. Эсда цIарги букIун буго ГIандуникI абун. Гьанже эс эзда гьоркьоб маслахIат гьабун буго ХIикъиру[420] мегIералъул тIасияб рахъ, магърибалъул рахъалъ Мийарсу-гьатIаналда[421] тункизегIан ва

[416] Байбихьана 1884 с. 20 октябералда.

[417] ГIандуникI, ислам босун хадуб, машгьурлъана ГIамир-СултIан абураб цIаралда гъоркь. Гьес гIумру гьабулеб букIана XIII гI. ахиралда XIV гI. байбихьуда. Гьев ккола тIоцевесев, ислам босарав Аваразул нуцал. Гьес ислам босун буго, гIага-шагарго 1310 соналда.

[418] Гьесул унгояб цIар Байсар букIун буго. Гьевги ккола Суракъатил вас ва ГIандуникIил (ГIамир-СултIан) эмен.

[419] Машгьурав, кинабго Дагъистаналда жиндир кверщел тIобитIарав Сарир, ай Авар пачалихъалъул нуцал. Гьев хвана гIага-шагарго 1250 соналда.

[420] Гьеб букIине ккола Кьурукь мухъалда бугеб мегIер.

[421] Гьеб, дир хIисабалда ккола гьанже Датунал гьатIанилан лъалеб ялъуни гьелда аскIоб 3 км рикIкIадегIан, цогидаб кIкIалахъ букIараб гьатIан. Гьелъие хIужалъун ккола нахъисеб заманалдаги Хундерил ва Гьидерил боязда гьоркьоб гIорхъи гьеб гьатIаналда аскIоса унеб букIараблъи. Гьанибги абулеб буго, гьеб гьатIан хундерие кколеб букIараб Авар-гIорул рагIалда ругел ракьазул магъриб, ай бакътIерхьул рахъ бугилан абун. Гьединан гьеб кколебги буго.

Салу-мегIерги [422] Нуцалхание [423] кьун; доб ХIикъиру мегIералда гъоркьа бакI, машрикъалъул рахъалъ батулеб майданги [424] ХIажи-ГIали шамхаласе кьун. Эл кIиязегоги букIун буго росабазда гIемераб магъало.

**(Булач нуцалие букIараб магъало)**

Эсие букIун буго тIощалил кинабниги рукъалда къали цо-цо соналъ. ЧIегIераб хIайваналъулги букIун буго кинабго нусго рукъалда цо-цо оц цо-цо соналъ. ГIиялги букIун буго нусго чахъу бугев чиясда цо-цо чахъу. Ххамилги букIун буго базарганасда цо дарайдул, цо исхъалидулги – цо-цо туп. Пихъаздасаги букIун буго, гъабу чIарав чиясдаса чIеп букIун буго. Жиндир чи чIвачIев чи чIвани, эсдаги букIун буго нусго чахъу. Ругъун лъурав чиясдаги букIун буго оц. Жо бикъарав чиясдаги букIун буго оц. Кинабго росдадаги букIун буго щу-щу цер: цо чIегIераб, ункъо багIараб. Кинабго росдадаги букIун буго чуниги, гIаланиги – цояб, жиндир чи хвараб мехалъ, эсда хадуб-цебе жо гьабизе. Цо-цо гIаканиги куйниги – гьебги букIун буго жиндир бертин-жо ккани.

**(Цинги гьев ХIажи-ГIали шамхаласеги букIун буго)**

Кинниги хас гьабун анлъго росдада букIун буго магIарде рахъараб гIужалъ анцIила щуго хIама, щибаб росу рикIкIун. Анлъго оцги букIун буго, гьединго анлъабго росдал щибаб росу рикIкIун. Гьединго гьеб анлъабго росдада букIун буго гIака рикIкIун йакъия нахул, цо-цо сахI рохъдолги. Эсул [гь. 45-46] улкаялдаги букIун гьечIо щибниги гIадамаца мунпагIат босулеб жо тIад магъало лъечIеб.

Цинги гьелдаса хадубги ккун буго эзда гьоркьоб дагIба, гьебго рагIийат сабаблъун ва ракь сабаблъунги. Гьанже гьеб

---

[422] Салу-мегIер – гьеб ккола гьанжесеб Казбек мухъги ЧIикIаб росдал ракьалги жани бачулеб ракь-мухъ. Гьебги кколаан некIсияб магIарул росаби ва хъулби ругеб кьолболаб магIарулазул ракь.

[423] Булачиеха.

[424] Гьеб бакъбаккул рахъалда бугеб майданалда хадуб ХIебда росу бан букIана. Гьеб ракьги некIого Гьидерие щун букIана.

хIалалда гьел рукIадго, ГIандуникI хун вуго. Эв хвейгун, Булач-нуцалги гьидги рекъон, ХIажи-ГIали шамхал чIван вуго, эсул Хучада абураб росуги бахъун буго. Эв шамхаласул Гъамбулат абурав васги ТIиди[425] лъутун вуго. Энив ункъо соналъги чIун, вачIун Ракьу-ГIахьвахъ[426] чIун вуго. Эсдаса батIалъун инсул рагIийаятги Булач нуцалие ккун буго.

Цинги гьав Гъамбулатица 920[427] абилеб соналъ гьаб вакъигIат хъвазе гьабун буго. Эс эбги кьун буго, чIван жиндирго инсул мугъругун, жиндир вас Мусаласухъе, жиндаго хвалил унти чIвараб гIужалда, жиндирго умумузул къоялги, эзул тарихги лъазеялъе гIолон.

## ГIандуникIил васийат жиндир вацасул вас Булач нуцалие

Ле, дир вацасул вас, дуца росе Аваралъул кIулал. Элъул тIоцебесеб – ГIалигъиличилал, кIиабилеб – Жунгутдерил ханзаби[428], лъабабилеб – Бакълъулазул умаарал[429], ункъабилеб – ГIандалал[430], щуабилеб – Хьарусел[431], анлъабилеб –

[425] Гьаниб ТIиди-йилан хъван буго, амма цогидал бакIазда хъвараб ва биценаздаса рагIараб хIисабалде босани, гьеб кколеб буго ТIинди.

[426] Гьеб буго гьанжесеб Шамил мухъалъул бакътIерхьуда бугеб росу. 1930-л саназда гьелъул опициалияб цIар пантуркистаз Дагъбаш-алде хисизабуна.

[427] Байбихьана 1514 с. 7 марталда.

[428] Гьеб Жунгут росу некIсияб заманалдасаго магIарул росу букIана. XV гIасруялда Хьирималдаса рачIарал нугъаял Шураб ракьалде щун, хадур Жунгутдерица жидер гьоркьоре риччан руго, хадуб абуни мацI хисун буго бигьа-гьабун лъарагI мацIалде. Гьединан некIсияб магIарул росу лъугьун буго лъарагIазулаблъун. Гьел Жунгутдерил ханзаби нахъа лъугьана Магьдилаллъун, чIчIейги УхIлиб ккана. Хадубин абуни цIидасан Жунгуталде гочана.

[429] Бакълъулазул умараал, ай амирзаби рукIана Жунгутдерил ханзабиго гIадин Аваразул нуцабазул гIагарлъи гьенибе гочун лъугьарал чагIи. Гьезул чIчIейги МелъелтIа росулъ букIана.

[430] Гьал «кIулал» рехсон руго бакъбаккудаса байбихьун бакътIерхьудехун. Гьединлъидал гьал ГIандалал абун хъварал чагIи нилъеда ричIчIизе ккола ГIандал хIисабалда. Бакълъулал гьезул мадугьалзаби рукIиналъ ва хуадур ГIандал тун бакътIерхьудехун ругел Хьарусел рехсон ругелъул, гьеб нилъер пикри битIараб букIин бичIчIула.

Бакълъал[432]. Дуца гьал кIулал росани, дуе цIам, гьоцIо, цIибил, махх, ччугIа – цойгидалги мун хIажалъулел жал дуда аскIор рукIинеги руго. Гьединан дуца гьел росичIони, дудаса щибаб жоялъ мугъ бала. Цинги хал гьабе дуца нилъер умумуца жудода милклъи гьабурал бакIал, эзул гIорхъалабиги: бакътIерхьул рахъ – Мийасу-гьатIан[433], бакъбаккул рахъ – ГьоцIдерил росу бакьулъ, жанубалъул рахъ – Хучадаса бахъараб Гьаркьадерил кьотIе щвезегIан[434], шималалъул рахъ – Сала-мегIер, Таргъуялде щвезегIан[435].

Цинги хал гьабе дуца нилъерго умумузул Дагъистаналъулъ абулеб рагIиядухъ: нилъер Дагъистаналда вуго кIинусазаралда лъабкъоялда анцI азарго чи. Лъабкъо азарго чи тавасаразул[436] ханасе руго, лъебер азарго чи Хайдакъалъул руго, нусазарго чи Гъумеки ханасул руго, къоазарго чи нуцалил аскаралъул руго. Эв бищун гIаскар цIакъав, гуч бугевги вуго.

ГIенекке, дир вацасул вас, дуца цIакъ бахъе гьал гIорхъабадаса жани лъугьине. Дуца тезеги тоге мун гурезе рокьоб гIанасебги ракь, мун, дурго умумул гIадин, ханлъи гьабулев чи ватани.

Гьаб тарих хъварав чийилан буго ГIандуникI нуцалил къади ГIандиса ГIали мирза гьаб соналда – 890[437].

Гьаб кIиябго цо ракьазул дагIба ккараб мехалъ Инквачил Дибирасе гьидалъес накълу гьабураб жо буго.

---

431 Хьаруб (гIурус. – «Шарой») – некIсияб заманалда магIарул росу, XVIII гIасруялда чачанал гочиналъ гьезул мацIги босун, чачаназулаблъун лъугьана. Гьеб буго ЦIумада Шобутиб ва Итунхъалаялде унеб нухда.

432 Гьанжесеб Гъоркьияб Бакълъухъ росу. ТIасияб Бакълъадерил жамагIаталда Амсал-илан абулаан.

433 Датунал яги 3 км-алда аскIоб букIараб гьатIан.

434 Гьаниб Авар-гIоралъул бицунеб буго, Хучада росдал гъоркьан бугеб бакIалдаса Гьолокь росдал кьотIе швезегIан.

435 Гьаниб хьунал (север) рахъалдаса гIорхъи бихьизабун буго гьанжесеб Хасавюрт-МахIачхъала шагьранух ккун. Гьеб буго салул авлахъалде швезегIан ругел ракьал, гьел авлахъал абуни тIолабго МагIарухъалъул вакъуп, хIарим букIана.

436 Табасаран.

437 Байбихьана 1485 с. 26 январалда.

**Цо Хунзахъа чIужуялъ ханзабазухъ гъабураб магIу**

ГIуммаханил месед салутIе хьаял,
Нуцалханил хвалчен хартIа биччаял,
Булач рекIун араб чодукье ккаял,
Маргъалалъул турут хIатIикь ккун тIеял,
Дур меседил хъалин цIаялъ бухIаяв
Дурни бахъиларо, Хириясулав.

**Кьенсерухъезул жагьилияб заманаялда букIараб гIадат**

Цо пуланав чияс цойигиясул бетIер багьани, жинца бетIер багьарав чиясда букIун буго 66 куй, чахъу-кьегIер. Гьединго букIана чохьол хIукмуги.

Бер бахъарав чиясда нусго чахъу букIана, кIиябго бахъарав чиясда – кIинусго букIана.

Квер къотIарав чиясдаги нусго чахъу букIана. КIиябго къотIарасдаги букIана кIинусго чахъу.

ХIатIил хIукмуги гьединго букIана.

ГIин къотIани – кIикъоялда анцIго чахъу букIана.

КIиябго къотIани – нусго букIана.

Килищ къотIани – анцIила щуго чахъу букIана. Цойгидал килщалги гьединго рукIана.

Цо чияс цо чиясда ругъун лъун, гъов жинца ругъун лъурав чиги лъачIони лъабго-ункъо къоялъ, эв жинда ругъун гьабурав чиясул гIадамаца, жинца ругъун гьабурав чиясда цIарги лъачIони, эл жинда ругъун гьабурав чиясул гIадамаздаса бахъула, бараб къо рикIкIун, ратIалалъул ункъил бутIа пахьул гIакIаде.

Цо чиясда ургьибениги, ботIронибениги багьичIеб ругъун лъуни, эб килщил гIеблъиялдалъун борцун, килищ рикIкIун, чахъу букIана.




Кьенсерухъ ва РисгIоралъул росаби

Цо чияс цо чиясда сардилъ ругъун лъуни, гъов жинца ругъун лъурав чиги лъачIони, цо чиясдаги щаклъани, гьагъав жинда щаклъарав чиясдасан тIалаб гьабила ругъун. Масала, кIиго чахъдал гIакIа тIадаб бугони, кIиго гьедизе чи, лъабго бугони, лъабго чи – чахъу цIикIкIанагIан чи цIикIкIина.

Цо чияс къотIани цо чиясул хIатIил килищ, эсда анцIго чахъу буго.

Цо чияс бекани пуланасул бох, эсдаги анцIго чахъу буго.

Цо чияс къотIани цо чиясул квер, эсда буго кIиго чахъу.

Цо чияс цо чиясул ботIрода ругъун гьабуни, элъги къотIани эсул тIом, эсда чахъу-кьегIер буго; тIомги гьанги

къотӀани, рокьодаги хъвачӀони, эсда буго кӀиго чахъу-кьегӀер; рокьода хъвани – эсда буго анцӀго чахъу-кьегӀер.

Цо чияс цо чиясда тӀил бани, эсда ругъунги лъуни, эб килщидалъун борцина, элъулги килищ рикӀкӀун чахъу букӀина.

Цо чияс цо чиясда ругъун лъуни, жинца ругъун лъурав чияс тохтирасда хадув чи витӀила. Эв тохтир чан къоялъ нахъвахъаниги, къо рикӀкӀун ратӀалалъул ункъил бутӀа пахьул бахъила.

Цо чияс бекани цо чиясул ца, эсдаса бахъила анцӀго чахъу. Цо чияс бекани цо чиясул хьабалухъ, элъул ругъунги тӀаде баккани, эсдаса бахъула щуго чахъу, ругъун тӀаде баккичӀони – чахъдал ункъил бутӀа.

Цо чияс бекани цо пуланасул гьод, эсдаса буго щуго чахъу.

КӀиго чи вагъани, цебе кьабгӀарасда буго кӀиго чахъу, кӀиабилев кьабгӀарасда буго цо чахъу; хӀалае вахъарав чиясда буго лъабго чахъу.

Цо чиясда цо чияс тӀил бани, ругъунги лъечӀони, эсда буго кӀиго чахъу.

Ханжар бахъарав чиясда буго цо чахъу.

Цо чи питнаялъе гӀоло ярагъгун къватӀиве вахъани, эсдаги буго цо чахъу.

Цо чи вагъани бо данделъараб бакӀалда, цебеги кьабгӀани, эсда буго кӀиго оцол къимат.

Цо чияс цо чиясда ругъун лъуни, изагӀанго ругънал лъуни, жинда ругъун лъурав чияс тушманлъиги ккволаро, эсие жинца ругъун лъурав чиясдаса ругънал хӀисабалда жо бахъила.

Жинца чи чӀварав чиясул гӀагарав чияс гъов чӀварав чиясул гӀагарав чиясда гьумер бихьизе гьабуни, чӀвай-хъвей ккун анцӀго къо базегӀан, макътуласул гӀагарав чиясе эсдаса оц бахъила. Масала, цо чияс чӀвани къинай гӀадан, эсдаса бахъиларо дият гуреб жо, элъул чохьониб зигардулеб лъимер букӀани гурони.

Цо чияс чIвани цо чи, эс рокъоса ине баларо анцIго къо гурони. Жинца чIварав чияс дият анцIго къоялдаса нахъ бахъани, эсдаса къойил чахъу бахъила.

Цо чияс чIвани жиндирго тушман, лъабго сон балалде дият нахъе бахъила, гьагъадинго дият эсдасаги бахъила.

Жив чIварав чиясул гIадамаца жинца чIварав чи заман щвелалде рокъовеги ахIун (виччан) чIани, гьев чIварав чиясдаса магъалоги босила, бидги виххила.

Жинца чи чIварав чиясул бакI жидер чи чIваарал гIадамаца бухIани, эсдаса дият босиларо.

Жив чIварав чиясул варисас ритIарал гIалимзаби, гIакъилзаби ритIани жинца чIварав чиясул варисасухъе, эв мукIурлъизеги мукIурлъичIони, нахъа мукIурлъиялъ мунпагIат гьабиларо.

Жинца чIварав чиясул варисас дагIба бани, жинца чIварав чи сапаралъ анилан, балагьила. Гьев лъабго къоялде вуссани, эвги мукIурлъани, къабул гьабула. Гьедин ккечIони, гьесул мукIурлъи къабул гьабуларо.

Цо чияс цо чиясда ругъун гьабун, жинца ругъун гьабурав чиги мукIурлъани, цинги кIиявго дагIбагъани, ругъун кIудияб лъечIилан, жарихI лъунилан (мажрухI – рагIалда хъван буго), эзул пикру гьабила. МажрухIас дагIба бани, жиндир бетIералъул тIом къотIун бугилан, жарихIас цIар чIварав чи мажрухIас гьедизе гьавила; гьанги къотIун бугилан, мажрухIас дагIба бани, жарихIас цIар кьурав кIиго чи мажрухIас гьедизе гьавила. Рокьоде щун бугилан дагIба бани, лъабго чи гьедизе гьавила жарихIас цIар чIварав мажрухIасул росулъа. Гьединго руго цойгидал ругънал.

Цо нилъер бол чиясе зарар гьабуни батIияб бол чияс, цинги цо нилъер аниса чиясдеги щаклъани, эв батIияб бол чигун гIахьаллъанилан, эв нилъер бодул чиясул гьедизе гьарила лъабго чи. Эл эв вацIцIун гьедани, эв тела, гьедичIони – эсдаса жиндие зарар гьабурав чиясе зарарги бецIила, эсул ратIал пахьулалъул гIакIаги бахъила.

Цо чияс чIвани цо чиясул гьой, бокьун, сабаб гьечIого, гьой чIварав чиясда буго я гьой, я чахъу. Сабаб ккун чIваниги, гьединго буго. Гьвел бетIергьанас дагIба бани, дуца дир гьой сабаб гьечIого чIванилан, эв гьедизе гьавила, эсул гьаги къабул гьабила, Къуръанго гьечIого. Гьединго буго цойгидалги рокъор ругьунал хIайванал. Цо чияс чIвани цо чиясул гьой балъгого, цинги цо чиясдаги щаклъани, жинда щаклъарав чи гьедизе гьавила, цо чиги хадув тIамун. Гьедани – тела, ГьедичIони – гьойги бахъила, цIогьол гIакIаги бахъила.

Цо чи чIвани рагъулъ, гьанже гъов чIварав чиясул гIагарлъиги щаклъани цо чиясда, эв жинда щаклъарав чи гьедизе гьавила, цадахъ анцIго чиги вачун. Гьединго буго гьедин ккараб лъукъелги.

Цо чияс бикъани пуланасул гIиялъа жо, масала, эсги инкар гьабуни бикъичIилан, эв гьедизе гьавила цо чиги хадув вачун, кIиго жо бикъани – кIиго чи хадувгун гьедизе гьавила. Гьедин буго анлъиде щвезегIан. Анлъидаса (тIаде) бахани, тIокIав чи вачине гьавуларо.

Цо чиясул рокъоса бикъани жо, гъов жиндир жо бикъарав чиясги абуни, дуца дир рокъоса гьаб жо бикъун бугилан, гъосги инкар гьабуни, росдал гIадамал эзул рагIухъ балагьила. Гьеб хIалалъулъ эзие загьирлъани бикъун букIин, эсул дагIба битIухъ гьабила. Гьединги букIаго, жинца бикъарав чи гьедани, хадув анлъго чиги вачани, вацIцIалъила. Эвги хIинкъани, жиндир жо бикъарав чи, лъабго чиги хадув вачун гьедила, дуца дир рокъоса гьаб багьаялъул гьаб жо бикъанилан. Жиб бикъараб жо ратIалалдаса цIикIкIинчIони, жинца бикъарав чиясда гIакIа гьечIо элъул къимат гуреб жо.

Цо чияс бикъани цо чиясул чу, ялъуни гIала, ялъуни гIорцIен. Цинги жиндир бикъарав чиясги дагIба бани, дуца дир гьабго гьаб жо бикъун буго абун, жинца бикъарав чи гьедизе гьавила анлъго чигун цадахъ. Эл гIадамалги рукIина жиндир бикъарав чиясе бокьарал. Эв цIогьор хIинкъани гьедизе, эл рикъарав чиясдаса эзул багьа бахъила. Эб багьа гьабулеб мехалъги ахIила лъабго гIадилав чи, эб багьаялъул

(иш) рекъезе гъабизе. Гъединго буго гъаб лъабабго бикъиги. ХIамил, оцол хIакъалъулъ ункъо чи гъедизе гъавила. ГIакдал хIакъалъулъ лъабго чи гъедизе гъавила.

Цо чиясул цо жо бикъани, эс эбги баккизе гъабуни цо сон ун хадуб, тIад ругел гIадамаз эсул дагIба къабул гъабиларо. Цо чи щаклъанги цо чиясда, эс жиндир эб жо бикъун бугилан, эс эбги бахъани хIакимзабазде, эс эсдаги дагIба бани, дуца дир гъаб жо бикъун бугилан, эсул эб къабул гъабиларо, лъабго моцI бахъидал.

Цо чияс бикъани цо чиясул хуриса хIалухъен, элъул бетIергъанасги дагIба бани, цIогьорасги инкар гъабунани, эсул гъеди ритIухъ гъабила, эсда хадувги гъедизе гъавун цо чи. Гъединго буго харил хIукмуги.

Цо чи кIанцIани цо чиясул милкалде, эниса эсги босани щибгIаги жо, эсул бахъила цо чахъу. Гъединго кIанцIани гIемерал гIадамал, эздасаги бахъила чи рикIкIун эбго чахъу.

Нилъер бол чиясе чияр бодаса чиясда налъи ккани, эс эбги кьечIони, нилъерго бутIрузде мушавара гъабила. Эз эзул бутIрузде аскIоре ритIила. Эз эсде аскIовеги тIовитIани, эсие эбги кьуни, лъугIана. КьечIони – кIиязулго рагъ ккела.

БетIерлъиялдаги данделъуларо эменги васгиниги, кIиго вацниги, кIиго вацгIалниги. Данделъани, цояв рехула (гьитIинав рехула).

ТIоцебе къалеб бакIги Гьамикь мегIер[438] буго. Гьеб къараб магIарде жо кIанцIани, эб нахъе гъела мугIрул бетIергъанас. Эл данде рагъани, эздаса бахъила щивав цоясдаса бодуе щу-щу чахъу.

Цо кIиго чиясул дагIба къотIани, цо жоялде гъов кIиявгоги ккани, цо росдал хIакимасда аскIоб цоясги абуни, дун эсда разияв гьечIин, эв чи дур гIагаравниги, божаравниги

[438] Гьеб мегIер ккола Чвахидухъ бакIалдаса 2 км-алъ Кьенсер-гIор ккун тIадехун бугеб бакI. Хасало гьенир рукIунаан Рилъаб росдал чагIи, амма ихдал хурзалги рекьун, гьел жидерго росулье ине кколаан, кIиго гIелги Гьамикь колода тун, хьарал хурзал гIи-боцIудаса цIунизе. Гьеб магIардаса гIиги нахъе ун хаслихъе гьенире нахъе руссунаан Рилъаб росдал чагIи.

ватилин, дун вилълъинарилан, эб нахIиййаталъул бутIрузда тIадаб буго эв цо гIадилав гIалимчиясухъе кьезе, эзда гьоркьоб хIукмуги эсда тIубазе гьабизе. Масала, цо чияс кьезе букIараб жо заманаялдаса нахъбахъани, масала, цо лъагIалица нахъбахъани, элъул бащдабги босила.

Цо чияс, жиндирго тушманги къватIив вукIаго, эсул вац чIвани, диятги нахъе босила, нусго чахъуги бахъила, эсул хъизанги эвги росулъаги рачахъила, тIокIал росулъеги риччаларо. Цо чияс жиндир тушман чIвани, эсие щибго гьечIо. ЦIогьор чIваниги, гьединго буго.

Нилъер бакIалдаса чияс зулму гьабуни чияр бакIалдаса чиясда, цинги гьов чияр бакIалдаса чияс эв нилъер бакIалдаса чиясул щибниги жоги ккун, эв нилъеде гIарзалъ вачIани, эсулги бахъила пахьул ратIал ва дов чиясдаса ззулму гьабун бахъун букIараб жоги.

Цо чияс бичани жиндирго чIужуялъул щибниги, гьанже эсги абуни, эб нахъбуссине гьабизе бокьун, эб дир чIужуялъул боцIи букIанилан, эсулги дагIба къабул гьабиларо.

Цо квешал гIадамал кIанцIун, цо лъикIлъи малъулел гIадамазе зарар гьабуни, эб зарарги бецIизе гьабила, эздаса цо чахъуги бахъила.

Цо чагIи ани, яги цохIо чиниги, ханзабазда аскIоре гьудуллъи-гьалмагълъи ккезеялъе гIоло, щибго росдада хурхараб ишги гьабичIого букIун бугеб хIалалъ, эзул бахъила чи рикIкIун лъабго чахъу.

Цо чияс цо чIужу абуни, эбги гIагарлъиялда, эз эйги эсие кьуни, гьанже вахъани элъул вали, дица эй батIиясе кьун йикIанилан, гьесдасаги бахъула лъеберго чахъу.

Росу гIадлуялдаса бахъани ялъуни дибир гьечIого хутIани, гьеб кIиябго жоялъе, барал къоял рикIкIун, чахъу бахъила.

Жив чIварав чиясул гIагарлъиялъ щибниги зарар гьабуни жинца чIварав чиясе ругел гIагарал чагIабазе, элъул рецIелги бахъила, эздаса щибаб къоялъе чахъуги бахъила, тавбу гьабизегIан.

Нилъер бодаса чи батӀияб боднеиги, нилъерго бодул росулъениги магӀиде ани, эв жиндир магӀиде арав чиги цинигӀаласде щвечӀев вугони – бихьинав вукӀа, цӀуяв вукӀа – гьесдаги чахъу буго. Ва амма гьоболасде арасдани гьечӀо.

Гьединго, чахъу буго ахӀуд вахъинчӀев чиясдаги, гӀузруги гьечӀого живгоги вукӀун. Эб гӀузруги – унтун вукӀин, херлъун вукӀин, къого соналде щвечӀого вукӀин, тушман вугев чи вукӀин.

Цо чияс рекӀани цо чиясул чу, я гӀала, я гӀорцӀен, кьенссерухъезул бол ракьги тани, эсдаги буго цо гӀака я ункъо чахъу.

Цо чияс хъамуни гьеб лъабалъулго цонигияб гъоркьелъелалъе, гьесдаги буго къое диргьам. Гьединго хӀамул рачарав, оцал рачарав чиясдаги буго къое диргьам (ай эл эсда кодор даимлъанагӀан). БечӀчӀулеб гӀакдал бетӀергьанасеги бахъила гьебго жо, ай гӀабаси.

Цо чи кӀанцӀани цо чиясул милкалъуве, гьесдасаги бахъила эниса босаралъул кӀиго бутӀа.

Узденчияс лагъ чӀвани, узденчиясул дият босила. Лагъас узденчи чӀвани, эсдасаги узденчиясул дият босила, эв къватӀивеги тӀамила лъабго соналъ. Лагъас лагъ чӀвани, эсулги дият узденчиясул букӀина.

Хиянатго чӀужуялда хъварав чиясда кӀиго оц ва кӀиго соналъ рикӀкӀад гьавиги, ва чӀварав чиясул дияталъул бащдабги, жив кӀалъайги дой чӀужуялъул гӀагарал чагӀазда, заман лъугӀун рокъой вачӀараб мехалъ.

Цо росу цо росулъе кӀанцӀани, гьездаги лъеберго чахъу. Цо чи кӀанцӀани, я гӀемерал кӀанцӀани, эздаги, чи рикӀкӀун, щуго чахъу. Эзие ГӀурахъ[439] мегӀералъул бутӀаги гьечӀо.

Чолниги, гӀаладулниги, гӀорцӀмадулниги рачӀ, гьанадеги щвезабичӀого, къотӀарав чиясдаги анцӀго чахъу, ханасе цо оц гӀакӀадае. Гьанаде щвезе гьабуни, цебеселъулъ

[439] ГӀурахъ мугӀрул ккола КӀудияб Кавказалъул бал. Кьенсеразул гьенир рукӀана риидал гӀи хьихьулел мугӀрул ЦӀоралъулгун гӀорхъода.

рехсараб жо, ханасе цIар лъураб гIаланиги, чуниги, гIорцIенниги гьебги – гIакIадае оцги.

Тушманлъи гьечIеб бакIалда тушманлъи гьабун, цIа лъурав чиясдаги нусго чахъу гIакIаде, ккараб зарар бецIиги, ханасе кигIан ва щиб къагIидаялда бокьаниги. Элда эс инкар гьабуни, эсие гьедиги, кIикъоялда анцIго чи хадувгун.

Нилъер мегIералдаса щибниги жо щибниги жоялъе гIоло хъамурав, бикъарав чиясдаги щуго чахъу, жинцаго хвезе гьабураб, жиндихъго бугебги жо нахъбуссине гьабиги. ГьочотIа [440] мегIералдаса щибниги жо босарав чиясдаги хIайван буго, эб гуреб цойгидаб буго босараб жо нахъбуссине гьабиги, кIикъоялда анцIго чахъуги.

*Эз гьеб жидер жагьилияб гIадат мукъсан гьабун буго гIемерисеб хIалалъ. Эзги цIикIкIине гьабун буго МухIамадияб дин. Кинниги эз гIадат мукъсан гьабун гьечIо гIизагIанго жалазулъ. Харж борциналъулъ – эбги эз хвезе гьабун гьечIо. Эб гуребги, бикъиялъул, элъие гьабулеб жидерго гIадлуялъул, чу рекIиналъул. Эбги эзул гIадат букIун буго – магIардаса чияр чу рекIунеб. Эб рехсанщинаб жо эз жидерго умумуца – эбги эб гуребги гIадин ккун буго. Гьал хъваралги, нахъа хъвазе ругелги гIадатал тарих лъаларел гIадамазда жанир таватуралда рачIарал руго. Эл гIемер бакIалда хъванги руго, тарих хъвараб бакI батуларо. БичIчIулеб, лъалеб буго мактубазде балагьунги, цойги кагътазде балагьунги ва тIахьазул лъугIарал бакIазде балагьунги, эзул тарих хъвай къанагIатаб букIун бугеблъи.*

440 ГьочотIа (гIурус. – «Кусур») – Самур гIоралъул байбихьуда бугеб магIарул росу. Гьеб Самуралъул тIасияб рахъалда 300 км$^2$ ракь букIана ГьитIинаб Кьенсерухъ абураб магIарул бо, цебехун Кьенсерухъгун гIаммаб бо букIараб, амма хадуб XVIII гIасруялда ЧIарлъулгун цолъиялде лъугьараб.




Бакъда магІарул боял

## ГІандалазул гІадат

ГІандалазул росу ахІуд бахъинчІони, эзул бахъула нусго куй. Эб ахІулъ эзул чияс чІвани умараазул[441] чи, эв жинца чІварав чиясе нижеда буго щибаб соналъ нусго къалиги анцІго куйги. Эл умараазулъ цо пасалъи гъабулев чи вахъани, элъулги жо эз кьола, жив чІварав чи дияталде ккани, эбги эз кьола. Эл умараазул цояс чІвани гІандалазул цояв, гІандалаца кьола эсие лъабкъого куй-къали. Гьединго цо ахІулъ нижер чияс батІияб бакІалъул чи чІвани, элъул диятги нижеца кьола (ай гІандалаз).

Цо гІандалазул чияс батІияб бакІалъул чи чІвани, цо чияс ун эв жинца чІварав чи, эсдасаги бахъула нусго куй.

Цо чияс умараазе жиндир яцгІалниги, цо цеесей чІужу кьуни, эсдасаги бахъула нусго куй. Гьединго буго ячаниги. Умараазде мацІ гьабурав чиясдаги нусго куй буго.

---

[441] Умараал, амирзаби – ханлъи жидее тІалаб гьабулел рукІарал рагІи билъарал чагІи. Гьаниб бихьулеб буго ГІандалаз гьединал чагІаздаса жидер эркенлъи цІунулеб букІараблъи.

Цо росдадаса цо росдаде мацI гъабурав чиясдаги оц буго.

Нижер чияс чIвани умараазул чи, цинги эл жив чIварав чиясул гIадамацаги гьарани дов жинца чIварав чиясул гIадамазданиги эсул росдаданиги жо, эз эб кьуни, эзда лъабго оц буго. Дов чиясул гIадамазда гьарани, эзги кьуни, эзда цо оц буго.

ГIандалазул чияс кьуни умараазе цо бакI бичунниги, хисунниги, гьадингониги, эсдаги буго лъабнусго куй.

ГIандалазул чи ани умараазда аскIове, эв эзда аскIовги чIани, лъикIаб къваригIелги гьечIого букIун бугеб хIалалъ, эсдаги буго нусго куй. Цойги, гIандалазул чияс нугIлъи гьабуни умараазул чиясе, эсдаги буго нусго куй.

Нилъер чиясдаса гъозул чияс (ай умараазул чияс) босани хIалица чахъу гIадинаб жо, эс эбги нахIийаталда лъазе гьабуни, эз эв нахъчIвазе ккела эсдаса гъоркьелъел босиялдаса. Гьеб хIалалда буго ккун нилъер чиясе куй кьун, я гъоркье жо кьунниги, лъачIогониги, цIаргIаялъе жо кьун, эсдаги оц буго.

Нилъер чиясулги (ай гIандалазул чиясулги) ханзабазул чиясулги дагIба ккани, эл батIиял ханзабазданиги, батIияб нахIийаталданиги ритIуларо, нилъер изну гьечIого. Ани – эздаги цо-цо оц буго.

Нилъер чиясе налъи ккани батIияб росулъ, эв жинда налъи ккарав чиясда аскIове ина, эсдаги гьарила эб кьейилан. НахъчIвани – эзухъа гъоркьелъел босила, кьечIони – эздаги оц буго. Цо чияс эб шартI (гъоркьелъел) гьарараб мехалъ, жиндаса шартI тIалаб гьабулев чияс зар кьабгIани, эсдаги кIиго оц буго.

Нилъер чияс чIвани нилъерго бакIалъул росдал чи, эсдаса бахъула ункъо оц – кIиго жив чIварав чиясул гIадамазе, кIиго – гIакIадае.

Цо чи чIвани жиндирго рокъов, жиндир биги бахчун хадуб, эсдаса бахъула къое цо-цо оц. Цо чи чIваялда мукIурлъани, эсда би буго. Цинги эсулъуве кIанцIун, эсул рукъ

бухIаниги, эсул жо хвезе гьабуниги, эбги бахъула эздаса, чи рикIкIун, кIи-кIи оцги босула росдае бокьани. Эзие бокьичIони – боца, хвезе гьабурал гIадамазеги буго хвараб жо бецIизе. Цо чи гъуна зулмуялда къватIиве, цинги гьев чIвана.

Нилъер росдалги батIиял ханзабазул росдалги рагъ ккани, балагьила, зулму батани нилъер росдада, эзие квербакъила. Чияр росдада зулму батани, эзие квербакъила.

Цо росу батIа кIанцIани нилъедаса, эл нилъеда хурхун чIеларинги лъугьани, эздаса бахъила лъабнусго куй.

Цо чияс абуни цо чIужу, эй эсиегги кьезе къотIи гьабуни, эз эв гуккани, гьанже кьеларилан валиясги инкар гьабуни, эсдаги оц буго.

Цо чияс ришват босани, эсдаги буго оц. Эс инкар гьабуни, эсдаги щаклъани, эв гьедизе гьавила, анлъго чиги цадахъ вачун.

Масала, чияр росдадаса, чияр бол гIадамаздаса нилъер бакIалде боцIи бачIаниги, эб гуреб жо гьабуниги бахъулеб гIакIа, гъоркьелъел эзул гIадаталда букIина. Эз жидер бакIалде лъугьинчIониги гIакIа бахъани, гъоркьелъел босизе, нилъецаги нилъер бакIалде лъугьинчIониги, босила. БосичIони – босиларо.

Цо чиясул гIагарал гIадамазе бокьани, цо чи квешлъиялъе гIоло, эв чIвазе, эв чIвазеги чIвани, гIакIа бахъиларо. Гьедин гьечIони, чIваялъул гIакIа теларо.

Нилъер бакIалдаса чияс жиндирго бусурманав лагъ вичани, я бусурманай лагъниги, батIияб бакIалде, эсдасаги бахъила нусго куй.

Цо чияс бухIани нилъерго бакIалдаса чиясул бекьараб жониги, рохьниги, кулиниги, эсдаса бахъила нусго куй.

Нилъер бакIалда гьеди ккани чол багьа бугеб жоялъе энив гьедулев чиясда хадув къваригIуна анцIила кIиго чи, оцол къиматалъе – анлъго чи, гIакдал къиматалъе – лъабго чи, кинабго чахъдае – цо-цо чи.

Цойги, нижер рекъел ккана, масала, бо сапаралъ бахъани, эл цо бакIалда рещтIани, эц цоцазе кумакги гьабила,

нилъ гурезде. Цо чияс кумак гьабичIони, я бодаса батIа чIани, эсдаса оц бахъила.

Росдал бетIерасдасаниги, дибирасдасаниги гIакIа бахъани, эсдасаги оц бахъила.

Руккел данде гъолеб къоялъ эниве вачIинчIев чиясдасаги бахъила. Гьединго росдал цIар чIварал гIадамал руккалилъе рачIинчIони, эздаса оц бахъила.

КIиго чи дагIбагъани, эв кIиясегоги бокьани, цоясе – шаргI, цоясе – гIадат, шаргI гьабиларо, гIадат гьабила. Жинда дагIба балев чиясе бокьани жинца дагIба балев чиясул нугIзал гьедизе гьаризе, эл гьедизе гьарила.

Нилъер чи лъутани тушманзабазде аскIове, эсул бахъила нусго куй. Эсул рукъзалги тIаса ричила, эсие жиндирго милкги теларо щибго, эсие тасаруп гьабизе.

Нилъедасан мацI гьабуни ханзабазде, эсдаса бахъила анлъго оц. Гьедин мацI гьабулаго эв чIвани, эсул рецIелги кьеларо.

Цо росуялъ цойги росдал чиясе кьолей чIужу ячинчIони, гьездаги нусго куй буго. Гьединго цо росуялъ батIияб росулъа жинца чIужу ячунев чиясдаги гIакIа лъуни, эздаги лъела.

Цо кIудияб росуялъ гIакъуба кьуни цо гьитIинаб росдае, эздаги буго нусго куй щибаб соналъ. Гьединго гьитIинаб росдада зулму гьабуни кIудияб росдаца, кинабго боцаго гьитIинаб росдае кумак гьабила, эзда зулмуги теларо.

Гьединго цо чIужу лъутани цо чиясда хадуй, эйги ани дибирасулъуе, эс эйги рокъой тани, эсдасаги бахъила тарай сордо рикIкIун оц. Гьединго эйго къинай лъугьун дибирасулъуе арай гIаданги.

Гьединго чIвани нилъер чияс батIиял гIадамазул чи бо бахъараб бакIалда, эсул кьезе кколеб оцги боца кьела. Эл гIадамал эв чиясда тIаса лъугьани, эл гIадамазе лъабго томенги боца кьела.

Цо чиясда хадуй цо чIужу лъутани, элъулги оц бахъила. Гьединго цо чияс цо чIужу хъамуни, эсдасаги оц бахъила.

Гъединго эсие кумак гъабурал гIадамаздасаги цо-цо оц бахъила. КъватIулъа къинлъарай гIамалдаги оц буго. Гъединго жинца зина гъабурав чиясдаги оц буго.

Цо чияс жиндирго тушман чIвани, дият нахъе босула, дов тушманасул варисзабахъеги кьола. Гъединго эв сабаблъун хвараб жоги бецIизе гъабула.

Цо чияс жиндирго вац чIвани, элги эбел-инсуда цадахъ рукIун, эсда дият кьезе гъабуларо, инсуца кьолареб гIадин васасул дият.

Цо чияс цо жо бичани, эбел-инсулниги чIужуялъулниги эбги букIун я букIинеги букIинчIого, бичун хадуб ракIги бухIани, цинги дагIбаги бани, къабул гъабиларо.

(ГIадатал лъугIана, гьезул асарал руго нижер умумуздасан ялъуни кIалалъ бицун, ялъуни хъван).

## Кицаби

1. Вилълъиндал рекъав лъала, бициндал тIекъав лъала.
2. ТIирцIаб куйдаса керчаб гьой лъикI.
3. Вакъун гIелалдаса гIорцIун хвел лъикI
4. Хераб хIамидаса бахIараб цIцIе лъикI.
5. БацIги циги багъани, цараца би чIикIула.
6. Эбел йихьун, яс йосе, мицIир бихьун, ххам бихъе.
7. МагIарда гIи бугониги, гIаг гьечIеб шарбал, гIиялъ куйдул ругониги, тIоноцI гьечIеб тIагъур.
8. Нилъер, чияр чи лъала, чияргун рагIи ккани, чиякъал гурел лъала, чIамучIаб унти чIвани.
9. БуцIцIа кIал, буцIцIинчIони – борта зар.
10. Мунго дуцаго дибир рехиларо, ГIали бачаде витIе. (*Гьеб кици тIоцебе Гиничукьа ГIали-дибир абурав чияс абун буго, дибирлъун вукIун вугеб хIалалъ, росдаца бачаде витIараб мехалъ, дибирлъиялдаса гIодовги чIун вуго).*
11. ГIияда бацI тоге.
12. ЦебетIаналъ гIи тIагIинабураб, апарагас росу хвараб.
13. Цайилъ гIолареб гIосолъ чIчIана.

14. Гьун гухIай, хIама тункиларин, гьилагираз гьабун биччай. *(Гьеб кициги цо кIудияй чIужуялъ абулеб букIараб кици буго, гIисинал лъималазда ретIел букъизе гьабулеб мехалъ, гъозги гъоб цIакъ гIисинго букъараб мехалъ).*
15. ГIабдаласе нух кье, нухлуласе салам кье.
16. Гьоболасул мугъалда меседил мугьру.
17. ВачIунелъул гьурмадаса, унелъул мугъ берцинаб.
18. ВитIунчиясда нич гьечIеб, гьарчида берал гьечIел.
19. Гьагьикь вукIарасе чухъа кьураб мехаца, бацIцIадабищ, хъубабищан абурабила.
20. Цидулгун гени кунге.
21. ГIемераб лъадахъани, лъадал гIеретI бекула.
22. Хъвезе оц кьурасе бежизе гьоэр кьечIеб.
23. Тус кьун, кьай босуге.
24. ЦIадакьа вахъун, гонгикь чIоге.
25. Росдал газа кьурдаги балеб.
26. Рохьове араб къо рохьоб хвезе гьабе.
27. Гьвел росода чIван чIулгIи бекиларо.
28. МацIалда ракьа гьечIеб.
29. Вацго вац вугониги, къали цIезе гьабе.
30. Малъараб гьабе, гьикъараб бице.
29. Чияр жо чияе те.
31. Ябуца[442] ябу ккола, бартуца барти ккола.
32. Квешаб гамачI квешаб гамчIида рекъола.
33. ЛъикIаб гамачI лъикIаб гамчIида рекъола.
34. ЧIухIараб гурони къоги бачIинчIо, къойил ретIун хвана дарайдул горде.
35. ГIедегIараб лъим ралъдахъе щолареб.
36. Щвараб ихх эхебе биччай.
37. ХIама кьан, кьуру бихxиларо.
38. Бухун хIамил, чу лъугьунаро.
39. Чурун болъон бацIцIалъиларо.
40. ХIама гIадин хIалтIе, хан гIадин кванай.

[442] ГIузру (херлъи, щоклъи ва гь.ц.) бугеб чу.

4I. Хведал гурони, нуцалчи веццуге.
42. Мали-къвал Къвегъадаго. *(Къвегъада абун хундерил хабзал руго. Эзул гIадат букIун буго мали хабалалъ толеб. Гъеб кициги Хунзахъа чIужуялъ абураб жо буго, жиндир вац чIваялда хундерил хIал хьараб мехалда).*
43. Бакьулъа роцIцIараб зобалдаги божуге, нуцIиде нахъе ялагьарай чIужуялдаги божуге.
44. Дагь велъила, гIемер гIодила.
45. Нилъерго малъаз гIадин нилъер хъирис хъасуларо.
46. Ханас кьураб чоде кIалдиве ваккуге.
47. Гважул кагIида кIалдире тIилал регьуге.
48. КIалзул ругъун пудалареб, хвалчадул ругъун гьудалеб.
49. Гьой лагIун гIор хъублъиларо.
50. Хурзабахъ чIун рукъзал росуларо, рукъзабахъ чIун хурзал гурони.
51. Цо ккве, цер ккве.
52. Урхъидалго ячIа, дадал яс, мохмохги тIамун йитIила.
53. БугIа кьун, рокьи гурев, чи хун, ратIаллъи гурев.
54. МагIу ханасул гIадаб, хвел-букъи гергил[443] гIадаб.
55. Цин бихьараб хьоде те.
56. Чи вихьун рахьи бай,
57. Давла бокьи – рокьи бегьди.
58. Хьуйдалъ гIанкI букIагун, цIетIа гереги лъоге.
59. ГIурухъе щвелалде хьитал рахъуге.
60. Дунго гIадалайниги, гIебеде нух бакьина, кигIанго гьакIкIарайниги, гьакил шагьра бакьина.
61. Бикъила – вакъила.
62. Дадил ургъел гIоркь ккурас гьабила.
63. ХIамида охцер квине щиб лъалеб.
64. ЦохIо бугеб рокIкIенги ролъи тIекъаб байтулмал.
65. ГьечIесдаса вас тIехIав лъикI.
66. ХIалтIи гьабулелъуб хIалтIи гьабе, кваналелъур – кванай.
67. ЛъикIаб чое – цо цIал, лъикIав чиясе – цо рагIи.

[443] Лагъасул.

68. Мун тезе тахбакIилан дун терелей йикIагун, дун рехизе иххимохъ балагьулей ятана.
69. ХIал кьезе кьибил гурев, кьанкI-кьанкIарав дир герги, кьал базе тухум гурев – хва, багьадур, гIадада.
70. АхIарав вачIунгеги, лъутарав ворчIугеги.
71. РагIиялдаса бихьи кIодо.
72. ХIамил рачI къан чIеларо.
73. Гвавулаб роценги нилъеего, роцадулаб тIехги нилъеего.
74. РагIи бицунареб кIал букIунаро, кIалзул гьуриялда гьод бижиларо.
75. ЦIадал сон бакъараб, бакъул сон гIорцIараб.
76. Нухъа бахъаралъуб хъвек кIусулеб.
77. Бугеб жоялъ бер бахъуларо.
78. Чу рилълъадасан лъала, чи рагIудасан лъала.
79. ЦIира кун, квас билълъиларо, куй кIанцIун бацI гьабиларо.

# 13. Гинчал ва гьезул тарих

(*Гиничукьа ХIажиев МухIамадзагьидица хъвараб асар*)



# *ХIадурана Тимур Айтберовас*

## 1. Гиничукь росу



Басрияб Гиничукь

Халкъалъ гьаб росдада цIар абулеб букIун буго *гьитIинал чIахъал*-илан. Гьеб цIар гьезда абиялъе сабаб буго гьадинаб: балагьараб мехалъ, киналго мадугьалихъ ругел росабаздаса бищун лъикIаб бакI – берцинаб ва гIатIидаб бакI – буго Гиничукь. Цогидал росабазда данде ккун Гиничукь буго бекьулеб ракь – гIемераб, рецулел хурдул – гIемерал, боцIи-панзалъе гIалах – гIатIидаб. ХIайваналъ, гIурдада гурони, хIайваналъ гIодоб хIетIе чIолареб бакI буго гьаб, боцIи-рикъзиги гIемераб.

Гиничукь жанир ругел гIадамал ккола лъикIал гIалимзаби, хIажизаби – гIемерал. Гьанир жанир ругел махщелчагIи: къадал устарзаби (*ХIурачиясул МахIа, ЦIира-*

*хIажи*)[444], маххул устарзаби (*ХIажимухIаммил ХIажияв*), цIулал устарзаби (*ГIисахIажи, ГIисал МухIаммад*), гIарцул къебедзаби (*Чукъа-хIажи*), чанахъаби (*ЦIира-хIажи, ГIашурил МухIамма, Лимин, Кинхвал МухIаммадгIали*), зурмачагIи, къаличагIи. Риидал Чара-магIарде рахунел рукIарал гинчадерил гIиял гIухьби – лъеберго вехь.

Жакъа цебе чIун бугеб мисалалъ ритIухъ гьабулеб буго цебехун рехсарабщинаб жо.* Росу сверулел кьурабалъ[445] анцIила анлъго лол буго – гIиял жанир гъолел рукIарал.

Нахъеги балагье. *Чара-магIарда* чан батIияб бакIалда бугеб гIиял къайи лъолеб бакI: *Чудру-гохI*, Гъоркьияб Чудру-гохI, *Бакъда-къайи, Гъвалде унеб нухда, Гьаида жани*. Жакъаги буго ингердахъезул магIарда *Гинчадерил къайи*-лан абулеб бакI. ХIарисезулги гьоцIдерилги ракьазул гIорхъода буго *Гинчадерил лол* - илан хIарисеца гьаб жакъаги абулеб лол. Хасалихъе оцол рехьед унеб букIун буго гьенибе. Нахъеги балагье: гинчадерилги аскIор ругел росабазулги хур-хералъул гIорхъаби кин рукIун ругелали.

Кинабго жоялъе далил-хIужа цебе буго.

Гинчадерил цо гIадан гьечIо гьеб мегIер-гIалах, гIи-боцIи къваригIарав – цониги чи. Разиялги руго гьел Совет-хIукуматалъ бихьизабураб нухалда хIалтIизе. ХIалтIизеги гинчал хIалтIана, гьанжеялдаса хадурги хIалтIила.

Музеялда гIарабалъ хъвараб Имам-Шамилил картаялда бихьана дида киналго магIарул росабазул болъе рахъунел рекIаралгин лъелазул баян. Гиничукьа вихьизавун вугоан ункъого рекIарав. Лъалабазул[446] бихьизабураб жо гьечIоан.

## 2. Гиничукь росу кквеялъул хIакъалъулъ

(*Гиничукьа Инквачиласул яс Нуцалалъ дида бицараб хабар буго гьаб*)

---

[444] Гьанирги гъоркьехунги жиде-жидер цIар скобкабазда лъурал чагIи М.-С. Саидовасул квералъ тIадежуразарун руго.

[445] МухIамадсаидил квералъ гьабураб хъвай-хъвагIай.

[446] Лъалаби – гIурус мацIалда «пехота».

Даптаралъул мужалаталда гьевго МухIаммадзагьидил квералдалъун хъван буго: *«Гьай Нуцалай хвана 1918 соналъ. Гьелъул гIумру батана 108 сон»*, – абун.

Цебе заманалда гьаниб, Гиничукь абулеб бакIалда, росу букIун гьечIо. Гьаб росдал ракь гъоб мехалъ хундерил букIун буго.

Гьанже хундерица гьарун руго гьанир, Гиничукь росдал тIарада, хъаравуласул рукъзал. Гьениб хъаравуллъи гьабиялъе гIиллаги буго гьадинаб: некIо заманаялда киналго росабаца – жиде-жидер росу цIунизейила, жиде-жидер ракь цIунизейила – щулалъи гьабулеб букIун буго, тIаде рачIунел тушбабакьа хIинкъун. Гъоб заманаялъ, гIадат букIун, гьитIинал росабазде тIаде кIанцIун, гIи-боцIи хъамун, чIахIиял росабаз гьел тала гьарулел рукIун руго. Гьединлъидал киналго росабаца жиде-жидеего щулалъи гьабулеб букIун буго.

Гъолдаса хадуб, гъалмагъир дагьлъиялдалъун, хъаравуллъиги бигьалъун буго. Гьанже хундерил гIадамаз хIисаб гьабун буго: бокьарал чагIи риччазе Гиничукь абулеб бакIалде, [гьезго гьенир] рукъзалги гьарун.

Гьел гIадамал Гиничукье риччаялъе сабаб буго. Гиничукь чIарал гIадамалги гьез кверщел гьабулеб ракьги хундерие жал бетIергьанаб бакIлъун букIине, жидерго ихтияралда букIине хьул-бокьи буго. Щай абуни, гьаб Гиничукь буго, киналго сверухъ ругел росабазда данде ккун, бищун лъикIаб, берцинаб бакI: бекьизе ракь – лъикIаб, боцIуе мегIер-гIалах – гIатIидаб.

ВачIун вуго гьаниве тIоцебе ЧIетI-ГIиссин абулев Хунзахъа чи. Гьевги вукIун вуго ЧототIа (*ШототIа*) абулеб хундерил авалалдаса. Гьес бетIергьанлъи гьабун букIун буго гьадал хъаравуллъи гьабизейилан рарал гинчадерил рукъзабазда тIад.

Гьел хъаравуллъи гьабизейилан гьарун рукIарал рукъзал руго нижер умумул жанир ратараб бакI – гьаб жакъа къоялде щвезегIан. Гьениб кIудияб борхатаб сиги букIун буго.

Гьеб гинчадерил сиялъул хутIарал асарал дида лъалеб мехалъги рукIана.

Гьелдасаги хадуб гьанире, Гиничукь абулеб бакIалде, Хунзахъа гIадамал рачIун-рачIун руго. Байбихьун буго [гIага-шагарго ХУI гIасруялда] гьаб росу кквезе. Гьанже гьаниб – Гиничукь росулъ – гIадамал гIемерлъараб мехалъ, хундерица щиб гьабураб? ЖамагIатги ургъун, гьез тадбир гьабун буго: Гиничукь хварав чи, гьанив вукъизе течIого, Хунзахъе восизавулев вукIун вуго. Цойги, Гиничукь будун-дибир тезе ккананиги, жидерго ихтиялралда гурони, толев вукIун гьечIо. Гьеб гуребги, гинчадерил росулъ гьабулеб жо, щиб бугониги, хундерица биччалеб букIун гьечIо, жидер ихтиялралда гурони. Хунзахъ вугев къадиясе ужра-мухьги, жидехъа гуребги, гинчадерихъаги бакIарулеб букIун руго. Цойги, Хунзахъ буго кIудияб мажгит. Гьеб мажгиталда гьабсагIаталъги абула *Бол мажгит*-илан. Рузман базе рахъарал гинчал хIалица гьенире рачунел рукIун руго.

Гъолдаса хадуб, киналго дандеги руссун, гьаб гьитIинаб Гиничукь росдал жамагIаталъ гIакълу-мушавара гьабун буго: «Нилъ кидалъагIан гьаб зулмуялда гъоркь рукIинел? КидалъагIан гьаб зулму нилъеца хIехьелеб? РачIа, нилъеца гьадинаб жо гьабилин: «Гьанив хварав чиги нилъеца Хунзахъе восиларо, вукъизе нилъерго гьанив, Гиничукь, вукъила. Гьезул къадиясе нилъеца ужраги кьеларо. Нилъеца нилъеего дибирги тела, рузман базе Хунзахъеги инаро, рузманги гьаб нилъерго росулъ, Гиничукь, бала. Гьелдалъунги хундеридаги нилъедаги гьоркьоб вацлъиги мадугьаллъиги букIинеб жо буго». Нилъер жамагIаталъул гьаб хIукму нилъеца гъоздаги лъазабила: нижер жамагIаталъ гьабураб хIукму гьаб бугилан. Гьаб нижер хIукмуялдаса ниж, гинчал, хисуларилан ва кидаго хисизеги гьечIилан.

Гьелдаса хадуб гинчадерил жамагIаталъ жиндиего истикълал [447] тIалаб гьабуна. Гьезие гьебги щвана.

[447] ГIарабазул рагIи буго, гьелъул магIна: жибго жиндаго чIей буго.

Хундеридахун бараб жоги хутIичIо. АлхIамдулиллагь! Эркенлъиялда, жалго жидеего бокьухъин хутIана. Нахъаги хутIаги.

*(МухIаммадзагьид)*

### 3. Гиничукьа Гванчасул Испагьи

(*Гьабги буго дида гьадайго Нуцалалъ бицараб хабар*)

Гиничукьа Испагьи вукIун вуго [XVIII гIасруялъул] рес бугев херав чи. Гьесул чIужу хеккого хун йикIун йиго.

Гьесул йикIун йиго цо яс. Гьей яс кьун йикIун йиго ЧIондокьа чиясе. Гьесда цIарги Надира букIун буго.

Балагьараб мехалъ, Испагьил ясги ЧIондокьа Надираги гьесухъ лъикI балагьулел рукIун гьечIо. Гьанже ццин бахъарав чияс – Испагьица – жиндирго боцIи-рикъзи, рукъзал жиндирго инсухъа чиясе кьун руго, назру гьабун. Ясалъеги дурцасеги щибго жоги тун гьечIо.

Гьелдаса хадуб гьев херав чи, Испагьи, цо къоялъ гинчадерил годекIанив, гъоркь тIимугъги тIамун, бакъалда гIебеде вегун вукIун вуго. Гьанже, ЧIондокьаги вачIун, гьадав дурцас – Надираца – чIван вуго херав чи.

Гъовги чIван, Надира кIанцIун вуго КIудияв Ражабилан абулев гинчадерил чиясда аскIове – аман гьарун. Гьев Гиничукьа Ражаб вукIун вуго КIудияв ГIуммаханил байрахъчи.

Гьанже, тIаде кIанцIун, гинчадерил гIадамаз гъов Надираги чIван вуго, ГIуммаханица кьураб байрахъги Ражабихъа нахъе босун буго. ХIалихьалъиялъул гIакIайилан, гьесухъа оцги бахъун буго. Аман гьарун вачIарав чи, чIвазе тезе бегьулароанилан, дур эмен-вац чIван вачIаниги.

1214/1799–800 сон.

Гьесул хобги загьираб буго Гиничукь.

*(МухIаммадзагьид)*

## 4. Гиничукьа Гъазияв

Гъазияв вукIун вуго лъикIав, цIаларав гIалимчи. Гьев ун вуго Шамилил аскаралда гъорлъе.

Шамил-имам АхIулгохIда [1839 соналъ] вагъулеб мехалъ, Шамилида цадахъ гьенивги вукIарав Гъазияв. Гьенивго, ай АхIулгохIда, чIван вуго гьев Гиничукьа Гъазияв.

Шамилил аскаралда гъорлъ вукIарав Гиничукьа Гъазиясул лъимал рукIана – СагIадуйилан васги, УммулхIаятилан ясги.

Гьелъул кIиго вас вуго – МухIаммадкамил абун цо, МухIамадханил ан цояв. Гьев МухIаммадхан рукъалъ гьабсагIаталъ Аштарханалда[448]. вуго.

## 5. Инквач

Гиничукьа [Инквач] абурав [XIX гIасруялъул байбихьуда вукIарав] чиясул эмен дида лъалев гьечIо. Гьесул вац вукIун вуго ГIалибегил МухIаммайилан. ГIалибегил МухIаммал лъимал рукIун гьечIо. Гиничукьа Инквачил рукIун руго лъимал – цо васги кIиго ясги. Васасда цIар – Дибир букIун буго. Ясазда цIарал: цояй – Нуцалай, цояй - Шувалай абун.

Гьев Инквачица Дибир [XIX гIасруялъул байбихьуда] цIализавун вуго. ЛъикIав гIалимчиги лъугьун вуго гьесул.

Гьанже, Шамил-имамасул заман тIаде бачIараб мехалъ, Гиничукьа Инквачил вас Дибир – Шамил гъазаваталде вахъараб къоялдаса нахъе – Шамилил аскаралда гъорлъе лъугьун вуго, Шамилица наиблъунги тун вукIун вуго гьев. Гьелдаса нахъе Гиничукьа Дибир къоло щуябго соналъ, Шамил-имам гIурусаца кквезегIан, гьесда цадахъ хIалтIун вуго.

Шамил-имамасда цадахъ Гъуниб магIардаги [1859 соналъ] вукIун вуго Инквачил Дибир. Дова Шамил-имамас бол бетIерлъунги тун вукIун вуго Дибир, гьеб заманалде щвезегIан Шамилил наибги вукIун вуго гьев. Шамил-имам

---

[448]МагIарулаца Астраханалда лъолеб цIар буго гьаб.

гIурусазул кверде ун хадуб гурони, гьезул квердеги ун гьечIо Дибир-наиб. Гьелдалъун гIурусаз гьев, кквезеги ккун, Темир-Хан-Шурав анлъго моцIалъ туснахъалда жанив тIамун вукIун вуго. Хадув къватIивеги виччан, Дибир-наиб рокъове вачIун вуго.

Гьанже, гIурусаца хIакимлъун витIун, Аваристаналде вачIун вуго Ибрагьим-хан [449] абулев ЛъарагIлъиялъул чи. Гьес,аскIовеги вачун, гьев Дибир жиндирго кагъат хъвалев чилъун, ай мирзалъун, хъулухъалда тун вукIун вуго.

Гьелдаса хадуб чанго батIиял округазде Инквачил Дибир гIурусаца наиблъун витIун вукIун вуго. Гьев Дибирие гIурусаца кьун буго announce апирсарлъи – иштапротмисдир[450]. Гьелдаса хадуб заман щвараб мехалъ, астабкаялдеги[451] вахъун вуго.

Гьанже гьав Дибир ун вуго хIежалде. Гьениса вуссун вуго. Хадув росулъ – Гиничукь – хун вуго.

Гьев Инквачил Дибирил лъимал – цо васги анлъго ясги рукIун руго. Васасда цIар – Пирбудагъ. Гьев вукIана лъикIав гIалимчи. Дида Пирбудагь хIалтIулев ватана Темир-Хан-Шурав – шаригIат судалъул къадилъун. Гьесул киналго лъималазул наслу-насаб нахъе буго.

### 6. Гогил МухIамма

Гиничукьа Гогил МухIамма абулев чи чIван вуго Шамил-имамасул рагъда. Гьеб ккун букIун буго Насириялъ[452]. Чункъил ГIисаца бицунаан Гогил МухIаммил хабар: я бицун рагIичIила, я дида вихьичIила гьев гIадин гьумер битIун, разилъун вахъун, гъираялда капурзабигун вагъулев чи. Велъулаго хванила Гогил МухIамма гъоб Насириялъ.

[449] Ибрагьим-хан кумык вукIинчIо, ЛъарагIлъиялда гIурав магIарулав вукIана, гьес магIарул мацIги бицунаан, амма гIамал-хасият гьесул дагъабго хисараб букIанила.
[450] Апицерасул чин – штабс-ротмистрилан.
[451] Отставкаялдейилан абулеб жо буго гьаб.
[452] Гъалгъаязул «Назрань» абулеб бакI буго гьеб.

МухIуммил чIужуялда цIар – РабигIа. КIиго васги вукIун вуго гьесул: цоясда цIар – ХIусен, цогиясда – Уцуми. Гьезул киназулго наслу-насаб нахъе буго.

ХIусен вукIун вуго гинчадерил маххул къебед. Гьев цо заманалъ ГIаранив ГIумар-хIажиясул тукада вичарухъанлъун вукIун вуго.

Сардилъ, кьижараб мехалъ, цIа ккун буго тукада. Кьижун гьевги вукIун вуго. Гьениб жаниб букIун буго квасквас. Гьелда цIаги рекIун, ХIусен кIкIуйдуца гъанкъун ватун вуго.

## 7. Гиничукьа АсхIабилал

(*Гьаб буго АсхIабил Къебедица дида бицараб хабар*)

Хасалихъе хIалтIи-пиша гьабизе заман тIаде щвараб мехалъ, гинчадерица жани-рокъор, гъасдеги руссун, хIалтIуе къваригIунеб тIагIел-гIучI, гьакал къачIалаанила.

Гиничукьа КIудияв АсхIаб вукIанила [XIX гIасруялъул байбихьуда] херав чи. Цо къоялъ АсхIабица чахъу хъун букIанила. Хъураб чахъуги босун, вачIанила гьев жани-рокъове.

Гъоб чахъу ччукIун бахъараб мехалъ, тIадеги вахъун, балагьанила АсхIаб рокъоб чахъу базе магI бугеб бакIалъухъ. БатичIила гьесда къелъ магI чIвазе бегьулеб бакI. Гьанже абунила гьес: «Я Аллагь! БетIергьан! Рукъалда хIарщ чIвазе тIоцебе ракIалде щварав чиясул ракIалде бежун борохь щвагиха». Щай абуни, къелъ магI чIвазе бакI батичIелъул.

Цо къоялъ Гиничукьа АсхIаб вукIанила гIи къунцIулев. Гьури бугеб къо букIанила гъоб. Гьесул гъоб квас гьороца босулеб букIанила. Хадув лъугьун, гъоб квас бищулев вукIанила гьев. Гьесдаса гьури бергьунеб букIанила квас хъамизе. Гьанже АсхIабица кинабго хутIараб квас эхеде банила. Аллагьасдеги вуссун, ахIанила гьас: гьабги босейин, дуего щватаби гьаризейилан.

Гьев Гиничукьа АсхIабил вукIун вуго лъабго вас. Цоясда цIар – Къебед. КIиабилев – ХIасанхIусен. Лъабабилев – МухIамма.

Гиничукьа Къебед вуго Шамилил заманаялда гьесда цадахъ хьвадулев вукIарав чи. ХIажимурадгун цадахъ [Нохь абурай] бика хъамизе Жунгуталде [1846 соналъ] арав чи ккола гьев, нахъа гьей бикаги рекIинаюн, Хунзахъе вачIарав мурид[453].

Гиничукьа Къебед, Шамилида цадахъ [1859 соналъ] Гъуниб магIарда вукIарав чи, хвана 1916 соналъ.

Гьев Къебедил рукIана лъабго лъимал. Вас – НурмухIаммайилан. Гьев дида лъаларо. Ясал – ПатIимат, ГьатIинаэбел.

КIудияв АсхIабил кIиабилев вас – ХIасанхIусен. Гьевги дида лъаларо. Гьесул йикIана лъабго яс – Айзай, ГIашат, Нажабат. Гьезул лъимал гьанжеги руго.

АсхIабил лъабабилев вас МухIаммайилан вукIун вуго. Гьесул кIиго вас вукIун вуго – МухIаммагIали ва АсхIаб. Гьезул лъимал гьанжеги руго.

Гиничукьа МухIаммагIали хвана Темир-Хан-Шурав. МухIаммил АсхIаб – *гIемераб мехалъ гIурус ракьалда вукIана гьев, цинги хвезейилан рокъове вачIунаго[454], – Чачаналда хвана.

## 8. ЖугьутIилал

Гиничукьа Алмас вукIун вуго хIежалдеги арав, Шамилил рагъдаги вукIарав чи. Гьес хабар биччан букIанила гIадамазда жаниб: СалтIа [1847 соналъ] ккараб рагъда жиндир накалда гIарадаялъул гулла щванилан. Гьелъ жиндие щибго

[453] Гьаб буго нахъа гьабураб тIадежубай. Гиничукьа Саидов МухIамадсаидил квераца гьабурабилан ккола дида.

*Нохь-бика* йикIуна Азайну-Таргъуялдаса, АхIмадханилан абурав магIаруласул – гIурусазул генераллъун вукIарав чиясул чIужу.

[454] МухIамадсаид Саидовасул тIадежубай буго гьаб.

зарал гьабичIила, амма [черх] цодагьаб *гьунтIизе*[455] гьабун букIанила.

Алмасил чIужуялда цIар ГIашура букIанила. Гьей йикIанила цодагьай квер мекъай гIадан. Росасдаса цее хванила гьей. Гьанже Алмасги, херлъизеги херлъун, бетIер сверун лъугьанила.

Гьев Гиничукьа Алмасил – Шамилил рагъда вукIарав чиясул – вукIанила кIиго вас. Цоясда цIар МухIамма букIанила. Цогиясда цIар Щванхал букIанила.

Щванхал вукIанила лъикIав чи, кIудияб хъизанги букIанила гьесул. Гьев вукIанила лъикIав жамагIатчи, гьесул гIумруги хIалалаб бетIербахъиялда анила. Росулъ гIемерал лъималазда Къуръанги малъанила гьес.

Гиничукьа МухIаммайилан абулев Алмасил – Шамилил рагъда вукIарав чиясул - вас хIежалде арав чи вукIанила. КIиго чIужу йикIанила гьесул, лъимал рукIинчIила.

Вехь тараб гIи букIанила МухIаммил. Живго гIадамазда жаниб бицен бугев, цIодорав, гIакъилаб рагIиялъул чи вукIанила гьев. ГьабсагIаталъги магIарул росабазда жанир гIадамаз рицунел рагIаби рукIуна гьесул хIакъалъулъ.

Гьанже байбихьизин *КIудияв Алмасил* – Шамилил рагъда вукIарав чиясул – хабаралде.

Гиничукьа Алмас – херав чи – бетIер сверун лъугьанила. КIиявго васас – МухIаммицаги Щванхалицаги иргадал, цо-цо моцIица, хьихьизе вачунаанила гьев. Кин букIаниги, гьесие МухIаммил доба бокьулаанила. Гьанже, Щванхалил гъова вугеб мехалда, зигардулев вукIун вуго гьев КIудияв Алмас – Шамилил рагъда вукIарав чи – МухIаммил дове жив вачине бокьун. Щванхалица,– Алмасил васас – инсул кверги ккун, вачун жиндирго гъова сверизавулев вукIун вуго гьев. «Гьанже, эмен, щвана нилъ МухIаммил доре, гIодовкIа, – ян абулаанила. ГIодов вукIун, тIаде вахъараб мехалъ, абулила

[455] Жанибехун араблъун гьабизейилан абураб жо буго; «вогнутый» гьабизе.

КIудияв Алмасица: гьаниб гIадаб рахIат букIунарилан, – живго Щванхалил гъова вукIин лъаларого.

Иргадал вачун унеб мехаца, абулеб букIун буго, гьанже, КIудияв Алмасица:

*Лъугьинел рохарал чIурхIараб кету,*
*Рачинел хIинкъараб гIамухъе хвалчен.*

### 9. *КIудияв ХIамза ва гьесул лъимал*

Гиничукьа КIудияв ХIамзал [XVIII гIасруялъул ахиралда вукIарав чиясул] кIиго васги, кIиго ясги рукIун руго. Васазда цIарал: цоясда – ГIумар, цоясда – МаллахIусен. Жидер заманалъ гьел рукIун руго гIадамазда жанир машгьурал чагIи.

Гьев ХIамзал вукIун вуго [XVIII гIасруялда] гьобол – Нухаялдаса (*Наху*)[456] базарган. Гьев гьоболас вачун ун вуго ХIамзал гьитIинав вас ГIумар Нухаялде, даран-базаралъе ругьун гьавизейилан. Гьениса даран-базаралъе лъикIаб махщелги лъугьун, вачIун вуго гьев ГIумар рокъове.

Гьелдаса нахъе Гиничукьа ГIумар гьагъаб хIалтIи гьабизе [XIX гIасруялда] лъугьун вуго. Гьелдалъун гIадамазда гьоркьов машгьурав чи вукIанила, гIадамазе щиб жо къваригIаниги, ГIумарил бакIалда батулаанила.

Шамил-имам Гиничукье вачIараб мехалъ, ГIумарида рещтIунев вукIун вуго. Гьеб заманаялъ щиб ахIи-хIур кканиги, гьеб бакIалде бищун цеве щолаанила ГIумар.

Гьединал бажари бугел гIадамазул хIакъалъулъ умумузул кечI букIана дихъ: гьеб дихъа билана.

Гьелъул бетIер букIана гьадинаб:

*РекIелъ чаран бугес чу кьололалде,*
*ЧотIе ваханила Хъазаммил ХIусен.*
*Чорхолъ ияхI бугес ярагъ балелде*
*ЧIунтIив щун вихьула дов ХIамзал ГIумар.*

Хадусел рагIаби дида лъалел гьечIо.

[456] Азарбижаналда бугеб Шаки шагьар буго гьеб, турк мацIалде руссарал газалазул (рутульцазул) цIураб.

Гьев Гиничукьа ГIумарил лъабго васги кIиго ясги рукIун руго. Васазда цIарал: цоясда – БацIахIмад, цоясда – ХIамза, цоясда – ХIайдарбег.

БацIахIмад векьарухъан вукIун вуго.

ГIелмуялде вуссун, ХIайдарбегица гьеб тун батIияб хIалтIи гьабун гьечIо.

ГIумарил вас ХIамзаги цIаларав гIалимчи вукIун вуго. Гьел киназулго лъималазул лъимал – хутIарал, гьабсагIаталъ нахъе руго.

Гиничукьа ГIумар – гьезул эмен – ахиралда ун вуго хIежалде. Гьев хун вуго Маккаялда, гьенив вукъунги вуго.

Гьелдаса хадуб ХIайдарбегги – ГIумарил вас – ун вуго хIежалде, кIиго нухалъ. КIиабилеб нухалъ, гьевги – [гъазаватазул таварих хъварав чи] – Маккаялда хун вуго. Инсуда, ХIамзал ГIумарида, аскIов – МугIаллаялда [457] – вукъунги вуго гьев Гиничукьа ХIайдарбег.

Гиничукьа КIудияв ХIамзал цогияв вас МаллахIусенилан вукIун вуго. Гьев МаллахIусен вукIун вуго ХIажимурад наибасул бищун божарав гьудул-гьалмагъ.

Хундерица мацIги гьабун, АхIмадханас [458], кквезеги ккун, ХIажимурад сардилъ вачун унев вукIун вуго Шуравехун, цадахъ салдаталги ритIун. Гинчадерил росдада цебе щвараб мехалъ, ХIажимурадица: «Ва, МаллахIусен! Ва МаллахIусен, – абун гьаракь гьабунила. МаллахIусеница жаваб гьабунила данде: «БичIчIана, бичIчIана, – абун.

Шамил-имамасул болъе араб цо бакIалда, чохьол унти бахун, Гиничукьа МаллахIусен хун вуго. Хадув росулъе вачун вуго гьев. МаллахIусенил хъизан-лъимал щал рукIаралали дида лъаларо.

---

[457] Маккаялда ругел хабалазда гьоркьоса цоязул цIар буго гьеб.

[458] Мекъса буго: *Ибрагьим-хан*-илан хъван буго.

Гъов ккола магIарулав, тIадехун рехсарай Нохь-бикал рос, магьдилазул (ухIлалгин жунгутазул) ханасул вас, гIурусазул генераллъун вукIарав чи.

Гиничукьа КӀудияв ХӀамзал ясал: цо ясалда цӀар – Гуварша, цогиялда цӀар – Халум. Нухаялда махщел щварав, хадубккун хӀеж борхарав ХӀамзал ГӀумарил яцал ккола гьел.

Гуварша абулей яс кьун йиго ГӀусманиласул МухӀамма абурав чиясе. Гьелъул вукӀун вуго кӀиго вас: цояв – ХӀассанилан, цогияв –ХӀусенилан.

Гиничукьа ХӀассанилан абулев МухӀаммилги Гуваршалги вас вукӀун вуго ХӀажимурад-наибасул боялъулъ нусил бетӀер. Гьесие кьураб килас-медалги букӀана, амма хадуб бикъун ана. Гьелда гӀарабалъ хъвараб жоги букӀана гьадин: *«ГӀаламат раис ал-миа мин джайш ХӀажимурад* – абун (***магӀарулалъ*****:** «ХӀажимурадил бодул нусил бетӀерасул килас буго гьаб»).

Гьел Гиничукьа ХӀассанги ХӀусенги руго: БацӀахӀмад-хӀажиясулги, [гъазаватазул таварих жинца хъварав] ХӀайдарбег-хӀажиясулги, ХӀамзалги вацгӀалзаби.

Гиничукьа КӀудияв ХӀамзал цояй яс – Халум. Гьей кьун йиго Рустанилан абулев чиясе. Гьесул лъималазул лъимал руго МухӀаммадшапигӀ ва Тажудин.

Гиничукьа МухӀаммил вас ХӀассан гӀурусаз Шамил-имам кквезегӀан гьесул рагъда вукӀуна. Шамилида цадахъ Гъуниб магӀардаги [1859 соналъ] вукӀуна гьев. Шамил-имам гӀурусаз ккун кӀиго соналдасан: Шамилги гьечӀеб, шаригӀатги гьечӀеб бакӀалда бокьиларилан абун, гьев ХӀассан хӀежалде ун вуго. Дова хунги вуго Гиничукьа ХӀассан – МухӀаммил вас.

Гьев ХӀассанил цо вас Гъуниб магӀарда ккараб рагъда чӀван вуго. Гьев ккола дир инсул вац. Гьесда цӀарги Инквачилав букӀун буго.

ХӀассанил вац – ХӀусен гьанив рокъов хун вуго. Гьев ХӀусен ккола ХӀажияв-дибирасул эмен.

Гьадав цеве рехсарав ХӀамзал ГӀумарил вас ХӀайдарбегица, жиндир гӀумруялъ, гӀелму тун батӀияб гӀамал гьабун гьечӀо. Гьев ХӀайдарбег ун вуго хӀежалде. Гьениса МагӀарухъе вуссун хадуб, цо-кӀиго соналъ рокъовги чӀун, гьев кӀиабилебги нухалъ хӀежалде ун вуго 1290 /1873 –74 соналъ.

Хун вуго Гиничукьа ХIайдарбег Маккаялда. Вукъун вуго гьев МугIалла абулел хабзалалъ, жиндирго эмен ГIумар вукъараб бакIалда.

Гьев [таварих хъварав] Гиничукьа ХIайдарбегил хвел ккун буго жиндирго мурадалда рекъон. Гьесул лъимал рукIун руго – цо васги кIиго ясги.

ХIайдарбегил васасда цIар – Абумуслим. Ясазда цIарал – Загьидат ва ПатIимат. Гьал лъималазул эбел йикIана Хъандулайилан абулей – хIежалдеги арай Инквачил Дибирил яс.

Гьев Гиничукьа Абулмуслим вукIун вуго лъикI гIелмуги лъалев, лъикI жоги бичIчIулев, цIаларав вас. Жеги чIужуги ячинчIев, хун вуго гьев – гьитIинав гIолохъанчи.

Гьадавго Гиничукьа ХIамзал ГIумарил [XIX гIасруялда вукIарав чиясул] вас вуго ХIамза. ЛъикIав гIалимчи вукIун вуго гьевги. Гьесул рукIун руго лъимал: цо васги лъабго ясги. Васасда цIар – ХIайдарбег, ясазда цIарал – СалихIат, ПатIимат, УммулхIаят.

Гиничукьа ХIамзал ХIайдарбег вукIун вуго кинабго гIелмуялъе гьунар бугев, лъикIав, бергьарав гIалимчи. Гьев Гъапчигъалда[459] мударислъун вукIун вуго. Гьенисаги нахъе вачIун, ХIайдарбег ун вуго мударислъун Турхъаливе[460]. Гьенив унтизеги унтун, эхеде вачун вачIинев вукIарав чи, Темир-Хан-Шурав хун вуго. Вукъизе росулъе, Гиничукье, вачана ХIайдарбег.

ХIамзал ХIайдарбегил лъимал – васги, ясги. Вас – МухIаммадмансур, яс –ГIапипат.

Гьадавго ХIамзал ГIумарил вас – БацIахIмад. Гьевги хIажи вукIана, хIежалдаса вуссарав. Лъималги рукIана гьесул –ункъо васги кIиго ясги.

БацIахIмад-хIажиясул васазда цIарал: ГIабдусалам, ХIусен – цIаларав вукIана, ХIасан, ГIумар. Гьел рекьарухъаби ккана. БацIахIмад-хIажиясул ясал – ХIуризадай ва Нуцалай.

---

459 Буйнакск районалда букIараб, гьанже рехун тараб лъарагIазул росу буго гьеб – «Капчугай».
460 Гьаб буго «Кумторкала» - лъарагIазул росу.

Гиничукьа ГIабдусаламил кIиго вас вукIана – МухIамад ва Абулмуслим. Гьав кIиявго гIелму цIаларав вукIана.

ХIусен абурав БацIахIмадил вас цIаларав гIалимчи вукIана. Шагьадаса чIужуги ячун, гьенив чIун вукIана. Лъималги гьесул – кIиго васги цо ясги рукIана. Васазда цIарал: цоясда – МухIаммадмансур, цогиясда – Жамалудин. Ясалда цIар – ПатIимат.

*(МухIаммадзагьид)*

***10. ГIалагIарт***

*(Гьабги буго гьадайго Нуцалалъ дида бицараб хIакъаб хабар)*

Гинчадерил ракь тIанусдерил гIорхъоде щвезегIан буго. Цинги, доб ГIалагIарт букIанила хундерилги гинчадерилги бекьулеб бакI. Амма хундерил гьениб цо чанго хур букIанила, жидее щибго пайда гьечIеб.

Нилъедаги лъалеб заманалда Гиничукь йикIана ХIава абулей чIужу – ГIабдулмажидил эбел. Гьелъ абулаан: Хунзахъ бегараб даптаралда хъван бугила жиндир цIар – *Хур кIудияй ХIава*, – йилан.

ГIалагIарталъуб бугеб гьеб хур дидаги лъалаан. БукIинеги букIана, гьелъ абухъе, кIудияб хур.

Гьанже, цо соналъ – гьеб буго Шамилил заман – рахъун, кверщелги гьабун, хундерица ГIалагIарт зулмуялдалъун бикьун буго, хIетIе чIезе бакI гинчадерие течIого. Гьеб заманалъ Шамил-имам вукIун вуго [чачаназул] Даргъив, богун цадахъ. Гьанже гинчадерил жамагIаталъ хIукму гьабун буго: хундерица жидеда гьабулеб бугеб зулму имамасда бицине.

ХIамзал ГIумар абулев чи [XIX гIасруялъул 50-абилел соназда] витIун вуго гьез Даргъиве, имамасда аскIове – жамагIаталъул рахъалъан гIарзаги хъван. Гьеб заманги рии чIолеб заман букIун буго. ХIамзал ГIумар [чачаназул] Даргъиве вачIун вуго. Хадуб тIадвуссун вачIун вуго гьев ГIумар Гиничукье – имамас хъвараб кагъатги кодоб ккун.

«Нужеца гьаб кагъат жиндир наиб Албурихъе [461] кьейилан абун буго Шамилица.

Гъоб заманалъ вукIун вуго нилъер тIалъиялъул – хундерил боялдаго тIад Шамил-имамас тарав Албури абун наиб. Гьеб кагъат, имамас абураб хIалалда, Албурихъе щвезе гьабунила. Гьелда хъванги букIун буго имамас гьадин:

«Албури! Гьадаб ГIалагIарт абулеб гинчадерил ракь бикьун рагIула хундерица. Гьаб дир кагъат духъе щварабго, дуца дурго боги – дур ихтияралда ругел росабазул хIалтIизе кIолел бихьиналги – рахъине гьаре, газа-рахханги босун, ГIалагIарталъуб хундерица бикьарабщинаб, данде хъащтIун, гъунал гьаризаре. Боги бахъине гьабун, гьеб хIалтIи хех гьабун тIубазабе. Гьеб хIалтIи тIубан, дидаги хекко лъазабе.

Шамил».

Шамил-имамасул кагъат жиндихъе щварабго, имамас жинда амру гьабураб хIалалда, боги бахъине гьабун, кинабго жо кIала-гъоркье ккезабунила ГIалагIартIалъуб Албури-наибас. Гьеб хIалтIи тIубазаби имамасдаги лъазе гьабунила. Гьелдаса нахъе хундерил чи гьениве балагьичIила.

Шамил-имамас Албурихъе хъвараб кагътил *нусхаги*[462] Албурица Гиничукье хъван бачIараб кагъатги – бода цадахъ ГIалагIарт хъащтIизе рахъаян хъвараб – дида бихьун букIана дир инсухъ. Гьесги Пирбудагъ абулев [нижер] чиясухъе кьуна гьеб[463].

---

461 Хабар буго: Албури-наиб вукIанила Хунзахъ росулъа – ХIамзат-имамасул гьалмагълъун вукIарав ХIажиясул МухIумма абурав муридасул вас.

462 *Нусха* – копия.

463 Цойгидаб бакIалда рехсараб Шамил-имамасул кагъат гьадин бицун буго МухIамадзагьидица:

Жиндирго наиб Албуриде саламила! Гьаб дир кагъат духъе щварабго, дуца рахъинарейила дур хIукмуялда гъоркь ругелщинал гIадамал, газа-рахханги босун, гьеб хундерица бикьун бугеб ГIалагIарт кинабго данде хъащтIун гъунал гьарейила. Гьеб хIалтIи-иш гьедин гьабе, дидаги лъазабейила хекко. Гьеб букIанила хур тIаде баккулеб заман. Шамил-имамас амру гьабураб къагIидаялда Албури-наибас хIалтIиги тIубазабунила. Бикьараб жоги данде хъащтIанила. Гьабураб хIалтIиги имамасда лъазабунила.

***Гьанже гинчадерица гьев ГІумарие гьабураб сайгъат***

ХІамзал ГІумарил рукъалда гъоркь букІун буго росдал годекІан – тІад ГІумарил рукъги гъоркь годекІанги. Гьеб годекІаналда цІарги букІун буго *Жани-годекІан.* Цинги жамагІаталъ, киналго разилъун, гьагъаб, жиндаго гъоркь бугеб, годекІан ГІумарие сайгъат гьабун кьун буго – росдал хъулухъ Даргъивеги ун тІубаралъухъ. Гьесги сайгъат къабул гьабун буго.

Гьелдаса нахъе ГІалагІарталъул хІалтІи рехун танила хундерица.

Гъолдасаги цебе, ГІалагІарталъубе хундерил боцІи кваназе бачІун, гьениса гьеб нахъе гъезе ахІи бахъун букІун буго. Гъорасан хунзги рачІун, хундерилги гинчадерилги тунка-гІуси ккун букІун буго.

Хундерида гъорлъ [XIX гІасруялда] вукІун вуго Квешав Къади абулев чи. Гинчадерида цадахъги вукІун вуго ГІалил МухІаммил Хъазамми абулев чи.

Гьев Гиничукьа ГІалил МухІамма абурав Хъазаммил инсуда тІокІцІар абулеб букІун буго МукІусгІаилавилан. Гьеб цІар теялъе сабабги букІун буго. Гьев вукІун вуго бечедав чи. Киб бакІалда ракьул кесек батаниги, кигІан къадараб бакІ бугониги, гьес бичун босулаанила. Гьеб босараб бакІалда *мукІсал*[464] ран, гьеб бухІулаанилан абулаан умумуз. Гьедин лъунила гъосда гъоб цІар.

Гьанже рилълъинин нилъ Хунзахъа Квешав Къадилги Хъазаммилги ккараб хІалтІиялъухъ балагьизе. Гьедин кІиябго росу – хунзги гинчалги – багъилеб бугеб хІалалда, гьев Гиничукьа Хъазаммида цеве чІун ватун вуго Квешав Къади. Гьанже Хъазаммица цеве ватарав Квешав Къадида тІил кьабгІун буго. Данде щибго жо гьабун гьечІо Къадица.

Абун буго гьес: жакъа щибго жо гьабилароха, МукІусгІаилав, амма кІочонги теларебилан.

Гьелдаса хадуб цо заман араб мехалъ, гьев Гиничукьа Хъазамми ун вукІанила *ГІосотІа* гьабихъе, чІагІдае тІи

[464] *МукІус* абулеб жо буго хуриб букІунеб, гІерекъ гІадаб ракьул кІудияб кесек.

хненезе. ГӀалаялда гьирги тӀамун, гьев щун вуго гьабихъе. Гьабигьанги ватун вуго гьесда гьабил тӀохда гӀебеде вегун; гьабигьан Илъаса вукӀун вуго, цӀар гьесда ГьитӀинав букӀун буго.

Хъазаммица гӀалаялдаса гьирги бахъун, босун жинцаго гьабил рокъоб жаниб лъун буго. Гьабигьан тӀохда вегараб хӀалалъ вукӀун вуго. Хъазамми гӀалаялда тӀад къан бухьараб, ай гьирда къан бухьараб, гӀарщ сукӀулев вукӀун вуго. Гьебмехалъ тӀохда вугев гьабигьанас абун буго: «Воре, воре, Хъазамми! Мун чӀвалев вуго, – ян. Лъица дун чӀвалеван, нахъехун Хъазамми балагьараб мехалъ, битӀизе туманкӀги гьабун, нахъа чӀун ватун вуго Квешав Къади. Гьагъаб минуталда жаниб каранда туманкӀги речӀчӀун, Къадица Хъазамми чӀван вуго.

Гьанже гьабигьанас Гиничукье ахӀи бан буго. Гьениса гӀадамалги рачӀун руго. Квешав Къади, лъутун ун, кодове щун гьечӀо. Гьелдаса хадуб росулъ – Хунзахъ – вукӀинеги хӀинкъун, къватӀив хъачагълъуда чӀун вукӀун вуго.

*(МухӀаммадзагьид)*

### 11. Бибулат

Гиничукьа Бибулатил вас вукӀана МухӀаммад абун.

МухӀаммад вукӀана Бичасукьа хӀинкъулев лъикӀав гӀалимчи. Гьесул чӀужу – Калимат абун, Инквачил Дибирил яс йикӀана. Гьезул рукӀана лъимал – цо васги цо ясги. Васасда цӀар – МухӀаммадрасул, ясалда – ПатӀимат.

Гиничукьа Бибулатил вац вукӀун вуго ХанмухӀаммадилан. Гьев ХанмухӀаммад ун вуго [МагӀарухъа] ХӀажимурад-наибасда цадахъ. Ахир-къад гьевги гьезул гьалмагъзабиги ХӀажимурадида цадахъ [ЦӀоралда 1852 соналъ] чӀван руго.

Гиничукьа МухӀаммадрасул вукӀана гӀелму-лъай бугев чи. ГӀемераб мехалъ гӀурус-ракьалда (Ленинград) вукӀарав, нахъа рокъове вачӀун, чӀужуги ячун вукӀана. МухӀаммадрасулил яс чӀаго йиго[465].

[465] Саидов МухӀамадсаидил квералъ гьабураб тӀадежубай.

## 12. *Инквачил Дибир – Шамил-имамасул наиб*

Шамил-имамлъун вахъараб къоялдаса нахъе гІурусаца гьев кквезегІан, Шамилида цадахъ хІалтІарав чи вуго Инквачил Дибир. Гъуниб магІарда Шамилица гьев Дибир бол бетІерлъунги тун вуго. Гьеб заманалде щвезегІан Шамил-имамасул наиблъунги вукІун вуго гьев.

Гиничукьа Инквачил вас – Дибир-наиб, жиндирго хъизан-лъималгун цадахъ Гъуниб магІарда [1859 соналъ] вукІун вуго. Гиничукьа МухІаммил ХІассанги – бодул нусил бетІер – кидаго Шамилил рагъда вукІаравила. Гьевги Гъуниб магІарда вукІаравила, Шамил-имамасда цадахъ, жиндирго хъизан-лъималгун цадахъ.

Инквачил Дибирги, Гиничукьа МухІаммил ХІассанги гІурусазул квердеги ун гьечІо, Шамил-имам гьезул кверде ун хадур гурони. Гьелдалъун туснахъалдеги ккун рукІун руго гьел. Дибир-наиб анлъго моцІалъ жанив хутІун вукІун вуго. Гиничукьа ХІассан – болъ нусил бетІерлъун вукІарав чи – лъабго моцІидасан виччан вукІун вуго.

Инквачил Дибирил лъимал – цо васги анлъго ясги рукІун руго.

Васасда цІар – Пирбудагъ, лъикІав гІалим вукІун вуго. Гьесул рукІун руго лъимал – кІиго васги кІиго ясги.

Гиничукьа Пирбудагъил васазда цІарал: кІудиясда – МухІаммад, гьитІинасда – МухІаммадибир. Гьал кІиялго цІаларал, гІелму-лъай бугел рукІана.

Гиничукьа Пирбудагъил МухІаммад [Дагъистаналъул таварих бакІариялда тІад хІалтІана]. Гьевги Гиничукьа МухІаммадибирги – кІиялго хвана Самаркъандалда.

МухІаммадибирил вас ккола ГІали. ГьабсагІаталъ гьев ГІали Самаркъандалда вуго.

Дибир-наибасул ясазда цІарал – Хъандулай, ХІуризадай, РабигІат, Калимат, Залму, ГІапипат, ГІашат.

Дибирил Хъандулай кьун йиго ХІамзал ГІумарил вас ХІайдарбегие [машгьурав тарихчиясе].* Рос хІежалде аралъув

хун хадуб, гьейги хIежалде ун йиго. Хъандулай-хIажи лъугьун йиго[466].

Дибирил ХIуризадай кьун йиго МухIамадханил Пирбудагъие.* Гьелъул васал – ХIассан, ХIажияв, Къади, ГIабдулатIип. Гьелъул яс – Багьжат[467].

Дибирил РабигIат кьун йиго Рекъав НурмухIаммадил вас Хъукьасе, ай Хъукьав-хIажиясе. *Гьев Хъукьав хIежалде ун вукIарав вуго, Инквачил Дибиргун цадахъ[468].

Дибирил Калимат кьун йиго Бибулатил вас МухIаммадие.

Дибирил Залму кьун йиго Хунзахъе – [генерал] ГIалиханил Хъайтмазие [Японалда гIахьаллъарав, большевизмаялде данде вагъарав чиясе].

Дибирил ГIапипат кьун йиго Къокъасул вас Хъайитмаз-хIажиясе[469].

Дибирил ГIашат кьун йиго Гъонохъа ГIусман-хIажиясул[470] вас МахсутIие.

Инквачил Дибирихъе бачIун букIун буго цIигьулдерил жамагIаталъул гIарза: ниж ругила цодагьал гIадамал. Нижер бугила лъеберго-кIикъого гIадаб рукъ. Нижер гьечIила мегIер-гIалахалъул щибниги.

«ХIайван кваназе бакI буго тIанусдерил *Нуси* абулеб бакIалда аскIоб. Гьел тIанус руго гIадамазда гурхIел гьечIел гIадамал.

Риидал магъилъа данде гьабураб чIар-хер риидалго боцIуца кун бахъуна. Бакъанида рокъоре рачIунел нижер гIачи ракъуца холаго рачIуна.

Гьанже рахъуна ниж – цIигьул – хасалихъе [XVIII гIасруялдаса нахъе] лъабго къоялъ Хъарагишилазул[471] хур-хер бецизе, лъилъизе. ХIалтIизе кIолев кинавго чи гьезие лъабго

---

[466] Саидов МухIамадсаидил квералъ гьабураб тIадежубай.
[467] Саидов МухIамадсаидил квералъ гьабураб тIадежубай.
[468] Саидов МухIамадсаидил квералъ гьабураб тIадежубай.
[469] Саидов МухIамадсаидил квералъ гьабураб тIадежубай.
[470] Саидов МухIамадсаидил квералъ гьабураб тIадежубай.
[471] Гьел Хунзахъа чагIи руго, жидеда *КIудиял рахьнал* абулел рукIарал.

къоялъ вахъуна. МагIишат рукъалде буссун бахъараб мехалъ, кьола гьез – *Хъарагишилал* абулел нуцабаз – жидерго ракьалдаса нижее цо гьитIинаб кесек, боцIи кваназе».

Гьанже нижеца, Дибир! Дуда гьарулеб буго: гьаб нижее бугеб къварилъи-захIмалъи Шамил-имамасухъе щвезабеян. «Гьарула». Гьасги абула: «Иншааллагь, – абун.

Гьанже цо заманалдасан, Шамил-имамгун цадахъ данделъараб мехалъ, Гиничукьа Дибир-наибас цIигьулдерил хIукму-хIал баян гьабун хадуб, имамас абун буго: «ЦIигьулдерил гIадамал гьеб къварилъиялда тезеги бегьиларо, Дибир! Цо дун балагьила гьелъухъ, – абун. Гьанже Шамил-имамас, цебеккун цIехезеги цIехон, абун буго *Чара-мегIералъул*[472] бутIа-бутIа бугел росабазда, цIигьулги гьеб мегIералда гъорлъ гIахьал гьаризе теян.

Гьел росабазул цадахъаб жамагIаталъ изну кьун буго гьеб Чара-мегIералде цIигьулдерил гIи-боцIи биччазе. Амма хIукму гьабун буго росабаз: жидер къайиялда аскIоб цIигьулдерил къайи лъезе теларин.

Гьанже, гинчадерил жамагIатги данде гьабун, гьагъав Дибирица нилъер жамагIаталда гьоркьоб лъун буго гьагъабго суал. Шамилил наибас абун буго: «Вацал, балагье нуж! Гьадал цIигьул нилъер мадугьалзабиги руго, нилъергун гIагарлъи бугел гIадамалги руго. РачIа, нилъеца гьадаб нилъер *Бакъда* абулеб къайиялда аскIоб къайи лъезе телин гьел цIигьулдерие. Гьел гIемераб боцIи-гIи бугел гIадамалги гуро. Дида ракIалде гьедин ккун буго».

Гьанже гинчадерил жамагIаталъул гьаракь бахъанила. Цояз абунила: валлагь, теларилан. Цогияз абунила: телилан. Кин бугониги, Дибирица абураб хIалалда кканила хIалтIи – гьаб жакъа къоялде щвезегIан.

Гьаб хабар мокърокьан босараб гуро. Далилал ратила гьелде тIоритIел гьабулел.

*(Хъвана бицарасул кIалдиса)*

---

[472] Щваталгин сахъадерида аскIоб бугеб мегIер.

### *13. Гиничукьа ХIассан – ХIажимурадил боялъул нусил бетIер*

ХIассан вукIун вуго ХIамзал ГIумарил яцалъул вас, кидаго Шамил-имамасул рагъда вукIарав чи. Гьесул рехсей цебеги ун букIана.

ХIассан – Гиничукьа МухIуммилги ХIамзал Гуваршалги вас – Шамилида цадахъ Гъуниб магIарда вукIана, хъизан-лъималгун цадахъ. Гьесул рукIун руго дора кIиго васги кIиго ясги. Цояв вас – гьитIинав чи гьенив чIвана. Цогияв вас, рокъове щун хадув, хун вуго.

Гьев ХIассан живго, шаригIатги гьечIеб, Шамилги гьечIеб бакIалда чIеларилан, гIурусаз Шамил-имам ккун хадуб, хIежалде ун вуго. Дова хунги вуго.

ХIассанил цояв вас вукIанила гьев хIежалде унеб мехалъ кIиго моцI барав чи – МаллахIусен абун. Гьевги вукIанила жагьиллъиялдаса вахъарав чи, гIараб мацIги лъалаанила.

Гиничукьа ХIассанил ясалги рукIанила. КIиго яс йикIанила: ПатIиматилан – цо, Хъатунилан – цояй.

Гьев МаллахIусенил (МаллахIусен-хIажиясул) вас дунги вуго – МухIаммадзагьидилан, яс Сувайбатги йиго.

### *14. ЦIадахIариса Хъватилги Хунзахъа Квешав Къадилги хабар*

(*Хъватилги Къадилги хабар ГьацIалухъа ГIалиханица бицана дида*)

Гьанже гьадав Хунзахъа Къади, кисандай жиндие бикъизе-хъамизе жо щвелаян, [Шамил-имам гIурусаз асир гьавун хадуб заманаялъ] хьвадулев вукIанила. *ТIагьада Бакъда* абулеб бакIалда цо къоялъ гIодов чIун вукIаго, гьесда вихьанила гъоркьа эхеде вачIунев цо рекIарав чи, гъажилда бан туманкIгун. ВачIунев гьев щванила Къади вугеб бакIалда гIагарлъухъе.

Гъов чияс салам кьунила. Къадица данде буссине гьабичIила. Къадица абунила гъов рекIарасда рещтIайила гьеб чодаса. Гьеб туманкIги чуги гьаб бакIалда тейила. Гъов чияс

абунила: «Щай, гьудул, дица гьаб чуги туманкIги гьаниб тезе кколеб? Гьаб чуги туманкIги дир гурищ бугеб? – абун. Гьаранила дун живго тейилан.

Гьанже Къадица абунила гъосда: «Яре цевеса! Дуда рагIичIищ Хунзахъа Квешав Къади – ян. Гъов чияс абунила: «Валлагь, рагIичIо. Дида Квешав Къадиги рагIичIо, ЛъикIав Къадиги рагIичIо. Дудаго рагIичIищ *ЦIадахIариса Хъвата*?, - янги абулаго, гъажилдаса туманкI бахъанила. ВачIа гьаниве, гьудул, босеян, тIаде абунила.

ГIемер инжит гьавун танила Къади ЦIадахIариса Хъватица. «Гьанже Квешав Къади лъугьана ЛъикIав Къадилъун, – ан абунила Хъватица.

Гьанже Къади, гIодов ккараб бакIалдаса тIадеги вахъун, векерун вачIанила Хъватил квер босизе: гIайиб гьабугейила, дида мун лъачIила. «Гьанже лъан вукIаха. Вихьана дуда ЦIадахIариса Хъвата, – ян абунила Хъватица.

Квешав Къадие къваригIун букIанила гьесулгун лъай-хъвай гьабизе. Гьес абунила: «Мун гIадав Квешав Къади дие къваригIунаро гьалмагълъи гьабизе. Дудаса бихьинав Къади вокьула дие гьалмагълъи гьабизе. ГIанкIуял-хIелкал рикъизе гьанив кулабазда сверулев вукIа, – ян гъосдаги абун, Хъвата жиндирго нухда анила.

Ахирги гьев Къадил ккараб жо. [Гиничукьа Хъазамми жинца чIвайдал], гьев Къадица, росулъе – Хунзахъе – вачIинеги хIинкъун, [сардал гIалахалда ралел рукIанила]. Цинги, цо нохъода, борохьги бан, гьев хун ватун вуго.

Гьаб хабар гьадайго Нуцалалъул буго.

*(МухIаммадзагьид)*

### *15. Гиничукьа Чункъилал*

Гиничукь росулъ Чункъ абулев чи [XVIII гIасруялъул ахиралда] вукIун вуго. Чункъил лъимал рукIуна: лъабго васги цо ясги. Васазда цIарал: ГIиса, МухIамма, ГIабдула.

Чункъил ГIисал лъимал рукIуна – кIиго васги ункъго васги. Васазда цIарал – МухIаммад ва ХIайбула. Ясазда цIарал – Гьумайчу, Залму, ПатIимат, ГьатIина.

Гиничукьа Чункъил ГIиса вукIаравила Шамил-имамасул заманаялъ Шамилил бода цадахъ хьвадулев чи. Херлъараб мехалъги гьев кидаго рагъул бицунев вукIунаан. Херав чи, *ТIадлъаргIивеги* вахъун, ракьалда тIад гIинги чIван, гIенеккун вукIунаан гьев.

ГIисаца гъодинаб мехалъ абулаан: турказул рахъалдасан рагъул гьаракь бугила. ГIарада-туманкIалъул гьаракь рагIулила. Нахъеги, НикIалай парчахIасул заманаялъ [XX гIасруялъул байбихьуда] гьев Гиничукьа ГIисаца абулаан: гьагъаб ГIараниб хъалаялда жаниб бугеб салдат жибго нахъе ине бугила, цо туманкI речIчIичIого, цо хвалчен хьвагIичIого, – абун. Инеги ана гьеб салдат ГIараниса Чункъил ГIисаца абураб хIалалда.

Гиничукьа ГIиса – Шамилил бода цадахъ хьвадулев вукIарав чи, – вукIун вуго кидаго хIакимзабигун дагIбадулев, къацандулев чи. Цо нухалъ гIурус-начаникIас вухун вуго гьев. Гьанже ун вуго гьев ГIиса Темир-Хан-Шураве. Гъова ватарав губирнаторасухъе гьес гIарза кьун буго, начаникIас жиндаго кьабгIиялъул хIакъалъулъ.

Гьанже вачIун вуго ГIиса, гъоб Тимир-Хан-Шураве жаниве щварав чи, Гиничукьа Пирбудагъида[473] аскIове. Бицун буго ГIисаца начаникIасулгун ккараб хIалтIи. Пирбудагъица абун буго гьесда гьадин: «ГIиса, гьудул! ХIакимзабаца жидедехун суал гьабурал гIадамал бергьине толаро. Дида берцин бихьула гьеб хIалтIи жибго тун лъикIилан. Шамил-имамасул бода цадахъ хьвадулев вукIарав ГIисаца абунила: жинца янараласухъе[474] гIарзаги кьунила, гьелъул какичуриги бихханилан абун. Гьелдаса хадуб ГIисал гIарзаги къабул гьабун буго, начаникIги рехун вуго.

Гьаб буго хIакъаб хабар. ХIакъаб гуреб жо дица хъвалебги гьечIо. Гьадавго Гиничукьа Чункъил цоги вас – ГIабдула. Гьесул вас вукIана Гъазияв абун. Жиндирго чахъабиги ругев вехь вукIана гьев. Чункъил цоги вас –

[473] Доба диниябгин хIукуматалъул идарабазда хIалтIулев вукIарав чи.
[474] *Янарал* – генерал.

ИчулмухIамма. Гьесул лъимал – лъабго васги кIиго ясги. Васазда цIарал – Гъазияв, ГIабдулхIалим, ГIабдулмажид.

Гиничукьа Чункъил Гъазияв гочун вуго хъизан-лъималгун, вакьад-якьадгун цадахъ. Ун руго гьел Истанбулалде. Дагьаб заманалъ гьенивги чIун, Гъазияв – БакьайчIиса МикагIилил ГIумаргун цадахъ – лъутун вачIун вуго рокъове, хъизанги лъималги Истанбулалдаги тун.

Гьел кIиялго рокъоре рачIиналъе гIиллаги букIун буго – кIиялго цIогьодун руго. Истанбулалъул хIукуматалъ кколел рукIун, цIар рехсарал кIигоял дораса лъутун руго. Гьанже Гъазияв гьанив – Дагъистаналда хутIула.

Нилъер гьаниб инкъилаб ккун, добехун – Истанбулалде – нухги къотIун, Гъазияв гьанивго – Дагъистаналда – хутIана. Хъизаналъе, васасе, ясазе босизе гIемераб жо данде гьабун букIана гьес.

Ахирги добехун нухги щвечIого, Гъазияв Темир-Хан-Шурав хвана, жиндирго вац ГIабдулмажидида аскIов. Хъизан-лъималазе данде гьабураб жоги ГIабдулмажидица боржине гьабуна.

Гьабе дугIа-патихIа!

Гиничукьа Чункъил Гъазил чIужу – Айзай, вас – ХIасанулбасри, яс – ГIайшат. Гьел дора – Истанбулалда аскIоб – *Алмаалан*[475] абулеб бакIалда тана. Гьеб Алмаалан абулеб бакI буго –гьижра гьабун, Дагъистаналдаса рачIарал гIадамал жанир чIезе бараб росу.

Гьанже гьев Гъазил вацал, дида лъалалде, Темир-Хан-Шураре ун ратана. Гьенир хIалтIун руго гьел Чункъилал къасабчагIилъилъун, жидецаго тукенги рагьун. Гьелдаса хадуб гъоба лъикIаб магIишат лъугьун буго гьезул. ГIадамазда жанир машгьурал гIадамаллъунги руго.

*Чункъил ГIабдула*. Гьев Гиничукьа ГIабдулал вас Гъазияв абун вуго, руго лъабго ясги – Загьидат, ПатIимат, Жамилат. ГIабдулал Гъазияв вукIана гIиял вехь, жиндирго чахъабиги ругев. Гьел киназулго наслу-насаб нахъе буго.

---

475 Гьанже *Гюней-кой* абулеб Туркиялъул ракьалда бугеб магIарул росу буго гьеб.

### *16. Гиничукьа МукIусгIаилал*

МукIусгIаилав абурав чиясул битIараб цIар буго ГIалил МухIамма. Гьев вукIун вуго [XVIII гIасруялъул ахиралда] бечедав чи. Хур-хер гIемерав, боцIи бугев чи вукIун вуго. Гьадаб кинабго *ЧIанди кIкIал* гъосул букIун буго.

Гьев Гиничукьа ГIалил МухIаммил лъабго васги цо ясги рукIун руго. Васазда цIарал: ХIасан, ХIусен ва Хъазами. Ясалда цIар – Багисултан.

Гиничукьа Хъазамил лъимал – ХIасан, ХIусен ва МахIмутI. Гьев МухIаммил Хъазами – *ГIосотIе* гьабихъе арав чи – чIван вуго [XIX гIасруялда] Хунзахъа Квешав Къадийилан абулев чияс. Гьелъие гIиллаги букIун буго.

ГIалагIарталъуб хундерилги гинчадерилги рагъ ккараб къоялъ Квешав Къадида гIадалъ тIил бан букIун буго гьев Хъазамица. Къадица абун буго Хъазамида: жакъа щибго жо гьабизе кIоларила – МукIусгIалилав. Амма кIочонги теларила.

Цо заманалдасан гьев Гиничукьа Хъазами ун вукIун вуго ГIосотIа гьабихъе, чIагIдае тIи ххенезе. Гьениве арав чи чIван вуго Хъазами гьадав Квешав Къади абулев чияс, гъоркьчIелги гьабун.

ХIасанги ХIусенги ГIалил МухIаммил Хъазамил лъимал руго. Гьел кIиялго [XIX гIасруялда] лъутун ун руго ЛъарагIалде – Шамиликьа хIинкъун, гIадамаз мацI гьабун.

Шамил-имам [1859 соналъ] гIурусаз ккун хадуб, Хъазамил ХIусен рокъове вачIун вуго. ГIурусаз аписарлъиги кьун, вачIун вуго. ХIусенил чIужу МокIсохъа йикIун йиго. Гьесул лъимал рукIун руго – Жавад абун васги СалихIат абун ясги.

Цо заманалдасан ХIусенги, вас Жавадги МокIсохъе гочун ун руго. Гьел гьенир МокIсохъ хун руго. Хъазамил ХIусенил яс СалихIат Гиничукь хутIун йиго. Гьезул наслу нахъе буго.

Гьав Хъазамил ХIасанил хIалтIи кин ккарабали лъалеб гьечIо.

Гьел чагIи – Гиничукьа ХIасанги ХIусенги – ккола Инквачил Дибир абурав наибасул вацгIалзаби.

Гьадавго ГӀалил МухӀаммил вас – МахӀутӀ. Гьесул вукӀун вуго кӀиго вас. Цоясда цӀар – МухӀаммадхан. Цоясда – Гъазияв.

Гьав Гъазил МахӀутӀил рукӀун руго цо васги кӀиго ясги. Васасда цӀар – Сайпула. Ясал – Халум ва ПатӀимат.

МахӀутӀил МухӀамадханил рукӀун руго цо васги цо ясги. Вас – Пирбудагъ. Яс – Хатимат.

ГӀалил МухӀаммил яс Багисултан йикӀун йиго Инквачил Дибир-наибасулги, Нуцалалъулги, Шувалалъулги эбел.

Гьев Гиничукьа МахӀутӀил МухӀаммадхан – хӀежалдаса гӀадамал нахъруссун рачӀунеб мехалда – ПортсагӀидилан[476] абулеб бакӀалда радал гамидаса рещтӀун вуго. Гьенив хун вуго. Гьенивго вукъунги вуго, мухӀарам моцӀрол щуабилеб къоялъ, 1286/1869 соналъ. Гьев МухӀамадханил гьалмагълъиги ккола ХӀайдарбег-хӀажияв ва цогидал.

### *17. ЦӀигьулдерил хӀакъалъулъ*

(*Гьаб хабар буго Гиничукьа АсхӀабил Къебед абурав – 125 сон барав – чияс дида бицараб*)

ЦӀигьулдерил росдал букӀун гьечӀо боцӀи кваназе я мегӀер, я гӀалах. Гьезул кинавго чи – руччаби-бихьинал, гьитӀинал-кӀудиял, гӀадан хутӀичӀого – лъабго къоялъ нуцабазе (ханзабазе) хӀалтӀизе рахъунел рукӀун руго. Гьанже гьел нуцабазги, жидер хур-хер данде бакӀарун лъугӀараб мехалъ, жидер хурзабахъе цӀигьулдерил боцӀи биччалеб букӀун буго кваназе; гьезие … ижара (?) кьолеб букӀун буго. Жидеего къварилъи гьечӀеб бакӀалдасан гьел нуцабаз риидал кваназе бакӀги кьолеб букӀун буго, амма мегӀер-гӀалахалъул цӀигьулдерие щибго бутӀаго букӀун гьечӀо.

---

[476] Мисриялда, ай Египеталда, Суэцкий каналалъул рагӀалда бараб гӀарабазул шагьар буго гьеб.

Шамил-имамасул заманаялда Гиничукьа Инквачил Дибириде гIарз гьабун буго цIигьулдерица. Гьев Дибирги вукIун вуго гьоб заманалъ Шамилил наиб.

Гьанже гьев Дибирица бицун буго цIигьулдерил кинабго хIакъикъат Шамил-имамасда: цIигьул гьедин тезе бегьиларилан. Имамас абун буго: жинца гьикъилила Чара-мегIералъул бутIа бугел киналго росабазда. Гьел цIигьулдерил гIадамал Чара-мегIералда гьорлъ гIахьал гьареян гьарилила. Гьел росабаз абураб жиндаги лъазабейила.

Росабазда, Шамил-имамас цIехараб мехалъ, киналго разилъун руго мегIералда гьорлъ цIигьул гIахьал гьаризе. Амма киналго росабаз абун буго: жидер дагIба гьечIила мегIералда, амма жидеца теларила жидер къайи бугеб бакIалда гьезул къайи лъезе.

Цинги Шамил-имамас кагъат бачIун буго Дибир наибасухъе, гьел росабаз гьабураб жаваб хъван. Гьанже Дибирица, гинчадерил жамагIатги данде гьабун, гьезда гьоркьоб лъун буго гьадинаб масъала:

ЦIигьул ругила нилъер мадугьалзаби, гIагарлъи-божилъи бугел гIадамал. Гьазул гьечIила – щибго мегIер-гIалахалъул – боцIи кваназе бакI. Гьал цIигьудерил рахъалъ жинца Шамил-имамасдаги абун букIанила, гьал Чара-мегIералде гьорлъе риччазе бегьуларищан. Гьес жинда абун букIанила: цогидал росабазул разилъи батани, бегьилилан. Гьезулги жаваб бачIанила гьесухъе: жал разиял ругилан, амма жидер къайиялда аскIоб цIигьулдерил къайи лъезе теларилан.

Гьанже гинчадерил цо тайпаялъ абулеб букIуна: нилъецаги гьедин абилилан. Ахирги гьадинаб хIукму гьабуна гинчадерица: цIигьулдерил гIадамал гIемераб гIи-боцIи бугел гIадамалги гьечIила. Нилъее кIудияб къварилъиги букIинарила. РачIайила гьадаб нилъер *Бакъда къайиялда* аскIоб гьезул къайи лъезе тезе. Гьадин абунила.

Гьелда хIукмуги гьабун, Инквачил Дибирица гинчадерил калам Шамил- имамасдаги лъазабунила.

*(МухIаммадзагьид)*

**ЦIигьулдерица ЛъарагIав ваччи**

ЦIигьулдерил гIадат букIанила гьадинаб: къватIиса вачIарав гьобол вугониги, щив вугониги, вачIарав чи махсароде кколеб, жидеего кепалъе-ихтилаталъе. Гьезул гьеб гIадат аскIор ругел – мадугьалихъ ругел – росабаздаги лъалаанила.

Гьанже ургъанила гинчадерил гIолохъаби, гьел цIигьул махсароде кквезе: щиб гьабунги, цо хIалтIиялъе ургъизе ругилан. Гьезда гъорлъа цояс абунила: гьабулеб жони жинда лъалаанила. Щиб гьебилан гьикъанила гъов гинчадерил чиясда. Гъос абунила: цо чи малиялда тIад лъун, унтун вачунев чи вугилан абун, нилъеца ЦIадаве щвезавуни лъикIан. «Пайда щиб, гьеб малиялда вегулев чи щивха вукIинев? – ан абунила гъов чияс.

Гьагъадин гинчал бицунел рукIаго, тIаде вачIанила ЛъарагIав. Бицанила гьел гIолохъабаз жидедаго жаниб бугеб хабар. Гьанже ЛъарагIас абунила: гьеб бигьаяб жо бугила. Жив вегилила малиялда. КъачIайила доре рилълъине.

Гьеб заман букIанила къаси мех. Гьанже босанила гинчадерил гIолохъабаца мали-къвалги, цадахъ ЛъарагIавги вачанила. ЛъарагIасул хулжалилан абун, цо басриял хулжазда жанир хвараб гьвел ракьаги чIваги лъунила. Гьанже щванила гьел цIигьулдерил росу рагIалде. ЛъарагIавги, молода къан, хIадур гьавунила.

Гьанже анила Гиничукьа ГIабдулмутIалиб ЦIада росулъе витIун, цIигьулдерида лъазабизе. Гьесда батун буго цо гIадамал данделъараб бакI – къулгьу-алхIам гьабулеб бакI букIана гьаб, гIадамал данделъараб бакI. «Ассаламу гIалайкум!» – абун, Гиничукьа ГIабдулмутIалиб жаниве лъугьанила.

Гьанже рахъанила гъоб данделъиялда ругел цIигьулдерил киналго гIолохъаби. Гъоз киназго хутIарал гIолохъабаздаги лъазабунила, гьезда цадахъ СалихIги вукIанила – ЦIада росдал дибир.

ЛъарагIавги цIигьулдерил молода тIад лъунила. Гьанже анила цIигьул, ЛъарагIавги восун. Гьезда цадахъ витIун анила

Гиничукьа ГӀалибегил МухӀамма: ахир гьезул щиб кколебан балагьизе. Малиялда цеве СалихӀ вукӀанила, цӀигьул кьурулъа тӀаде рахунеб мехалъ. Бахъун, хъатикь цебе ккун тӀагъурги букӀанила гьесухъ, тӀаргъица бацӀцӀунеб гӀетӀги букӀанила. Мех-мехалдасан ахӀулила СалихӀица: «ХӀаракат гьабе гӀолохъаби. Къаси нужее гали рикӀкӀун, анцӀ-анцӀ кири буго, – ян.

Гьанже гьел щола ТӀанусире. Малиги годекӀаниб гӀодоб лъола цӀигьулдерица. Гиничукьа ГӀалибегил МухӀамма цо борхатаб тӀохдеги вахун, балагьун вукӀун вуго жиндаго жо хъвалареб, гьол гӀадамазул гьаркьихъе.

ЯчӀун йиго Гьудал Булулилан абулей чӀужу. Гьелъ гьикъун буго: «Гьав хварав чийищ? Гьав щив? – абун. Гьол гӀадамаца абун буго: «Гьав чи рагӀула ГьацӀалухъа ХӀанапи». Гьанже яхъун йиго гьей Булул, чирахъги босун, гьосухъ балагьизейилан. Гьелъул гӀагарав чи вукӀун вуго ГьацӀалухъа ХӀанапи. Гьов молода вегарав вихьаравго, Булулица абун буго гьав чи ХӀанапи гурила. Гьав вугила Гиничукьа ЛъарагӀав.

ГьебсагӀаталда хехлъи гьабун, молодасаги ватӀалъун, лъутун вуго ЛъарагӀав. Хадур цӀигьулги roртун руго.

Цо ЦӀадаса чияс жидерго гӀадамазда абун буго: гьев лъарагӀав ваччизе бегьуларищан. Цогияс абун буго: «ВуцӀцӀун вукӀа, гӀабдал! Гьоваса лъарагӀав гуро гьав. Гьов вукӀун вуго Гиничукьа ЛъарагӀав».

Цеве ЛъарагӀавги хадур цӀигьулги ГӀалагӀарт бакьулъе щун руго. Гиничукьа ГӀалил МухӀаммадицаги ХӀайдарбегицаги ккун вуго ЛъарагӀав.

Гьев ЛъарагӀас абулаанила гьабсагӀатальги къотӀун гьечӀила жиндир гӀундузда жаниб гьаракь – ХӀайдарбегица[477] гӀадалъ зар бараб мехалъ бахъараб гьаракь.

ЦӀигьулдерица абула: лъикӀ вуханила ЛъарагӀав. «Росу тӀаделъараб мехалъ, цо чи чӀвазеги бегьила, вухизеги бегьила».

ЦӀигьулдерил гьеб рагӀи щибго гуреб рагӀи буго.

[477] МухӀамадсаидица, хиса-баси гьабун, хъван буго: *ХӀайдарбег-хӀажияс*.

Гьанже гьел цIигьул гIарзалъ ун руго начаникI-учаскIасухъе[478] гинчадерица гьабураб хIалтIи бицине. ГIурусаз лъун тарав гьев наибас абунила, гьеб гьабизехъин бугеб хIалтIи гинчадерица къоялъ цебеккун жинда бицун букIарабани, цIигьул нух гьабизе рахъинарилаанилан.

Гьаб хабар буго щибго гьереси гьоркьоб гьечIеб – бацIцIадаб.

СалихI-дибир вукIанила малиялда цеве вачIунев. Гьесда гьикъанила ГIалил ПатIиматилан абулей чIужуялъ, щиб хIалгIаги бугеб гьесул абун. СалихIица абунила: Валлагь ПатIимат, гъосул нилъедехун щибго жо гьечIилан.

Гьев ЛъарагIасул вас МухIаммад чIаго вуго Буйнахискиялда гьаб жакъа къоялъги.

### *18. Гиничукьа Кортилал*

Умумузул заманалдаса бахъараб жакъа къоялде щвезегIан Кортилазда абулеб батана: кутакалда бер кколел гIадамал гьел ругилан. Нухда гьезул чи данде ккани, нух битIуларилан абула гIадамаз гьаб жакъаги.

Дида лъала цо гьадинаб жо. Риидал хур-хер бищунго берцинго, камилго бижун бугеб заманалъ, Кортилазул бихьинчи магъилъе иневилан хIинкъун, росдал бегавуласги жамагIаталъги, гIакIа ахIун, лъазабулаан: магъилъе бихьинал унгейилан. Жакъа къоялдаса нахъе арав чиясул щуго гъурущ гIакIа бахъизе бугилан.

Гьелъие гIиллаги букIана Кортилазул чи магъилъе иневилан хIинкъи. Абиги букIана Кортилазул чи магъил агьлуялде ани, хур-хералде цо балагь бачIунилан.

Гьа, Кортилазул хIакъалъулъ хъвачIого хутIараб жо:

*ЧIурхIун хIамул ричизе,*
*Корти-ХIасан дун гуро,*
*ХIулун бачал ричизе,*
*Байикьевги дун гуро.*
*Ригь ккун, къвали бичизе*

[478] «Начальник участка» абулеб жо буго гьаб.

*БакьайчIисаги гуро.*
(Гьаб абурав чи лъаларо)

Гьев Корти-ХIасан абулев чи вукIун вуго умумузул заманаялъ цIакъ бер кколилан абулев чи, – я гIадамасде, я хIайваналде, я хур-хералде, – щибниги жоялде кIалъазе бегьулароанила. Нухда сапаралда унев чи, гьестIа бер кколилан, гIадамаз нахъвуссинавулеб гIадат буго гьанжегицин, Кортилазулав гьесда вихьани.

Гьев КIудияв ХIасанил цIар лъурав ХIасан вукIана Кортилазул, дида лъалеб мехальги. Гьесул вац ХIайбуллагьиланги вукIана. Гьезул лъималги руго – гьабсагIаталъги.

*РухIурхIарал хIарисел*
*ХIулхIуларал кIахъиял,*
*Бер-кIал гургинал гинчал,*
*Гарбал ккун, гIодор лъела.*
*Гарбал халатал бекьечI*
*Гуллие лъун гъурила.*
*ГIабадерил, хундерил*
*Харбие чи теларо,*
*Байикь-чIандадерида*
*ЧIабар хачазабила.*
(Гьал рагIаби абурал чагIи лъаларо)

## ***19. Гиничукьа ГIадукъилал***

Гьезул умумузул цояв – ГIадукъилан цIар бугев чи вукIун вуго. Гьев Гиничукьа ГIадукъил ватана дида кIиго вас. Цояв – МуртазагIали, цогидав –ХIусен абун. КIиявгоги хекко хвана. Гьезул лъимал руго.

Ниж гIисинаб заманалъ, ГIадукъилазул лъимал-чагIи рихьараб мехалда, цогидал лъимал ахIдолаан: «Гьоло кьухь, гьоло кьухь! – абун. ЦIакъ бокьулароан гьезие гьедин жидедего ахIизе.

Гьел ГIадукъилазул хIакъалъулъ дида лъалеб тIокIаб жо гьечIо.

### *20. Гиничукьа ЧIухIухъаби*

ЧIухIухъабийин абураб цIар гинчадерил гьеб тухумалда умумуздасан бачIараб цIар гурилан, – ракIалде ккола дида. Пикру-хIисаб гьабурав чиясда гьеб якъинго лъала.

Кин лъалебан абуни, хIисаб гьабе: Инквачил Дибирица ячун йиго Хунзахъа чIужу – [генерал] ГIалиханил яс Халум. Гьеб гинчадерил тухумалъе щвараб ирс – чIухIи – гьей Халумил буго, Хунзахъан бачIараб.[479]

[Генерал] ГIалиханил наслу-гIагарлъи гIемераб бакIалда буго, батIи-батIиял росабалъ щущараб бугеб. БатIи-батIиял росабалъа руччаби рачун, гьес наслу гIемер гьабун буго[480].

Ругел чIухIарал, цоцазул адаб гьечIел, жидерго гIагарлъиги тун, чияр гIадамаздехун гьудуллъи гьабулел, цоцадехун хурхен гьечIел! Церехун рехсарал гинчадерил тухумазул хIалтIи гьечIо, гьезул гIадинаб. Цоцалъ ракIал журарал, жидецаго жидерго чагIазул цIакъ рахъ кколел, гIагарлъи цIунулел чагIи руго цогидал гинчал.

### *21. Гиничукьа Гуваршалал*

*Нохъодаса Гуварша*-йилан абун йикIанила цо кIудияй чIужу. Гьелъул наслу-тухумалда абулаанила Гуваршалалилан.

Гуваршал рукъ букIанила гьадаб *Нохъода лол* абулеб бакIалда. Гьелъул наслу-насабилан абула гьал гIадамазде: Киванха, гьесул вацал рукIанила – ГIали-хIажияв ва СагIид абун.

Киванхал вас вукIана МухIаммадгIали. Киванхал яс – Булул. ГIали-хIажиясул лъимал: васал – Шамил ва ГIалихIажияв, яс – Издаг.

ГIалихIажиявги гьесул вац Шамилги ун рукIун руго Чачаналде. Гьениса нахъруссун рачIунеб мехалъ, гьел рещтIун рукIун руго ТIандо абулеб росдал ракьалда. Гьеб буго Болъихъ районалъул бакI. Гьениб, цинги, ТIандоса чиясулгун дагIба-рагIиги ккун, ГIалихIажияс гьев ТIандоса чи чIван вуго. Хадув вачIун гъосул вацас Гиничукьа ГIалихIажиявги чIван вуго.

---

[479] ТIадехун рехсарав ГIалиханил кьибил Хунзахъа букIун рагIуларо, ЦIатIанихъа букIанила.

[480] Саидовасул кквералъ гьабураб тIадежубай

***22. Гиничукьа ХIункъралал***

ХIункъралал абунги букIун буго Гиничукь цо тайпа. Гьезул наслуялъул чи вукIанила МаллахIусенил ХIажимухIаммайилан абулев. Гьев ккола ХIажимухIаммад-хIажиясулги, Гьиматилги, ГIамирханилги эмен. ХIункъралазул хIакъалъуъ хъвалеб гIадаб жо дида батичIо.

ГIамирханил нахъе чи гьечIо. ХIажил цо яс йиго – ПатIимат. Гьиматилги нахъе чи гьечIо.

***23. Гиничукьа ГIулларчалал***

ГIулларчалазул агьлуйилан абула гьал гIадамазда: ГIалил ГIумар ва ГIалил МухIамма. Гьел кIиялго вацал руго. Гьезул хIакъалъулъ хъвазеги цо кIудияб лъалеб жо дида батичIо.

ГIумарил рукIана лъимал – лъабго васги ясги. Васал – ГIали, КъадимухIамма, СагIид. ГIали Жунгуталде ун вуго. Гьояса чIужуги ячана, гьова гьев хвана. КъадимухIамма Гиничукь росулъ вуго. СагIид хвана, лъимал руго. Ясалда цIар ПатIимат буго. Гьей хвана. ГIалил МухIаммил лъабго васги цо ясги руго.

Васазда цIарал – ЗайнулгIабид, Хъазамми ва МухIаммад. ЗайнулгIабидил вас вуго АхIмад. Хъазаммил щивго чи гьечIо. МухIаммадил цо вас вуго. Ясалда цIар Разият буго. Гьейги хвана.

***24. Гиничукьа ХIассан***

Гьанже рехсолев вугев ХIассан кколаро Гиничукьа МухIаммил ХIассан – ХIажимурад-наибасул болъ нусил бетIерлъун вукIарав чи. Гьав ХIассан вукIун вуго [XIX гIасруялда] Гиничукьа Карим-хIажиясул эмен. Карим-хIажиясул вас вуго ГIали-дибир.

Гиничукьа ГIали-дибир вукIана цояб бох гьечIев чи. Гьев вукIун вуго, жиндир гIумру лъугIизегIан, кидаго КъурIанал хъвалев чи, берцинаб хатI бугев чи. ТIухьдузе,

Къуръаназе жилдал гьаризе бергьараб махщел бугев чи вукIун вуго. Гьес хъварал Къуръанал, тIухьдузе гьарун ругел жилдал гIажаибго берцинаб хIалалда руго. ГьабсагIаталъги гьев ГIали-дибирас хъварал Къуръаналги гьабурал жилдалги нилъер росабалъ руго.

Гиничукьа ГIали-дибирас хъварал Къуръаназул баян-сияхI анлънусиде бахинегIан бихьизабулеб буго. Гьесул хIакъалъулъ ХIоцоса Нажмудиница гьабураб назмуги буго.

ГIали-дибирасул эмен Карим-хIажиявги Къуръанал хъвалев чи вукIун вуго. Лъималазда Къуръан малъулев чиги вукIун вуго. Жив хвезегIан, будунлъиги гьабун буго гьес.

### *25. Гиничукьа КIудияв МахIадада*

МахIадада вукIун вуго халкъалда гъорлъ [XIX гIасруялда] машгьурав, лъикIав, лебалав гIалимчи. Гьесул лъимал рукIун руго – кIиго васги, щуго ясги. КIудияв МахIададал васазда цIарал: цояв – Жамалудин, цояв – ГIумардибир. КIиялго вацал цIаларал гIалимзаби рукIун руго.

ГIумардибир абулев – гьитIинав гIолохъанчи – хун вуго.

Жамалудинил лъимал руго. Васасда цIар – МахIадада[481], ясазда цIарал – ПатIимат ва Сакинат.

Гиничукьа КIудияв МахIададал ясал гьал руго: Сапият, Написат, Зайнаб, ПатIимат, Тутун.

### *26. Гиничукьа ХIажияв-дибир*

ХIажияв-дибир вукIун вуго жиндир заманалъ рукIарал гIалимзабазда гъорлъ лъикIав гIалимчи. Гьесул рукIана лъимал: цо васги кIиго ясги. Васасда цIар букIана МухIаммад. Гьев вукIана жиндир заманалъ лъикIав, бергьарав гIалимчи. ХIажияв-дибирасул ясазда цIарал – ХIалимат ва РахIмат. Гьезул лъимал руго.

---

[481] Гьев вуго Совет-заманаялъул машгьурав гIалимчи, магIарул мацIалда хурхун таманалго хIалтIаби хъварав.

### *27. Гиничукьа Хъайтмаз-хIажи*

Хъайтмаз-хIажи вукIун вуго [XIX гIасруялда] хIежалдеги арав лъикIав гIалимчи. ГIадамазе вагIза-насихIат гьабизе кIалалда *такъва*[482] бугев чи. Гьесул рукIана кIиго васги кIиго ясги. Цо вас вукIана МухIаммад – абун. Цогидав вас – Мухтар абун.

Гьев МухIаммад абулев Хъайтмаз-хIажиясул вас вукIана лъикIав, гьунар бугев гIалимчи. Гьев вукIана гьединго кверда махщел бугев, занал гьарулев чи. Берцинго заназда накъищ гьабулев, хатI берцинав чи. Гьев Гиничукьа МухIаммад хвана Гъарачиялъ[483], вукъизе вачана Темир-Хан-Шураве. Гьев МухIаммадил лъимал руго.

Гиничукьа Хъайтмаз-хIажиясул цогияв вас Мухтарилан вукIана. Гьев хеккого хвана. Хъайтмаз-хIажиясул кIиго ясги йикIана. Цоялда цIар – Багистан, цогидай ясалда – Парихан.

### *28. Гиничукьа ГIабдусалам-хIажи*

ГIабдусалам-хIажи вукIун вуго [XIX гIасруялъул байбихьуда] лъикIав гIалимчи – дибирлъиги гьабулев, *варагIги*[484] бугев. Гьев ккола ХIоцоса ГIабдулатIипил[485] мутагIилзабазул цояв[486]. Гиничукьа ГIабдусалам-хIажиясул чIужуялда цIар ГIайшат буго.

Гьесул рукIун руго лъимал – цо васги, кIиго ясги. Васасда цIар – МухIаммаднаби. Ясазда цIарал – цоялъул ПатIимат, цогидалъул Шамай.

ГIабдусалам-хIажиги, гьесул васги, ПатIимат абурай ясги – гьел киналго, хъизангун цадахъ, гочун ун руго Истанбулалде. Шамай абурай яс гьанийго хутIун йиго, ГIарабхIажида аскIой.

ГIабдусалам-хIажи Гиничукь росулъ дибирлъун вукIун вуго. Цо къоялъ маркIачIул какде вачIунеб мехалъ,

---

[482] *Такъва* – Бичасукьа хIинкъи.
[483] Карачаево-Черкесия буго гьеб.
[484] Аллагьасукьа хIинкъийилан абураб жо буго гьеб.
[485] Нажмудин-имамасул вац вукIана гьев.
[486] МухIамадсаидил тIадежубай.

мутагІилзабазе рахьги босун вачІун вукІун вуго. [Какги тІобитІун] рокъове унеб мехалъ, гъоб рахь жанибе тІун бачІараб хъаба цо мутагІилас гъосухъе, рокъобе босейилан, нахъе кьун буго. АскІов вукІарав цояс бигьа гьабун абун буго: «Я Аллагь! Метер гІакаги хъун, гьан босун вачІине хъван батаги, – ян.

ГІабдусалам-хІажиясда гъоб рагІун букІун буго. Гьес щибго жо абун гьечІо. Нахъияб къоялъ рохьдолъе араб бакІалда гьесул гІака, гъоркьеги рехун, хун буго. Гьадабго къоялъ, боголил какде вачІараб мехалъ, ГІабдусалам-хІажияс абун буго: «Ва мутагІилзаби! Нужер цояс абураб къагІидаялъ ккана гІакдал иш. Ма нужеего гьан».

## 29. *Гиничукьа Къебед-будун*

Къебедил вас вуго – ЦІарберцин. Гьевги [XIX гІасруялъул байбихьуда] будунлъиги гьабулев, берцинаб гьаракьги бугев, гІелмияб лъай бугев, хІежалдеги арав, лъикІав жамагІатчи вукІана.

Гьесул рукІана лъимал – кІиго васги, кІиго ясги. Васазда цІарал: цоясда – МухІаммад, цогидасда – Къебед. Ясазда цІарал: цояй – ХІалимат, цогидай –ПатІимат.

ГІадамазул бицен батана дида, КІудияй Нуцалалъги гьеб абулаан: гьагъаб *Гьалла-лъарада* бугеб кьо гьазул умумуз барабилан бицен батанила жиндаги абун.

МухІаммадил цо вас вуго. Къебедил цо яс йиго.

## 30. *Гиничукьа Куцарав*

(*Гиничукьа Чункъил ГІисаца бицараб хабар*)

Херав чи вукІанила Куцарав. Гьадай нилъеда лъалей Муъминатил эмен вукІун вуго гьев. Цо къоялъ [XIX гІасруялъул байбихьуда], рагъида бакъалда вугеб мехалъ, рагІанила гьесда как ахІулеб. Как ахІун бахъараб мехалъ, ахІанила Куцарас жаний йигей чІужуялде – *гьелда цІар Сийбиш[487] букІараб: «Бекад босе къватІибе, гьал къотІадал

[487] Гьал рагІаби МухІамадсаидил квераца хъварал ратизе руго.

чуризе. ЧIунтадалъув вачIаян, чIван хвад, ахIдолев вугин. Гьеб дир лълъарада балеб жоги (чалма) босе[488], – ян.

(*МухIаммадзагьид*)



### *31. Гиничукьа Рекъав НурмухIаммил вас Хъукьав-хIажи*

Цо заманалъ [XIX гIасруялда] Хъукьав-хIажи вукIун вуго лъикIав гIарцул къебед. Гьелдаса хадуб, гьеб хIалтIиги рехун тун, гьес даран-базаралъул хIалтIи гьабун буго. МагIишаталъул рахъалъги лъикIаб, хIалалаб, бацIцIадаб магIишат бугев чиги вукIун вуго Хъукьав. *ХIежалдеги ун вукIун вуго гьев Инквачил Дибиргун цадахъ[489].

Хъукьав-хIажиясул лъимал рукIана – кIиго васги лъабго ясги.

КIудияв вас МуртазагIали вукIана къадал устар. Щивниги чиясул кумек гьечIого, жиндирго гъийиналдалъун,

---

[488] МухIамадсаидил квералъ хъван буго: *Доб лълъаратIа жоги босе, гьаб дир бетIер бухьине.*

[489] МухIамадсаидил тIадежубай.

гьес гьарун рукIана рукъзал. КIудияб захIмат бихьун, гьелдалъун МуртазагIалида унтиги ккун букIана.

Гьев МуртазагIалил лъимал руго: цо васги кIиго ясги. Васасда цIар НурмухIамад букIана. Гьесулги вас вуго ГьитIинавмухIаммайилан. МуртазагIалил ясазда цIарал: цоялда – Айзанат, цогиялда – ПатIимат.

Хъукьав-хIажиясул цогияв вас вукIана МухIаммад абун. Жинца лъабго сон баралдаса нахъе жиндихъа канлъи арав, щибниги жо бихьуларев чи.

Гьев МухIаммад вукIана [XX гIасруялъул байбихьуда] ракIалдасан Къуръанги лъалев, гIараб гIелмуги цIаларав *хIапиз*. Гьабулареб хIалтIиги букIинчIо гьесул – щибгIаги. Кверда махщелги букIана МухIаммадил. Кагътил гIарац букIа, гIисинаб гIарац букIа, – гьебги батIа гьабизе гьесда лъалаан. Даран-базарги гьес гьабулаан. Хур-хералъул хIалтIиги гьабулаан. Магъилъеги ун, жиндирго хуривеги щун, гьениб гьабизе бугеб хIалтIиги гьев МухIаммадица гьабулаан.

Гьев канлъи арав Гиничукьа МухIаммад щвечIеб бакI букIинчIо – я гIурус рахъалда, я Сирдазиялда[490], я Бухараялда. Гьесул васалги руго: ГIалибулат, МуртазагIали, Расул, ХIажидада ва Запир.

Хъукьав-хIажиясул ясазда цIарал – Шагьрузат, РайхIанат, Булул. Гьезулги лъималги руго.

### *32. ГIалигъилич наибасул чода Гиничукьа ГIалихIусеница тIил кьабгIиялъул хIакъалъулъ.*

(*Гьаб хабар дида бицараб буго Гиничукьа АсхIабил вас Къебедица)*

Гьонодаса ГIалигъилич наиблъун вугеб заман [XIX гIасруялъул 2-абилеб бащалъи] букIанила. Цо къоялъ бачIинеб бугила *ХьуцIдаса* эхеде хундерил гIачи-рехьед ГIалагIарталъубехун. Хунзги ругила рохьдода хаду-хадур.

490 *Гьоркьохъеб Азия* абулеб жо буго гьеб.

Цебе баккараб мехалъ, бихьун буго гьеб гинчадерида. Бахъун данде росу-жамагІатгун, риччаларилан абун, кьабгІулаго хундерил гІачи нахъруссинарун руго. Гьанже, хунзги тІаде рачІун, кканила гьезда гьоркьоб кьабгІа-тунки. Гъалмагъир кколеб букІун буго.

Гъоб хабар лъан, бекьечІдерил добаса ахІиги бачІун, щванила тІаде бекьечІги – гинчадерие хІалае. ГІемерисел гІолохъаби рукІанила.

Гьеб къоялъ бекьечІ рукІун руго цо чиясул рукъзал ралел. Кинавго бекьечІдерил чиясухъ кодор тІилалги рукІанила. Цо агьлуялъухъ басриял ккведусаги рикьарал, рекарал рахалги, цогидал жалги рукІанила.

Гьанже тІаде щванила ГІалигъилич-наиб. МаслахІат гьабизе лъугьанила. Гьев наибас абунила: жакъа гьаб гІачи-рехьед нахъе буссинабугейила. Метер къоялдаса нахъе жинца гьел: чагІи рукІа, гІачи-рехьед букІа яги цогидаб гьенибехун бачІунеб, щиб бугониги, – ГІалагІарталъуре кидаго рачІине тІокІаб риччаларила.

Гьебмехалъ Гиничукьа ГІалихІусенилан абурав чияс абунила: валлагь, риччаларин – цо щинкІил чІезеянги абун, ГІалигъилич-наибасул чол рохокъотІиялда тІил кьабгІанила. Нахъе руссинарун гъол хунзги анила.

Гьаб хабар бицунеб рагІана дида БакьайчІиса Горо-хІажиясги, НургІалицаги, ХІайдарбегил ГІалицаги. Жидеда лъалила гьеб гъалмагъир ккараб къо. Гиничукьа АсхІабил Къебедицаги гьедин бицунаан.

Дун вукІана гьитІинаб мехалъго кІудиял гІадамаца бицунеб хабар бокьулев чи. Гьел гІадамаца наибасул чода тІил баялъул хабар бицунеб рагІана дида.

Гьоб мехалъ дун хьвадулаан БакьагьечІиб мадрасаялде цІализейилан. БекьечІдерил годекІаниб гІадамаца бицунеб рагІараб битІараб хабар буго гьаб, щибго гьереси гьорлъ гьечІеб.

### *33. Гиничукьа МухIаммадхан*

Гиничукьа МухIамадханил рукIун руго лъимал: цо васги цо ясги. Васасда цIар – Пирбудагъ, ясалда цIар – Хатимат.

Гьев Пирбудагъ абулев МухIамадханил васасул рукIун руго лъимал – анлъго васги цо ясги. Васазда цIарал: ХIасан, ХIажияв, Къади, МахсутI, ГIабдулатIип, Абакар. Ясалда цIар – Багьжат.

ХIасанил нахъе чи гьечIо,* гьав беццав вукIана[491].

ХIажиясул цо вас вуго. Гьесул цIар ХIамза буго. Гьевги Гьолокь вуго.

Къади цIаларав гIалимчи вукIана. Гьесул яс ПатIимат МахIачхъалаялда чIаго йиго.

МахсутI Маскуялда хвана. Гьесул кIиго вас вуго. Цояв – МухIаммадкамил абун, рукъалъ вуго гьев МахIачхъалаялда. Цогияв вас МухIаммадхан – Аштарханалда вуго.

ГIабдулатIипил цо вас вуго. Гьесдаги цIар ГIабдулатIип буго. Гьевги МахIачхъалаялда вуго. Гьев росу биххигун [1920 соналъ] гьавуна[492].

Абакарил нахъе чи гьечIо:* вас МухIаммадсайгид рагъда хутIана. Живго хвана[493].

Пирбудагъил Багьжатил васги ясги руго. Васасда цIар буго МухIаммад, ясалда – Сарат. Гьел Гьолокь руго.

### *34. Гиничукьа ГIабдурахIман-хIажи*

ГIабдурахIман-хIажил росулъ нахъе чи гьечIо.

ГIабдурахIман-хIажил вац ккола ГьоцIалъа МухIамма. Гьев ГьоцIалъа МухIамма абулев чи хъизангун цадахъ Истанбулалде ун вуго. Гьезул наслу-насаб доба буго.

---

[491] Саидов МухIамадсаидил квералъ гьабураб тIадежубай.
[492] Саидов МухIамадсаидил квералъ гьабураб тIадежубай.
[493] Саидов МухIамадсаидил квералъ гьабураб тIадежубай.

***35. Гиничукьа МухIамма-къебед***

МухIамма вукIун вуго маххул къебед. Гьесул вукIун вуго вас – гIалимчи, ГIабдулкъадирилан абун. Ясги йикIун йиго Гьумайчу абун.

ГIабдулкъадирил яс йиго ПатIимат, чIаго йиго. Гьумайчулги буго БакьайичIиб наслу-насаб.

***36. Гиничукьа КIудияв МухIамма***

КIудияв МухIаммил лъабго васги цо ясги рукIун руго. Васал: МухIамма, Къебед ва МаллахIусен. Яс – ГIашаэбел.

МухIаммил рукIана кIиго васги цо ясги. Васал: ХIабиб ва Сахратула. Ясалда цIар – Паримеседо. ХIабибил лъимал – кIиго васги цо ясги.

Къебедил лъимал: кIиго яс – Гуварша ва ПатIимат, вас – Хiусен. ЧIужу – ЗулхIижат. Киналго хвана.

МаллахIусенил лъимал васги ясги руго – МухIаммад ва Сакинат.

ГIашаэбел, гьелъулги наслу-тухум нахъе буго.

***37. Гиничукьа ХIамзат***

ХIамзатил вукIун вуго лъабго вас – ГIабдулмутIалиб, ГIали ва ГIашурал МухIамма.

Гьев Гиничукьа ГIабдулмутIалиб НикIалайил заманаялъ ЦIунтIа гIемераб заманалъ рохьазул абъячиклъун[494] вукIун вуго. Гьесул цо васги ясги руго.

Васасда цIар МухIаммад буго, гьевги МахIачхъалаялда вуго. Ясалда цIар – ПатIимат, гьейги Хунзахъ районалъул Хьиндахъ абураб росулъ йиго.

ХIамзатил вас ГIали. Гьев ГIали, туснахъалде ккун, Сибиралде витIун ун вуго. Гьелъие сабабги – жиндирго чIужу чIван йикIун буго. Сибиралда хунги вуго.

Хабар букIана гьадин: гьадай чIужуялъул эмен ГIарабица, гIарацги кьун, гьев ГIали чIвазавуравила Къородаса чиясда.

[494] *Объезщик* абулеб жо буго гьеб.

ХIамзатил вас ГIашурал МухIаммал лъабго васги цо ясги рукIана.

Васазда цIарал: ГIабдулла, МухIаммад ва ХIамзат. Гьел киналго хвана. Лъимал, ХIамзатил гурони, гьечIо, гьезда цIаралги – ГIабдула ва Мансур.

ГIашурал МухIаммил яс ПатIиматилги лъимал руго – васги ясги. ЦIарал дида лъаларо.

### *38. Гиничукьа Мантагъил ГIиса*

ГIисал чIужу – ГIаишат. Гьелъул эбел-эмен дида лъаларо. Гьезул лъимал рукIинчIо.

ГIаишатил вац вукIун вуго МалламухIаммайилан абун. Гьев ун вукIун вуго гIурус рахъалде, гIабадерил цIогьол агьлуялда цадахъ. Гьездасан *баракатги* бахун, МалламухIамма ккун вуго туснахъалде. Гьенивго хунги вуго.

### *39. Гиничукьа Къади-хIажияв*

Къади-хIажиясул кIиго васги кIиго ясги рукIун руго. Васазда цIарал: цоясда – Ахъай, цогидасда – ХанмухIамма. Ясазда: цоялда – Гуварша, цогиялда – Султанзадай.

Ахъайил цо ясалъул лъимал руго нахъе.

ХанмухIаммил щивго чи гьечIо. ХанмухIамма хун вуго Туапсе абулеб шагьаралда.

Къади-хIажиясул ясазул наслу-насаб буго нахъе.

### *40. Гиничукьа БацIахIмадил ХIасан*

ХIасан,* гинчадерил росу биххулаго, [багIараз 1920 соналъ] чIвана васгун цадахъ[495] Гьесул рукIана цо васгиункъо ясги.

Васасда цIар МухIаммад букIана. Ясазда цIарал – Равзат, Савдат, ПатIимат, Айзай.

[495] Саидов МухIамадсаидил квералъ гьабураб тIадежубай.

### 41. *Гиничукьа БацIахIмадил ГIумар*

ГIумар,* росу биххулаго, [багIараз] чIвана [1920 соналъ][496]. ГIумарил лъабго васги кIиго ясги рукIана.

Васазда цIарал: МасгIуд, Сайпулла, АхIмадхIажияв. Гьел киналго [совет-] армиялда хутIана.

Ясал: ПатIимат – гьей хвана; цояй яс – Умулкусум*, гьей БакьайчIий[497] – чIаго йиго. Гьелъул лъималги руго.

### 42. *Гиничукьа КIудияв ГIали-дибир*

Жиндир заманалъ ГIали-дибир вукIун вуго цIаларал гIалимзабазда гъорлъ лъикIав гIалимчи.* Гьесул эменги вукIун вуго гIалимчи – ГIумар-дибир абун. ГIумар-дибирасул эмен – Сагитав абун вукIун вуго гIалимчи[498].

КIудияв ГIали-дибирасул йикIун йиго кIиго яс. Цоялда цIар – ХIуризадай, цогиялда цIар дида лъалеб гьечIо. Гьей ХIуризадалъул рукIуна лъимал – лъабго васги кIиго ясги.

ХIуризадал васал – МухIаммад, АбугIубайдат, Дибир. Гьел МухIаммадилги АбугIубайдатилги руго нахъе лъимал.

*ПатIимат абурай цо чIужугIадан йикIана. Гьей ПатIиматил яс йиго нахъе, жийго хвана[499].

Гьединго ПарсихIат абурай чIужугIаданги йикIана. Гьей ПарсихIатил лъимал руго ГIахьалчIир. Жийго хвана[500].

ГIали-дибир вукIун вуго цIакъ чIагIа бокьулев херав чи. Дурцасдаги ХIуризададаги аскIов чIарав вукIун вуго гьев.

*Гиничукьа ГIали-дибирасул рукIун руго вацгIалзаби. Цояв – МахIададайилан; гьев вуго Сагитав абун цIаларав чи. Гьесул эмен – МуртазагIали[501]. Цогидав вацгIал – Инквачил Дибир.

---

[496] Саидов МухIамадсаидил квералъ гьабураб тIадежубай.
[497] Саидов МухIамадсаидил квералъ гьабураб тIадежубай.
[498] Саидов МухIамадсаидил квералъ гьабураб тIадежубай.
[499] Саидов МухIамадсаидил квералъ гьабураб тIадежубай.
[500] Саидов МухIамадсаидил квералъ гьабураб тIадежубай.
[501] Саидов МухIамадсаидил квералъ гьабураб тIадежубай.

ВацгІалзабазул кІиясго абун буго цоцазда: рачІа, нилъ рилълъинин жакъа цо нилъер вацгІаласде раккизейилан. Анила гьел КІудияв ГІали-дибирасухъе. Ватанила гьев гъасда вукІун. Абунила гьез: Ассаламу гІалайкум, вацгІалилан. КІудияв ГІали-дибирица абунила: «ВагІалайкум ассалам! РачІа, рачІа, гІодор рукІине, – ян.

Гьел гьанже гІодор рукІанила. Бугила КІудияв ГІали-дибирасул чІагІдал хъаба гъасда рохъдолъ къазабун. Бугила тІад полопги бан.

Гьанже абунила гьол вацгІалзабазул цояс: «Я, ГІали-дибир! Мун бахІараб гІумру херлъизегІан дибирлъиялдаги вукІана. ГІадамазда лъикІаб жо малъулаго, хІарамаб-хІалалаб гьезда малъулаго ана дур гІумруги. Бегьиларищ, вацгІал, гьанжегІаги гьеб хІарамаб чІагІа гьекъечІого тезе? – ян. КІудияв ГІали-дибирас абунила вацгІалзабазда: хІарамаб бугилаха. «Чурула, богІол гьабизе кколеб жо бугелъул гьаб». Цо бакІалдаса чвахулеб жо гьаб бугебани, нужер руччабаца дир чІужу цее яккизе телароанила.

ВацгІалзабаз абунила: «Я, ГІали-дибир! Васигаталъул хІалтІи хъван бугищ дуца? Щиб гьабун бугеб? – абун. Гьанже ГІали-дибирас, цагъуралде кверги битІун, абунила гьадаб цагърил тІиял цІураб бугІа бугила жиндир васигат.

Цо заманалдасан хванила Гиничукьа КІудияв ГІали-дибир. Гьанже рачІанила вацгІалзаби, гІагарлъи. Балагьанила гьосул «васигаталде». БатичІила цагъуралда жаниб щибгІаги жо, дурцасги ХІуризадацаги –ясалъ– лъугІизабун.

Гиничукьа ГІали-дибирасул цояй яс БакьагьичІиса МикагІил абурав чиясе кьун йиго. Гьелъул вукІун вуго species

вас – ГІабдусалам, ГІабдулхаликъ, Дибир ва ГІумар.

ГІумар абурав бищун гьитІинав вукІун вуго. Баркат гьечІев чиги вукІун вуго гьев – цІогьор, хъачагъ. ГІабдусаламилан абулев вацги, ГІабдулхаликъилан абулев вацги, тІадехун рехсарав ГІумарги – БакьагьичІиса МикагІилил васал – Истанбулалде ун руго.

Дова ГIумар цIогьодун, хъачагълъи гьабун, Истанбулалъул хIукуматалъги кколев вукIун, лъутун росулъе вачIун вуго. Гьадабго ругьунаб гIамалалда хIалтIизе байбихьун буго. Ахирги Тулписалда ругел жиндирго вацгIалзабазда аскIове Тулписалдеги ун, ГIумар дагьаб заманалъ гьенивги вукIун вуго. Гьенив цинги жинда вихьарав Гиничукьа ГIарабил ГIусманги чIван, туснахъалде ун вуго. Гьенив хун вуго ГIумар 1907 соналъ.

КIудияв ГIали-дибирасул рукъзал рукIанила Гиничукь годекIаналда аскIор. Гьев вачIунев вукIун вуго жиндирго рагъиялда цебе бугеб тIохил рагIалде кIущизе. Ясалъ абулаанила гьесда: балагьун гIадамалги рукIунин, дада, гьанив кIущугейилан. Ахир-къадги гьес жаваб гьабун буго: «ГIалил рагъида ГIали кIущизе бегьила, дир яс! Бокьуларев чи балагьичIого вукIа, – ян абун.

### 43. *Гиничукьа Мирзал МухIамма*

Мирзал МухIаммайилан абулев чиясул вас вукIана ГIалибулат абун. Гьев Гиничукьа ГIалибулат вукIана лъикIав гIалимчи, дибирлъиги гьабулев, бажарулев. Накъиш гьабун, заназда берцинго жоги хъвазе лъалев чи, хIежалде арав хIажиги вукIарав. Гьев хвана Нугъаялъ.

ГIалибулат-хIажиясул кIиго яс йикIана. Цоялда цIар – ПатIимат, цогидалда цIар – Рукъият. ЧIужуялда цIар – Гъумайчу. Киналго хвана.

### 44. *Гиничукьа ГIабдулла*

ГIабдуллал вас вуго ХIасанбегилав. Гьев ХIасанбегилав Гиничукьа гочун ун вуго ГьоцIалъе, кIиго васгун цадахъ. Цоясда цIар – Тутунилав, цогидасда – МухIамма.

Ясалда цIар – Бадина. Цогиялъул цIар дида лъалеб гьечIо. Гьезул насаб гьабсагIаталдаги ГьоцIалъ буго.

### *45. Къудукьа ГІумма*

ГІумма абулев чи вукІун вуго – Къудукьа чиги чІван, бид виххун, Гиничукье вачІарав. Гьес ячун йиго Гиничукьа чІужу – Халун, Карим-хІажиясул яс. Гьелъие гьавун вуго вас, гьесда цІарги ГІумарилан тун буго.

Жиндирго бид виххиялъул заман лъугІараб мехалъ, ГІумма нахъвуссун Къудукье ун вуго. ЧІужуги васги Гиничукь хутІун руго.

Гьанже гьагъав ГІуммал вас ГІумар, кІудиявги гІун, бетІербахъи-магІишат гьабизе лъугьун вуго. Даран-базар гьабизе хиял гьабун буго. ТІоцебе байбихьун буго гьев ГІумарица пихъ, *симичка*[502] ва цогидал жал ричизе. Гьесул рукъги букІун буго *Ккурил-бакъда.*

Гьагъаб даран-базар гьабулаго ГІумарица гали цебе босун буго. Гиничукь росулъ лъикІаб бакІалда рукъзалги росун руго,чІужуги ячун йиго Гиничукьа –лъабгогІаги, ГІарадиб тукенги лъун буго. ГІарадиб бугеб салдаталъе гьан кьезе, ижараги тІаде босун, хІалтІун вуго ГІумар.

Гьагъалдаса хадув ун вуго ГІумар Къородисезул кьоде. Гьенибги лъун буго тукен. Гьагъабго гарнизоналъе гьанги чедги кьезе ижара босун букІун буго. Гьелдаса хадубги тукен лъун буго ГІумарица Гьидерил кьодаги.

ГІарадиб, Къородисезул кьода, Гьидерил кьода тукаби рукІанила ГІумарил. Лъабабго тукада пирказчикІзабиги [503] рукІанила гьесул.

Къородисезул кьода вукІун, лъабго чІужу ячанила – Гиничукьа. Цо чІужу ячанила Гъазданущиса.

ГІумарил гІумру анила гьагъай лъарагІайгун цадахъ – Къородисезул кьода, кепалда. ЛъарагІалъе лъималги гьарунила: кІиго васги цо ясги.

Гиничукьа рачарал руччабазе гьарунила лъимал: цоялъе – васги ясги, цогидай чІужуялъе гьарунила цо васги лъабго ясги; васасда цІар МухІаммад букІанила, ясазда цІарал – ТухІпат, РахІмат, Маймунат ва ПатІимат.

[502] ГІурусазул раги буго – семички абун.

[503] ГІурусазул рагІи буго гьаб – приказчик.

НикIалайил заманаялъ *зукун*[504] букIун буго гьагъадин бечелъарав чиясе, *купец*-илан цIарги лъун, кагъат кьолеб. Гьеб кагъатги букIанила ГIумарие кьун. Гьев хIежалдеги ун вуго.

Ахиралда, 1919 соналъ, хIукуматалда жаниб инкъилабги лъугьана, Къородисезул кьода рукIарал рукъзалги ричун, тукабиги лъугIун, ГIумар Гиничукь росулъе вачIана. Гъой лъарагIайги хвана, гъолъие гьарурал лъималги хвана.

ГIумарил цо чIужу йикIана жиндирго яцгIал – Рукъият абун, Карим-хIажиясул яс. Рукъият къварид гьаюрай гьес. Ахирги гьелъул цIобалдеги ккарав.

ГIумарил х1акъалъулъ цоги хабар. Гьагъал тукабигун бищун кепалда вугеб заманалъ, кIал биччан къоялъ, гьев ГIумарица *музикант-каманда*[505] бачун буго ГIараниса Гиничукье, цо-цо сагIаталъе 25 гъурущги кьун. Бакъ тIерхьинегIан пулел-кьабгIулел, квана-гьекъолел рукIанила.

Гиничукьа кIудиял гIадамаца абулаан, гьагъаб *музика* бачаралдаса нахъе, боцIул рахъалъ ГIумаридаса боцIи-малалъ мугъ банилан.

БатIияй чIужуялъе гьавурав васги вукIана ГIумарил – ГьитIинавмухIаммайилан абун. Шураб ашбазги лъун, ГьитIинавмухIамма Анжиялда ч1ун вукIана. *Гьесда «Голубчик» абулаан[506].

Гъазданушиса чIужуги ячун, ГьитIинавмухIаммаги гъова вукIана, гьесул лъималги руго гъора. Живго МахIачхъалаялда хвана.

### *46. Гиничукьа МахсутI-хIажи*

МахсутI-хIажиясул чIужу – ПатIимат-хIажи. КIиялго цадахъ хIежалдеги ун руго гьел.

Гьев Гиничукьа МахсутI-хIажи вукIун вуго лъикIав, бергьарав цIулал устар. Гиничукь мажгит цIигьабун балеб мехалъ, кинабго хIалтIи-тIадбай, нуцIа-къоно гьаби, гордал, миммара, цогидабги хIалтIи МахсутI-хIажияс гьабураб буго.

---

[504] «Закон» абулеб жо буго гьаб.
[505] «Команда музыкантов» абураб жо буго гьеб.
[506] Саидов МухIамадсаидил квералъ гьабураб тIадежубай.

Гьесие кумек гьабурав чи – БацIахIмадил ХIасан вукIун вуго. Киналъего – цIулада сургу тIамизе букIа, къваригIараб хъарщи-цIул аскIобе босизе букIа – кумек гьабурав чи вуго гьев ХIасан.

Гиничукь мажгиталъул мокърокь гьадин хъван буго [гIарабалъ]: «Гьаб росдалго мажгит бана кодоб махщел бугев цIулал устар МахсутI-хIажияс – МухIаммадил вас. Амин! Гьесие квербакъарал чагIиги рукIана: ХIасан – БацIахIмад-хIажиясул вас, росдал дибир Хъайтмаз-хIажи ва росдал будун ГIабдулкарим-хIажи».

### 47. *ЦIекIоса ГIараб*

ГIарабги гьесул вас Ражабги ЦIекIоса ккола. Гьел рачIун ратана Гиничукье дида лъалалдего. ГIарабил рукъ букIун буго *Ккурил бакъда.*

Гиничукьа чIужуги ячун йиго гьев ЦIекIоса ГIарабица. Васасги – Ражабица – ячун йиго чIужу Гиничукьа.

ГIараб хIалтIун вуго ГIарани-хъаладухъ, къасаб хъолев, жидерго цIекIал ругьунаб хIалтIиялда. Гьелдалъун лъикI пайдаги бахун, Гиничукь росулъ бищун лъикIаб бакIалда рукъзалги росун руго. Гьобо босун, кули босун буго, ГьоцIалъ ах босун букIуна.

Ахиралда гьев ЦIекIоса ГIараб хIежалдеги ана. Живго Темир-Хан-Шурав хвана.

Гьев ЦIекIоса ГIарабил лъимал рукIана – щуго васги кIиго ясги. Васазда цIарал: Ражаб, ГIусман, МуртазагIали, МухIаммад, Шарапудин. Ясал – Жавгьарат, Ханзадай.

Ражаб абулев ГIарабил вас Гиничукь хвана. ГIусман Тулписалда чIвана. МуртазагIали ва МухIаммад [совет-] армиялда хутIана. Шарапудин МахIачхъалаялда хвана. Жавгьарат абулей ГIарабил яс Гиничукь росулъ чIван йиго. Ханзадай абулей яс чIаго йиго.

### *48. Гиничукьа ГIалихIусен*

ГIалихIусенил чIужуялда цIар – Сапият, КIудияв МахIададал яс. ГIалихIусенил рукIана цо васги кIиго ясги.

ГIалихIусенил вас ХIасан абун вукIун вуго. ГьитIинав гIолохъанчи хун вуго гьев – цIалулев вугев, лъикIаб лъай бугев мутагIилав.

ГIалихIусенил ясазда цIарал – ПатIимат ва ХIуризадай. ПатIиматил кIиго яс йиго – Мухлисат ва ГIаишат. ХIуризадалъул васал: ХIасан ва НурмухIамад [совет] армиялда хутIана.

### *49. Гиничукьа ГIиса-хIажияв*

ГIисахIажияв вуго цеве рехсон арав МахсутI-хIажиясул вацасул вас. Дагъистанги тун, гьадав МахсутI-хIажи Истанбулалде гочун унеб мехалъ, ГIисае назру гьабун тун руго гьес жиндирго рукъзал ва жаниб бугеб рукъалъул гIисинаб къайи, тIагIел-гIучI, цIулал устарасул къайи – кинабго. ГIисаги, жиндирго рукъзалги ричун, гьениве вахъун вуго.

Гьанже, цо заманалдасан, ГIиса хIежалде ана. Жиндирго инсул вац МахсутI-хIажиги Истанбулалда вихьун, рокъове вачIана ГIиса, хIежги тIубан.

ГIисал цо васги цо ясги нахъе руго. Таймасхан абурав гьесул вас [совет-] армиялда хутIана, МухIаммад абурав ЦIумада районалда вуго.

### *50. Гиничукьа Жуварил НурмухIамма*

Гьев НурмухIаммайилан абулев чи дидаги лъала. Гьев вукIана бергьарав, къуват бугев чи, хIалтIухъан. Гьес гьарурал хIалтIаби рихьараб мехалъ, гIадамаца гIажаиблъи гьабулаан.

Гелбахъалда вукIун вуго цо бечедав чи. Гьесда цIар букIун буго *Беге* абун. Бегейил букIун буго гьобо. Гьеб гьабихъе лъин бачине Жуварил НурмухIаммица бахъун буго кьурулъан нух.

ТIоцебесеб нухалъ, Бегеясда цебе хIалтIи лъугIараб мехалъ, лъин билълъинчIого, гиничукьес бахъараб нухда

жанисан. КІиабилеб нухалъги бахъун буго, батІияб нухда жанисан.

Гелбахъдерил росдал гІадамаз гъедин бицунаан. Дидаги бихьана Гелбахъалда гьабураб гьеб хІалтІи.

Гиничукьа НурмухІаммица гьабураб гьеб хІалтІи, цо гІадан хІалае гьечІого. ГьецІо бахъулеб мехалъ, цинги, гьеб гьецІо *гьанкІезабизе*[507], гьецІоялде гъоркье маххул хІос биччараб мехалъ, гьеб хІосода гъоркье хІетІе лъолаан НурмухІаммица.

Гиничукьа НурмухІаммил лъималги рукІана – лъабго вас, кІиго яс.

Васазда цІарал: ГьимматхІажияв, МухІаммад ва СайгидулбатІал. ГьимматхІажиясул вас вуго ХІасан абун. Цогидав кІиясулго нахъе чи гьечІо.

НурмухІаммил ясазда цІарал – Бакъият ва Пирдавус. Бакъиятил вас вуго нахъе – Буйнахискиялда – ЛъарагІасул МухІаммад абун; гьав вуго цІигьулдерица кодов ккунваччарав ЛъарагІасул вас. Пирдавусилги вас вуго Хасавюрталда – МухІаммад абун.

***1920 соналъ цо къоялда жаниб Гиничукь росулъ багІараз чІварал бихьиназулги руччабазулги сияхІ***

***Бихьинал:*** 1) МухІаммад – ИсмагІилил вас; 2) МуртазагІали – Хъукьав-хІажиясул вас; 3) Щванхал – Алмасил вас; 4) ГІабдулла – ГІашурал МухІаммил вас; 5) Гъазиявги МухІаммадсайгидги – ГІабдулкъадирил васал; 7) ГІабдулмутІалиб – ХІамзатил вас; 8) Мухтар – Хъайтмаз-хІажиясул вас; 9) ХІабибулла – ГІабдулкаримил ГІали-дибирасул вас; 10) Гъазияв – Атанасил вас; 11) МухІаммад абулев гІалимчи – ХІажияв-дибир абулев гІалимчиясул вас; 12) ХІасанулбасри – МухІамммадил … вас; 13) ГІумар – Алмасил Щванхил вас; 14) Гьиммат – ХІажимухІаммадил (*цІаларав чи*[508]) вас; 15) МухІаммадибир – ГІадукъил ХІусенил

[507] *Бахъизе* абулеб жо буго.
[508] Саидов МухІамадсаидил квералъ гьабураб тІадежубай.

вас; 16) ЦIарберцин-хIажияв – ГIалихIажил (*гьаракь берцинав будун*[509]) вас; 17) Къебед – ЦIарберцин-хIажиясул (?) вас; 18) ХIасан – Пирбудагъил (*беццав*[510]) вас; 19) ГIабдусалам – АхIмадхIажил вас (БацIахIматI[511]); 20) ХIусен – ГIумаласул вас; 21) Сиражудин – ХIусенил (?) вас; 22) ГIиса-хIажияв – МухIаммадаминил вас; 23) ГьимматхIажияв – НурмухIаммадил вас; 24) МуртазагIали – ГIадукъил вас; 25) МухIаммад – Маммал вас; 26) ХIабибулла – ХIасанил МухIаммил вас; 27) МухIаммад – ХIабибуллагьил (?) вас; 28) Мамма – МухIаммадаминил вас; 29) МухIаммадсайгит – Маммал (?) вас; 30) ЧIондокьа Гъазияв; 31) ХIажи – ХIасанил вас (*ЦIира*); 32) МухIаммад – ХIажил (?) вас; 33) ХIабибулла – ГIисал вас (*Чункъ*); 34) МухIаммадшарип – ГIабдуллал Гъазиясул вас; 35) МухIаммад – ГьатIинал вас *(ГIабдулла*); 36) МухIаммад – ГIашурал МухIаммил вас; 37) МухIаммад абулев гIалимчи – Бибулатил вас; 38) ЦIадаса … Сулайман; 39) Сурук-хIажияв (*ГIабдурахIман*); 40) ДибирмухIамма-хIажи абулев гIалимчи; 41) МахIадада-хIажияв – ДибирмухIамма-хIажиясул вац; 42) МухIамма – ХIажиясул вас (*гьевги ХIажиясул вас*); 43) МухIамма-хIажияв – Алмасил вас; 44) МухIаммагIали – Кинхвал вас (*чанахъан*)[512]; 45) МухIаммад – МухIаммагIалил (?) вас; 46) МухIаммад – Чункъил ГIисал вас (*цIулал устар*[513]); 47) ГIалихан – ХIажиясул вас (*гIачивехь*[514]); 48) ХIасан-будун (*Херав*); 49) Мухтар – ХIасан-будунасул (?) вас; 50) Идрис – ГIумаласул … вас; 50) МахIадада – Идрисил (?) вас (*мутагIилав*[515]); 51) МухIамма – Мирзал вас (*херав чи, Хуриса*); 52) МухIаммад – ДагIиласул вас *(цIунтIадерил рохьихъан*[516]); 53) ХIасан – БацIахIмадил вас; 54) МухIаммад –

---

[509] Саидов МухIамадсаидил квералъ гьабураб тIадежубай.
[510] Саидов МухIамадсаидил квералъ гьабураб тIадежубай.
[511] Саидов МухIамадсаидил квералъ гьабураб тIадежубай.
[512] Саидов МухIамадсаидил квералъ гьабураб тIадежубай.
[513] Саидов МухIамадсаидил квералъ гьабураб тIадежубай.
[514] Саидов МухIамадсаидил квералъ гьабураб тIадежубай.
[515] Саидов МухIамадсаидил квералъ гьабураб тIадежубай.
[516] Саидов МухIамадсаидил квералъ гьабураб тIадежубай.

ХІасанил (?) вас, 55) МухІаммад – МухІаммадшапигІил вас (*мутагІилав* [517] ); 56) Хъукьав-хІажияв; 57) Нажмудин – Алмасил Щванхалил вас; 58) МухІаммад – МухІаммадхІажиясул вас (*ГьатІиматил МухІаммад*).

***Руччаби:*** 1) КІодоэбел – ГІумарил яс, МухІаммил ГІумарил лъади; 2) ПатІимат – Мишик-ГІалил яс: 3) Аминат – Алмасил Щванхалил яс, ХІажияв-дибирасул МухІаммад абулев гІалимчиясул лъади; 4) ГІайшат – Дайитбегил МухІаммадил яс, ГІисал лъади; 5) Бадина – ХІасанбегиласул яс, МухІучил лъади; 6) Муъминат – Куцарасул яс; 7) Илъасей ПатІимат – Испагьил лъади.

*Гьаб сияхІ хъвана МаллахІусен-хІажиясул вас МухІаммадзагьидица 1972 соналъул август моцІалъ.*



[517] Саидов МухІамадсаидил квералъ гьабураб тІадежубай.

# 14. Сагитасул таварих

*ХIадурана ШагIбан ХIапизовас*

*Тарихалъул, этнограпиялъул ва археологиялъул институталъул архивалда буго цIунун цо гIажамалда хъвараб асар. Гьелда гIурус мацIалда кьун буго цIар – «Из истории Дагестана. Запись жителя селения Согратль со слов отца своего Сагитау / аварский язык, арабский шрипт» (Понд. I. Хъвай. I. Иш. 427[518]). ГIажамияб алипбаялда хъвараб асаралъ ккола 35 гьумер. Гьелдаго жаниб буго гьелдаса бахъараб цогидаб нусха (копия). Шамхалдибир ГIисаевасул пикруялда рекъон гьаб асар хъван буго 1925 соналда.*




БухIараб Сугъралъ росу. Потосурат бахъарав – А. Ермаков.

[518] Картотекалда гьелда лъун буго батIияб цIар: «Воспоминания Сагитава Пирмусаева о Восстании 1877 года».

[1-б тIамач] **Таварих**

95 сон жиндир гIумру бугев Гъуниб нахIияталъул Сугъралъ росулъа Сагитав Пирмусаевасул кIалдисан хъвараб таварих.

Дун, Сагитав Пирмусаев, Сугъралъа. Дица бицулеб буго гьаб нахъехун рехсараб таварих, дир гIумруялда жаниб дир беразда цебе ккараб, дида бихьараб.

Дицаги бицуна 1875 соналъул ийун моцIалда НикIалай пачаясулгун сугъулдерил жамагIаталъул ккараб рагъалъул ва гьезие бетIерлъи гьабурал церехъабазул, гьел рагъ гьабиялъе ккарал сабабазул ва жинда данде рагъ гьабураб халкъалъе пачаяс гьарурал къварилъабазул ва гьеб рагъалда гьоркьоб бахIарчилъи-гьунар гьабурал игитзабазул, гьеб рагъ гьабизе гIоло хIадурлъулел рукIарал рагъул алатазул.

Гьаб кинабго таварих (къисаби) дица хъвана дир гIумруялда гьоркьоб ккараб, Дагъистаналъул миллияб музеялде кьезе, дун хун хадуб бугеб халкъалъеги тазкиратлъун букIине.

I. Сугъулдерил жамагIаталъ НикIалай пачаясдехун рагъ гьабиялъе гIилла.

ТIоцебе Шамил имам вахъаралдаса НикIалай пачаясулгун рагъ гьабиялъе гIиллаби руго гьал хадур рехсарал:

ТIоцебесеб гIилла: Шамил вахъараб заманаялъ пачаясул хIукуматалъ наибзабилъун, муптизабилъун рукIарал, къадизабилъун рукIарал чагIи киналго жинди-жиндир хъулухъалда тана, паракъатаб [2-б тIамач] хIалалда. Ва амма цодагьаб заманаялдасан байбихьана пачаяс Дагъистаналъул лъай гьечIеб миллаталъе зулму гьабизе.

ЦIикIарал харжал[519] росана, хIатта мажгитазда, вакъпу-васиятазда тIад харжал лъуна, нухал-рахъазда гIемерал хIалтIизаруна, гьел гурелги халкъалда тIад зулмаби даим гьаруна.

[519] Гьаниб магъало хIисабалда хIалтIизабун буго гьеб рагIи.

Гьединал зулмабиги цIикIкIиндал, кидаго капурлъиялда гъоркь рукIун ругьунлъичIел, гьеб пачаясул хIукуматалдехун жиндица тушманлъи ахIулеб Дагъистаналъул халкъги букIидал, жеги гьелда цебехун букIараб давруялда[520] вахъарав цевехъан имам Шамилил шавкат [521] биххизе гьабурал миллаталъул тушманзабиги гьебго пачаясул хIукумат букIиндал, Дагьистаналъул халкъалъул лъавукълъиялда, гьезул гъапуллъиялда пачаясул хIукуматалъ миллаталъе биччаларого букIараб лъаялъул бутIаялда ракI унтарал, миллиял гIакълу-лъай бугел, гьунар бугел чагIиги, жидер миллат гьеб зулму бугеб хIукуматалда гъоркьан рорчIине гьабизе яхI бахъун хIалтIулел рукIиндал.

Жеги гьеб заманалда турказул бакIалда вугев Шамил имамасул вас ГъазимухIамад пашаяс Дагъистаналде витIун вачIана ункъо сапир [522] ГьоцIалъа ГьитIинавас-хIажияв ва Ансалдаса ГIабас-паша. Дагьистаналъул росаби ва шагьраби рагъаризаризе ва кIиабилев Александири пачаясдехун рекъел биххи ва питна гьабиялде ахIизе.

Гьеб заманги букIана Къарсалъул ва Гумур[523] хъалаялъул гIорхъабазда турказул ва гIурусазул рагъул мухъал гIуцIулеб ва аскаразул речIчIи бугеб заман.

Гьеб заманалда гьоркьоб Гъуниб нахIияталъул СалтIа, КIикIуни, Хъвартихьуниб [3-б тIамач] ва гьезда нахъ рилълъарацаги КIикIуниса МухIамад-хIажияв ГIусманил вас бетIерлъунги гьавун тIадекIанцIи гьабуна «Маххул кьо» абулеб бакIалде ва гьебги босана. Гьеб хабарги тIибитIана кинабго халкъалда гьоркьоб.

Гьеб заманалда «ГIурул гьоцIи» [524] абулеб бакIалда рещтIун букIараб гIурусазул [аскар] жудер къуватгин цадахъ, гьезулгун рагъ гьабизе рилълъана. Ва гьениб кутакаб рагъул

[520] Заманалда.
[521] Шавкат (гIараб. – «къуват»).
[522] Вакил.
[523] Гьанже Арменинялда бугеб «Гюмри» шагьар.
[524] Гьанже гьениб ЧIохъ-Коммуна росу буго.

цIаги бакун, гьеб къоялъул къаси заманаялда тIаде кIанцIун, гьал гIурусазул аскаралги риххана ва лъабго къоялда бакI-бакIазда рахчун рукIана.

Цинги сугъулдерил жамагIаталда гьоркьоб ккана ихтилап[525], дагIба-рагIи кIиябго тIарапалъул[526]: цояб тIарап – рагъ гьабиялдаса нахъе чIвалеб, цояб тIарапги – рагъ гьабиялде ахIулеб ва пачаясул зулму баччиялдаса нахъе чIвалеб. Кинниги рагъ гьаби тIаса бищулеб тIарап бергьана. Гьеб сордоялъ гьелги тIаде кIанцIана БецI-гIор абулеб бакIалда ругел салдатазде, гьел киналго салдаталги чIвана, ва гьениса давлаги босана.

Гьениса руссун ГIанада абулеб майданалда рещтIен гьабуна.

Гьеб заманаялъ ТIелекь абулеб росдал гIолохъабаз, Гьолокь абулеб росдал гIурул рагIалде рахъун, гьенир нухазда рукIарал гIурусазул чагIиги чIвана ва цодагьаб давлаги гьабуна. Гьеб ТIелекь абулеб росдал жамагIаталда гьоркьобги ккана кIиго тIарап: цояб рагъ гьабизе бокьарал, цоги тIарап – рагъ гьабизе бокьуларел. Гьелги гьетIана рагъ гьабизе бокьараб тIарапалъул байрахъалде гъоркье. Гьез жудер тадбиралъул амруги тIамуна [4-б тIамач] ТIелекьа МуртазагIалиде. Гьелги рилълъана гъовгун цадахъ ГIанада абулеб майданалде, сугъулдерил аскаргун гьелги цолъана.

Цинги КIуяда абулеб росдал жамагIатги тIаде кIанцIана Гъуниб магIарде ва гьениса давлаги гьабуна. Гьелги цолъана ГIанада майданалде. Гьединго Ругьжаб росдал жамагIатги цолъана, аскарги гьабун, гьелги рачIана.

Хадуб гьелдаса ункъо [къо] араб заманаялда, Гьид абулеб участкаялъул жамагIаталги рачIана. Цинги Къаралазул участкаялъул жамагIатал, ва Кьенсер-Мукракь абулеб участкаялъул жамагIаталги рачIана. Гьелда хадубги халкъ бачIана, цоязда хадур цоял, нахъаса къотIи гьечIого,

[525] Ихтилап (гIараб. – «кIи-рикьи»).
[526] ТIарап (гIараб. – «рахъ»).

бусурбабазул аскаразул рикІкІенги цІикІкІана къоялдасан къоялде.

Гьеб хІалтІи гьедин бугеб заманаялда, гІакъилзабаз ва тадбиралъул бутІруца мушавара[527] гьабуна, ва гьез хІукмуги гьабуна жидеца цо бетІер вищизе, жидеда гьоркьоса цоясда имам абун цІарги тезе. Кинабго халкъги рекъана машгьурав ГІабдурахІман-хІажиясул вас МухІамадхІажияв Сугъралъа имамлъун тезе. Гьесде имамлъиялъул цІарги ахІана, наибзабиги гьесда нахърилълъана, рагъул байрахъалги рорхана, къойидаса къойиде шавкатги цІикІана. Гьеб заманаялда Богьнодасел ва Лъебелал, Анцухъ-Капучалъул участкабазул боялги рачІана. Гьединго Анкьракьалъул аскаралги рачІана, Гуржистаналъул давлаги гьабун. Гьелдалъун бусурбабазул аскаразул гьурмалги роххана. Цинги боял къачІана Гъази-Гъумукъ бахъизе ине.

Гъази-Гъумукъалъул агьлуялъги ахІана сугъулдерил рагъалде жидер бакІалда бугеб гІурус миллат бачахъизе бокьиялдалъун, ва гьезги байбихьана рагъ гьабизе.

Цинги гьенире рилълъун, [5-б тІамач] байбихьана рагъул цІаялда. Гьениб бугеб хъалаялда сверун гьеб рагъги даимлъана. Гьеб къоялъул цІа-бакъ боркьизегІан гьенир чІварал гъази-гъумукъдерил чагІиязул гІададги[528] букІана 15 чи.

Гьенир рукІарал салдаталги чІвана, киналго гьезул гІададги буго 50 чи. Гьеб къоялъ гьеб хъалаги кодобе босана. Цинги гьенив вукІарав началник ва гьесул хъулухъчагІиги чІвана, гьесул боцІиги давла гьабун босана.

Гьениса боял рилълъана ЦІудакъар абулеб росулъе. Гьебги кодобе босана маслихІаталъул нухдасан. Гьениса Кутиш абулеб росулъе рилълъана. Гьениб кІиябго тІарапалъул боял данделъун, рагъги лъугьана. Гьенив наиб ПатагІали-бег чІвана, гьединго Сугъралъа ГІумархІажиявги Вагьабиласул МухІамадги чІвана. Гьелдалъун аскаразул ракІазе дагьаб

[527] Ихтилап (гІараб. – «гІакълу дандбай»).
[528] Къадар.

пашманлъи лъугьана. КIиабизеги аскар тIаде кIанцIана гьебго округалъул рахъалде. Жиндир къуватги аскаралъул къадарги цIикIкIун букIана. Гьеб аскаралъул бетIерги Сугъралъа машгьурав ГIалил МухIамад вукIана, Гъази-Гъумукъдерил цогидал наибзабигун цадахъ.

Гьелги рещтIана гIахъущдерил шагьаралда аскIор. ГIахъущдерил агьлуялде гьезги ахIана мутIигIлъейилан ва нахърилълъайиланги. Цинги гьеб аскаралда хадув речIчIана Агъаларханасул вас ЖагIпархан, лебалал рекIаралгун цадахъ. Гьеб къоялъул рогьалилъ къасд гьабуна капурзабазул аскаралъ гьеб шагьаралде лъугьине. Гьелги рещтIун рукIана ГIахъущдерил ралъад абулеб бакIалда.

Бусурбабазул бояцаги, гьезде дандечIей гьабун, рагъ гьабуна ва гьел тушбабиги риххана. Гьеб заманаялъ ГIахъущдерил агьлуги нахърилълъиналде гьетIана.

Цинги аскар къокъана НикIахI[529] [6-б тIамач] абулеб росулъе. Гьелги нахърилълъана маслихIаталъул нухтIасан. Боялги гьезда сверухъ рещтIана. Цинги ЖагIпархан жидер боялгун цадахъ Хайдакъалъул рахъалде ана. Гьеб къоялъ ЖагIпарханасул аскар тIаде щвелелде, гьениб гIурусаца Гъаякент абулеб росуги бухIана, гьединго Янгъикент абулеб росулъги кIудияб рагъ ккана ва гьебги бухIана.

Гьениса гIурусазул боялги рилълъана жидеда нахърилълъарал цогидал бусурбабазул чагIигун цадахъ Дербенталде. Цинги ЖахIпарханас жидерго аскаразе тадбир гьабуна Къуба абулеб нахIияталда лъалхъизе, цогидал боялги тIаде щвезегIан. Цинги ЖахIпарханас хехлъи гьабуна жидер аскаралгун цадахъ Кура абулеб нахIияталде ине. Гьенире щвараб мехалъ, Мамраш абулеб росулъ рещтIана. Гьеб Кура вилаятги гьесде мутIигIлъана, гьениса началникасул хазинаги босана. Цинги ЖахIпарханасул эбелалъ кагъат бачIана гьесухъе, цIакъго кIудиял боялгун цадахъ Меликоп[530] Гъази-

[529] МикахIи росу («Мекеги»).

[530] Генерал-майор Меликов, гьеб заманалда Дагъистаналда рукIарал гIурус аскаразул бетIер.

Гъумекалда рещтIана абун, нилъер мурадалъул гIаксалда анибги ккана абун. Цинги гьениса нахъруссана ва нухда гIемераб гъара-хIалги ккана. Гъази-Гъумукъалде щвараб мехалда, ккун квералги рухьун, киналго Темирхан-Шураре ритIана, гьенисаги Сибиралде ритIана.

Сугъралъа ГIалил МухIамадида цадахъ хутIарал аскарал къачIана гIурусазул аскаразде тIаде ине Дерху майданалде. Кинниги, гьезиеги талихI кьечIо.

Гьал гIурусазул аскаралги къокъана сугъулдерида тIаде ине, ЦIадахIариб росуги рагъ гьабун бахъун хадуб, гьебги бухIун хадуб.

Гьаб буго гьел рехсарал округазул рахъалде арал аскаразул лъугьараб хIалтIи.

[7-б тIамач]

**ШигIру**

Бихьарабищ, гIадамал, гIажаибаб гIаламат,
РагIарабищха, вацал, тамашаяб цо хабар,
ХъахIил зобал гIодараб, гIодоб ракьал угьдараб,
Диргуго чара хвараб, чорхолги яхI лъугIараб.
Йа, ХIалимав ХIалкIолев макьилъ цебе ккурадай,
Лъодор батилин[531] абун, кинго боржун вукIинчIо,
Берал зурун балагьдар унго бугеб хIакълъана.
Чабхикь бугеб лъим гIадин дин бацIцIадал шагьарал
Дин хун, хараб гьаруна хункарасул кагътаца.
Шамалдаса бачIулеб балагьалъул гьуриялъ
Дагъистан бухIун тана, хIажизаби тIагIана.
Хункарасул кагътазул кумак нижей бегьичIо,
Капурзабазул зулму захIматлъун тана нижей.
Аллагь, дур ццим бахъи щиб халкъалде баччан тараб,
Балагьалъул цIад гIадин киназдаго щущараб.
Гьанже хайир шибугеб хун танин дунйалалъул,
Дин-ислам чIунтун ккедал, паналъана Дагъистан.
ВитIун чапар вачIана хункарасул рахъалъан,

[531] Макьилъ гуреб, унгого ккараб («наяву» - гIурус.).

Кодоре кагъталги кьун, нухлил билеталги кьун,
НухтIа харж гъабизилан, хъатица гIарацги бан,
Хункарасул кавуда киналгоги балагьун,
Кодоре кверал росун, киназго дугIа гьабун,
ГIарабиял чуязул, кукъа-магI шулабуна,
ГьитIинавас витIана БичихичI[532]-Чергесалде,
Чода лебалал рищун, гIолохъаби къачаде.
ГIабас–паша витIана Хайдакъ-Тапасаралде,
ТIупанкие лебалал бахIарзал тIаса рищде.
Нужее гъулугъ кьела, гъажалда чин букъила,
БутIрузда чурмил[533] лъела, черхалда къулден бала.
Жакъалъисан байбихьун ниж тIаде швезегIан жо,
ТIаде босун хьвадарал хьолбода тун хьихьила,
Рухьен меседил хвалчен гъажалдасан тIамила,
Гъулугъалъе чи кьела, чорхой рахIат гьабила,
Валлагьиги, бахIарзал, хвезеяб рагIи гуро,
Хиял, вас-вас кканани, кагътазда нуж боржчIуни,
[8-б тIамач]
Киналго пашабазул мугьрубазде балагье.
Зодоб цIва гIан гIемерал гIарабиязул боял,
ГIодоб хер гIан гьарзаяб гIусманлиязул аскар,
ТIасса рищун рачIила эменхваял гъалбацIал,
Гъазаялъе[534] лебалал, хвалчаде жал гIедерал,
Арзирумалъул[535] даста[536] тела нужей хIалае.
Байбихьулеб къо цIана, къачIадине рекIана,
Хвалчаби къватIир цIцIана, гулла-хер хIадурлъана,
ТуманкIазул ярагъал зурун рацIцIад гьаруна,
Зурма-къали рехун тун, хъахIал чурмил рухьана.
Мажгиталда ракIарун, бацIцIадаб тавба буна.
ТалихI жундерий кьеял дин бокьарал бахIарзал,

[532] **М**ичихичI – Чачаналъ.
[533] Чалма.
[534] Гъазаваталъе.
[535] Арзирум – турказул шагьар.
[536] Рагъухъабазул бутIа.

ТалихI кьейгиха нужей хасго гьаб сапаралда.
Шамилий кумак бурал, капурзаби гъурарал,
Гъазахазул боязе балагь жудед тIамурал,
ТIад ругел байурзаби[537] сурузегIан гъурарал,
Чамги гъалбацI батила гьаб нилъер свердухъ.
Сангарал чIунтде рурал, гъалаби тIутIун рарал,
ТIад ругел байурзаби суризегIан гъурарал.
Вереги, гIолохъаби, гьанже рехумо тоге,
Панаяб жо гьаб дунял, дагьаб сагIаталъул жо.
Сабур гьабуй, бахIарзал, ккела нилъей бокьухе.
Гъумекдерил ханзаби кагътаз кверде рачана,
Кинабгоги улка-ракь, тIолабгоги Дагъистан,
Как ахIулебщинаб бакI, кинабго бусурбанлъи
Цо кIалдисан кIалъана, киналго хIадурлъана.
Маххул квараца къарал къулдаби тIад ретIана,
Кьвагьуму къосуларел умумузул хъирмалги,
Гьалагал чуял рекIун, чаранаб ярагъги бан,
Чилъи бугевщинасул таста-тастаби руна.
ТупанкIал гьадил[538] къокъа гьороб-бокьоб кьерана,
Гьаку чIвалев чуталав чахъул бокьов вахчана.
[9-б тIамач]
Чам-чамги чи рагIана чахъул бокьов кьерарав,
Чодул тIваркъи бахъидал, гьоро-бокьов вахчарав.
ТIоцебе байбихьана Гъурдалъе чабхъен буна,
Цодагьаб чанги лъуна, чухъби ккумо гъурана.
Гьунса нахъе руссана, росулъ руккел гьабуна,
Имам жундерго тана, мупти жаниса тана.
Сугъулдерил росдае гIадлу жудер малъарав
ГIалил МухIамад тана щунусил бетIерлъунги,
Щунусго чиги вачун, ЦIедехI мухъалъе айлан.
Росулъ бугъайи гIадав, ралъдалъ аздагьо гIадав,
Капурзаби гъуризе ГIали-ГIумар гIадинав
Вагьабиласул МухIаммад къачан къватIив вахъана

[537] Майор.
[538] ЦIулал туманкI.

ХвезегIан жив гьаб сапаралъ Сугъралъ нахъ вусиларилан
ГIолохъабазе хирияв, хабар-калам гьуинав,
Киназего хирияв Хиваялъул хан гIадав,
Хайдакъазул бек гIадав ГIумарил вас ХIажияв
ХвезегIан нахъ вуссинчIоха.
Гьезул бахIарчилъи хъван анин кезеталда[539]
Комуралде[540] щвезегIан щвара-щваралъуб цIалун.
ЦIорол рукъзабахъ ругел цIакъго хIинкъумо тана,
ТалихI къосараб лъадал, сородизе рекIана.
СубхIаналлагь, бахIарзал, гьеб къоялъ къун тараб талихI
ГIажужалъул боегIан данделъарал боязул
Тадбир-низам рекъечIо, рокъорехун къокъана,
[10-б тIамач]
Жал тIагIаял тумаца туманкIал гIодор рана,
ГIахъушдерил боязул байрахъал гъвекь хутIана,
Росулъ лъикIал бахIарзал, бодул багьал гъалбацIал
ГIандаллъуда цIар бугел, ЦIоралда бицен бугел.

ГIанада абулеб майданалда букIараб аскар битIана лъабго рахъалде: 1) балъхъал абулеб ракьалде, 2) хьиндалазде, 3) Ахтиялъул нахIияталде. ТIоцебесеб аскаралъул бетIер вукIана Къарахъа ГIабдуллагь, цинги гьезда данделъана гIурусазул аскарал Зоноб къварилъи абулеб бакIалда. Гьенир цIакъго бусурбабазул ракIалги рекана, ГIахьвахъа таманалго гIолохъабиги чIвана. Цинги кIиябго бо данделъана Гъодобери абулеб росулъ. Гьениса бусурбабазул аскаралги риххана, ТIелекье щвезегIан. Гьенибги рагъул цIа бакана. Таманаб рагъ гьабун хадуб, гьебги сулхIалъул нухтIасан кодобе босана. Гьенир рагъ гьабурал чагIиги чIвана (10 гIанасев чи) ва гьеб бухIана. 400 гIадинаб рухI ккун Сибиралдеги ритIана. Сабру гьабун кIолареб балагьазулъе гьелги ккана.

КIиабилеб, хьиндалазде тIаде араб аскарги гьединго буссана. Кинниги капурзабаздасан зарал хъвачIо. Гьезул

[539] Газеталда.
[540] Комур – гьанжесеб эрмениязул (цIамгIалазул) Гюмри шагьар.

бетIерги вукIана Сугъралъа машгьурав Лекъав Пирил МухIамадил НурмухIамад.

Лъабабилеб Ахти округалде битIараб аскаралъул бетIер вукIана Анцухъа [11-б тIамач] Шагьав. Гьенире щвараб мехалда гъозда лъана хIалтIи мурадалъул гIаксалда ккей. Гьелги нахъруссана Сугъралъе щвезегIан.

Гьеб заманаялда гьоркьоб Меликопги Гъази-Гъумукъалда вукIана. Цинги гIурусаца байбихьана гьакал рилълъунел нухал гьаризе – Сугъралъе тIаде ине. Киналго мугьажиралги ва хутIарал аскаралги Сугъралъ данделъун рукIана, гIемерисел Дагъистаналъул росабаздасан.

Сугъулдерицаги ва гьенир ругел мугьажирацаги сугъулдерил гулалги, тIорщелги, херги бухIана, тIаде рачIунел гIурусазул аскаразе хутIичIого букIине. Цинги Меликоп рещтIана жиндир кIудиял боялгун Сугъулдерил магIарда. Гьезги рагъул цIа боркьана Сугъулдерил хъалаялда тIад. Гьеб хъалаялъул анлъго рахъалдасан сверухъ лъугьинги гьабуна. Гьеб хъалаялда жанирги дагьал гурого гIолохъабиги рукIинчIо. Цинги хъалаялда жанир ругел гIолохъабазул ругънал гIемерлъана ва гьезул хIалги къварилъана. Таманалго гIолохъабиги чIвана. КIиабизеги гIурусаца хъалаялъул жанисеб рахъалде цIа рехана. Гьенир ругел гIолохъабазул хIалтIи захIматаб бакIалде ккана. Гьезги къасд гьабуна къватIире рахъине ва капурзабазде тIаде кIанцIизеги. Цинги гьел гIолохъаби тIаде кIанцIана гьезул рагъул мухъазде, капурзабиги риххана, Меликопасул урдуялде щвезегIан. Кинниги аскаразул риккIкIенги дагьлъана. Гьезда гьоркьовги хутIичIо 30 гурого сахав чи. Гьелги руссана кIиабизеги хъалаялде. Гьанже хъала хвезабидал, росулъе руссана. Росдал агьлуялъги, сабаб бегьичIого, маслихIат гьабуна, тушманзабазухъе чIолохъжоги кьуна. Хадур гьез мугьажирзабиги [12-б тIамач] ккуна, гIалимзабиги ккуна, хIажизабиги ккуна, наибзабиги лъикIал бахIарзалги ккуна сугъулдерил росдал. Гьединго Дагъистаналъул цоги росабазулги ккуна тIаса рищарал чиги, гьезул хъизамалги. Гьел сугъулдерил росдал Сибиралде ритIарал рухIазул къадар

– 700, гьединго Гъази-Гъумекдерил, гьединго цIедехIдерилги хадур ккурал чагIазул къадар – бихьинал-цIуялгун цадахъ 7000. Сугъулдерил росуги бухIана, гъоркьияб рахъ тIадехун, тIасияб рахъ гъоркьехун гьабуна. КIудияб мажгитги хер лъун кьвагьана. Гьел ккурал чагIиги туснахъазда-хъулбузда цIакъ къварилъиялда рукIана. Хадув машгьурав шайих Сугьралъа ГIабдурахIман-хIажияв Гъазданущиве вачана. Меликопасул амруялдалъун гьесул тилмач Гъазданущиса ГIабдулкъагъирихъе кьуна. Гьесги цIакъ лъикI хьихьана, жив хвезегIан. Гьевги хун гьенив вукъана.

1294 соналъул зулхIижа моцIалъул 12 къоялда (18.12.1877 сон) гъанкъана Гъуниб хъалаялда гъоркь гIурул рагIалда 13 тIаса рищарал гIалимзаби, хIажизаби, лъикIал бахIарзал. Гьезда гъоркьоса вуго тIоцеве гъанкъарав МухIамадхIажияв – ГIабдурахIманхIажиясул вас, имамлъун вукIарав. 2-абилев ГIабдулхIалим – ГIумарил вас. 3-абилев ГIабдуллагь-хIажи – ГIумарил вас, 4-абилев ГIумар – Рамазанил вас. [13-б тIамач] Гьав ункъавго Сугьралъа. ХIамзатхIажи – Мирзал вас, МуртазагIали – Къебед-МухIамадил вац. Гьав кIиявго ТIелекьа. Кулласа ГIали-ГIумарилав, ГIабас-хIажияв АнсалтIаса, гьевги Шамил имамасул вас ГъазимухIамадица кагъат босун витIун вачIун вукIарав. ГIабдулмажидханги Зубаирги – Башир-ханасул васал, ХIажи – Къанкъул вас. Гьав лъабавго Гъумекиса. ГIалимчи ЦIулдаса ГIабдуллагьги ЦIадахIариса НикIакъадиги.

СалтIаса ХIажагIали-хIажиявги, БахIикIлиса Малдайги – гьав кIиявго чи гъанкъана Темир-Хан-Шураялда.

Киналго гъанкъарал чагIазул къадар 15 буго.

Цинги гьадал ккурал чагIи ритIана Сибиралде, ГIарасаялъул росабазда тIиритIизе гьаруна, ай Россиялъул росабазда. Гьениб цIакъ бетIербахъиги захIмалъана, гьеб Россиялъул вилаятазда батIи-батIиял унтабиги загьирлъана, гьеб ракьалъул гьава рекъонгутIиялъ. Гьезул гIемерисев чиги туснахъханабазда жанив хвана. Хун нахъе хутIаралги щуго соналъ гьеб ракьалда хутIана. Цинги анлъабилеб соналъ – 1301 соналъ (байбихьана 1.11.1883 с.) гьеб туснахъалдаса гьел

чагIи хвасарлъана, падишагъасул изну бегьун, жуде-жудер рокъоре руссана. Гъаб цебехун рехсараб жо буго гьеб халкъалъе лъугьараб жо.

[14-б тIамач] Цинги гьел Сибиралдаса руссарал чагIиги гьанирго хутIарал чагIиги – кIиялго лъугьана росу базе, росдал бекьулеб магъилъ. ГъоркьбукIараб росулъ базе хIакимзабаз риччачIо. Бана гьез жиде-жидее цо-цо рукъ, цIакъаб мискинлъиги цадахъ баччун, къад-къад пачалихъалъул нухазда хIалтIун, къасда-къасда жиндирго рукъзабазул кьучIал рухьун, гамачI баччун – гьеб къварилъиялда ран лъугIана. Цинги лъикIал устарзаби лъугьана. Хадуб нижее хIажатал мажгитал, къулгIаби рана, кинабго хIажатаблъун бугеб жоги гIуцIана, нижер диналъе хIажатал жалги тIурана. Гьеб заманалда хIакимзабазул пирказги букIана, щибго жиндир амруялде хилиплъи гьабурав чи, тIилаз роц кьабун хвезе гьаре абураб.

1294 (1877) соналъ тарих бугеб заманалъ сугъулдерил росу бухIиялъул шигIру буго гьаб нахъа рехсараб.

ГIенекке гIадамал хабар бицизе,
Харбие бицулеб хабарги гуро,
Гьал муъминзабазул мугъал рекараб,
Мугьажирзабазул ракIал рахъараб.
БачIунеб рагIула ТIелекье гIурус,
ТIад унеб рагIула сугъулдериде,
Сугъулдерил росу цIед бухIзе абун,
Доб гIандаллъиялъул милъир кквелилан.
Сугъулдерил росу цIед бухIиладай,
Гьал цIиял бахIарзал жанир рукIадго?
Доб гIандаллъиялъул милъир кколебдай,
Гьединал бахIарзал сверухъ рукIадго?
[15-б тIамач]
Гьединаб хIалалда жал ругеб мехалъ,
ХIодоб майданалда урду чIван буго,
Майданул рагIалда гIурус щун буго.

ХIодоб майданалда урду чIван бихьдал,
КъотIаби гьаруна гьал гIолохъабаз,
БутIрул къотIичIого рекъел гьечIилан.
Майданул рагIалда гIурус бихьидар,
Цоцаз гьаял рана мугьажирзабаз.
Гьел гIолохъабазул къотIаби рагIдар,
БутIрул рищун тана гьел малгIунзабаз.
Гьел мугьажиразул гьаял рагIиндар,
Тамаша гьабуна гьел баярзабаз.
Инсул рател бичун, чармулги тIад лъун,
Лъабкъого мугьажир цадахъги вачун,
Анин ХIажагIали галаваналде.
Дав инсул вацасул къулдемги ретIун,
Жавадхан къокъанин буржалда жанив.
ЛъабцIул тIаде гъуна буржалда гIурус,
ЛъабцIул нахъе чIвана Жавадханица.
Гьанжени чIеларо, чIун бегьуларо,
ЦIияб каки чурун, сунаталги ран,
АхIдезе рекIана дол хвараздехун:
Жакъад вугевани МусахIажияв,
Гьаб буржалда цебе топил рагъ лъезе.
Цинги вугевани ГIинкъав ХIажияв,
Я гьал гавуразул кьерал тIутIузе.
Аман Аллагьинго дав ХIажимурад,
Гьал наибзабазул кьерал росизе.
Лъел гIодобе рехун, хвалчен кодоб ккун,
Къвалал къотIун гужгат тIадеги ретIун,
Аман Аллагьилан гьаракьги гьабун,
Гьа МухIамадилан ахIиги тIамун,
Жавадхан къокъанин гъазаваталде.
Бода тIибитIулеб тIухьидул гула,
ТIамурасда щваяб щванин каранда.
Мусаннип чIалгIараб чIегIераб [16-б тIамач] лачен
Рехумо рагIулин буржалда цеве.
ГIаламгу урхъарав зобалъул тIавус,
Ккарабищ тIулалде тIухьидул гулла?

Гьединаб хIалалда жал рагъулаго,
АхIдолев рагIула дав ХIажагIали,
ТIелекьа Жавадхан чIванилан абун,
Гъорлъа-гъорлъа чагIи чарлъулел ругин.
Щибаб буржалъухъе ахIи тIамана,
ВахIай хIалин абе гIолохъабазда,
ХIалккун бугин абе багьадуразда,
ХIалай щвайин абе нуж буржалъухъе.
Нижер вакъарасе квен битIе абе,
Нижер къечарасе лъим битIе абе,
Нижер къаде какал кватIулел ругин.
Гьединаб хIалалда жал рагъулаго,
ТIаде кагътал щвана Пирил Лекъасул:
«Расги къарилъуге, лъиял бахIарзал,
Нужее хIалае чи къваригIани,
Азарго чи вуго нужей хIалае».
Хизри-Ильясилан гьаракьги гьабун,
Аллагь-Аллагьилан ахIиги тIамун,
ЦIа рекIараб рагъда жал рагъулаго,
АхIдолев рагIула сугъдерил магъуш,
Мажгиталъул тIохда тIадеги вахъун:
«ГIодо вачIа абе ХIажагIалида,
Я гьел мугьажирал цадахъги рачун!»
Киндай-щибдайилан цеве вегьиндал,
Хъаладуха кагътал рачIун ратана.
Чирахухъе росун, кагътал цIалидал,
Кодобе босана, квер сородана,
[17-б тIамач]
Гьел наибзабазул кьерал росана,
Метер къалъиялде рекъейил абун
Къалъи кьурилалде цIа гъелин абун.
Гьел мугьажиразул ракIал рахъана,
СалахIал цIалулеб мажгитул тIохда
Саригавуразул гори бохана.
Ружман къалъ как балеб Бичасул рокъоб
Жанибе херги лъун, зодохъ кьвагьана.

Сугъулдерил росулъ лъабкъого дибир,
Лъабкъогояв ана ХIубикье витIун.
Жаватханил эмен МуртазагIали
Гъезда цеве ана, кверaлги рухьун.
ХIубикье жал щумо щуабилеб къо,
Къаде как базилан квалкадулаго,
КъватIир рахъайилан гьаракь бахъана.
Рохел щибдайилан къватIир рахъидал,
Квар бухьулеб буго гIурул рагIалда,
Мали чIвалеб буго кварал бакьулъуб.
Я гьал гIалимзаби кварда гIанкъидал,
Кварил палигьаби киндай рукIана.
ГIелмуялъул керен, гIарабул ралъад,
Дав МуртазагIали кварид гъанкъидал,
ТIадегIанав Аллагь киндай хIалтIана.
ГIумархIажиясе къолъикIги гьабун,
ГIалибегхIажияс къвали герана,
Ширку майдан къотIун жал герулаго,
Нухда нахъ вачIана лъабго гуржияв.
«Дуда иман лъела, гьалмагълъи гьабе,
Аллагь цо гьавила, ниж цадахъ раче!»
Жинда иман лъураб лъабасго лъадар,
Лъияб гьалмагълъигун нухда унаго,
Нухда данде чIвана чIваяв Назаров:
[18-б тIамач]
«Кире унел чагIи, щибулел чагIи?»
«Нижги ругелила дол мичихичал,
Дунги вугевила ГIалибегхIажи.
Нижги унел ругин Харс-гъалаялде,
Ниж нухда тIамизе рес бегьиларищ?»
Нух малъизе салдат цеве тIамана,
Цеве тIамарасул бетIер къотIана.
Низамалъул ретIел черхалде ретIун,
Жалги герун ана Арзурумалде.
Даб Арзурумалде жал щвараб мехалъ,
ГъазимухIамадил минаги цIехон,

Жалги рачIанила гьесда аскIоре.
«Ассаламу гIалайкум, шайх Шамилил вас».
«Ва гIалайкум ассалам, ГIалибегхIажи.
Хекко цIехонилан гIайиб гьабуге,
Дир инсул росулъе хабар щиб бугеб?
Хваял сугъулдерил рагIи кин бугеб?»
«Дур инсул росулъе хабар лъикI гьечIо,
ЛъикIавщинав вищун, Сибирги гьавун.
Хваял сугъулдерил рагIи квеш буго,
ГIалимав вищумо, кваридги гъанкъун.
ГIабдурахIман-хIажи Шурагьив вачун,
Гьесий гьавурав вас ХIубикьги гъанкъун.
Агъаларил ЖагIпар харидги вухIун,
Басраял росаби цIадудги рухIун,
ЦIигьарурал буржал риххумоги ран,
Мунилан ахIдолев инсан течIого,
Рачун ритIун ана гъоб Сибиралде.
ВахIай хIалин абун, хIалай чи гуро,
ЦIа рекIулеб буго Дагъистаналда».
ГIодове къулана, магIу бацIцIана,
БагIараб исхъали чIегер белъана,
[19-б тIамач]
ЧIегIер гьумер белъун, къватIив вахъана.
«Ассалам гIалайкум, вай, ГIабдулхIамид»
«Ва гIалайкум ассалам, ГъазимухIаммад,
Маккагун Мадина бахъун гьечIелъул,
Щайзе чIегIер бараб, лъикIав бахIарчи?
Арзуманиб-гъала бухIун гурелъул,
Щайзе къварилъарав, шайх Шамилил вас?»
«Маккагин Мадина бахъи гуребдай,
ЦIа рекIун рагIулин Дагъистаналда.
Арзуманиб-гъала бухIи гуребдай,
Сугъулдерил хъала тIубан цIед бухIи,
ЛъикIавщинав вищун, Сибирги гьави».
«Расги къварилъуге, лъикIав бахIарчи,
ВитIила дица мун Дагъистаналде.

ГІарада битІила, топал ритІила,
ТупанкІал ритІила гІолохъабазе.
Аскаргун витІила ИсмагІил-паша,
Кумекалъе кьела дуй Мухтар-паша».
«Дида рихьичІодай дур гьел пашаби,
ГІарац кодоб кьедар, боял кьун толел.
Цинги вихьичІодай дур Мухтар-паша,
Месед кодоб кьедар, живго гъоркь чІолев.
Валлагь, божиларо, болъ вахъиларо
ХвезегІан чІегІер бан, халват гьабила.
[20-б тІамач]

Гьаб буго цІакъ цебегІанго заманаялъ ккараб жо. Надир шагь Сурхай ханасде тІаде кІудиял боялгин вачІунеб заман Къивудаве. Гьанже гьеб Къивуда абулеб бакІалда абула Гъазигъумекиб абун.

ГІенекке, гІадамал, хабар бицизе,
Ханзабазулги хан хасги Надир шагь,
ГІарцуца къачІараб гъажарги бачун,
Месевид къачІарал чуялги рекІун,
Гьакица топхана цебеги къотІун,
Багъаргъана гъажар дунял квинзеян,
Дов Ганжаялъул хан къаде квинзеян.
Къаде квинзе тарав Ганжаялъул хан,
Къаде квинзе гІечІеб Хъизихълъул улка.
Гьебщинаб улка-ракь квердеги босун,
Босанщинаб улка цадахъги бачун,
Багъарана гъажар доб Туплисалде.
Доб Туплис рагІалде жал щвараб мехалъ,
Суждаялде ккана Туплисалъул хан,
КІиазар ашрапи боде бикьана,
ТІад харжги хъван тана доб Туплисалда.
Гьеб щвараб улка-ракь квердеги босун,
Босанщинаб улка цадахъги бачун,
Багъарана гъажар доб Гъолодабе.

Я дол гъолодисел жинца таниги,
Ибрагьимхан чIварал теларин абун,
Ибрагьимхан чIварал цIеца рухIана,
ЦIа тIамун къвагъана къамишул рукъзал.
ЦIаракухъе ясал асирги гьарун,
Багъарана гъажар доб Къивудабе,
Къивуда Сурхайил хIал бихьизелан.
Улка-ракь кIудияв КвергьечIев Сурхай
Цо къо къалъилалде кверде вачIана.
Сверухъе цIар арай Сурхайил ГIашат,
Гьей ГIашатилгиму бусен цолъана.
МохIоб-Чалда гьоркьор чадиралги чIван,
Балеб ахIи буго Дагъистаналде,
МохIоб-Чалда гьоркьоб хIал бугин абун.
Гьеб мухIканаб хабар Хунзахъе щведал,
КъачIазе рекIана Хунзахъ Дайтилал,
Билалил къолдаби тIадеги ретIун,
ГIандисел буртаби лугбазде хьвагIун,
БацIил лъулдул ругел хъирмалги росун,
Киласалъул кьалал чуяздаги чIван,
Чугин чи къотIулел хвалчаби рухьун,
КIанцIун чан толарел чуялги рекIун,
КъватIир лъугьанила гьиндалъул лучби.
Гьел гьиндалъул лучби къватIир лъугьиндал,
ГIодор рещтIанила малаикзаби,
Сверухъе кканила хIурулгIинзаби.
Цере хъатал ккуму, гьардолел тана,
Гьиндалъул лучбузе талихI кьегиян.
Бухтиргиму Сугъралъ цIаялги ракун,
ЦIа тIамураб рагъулъ жал рагъулаго,
КIанцIун тIаде щвана Хунзахъ Дайтилал.
Гьундаве ватана МуртазагIали,
КIудал кIкIуйдул хIубал зодохъги рехун,
Хвалчаца би гьекъон, мехтун ватана.
– Балагье, балагье, КвергьечIев Сурхай,
Я гьал дур боязухъ, дир аскаразухъ.

Хал гьабун балагье, магIарул Сурхай,
Я гьал дир кутузухъ, дур гIункIкIазухъги.
– Абуге, гъажарав, гьединаб рагIи,
Къойил тирулеб жо бакъул дуниял.
БацIил гIамал бугел гьал магIарулал,
Метералде лъалин дуда гьазул хIал.
Эб-добалъул бицун бицардулаго,
Цо кьвагьи бахъана жазаиразул,
Цоги кьвагьи буго истанпулазул.
ТIаса кIкIуй бичдилъир, кIи-кIияв чIвала,
ЧIван нахъе восдилъир, щу-щуяв хола.
– Дуе гIумру кьеяв КвергьечIев Сурхай,
ТIаде щвараб къокъа кисан бачIараб?
– ТIаде щвараб къокъа Хунзахъ Дайтилал,
Бицулел рагIичIищ – лъикIал бахIарзал,
ТуманкIул цIадуца дунял къвагъарал?
– Гъов чIегIерчодулав щив чидай вугев?
– Гъов чIегIерчодулав дир МурцагIали,
Жиндир кIиябго квер къотIун бортаяв!
– Дурабго къотIаги, КвергьечIев Сурхай,
ГIайибилан ккечIищ – лъикIав бахIарчи.
Дагъистан, Гуржистан дур ани, Сурхай,
Дур Хунзахъ Дайтилал дир ани, Сурхай.
Дир гIарацгин месед дур ани, Сурхай,
Дур МуртазагIали дир ани, Сурхай.
Гьев МуртазагIалил хъатирин абун,
ГIайишатилгинаб босен биххана.
ХIанчIил би тIинкIичIеб ХицIиб магъилъе
Гъажаразул бица хъитIал рахъана.
Багиласул хуриб къаргъа гIагили,
Кьвагье, гIолохъаби, истанпул хирмал.
ХIебула рагIала болчIор гIагили,
Кьабе, гIолохъаби, мисри хвалчаби.
Жакъа чучарасул чилъи бухIаги,
Чучун вагъарасул лъади гIодайги.

Гьаб буссине гьабурав МухIамад Шамхалоп, хъварав Шамил ХIажиеп.

**Шамил имам вахъиялъул шигIру**

ГIенеккея, вацал, къиса рикIкIизе,
Къиса рикIкIизеги гIалимчи гуро,
Дица бицизиму берцинаб хабар,
ИяхI бугелаца кIочезе тоге.
РикIкIизин дицаги дагъабго сарин,
ГIакълу бугелаца рекIелъе биччай.
Я доб Туплисалда диван гьабуна,
Дагъистаналдаса Шамил кквезеян,
Гьев гIурус пачаяс буюр гьабуна,
Гъуниб мегIералда хъала базеян.
РикIкIен гьечIеб гIарац кодобеги кьун,
Салдар вахъанила Туплисалдаса,
Гьел наибзабазе хъатид бикьзеян,
Шапакъат гьабеян къадизабазе.
АхIуму патишагь дандеги гьавун,
Гьеданила дунгъуз кIудаб гьаялда,
Инжил нахъе рехун, хъанч цебе босун,
Я Дагъистан босун, я дир бо тIагIун,
Цояб гьабичIого вуссинарилан.
Гьел чIахIал хабарал жинца рицидал,
ГIарасаялдаса салдат кьунила,
КигIан гъураниги, тIагIинго гьечIеб.
Петербугалдаса мужикъ кьунила,
ХIал ккараб бакIалда кумак гьабеян.
Зурма-къали кьабун гуржи битIана,
Нужер умумузул асир бачараб
Гьеб Дагъистаналда чиго тогеян.
ЦIадай къватIиб лъулеб цIунцIра бихьухъе,
Пачаясул боял дандеги гьарун,
Ираван бахъараб гумпарабигин,
Гумур хъалаялъул баярзабигин,

Сурат меседилал гIарадабигин,
ГIарцул берал ругел диригуналгин,
Нартил чирахъ рекIун дурушкабигин,
Болъонил гъаналъе сухариги бан,
Заводалъ бахъараб испиртги гьекъон,
ЛъагIалий хъвараб харж моцIроеги кьун,
Ужра гьаруларел матушкабигин,
Мидалгиму килас кодобеги кьун,
Къилмагиму сагIат цадахъги битIун,
Пачаясул гIарац чуяздаги бан,
Хункарасул месед кисинибги лъун,
Дагъустан бихьичIеб салдатги бачун,
Салдар вахъанила Туплисалдасан.
Тукаби чIахIиял эрмениялгун,
Сарин ахIулаго саригавургун,
Сухари баччулел гъарабагъалгин,
Кверда махщел бугел ингилисалгун,
РекIелъ хIисаб цIакъал гIусманиялгин,
Гъоб Терк рагIалдаса хъазахъги ахIун,
АхIуму Маликоп дандеги гьавун,
РещтIарав эв дунгъуз гъоб Чачаналда,
Чачан улкаялде цIа гIунтIизеян.
Вабабай, капурчи, хьул халалъи щиб,
Батиладай кверщел Дагъистаналда,
ИяхI рехиладай наибзабаца.
Ярагъ бичуларев, чу свакаларев
Чанги игит вуго Мичихичалда.
Гуллаби гургинал, хер тIагIунарел
Мугъажирал ругин гъоре Даргъире.
Аллагьасде ахIун, чода цIал кьабун,
Чол хьолбоде лъугьун, рагъде лъугьунел,
ГъалбацIал гIемерал гъол буртиязул.
НекIоги вачIарав мун, Ярум-паша,
ЛъабкъогIазар салдат цадахъги вачун.
Я гьеб Чачаналда салдаталги чIван,
Чачаназул рохьор гIарадаби тун,

Гехиб майданалда ччукIелги бекьун,
МагIил накъир кьабун, ахIул къали чIван,
ЧIегIер рихьун кагътал цереги тIамун,
Цадахъ чи гьечIого некIоги арав,
Гьанжеги витIулев, талихI кьунани.
Меседил мидалал гъуждузда рарал
Наибзабазулги чилъиго бегьчIо.
Исхъалаби ретIун къачIананиги,
Мугьажиразулги пайда бахинчIо.
РекIелъ чаран бугел я гьел чачаназ,
Чергесал кьалал чIван, чуял кьолона.
Чорхолъ ияхI бугел я гьел гехияз,
Гурда хвалчаби къан, жалго къачIана.
Гьанже вугев ани дов ХIажимурад,
ХIалго ккелароан гьел чачаназде.
ХIалай ани щолев жан Ахбердилав,
Гехиялги рачун, чабхъен гьабизе.
Я гьал гIурусазда гIайиб щиб бугеб,
ГIарцухъ мун вичанин наибзабаца.
ГIурус пачаясда хатIаго гьечIо,
Кагътица вачарав Дагъусталалде.
ЦIулал рукъзабазде цIаги гIунтIун тун,
Шамилги вахъарав Даргъуса къватIив,
Кулпат цебе къотIун, къокъа цадахъ ккун.
Милицаби чIарал чIегIер рохьазда,
ЧIухIал апицерал цереги тIамун.
Я гьеб Сагъри кьода Маликоп чIедал,
ГIандадерицаги рекъел гьабуна.
ЦIудул майданалда салдар рещтIиндал,
Бакълъулазул улка кверде бачIана.
Нахъахьиндалазул кверщел кьун тарав
МухIамад-Амирги чарлъун ватидал,
Чиго щив божулев наибзабазда.
ХIажимурад чIарав хунздерицаги
Хабарго гьабичIо, нухтIа ритIана.
Ханзаби чIванилан хIебдалацаги,

ГIакIа ахIун, улка кверде бачана.
БоцIи квананилан, гьидерицаги
ГьедигIанго гIадахъ боси гьабичIо.
Гуржи-ЦIороре ун бахъараб гIарац
Бахъизеян абун къаралал лъвана.
Къойл чабхъаби тIамун бачIараб хумус
Биччаларин абун ругъеж лъугьана.
ГIиялъе кIанцIулеб никIа-бацI гIадин,
Шамилги ворчIана Гъуниб магIарде.
БахIарчилъиялъул цIар тIибитIарав
Дов Закарицаги дур хьибил ккуна.
Наибзабаздаса тIаса вищарав,
ТIад бетIерлъун тарав Инквачил Дибир,
Щибаб нухлул кIалтIа гъаравулги тун,
Гъаяби ругелъур чагIиги тIамун,
ГьитIинаб къокъаде бутIрул толаго,
Цо рохел гьабураб я гьал гIурусаз
ГIемерал чи хIалтIун къарал гъалаби
Хъатикье щванилан Дагъистаналъул.
Цо гIайибни буго ГIандал боялда,
ГIалимзаби цIакъал сугъулдерида,
Гъуниб мегIералде Хъурш унеб къоялъ,
НусгогIаги мурид цадахъ вегьчIолъи.
ГIайибни гIемераб чахъадерида,
Бичас боцIи кьурал эрмениязда,
Мина тун къватIиве ГIинкъав лъугьиндал,
Гъоркьан рекъелалъе вас тIовитIарал.
ГIандал боялдаса Амирасулас
ГIурус бачун тана Гъуниб магIарде.
МегIерчIван гIодоре гIурус баккидал,
ГIодизе рекIарал гIисинал лъимал.
Гьел гIурусахъе ниж риччагейилан,
ХIатIиде кканила гьеб чIужу-лъимер.
Аллагьасе гIоло гьижра гьабурал,
Гьабизин гъазават, вай, мугьажирал,
Хвалчал гонгинисан би гиризегIан,

Жакъа кьабардизин капурзабазда.
ГъазимухIамадица хвалчен бухьана,
Жакъа рагьдал кIалтIе гъаза щванилан.
– Кинабго Дагъустан дандеги ахIун,
ГIалимзаби рекъон кьураб имамлъи
Кьелебищ, дир эмен, ярааналасе?
Къоло щуго соналъ борчараб ярагъ,
Бахъизе телебищ капурчиясда?
Я гьел гIадамазе нагIанаги щун,
Цо гьари гьабураб чIахIиял чияз.
Я гIурусахъе ниж риччагейилан,
ХIатIиде кканила гьел чIужу-лъимер.
ЧIахIиялщиназул хъатирги гьабун,
Гьел гIолхъабазул пикриги гьабун,
ГIисинал лъимазда гурхIелги гьабун,
РекIизе кьарадаб чуги кьолона,
Черхалда рекъараб ярагъ борчана.
Шамилги вилълъарав гьеб урдуялде,
Дагъустан баркизе капурчиясда.
Салдарасул чодрохъ чуги бухьана,
Чадиралда жанив жив гIодов чIана.
ЧIухIаралщинаца тIагърал росана,
Яраналзабаца гъулугъ гьабуна.
– Гьадинаб хIалалда кверде вачIизе
Квалулев вукIинчIо Дагъустаналда,
Аллагьасул хIукму гьадин батидал,
Гьалдаги дун рази, яраналзаби.

# 15. ЧIохъ росдал аслу буго гьаб



ЧIохъ росу. Потосурат бахъарав – Д. Ермаков.

*ХIадурана ШагIбан ХIапизовас*

*Гьаб хъвай-хъвагIай гIуцIун буго 1928 соналъ гIажамалда, бол мацIгун гIандалазул сверел жубараб мацIалда. Амма лъица асар хъварабали нилъеда лъалеб гьечIо, щайгурелъул гьалда тIадги гьелъул баян кьун гьечIо, гьелъул щибниги жо гьаб кодобе щварав Пакъалазул ШихмухIама-дидаги лъаларо. Жинда цIализе кIвечIого, ГIумарил Камилихъе кьун буго ШихмухIамадица гьаб къокъаб тарих. Камилица цIализеги цIалун, кирил алипбаялда магIарул мацIалъ хъван буго. Нижехъе гьаб щвана тарихчIужу ТахIназул ПатIиматидаса ва гьелъухъ баркалаги загьир гьабизе бокьун*

*буго. Кин бугониги нилъеда бихьулеб буго, гьалъул цо-цо бутIаби гьоркьоса риччан рукIин. Нижехъе гIажамалъ хъвараб нусхаги кодоб щвечIелъул, ЧIохъ росулъги гьеб бугеб бакI лъалев чи гьечIого, гьоркьор риччарал бутIаби кьечIого, къватIибе биччазе кколеб буго. Жеги абизе ккела гьалъул цIакъ мукъсанаб ва хасаб сверелалъул хаслъаби ратидал цогидал магIарулазда бичIчIизе букIине, нижеца гьаб болмацIалде гIагарлъизабун буго, амма гьелдаго цадахъ хасал, болмацIалда жанир гьечIел рагIаби ратани – гьел жахIалго тун руго, баяналги кьун. Тарихалда жаниб гьелъул мусанипас (авторас) хъвалеб буго ЧIохъ (тарихалда гIандадерил къагIидалъ ЧIухъ абун хъвалеб буго) росдал къокъаб бицен, хасго Имам Шамилил заманалда ккарал лъугьа-бахъинал. ГьанжелъизегIан гьаб тарих басмаялда бахъичIелъул, гIемерисел гьанир жанир кьолел баянал, хIужаби тарихалда цIияллъун рихьула.*

**…**

1154/1741 соналда къажар-шагь[541] вачIун вуго цIакъ гIемераб аскаргун щвара-щвараб бакIги бахъун, эзул ханзабиги асир гьарун, Гъазигъумекиве. Гъазигъумекдерил хан Сурхай-хан, эвги ккун асир гьавун вуго [Надир-шагьица]. Эниса вачIун, МохIоб росдада тIад, магIарда чIун вуго. Эсда данде гIандалазулги, къаралазулги, хундерилги ахIи бачIун, махIадерил магъилъ цIакъ кутакаб рагъ лъугьун буго лъелаб бодул. Гьединго хьиндалазулги, гIандалазулги рекIараб аскаразул рагъ лъугьана чIахъадерил магIарда, ГьоцIноб[542] абулеб бакIалда. Гьеб къоялда тIаде кумекалъе хунздерил аскарги щун буго, Сурхай ханасул вас МуртазагIалиги

[541] Надир-шагь.

[542] ГьоцIноб – ЧIалда-магIарда бугеб ЧIохъ росдал кули ва сверухъ бугеб ракь. Гьенир хурзал, 7 гьобо ва гьоцIи рукIана, гьелдаса ГьоцIноб цIарги лъугьана.

бетIерлъун [ккун]. ГьоцIнобеги ТIад-Йурталъул[543] аскар щун буго кумекалъе. Гьеб къоялда гьеб махIадерил магъилъаги, чIахъадерил ГьоцIнобги, къажар-шагьасул аскар цIакъ квешго биххун, лъутун буго. ГIемераб давлаги щун буго киналго магIарулазе, гьанжеги гьел къажаразул рукьби махIадерил магъилъ ратула.

...

Цоги, эзда тIад хан яги бег вукIун гьечIо. Эзда жаниб бугеб гIадлуги: жидецаго рищун чIухIби, гIалаби тун, эз гьабулеб букIун буго. Энибги букIун буго 12 тухум. Анлъго тухумалъул чIухIби толел рукIун руго, анлъгоялъул гIалабиги толел рукIун руго.

Гьел тухумазда цIаралги гьал рукIун руго: 1. Мамалал, 2. Нахибашал, 3. Шагьназарал, 4. Арбуханал, 5. Къулдул, 6. БагIархIажилал, 7. Болгьобохал, 8. ИмангIалилал, 9. Пакъалал, 10. Къадилал, 11. ГIусманилал, 12. Лагъзал—апаргзаби рукIун руго (апаргзаби абула батIайисеб росулъа вачIун чIарав чиясда).

Гьел лагъзадеридаги апаргзабаздаги тIад росдае магъалоги букIун буго. Лагъзадерил щибаб соналъ цо-цо ухи бекун, гьеб гIолохъабазе бикьулеб букIун буго туманкIуй гулби тIезе. Апаргзабазда – щинаб соналъ жидер жамагIат рокъобе ахIун, гьезие квен-тIех кьезе тIад къалеб букIун буго. Эзул гIадлуги букIун буго чи чIвани – гIумруялъго росулъа къватIиве ахIулеб, рукъзалги рухIулеб. Ругъун гьабуни – оц хъолеб, ясалда квер чIвани – заманаялъ къватIире ритIулел.

ЦIогь гьабуни – бетIергьанасул ракIчIани бикъиялда, хадур инсухъа чагIигун цадахъ тIад гьедун бахъулеб. РакIчIечIони, цIогьорги эсул инсухъиял чагIиги бикъичIо абун гьедизе гьарун, жибго толеб.

Магъилъ гIадлуги – магъилъе щварал хIайванал гIалабаца жанире гъолел. Эзулги щибалдасан цо-цо сахI

[543] ТIад-Йурт – гьанже Лаваши районалъул магIарул росаби (Урма, КъулецIма, ТIарада ЧIугIли, Гьоркь ЧIугIли, ХахитIа, ХъахIабросо, Кутиша, Чуни, УхIлиб).

ханжудал гIакIаги бахъун, гьел хIайванал малъун ичIиде кинаб кканиги, гьеб гIалабаца хъун жудейго бикьулеб. Дол хасдал сахIал хъвараб хIайваналъул бетIергьанасе кьолеб. ГIи гIуцараб бакIухъ биччани, гьеб гIиялъа бачун куй хъолеб, гьебги гьел гIалабазе бикьула. Цо Къубич абулев чияс чIван вуго магъущ ХIажияв абулев чи. Росдаца эсул рукъги бухIун буго, эвги росулъа кьватIиве ахIун вуго.

Гьеб росдал рищарал чIухIбуз гьабулеб диван гуреб, элда тIадехунги букIун буго кIудияб диван. Кинабго гIандалазул чIухIбиги данде ракIарун лъагIалида жаниб цо нухалъ гьабулеб диван. Элда цIарги букIун буго гIандалазул руккел абун. Росдал чIухIбуз гьабураб диваналда разилъичIев чияс гьеб диваналде гIарза кьолеб букIун буго. Элда тIадги диван букIун гьечIо.

**БетIербахъи** букIун буго эзул хур бекьун, хIайванал хьихьун, гIи хьихьун, даран гьабун. Хур бекьиги букIун буго кинавго чиясул жиндир хасаб милк. Цояв росулъ, цояв кулабазда жив бетIергьанаб мирк бетIербахъизе кIоларого бугони, росда тIад гьоркьосаго бекьулеб мегIер букIун буго. Гьанибги кигIан бокьаниги бекьизе ихтиярги букIун буго. Хур бекьун бажарулев чи, бекьизе хур гьечIого хутIулев вукIун гьечIо.

ХарибакIал абуни, гьединалго щивав чиясул жиндир хасаб харибакIал, мучIдул рукIун руго. Нахъеги гьеб магIарде бугеб хур бекьиялда гьоркьоб ругел хер хъвалел бакIалги, ХIодоб абулеб колода бугеб хур бекьиялда гьоркьоб ругел хер хъвалел бакIалги, гъоркьаб Куриб абулеб колода бугеб хур бекьиялда гьоркьоб ругел херхъвалел бакIалги росдаего ращад гьарун, можоро тIамун, жинди-жиндие щвараб бутIа хъвалеб букIун буго. Гьеб хурбекьиялъги, херхъваялъги бугеб гIадат гьанже 1928 сон щвезегIан цебе букIахъе букIана.

**ХIайван хьихьи**ги росдал букIун буго кIиго батIияб. Рохьдол хIарим – тIасазул, гъвекьазул абуни – къинлъарал гIачиязеги, бихьинал хIамузеги хасаб цо бакI. Рахьдал бачазеги, цIуял хIамузеги хасаб цоги бакI. Гьел хIарималдаса

тIасаязул жодойго хасаб, гъоркьиязул жодойго хасаб. Нахъеги букIун буго, росдаего гIаммал чуязулги оцазулги хIарим, цоги батIияб биччалареб ГIурул-гьоцIиб [544] абун. ХутIараб [545] хIарим кинабго боцIуе гIаммаб букIун буго, бокьа-бокьараб рохьдоца кваналеб.

**ГIи хьихьи**йилан абуни, риидалил моцI инегIан нижерго чIахъадерил ракьалдаго рукIун руго. Гьелдасан хадур росдаца къватIире гъолел рукIун руго. ГIиял бетIергьабацаги гъазигъумекдерил, къаралазул мугIрул ричун росун, энире унел рукIун руго хасалихъегIан. Хаслихъе нахъеги росдал ракьалде рачIунел рукIун руго. Кьиндалги бокьарав чи гIиги бачун лъарагIалде унев вукIун вуго, бокьарав чи МагIарухъ чIолев вукIун вуго.

ГIийилан абуни риидалил 10 къо араб мехалъ къватIиб гъола, кьиндалги росдал ракьалда толаро, лъарагIазде битIизе ккола. Даран-базар абуни, ГIандир ун буртаби росун, эл буртаби Нухуялде[546], Ганжаялде[547], Шамахалде[548], Туплисалде ун ричулел рукIун руго. Энисан хам босун, нахъеги буртаби росун, гьел буртабазулги хамилги даран букIун буго.

**ГIажаибаб хабар**

ЧIахъадерил 8 чи вукIун вуго Ганжаялда, дармиде ун буртабиги ричизе, хамги босизе. Гьенир гьел ругеб заманаялда гьениб тIаде гIурус бачIун буго Ганжа бахъизе[549]. Ганжаялъул чагIаз лъазе гьабун буго гьазда – «гьаниб рагъ лъугьизехъин буго, нуж гьалбал руго, нужер бетIералъе гIамал гьабе», абун. Гьез абун буго: «нижги нужеда цадахъ рагъила», абун. Гьенир гьезда цадахъ рагъун руго гьел. Гьезул 7-яв чIван вуго, цояв лъукъун хутIун вуго. Гьеб заманалда ЧIохъ хабар ккун буго

---

[544] ГIурул-гьоцIиб – гьеб ракьалда 1930-л соназда ЧIохъ-коммуна абун цIар чIвараб росдал кьучI лъун буго.

[545] ХутIараб абураб рагIул бакIалда гьаниб кибго «нахъидаб» абураб рагIи лъун буго.

[546] Нуху – гьанжесеб Азарбижаналъул Шеки шагьар.

[547] Ганжа – гьанжесеб Азарбижаналъул кIиабилеб кIудияб шагьар.

[548] Шамаха – гьанжесеб Азарбижаналъул шагьар.

[549] Ганжа шагьар гIурусаца бахъана 1804 соналъул январалда.

руччабазда гьоркьоб, Ганжа бахъана абун. Гьеб хабар цIехон буго кисан ккараб хабарин абун. Гьеб бицарав чиги ватун гьечIо. Цо чияс гьеб хабар ккараб къо хъван тун буго. 5-6 моцIалдасан гьадав лъукъарав чи сагълъун гIебеде вачIун вуго. Гьесда гьикъараб мехалъ, ЧIохъ Ганжа бахъана абун хабар ккараб къоялъ, Ганжа бахъанилан абун буго.

Нахъеги дагьал мискинал, бетIербахъи дагьал чагIи жодорго хурул хIалтIиги бакIарун хадуб хаслихъе Гъарабагъалде унел рукIун руго. Гьенир кагьризал[550] рухъун, цогидаб ячилъи[551] гьабун ихдал нахъе руссун рачIунел рукIун руго.

**Имам ГъазимухIаммад** вахъизегIан, ГъазимухIаммадил заманаялдаги эсул ахIи ЧIохъе щун гьечIо.

**КIиабилев ХIамзат** вахъараб мехалда, ХIамзат вачIун вуго Ругъжаве. Эл эсда данде рагъун руго, жеги ЧIохъеги ахIи бан буго. Эз, жодое кумекалъе рачIа абун. Гьенире ана чIахъадерил гIолохъаби, гьезул 18 чиги чIван вуго. ХIамзатица Ругъжаб росуги бахъун буго. Эзул бетIер СултIанав абулев чиги чIван вуго ХIамзатица. Эв ХIамзат энисан нахъ вуссун вуго Хунзахъе. Хунздерил ханзабиги чIван, Хунзахъго чIун вуго.

Гьел ханзабазул вацал-яцал ургъун, гьез жудейго кумекги балагьун, рузманалда араб бакIалда ХIамзатги чIван вуго. Эсда цадахъ рукIарал муридзабазулги 7-8 чи чIван вуго. Элдаса хадуб ХIамзатидехун тушманлъиги ккун, гъазигъумекдеридехунги даргуяздехунги гьудуллъиги гьабун рукIун руго чIахъал, 3-абилев имам Шамил имамлъун ккезегIан.

**Шамил имамлъун ккараб заманалда** Шамилида аскIоре ун руго ГIинкъав ХIажиявги, эсул вац ГIалиги. Нахъеги 1-2 чиги рачIун руго ЧIохъе. ЧIохъ халкъалда хабар

[550] Кагьриз – ракьуда гъоркьан рухъулел лъадай нухал ва хIавузал. Гьел рухъулеб гIадат букIуна лъадакъаб ракьалда, хасго Ираналда. Гьеб рагIиги гьезухъа бачIараб ккола.
[551] Цогидазда цебе мухьдахъ гьабулеб хIалтIи.

бицун, чIахъалги Шамилидехун ракълиде гъаризе абун. ЧIахъадерида эл рачIи лъараб мехалда росдаца рукъзал сверун кун руго, эл чIвазе абун. Элги жанир чIун руго, тIаде рачIарал чагIазухъ рагъизе хIадурлъун. ТIаде унев чиги лъугьичIого къасилъизегIан энир рукIун руго. Къаси ГIинкъав росу ахада жиндирго чIужуялъул инсул бакIалде ун вуго, ГIалиги, цадахъ кIиявго гьалмагъги вачун. Гьенисан нахъеги Шамилихъе лъутун унел рукIун руго гьел.

Гьедин унеллъи лъан, хадур ун чIахъадерица хадуб туманкI бан буго. Гьенив гьев ГIалиги чIван вуго, хутIарал Шамилихъги рорчIун руго.

Кидаго чIахъал гъазигъумекдерехун рекъон, эзулго къотIабиги рукIун руго: цояз цоязе кумекги гьабизе, жеги чIахъадерил батIияб улкаялде дарамалъ унев чиясе ханас кагъатги кьезе. ЧIахъадерил хан гьечIелъул, элда хIажаталлъунги рукIун руго. Нахъеги чIахъадерица Гъазигъумекисан нахъе буссун бачIулеб Шамилил бода тIаде туманкIги бан буго, эзул цо чиги чIван вуго.

Гьеб заманалда Гъазигъумекисан цодагьаб аскаргун цадахъ Пези[552] абулев инарал вачIун вуго. Эсда данде рахъун хIурматги гьабун буго эсие. Гьоболлъиги гьабун нухтIа тIамун вуго ЦIадахIаривехун. Гьев аравго нахъеги вачIун вуго гьеб къоялда Шамилица витIун цо чанго наибасул богин цадахъ ТIелекьа КъебедмухIамад, ЧIохъ росу бахъизе абун. ЧIахъал эсде мутIигIлъичIого, эсда данде рагъун руго. Кинниги росдал гъоркьаб авалалде жаниреги лъугьун, эниб гIурусазда гьоркьов вукIарав Макълач абулевги ИбнухIажарил Ибрагьим абулев чиясулги рукъги бухIун боцIиги тала гьабун буго. Ахир росу бахъизе кIвечIого нахъ руссун руго.

**Гьев Макълачги ИбнухIажарил Ибрагьимги гIурусазда гьоркьове ккеялъе сабаб**

---

[552] Карл Фези (1795-1848). Гьавуна Швейцариялда, Цйурих шагьаралда, амма нахъе лъугьана гIурус аскаралде ва вахана инарал-лейтенантасул даражаялде.

Макълач вукIун вуго гIараб цIалулев мутагIилум, Шамилгин ХIамзатгин цадахъ. Жеги ХIамзат гьесул божарав гьоболги вукIун вуго. ХIамзат имамлъун ккараб мехалда эв вукIун вуго ХIамзатида аскIов, эсул муридзабазда гьоркьосан божарав муридлъун. ХIамзатица Хунзахъ ханзаби чIвалеб заманалдаги эсда цадахъ вукIун вуго. ХIамзат хунздерица чIвалеб мехальги цадахъ вукIун вуго. Гьенив ХIамзат чIвайдал, гьев гьенисан лъутун кIанцIун вуго жидерго гьобол – цо къорол чIужуялъул бакIалде. Эльги эв вахчун вуго цагърунив жанив. Эй чIужуги йикIун йиго ХIамзат чIвазе ургъулел чагIазда гьоркьоса чIужу.

Эсда хадур рачIун руго эв ХIамзат чIварал чагIи, Макълач вачIанищ абун. Эй чIужу ахIдон йиго эзде: «Макълачги чIаго тун, нуж дихъе рачIине нечечIел кини? ХIамзатидаса цеве эв щай чIвачIев?» – абун. Гьелги гьелъда божун нахъе руссун руго. Цинги эй чIужуялъ бальго гьев Макълач ЧIохъе ворчIизе гьавун вуго.

ЧIохъе ворчIараб мехалъ чIахъадерицаги эв инжит гьавулев вукIун вуго, ХIамзатил муридлъун вукIарав чийилан, ХIамзатица жудер чагIи чIван ругелъул. Цинги эв Макълач ун вуго Гъазигъумекиве. Гьезул хан гьесул божарав гьобол вукIун вуго. Гьенив ханасда аскIов вугев мехалда, ханасухъе цо гIурус полковник вачIун вуго гьоболлъухе. Эсдехун гьудуллъи ккун буго эсул. Цинги эв полковникас абун буго Макълачида жинда цадахъ Туплисалде вачIа, жиндица дуе кIудияб лъикIлъи гьабила абун, Макълачги эсда цадахъ эниве ун вуго. Энив эс цIализеги гьавун, чинги кьун, апицер вахъине гьавун вуго. Гьелдаса хадув гьев гIурусазда гьоркьов хутIун вуго.

Цо нухалъ МичIилкIкIалахъ абулеб бакIалда Шамилилги гIурусазулги цIакъ кутакаб рагъ ккун буго. Гьеб рагъда дулмажлъун[553] Макълачги вукIун вуго. Гьениб гIурусазул бо цIакъ квешаб хIалалда биххун буго, гIемер боцIиги гъоркь

[553] Дулмаж – мацIал лъалев, цоялдаса цоялде гьел руссизарулев чи (гIурус. – переводчик).

хутIун буго. Жеги аскаралъе чурпа гьабулел хьагал цIун бахчун хахIаб меседги хутIун буго эниб.

Гьенисан лъутулаго жив Шамилида кодове щвани, Шамилил гурхIел букIизе абун, гьес цо кечI гьабун буго. Хъархьун цо гIергун элда гьоркьоб къазе гьабун, нухтIа чIван буго. Эб тIубан лъалев чи ватичIо, гьал рагIаби гурони:

Гlурусал сурун руго,
Салдатал чIалгIун руго.
Имам духъ чIалгIун вуго,
ЧIвайлан хIинкъунги вуго.

ИбнухIажарил Ибрагьим абулев чиги Туплисалде буртаби ричизе арав чи, энив гъулугъалда чIун, энив хутIун вуго. Эсие эниб апицерлъиги кьун буго. Элдаса хадув гIурусазда цадахъ вукIун вуго Шамил кквезегIан.

Цинги Аргъут[554] вачIун чIахъадерие баркалаги кьун буго. Таманал чагIазе шапакъатал кьун руго. Нахъеги гьес абун буго: «Нужеца росу рагIалазда боржалги[555] ран, росу щула гьабе. Дица нужое кумекалъе даргаялги гъазигъумекдерил боги битIила», – абун. ЧIахъадерицаги 10 боржги бан буго росу рагIалазда, жалги Шамилида данде рагъизе хIадурлъун руго. Гьеб мехалда Шамилидехун рекъарал чагIи Шамилихъе ун руго. Цинги Шамилица Даниял-султIан витIун вуго кинабго магIарулазул богин 1261 (1845) соналда ЧIохъ росу бахъизе. Элги 5 къоялда ГIурул-гьоцIиб абулеб бакIалдаги чIун, ЧIохъе гIадамал ритIун руго, ракълие кIалъазе. ЧIахъадерица ракълие кIалъалаго, нахъасан ахIи бан чагIи ритIун руго Гъазигъумекирги, ЦIадахIарирги, ГIахъуширги. Энисан жаваб щвезегIан балагьун, ракълил иш тIубазе биччан гьечIо. Амма гIемерисел чагIазе рекъел гьабизе бокьун букIун

[554] Моисей Захарович Аргутинский-Долгоруков (1797-1855). Гьавуна Туплисалда, эрмениясул хъизаналда. Лъугьана гIурус аскаралде, 1845 соналда вахана инарал-лейтенантасул даражаялде, жеги лъабго соналдаса щвана инарал-адйутантасул чин.
[555] Борж – хъаладул си.

буго. Гьедин ракълие кІалъалел ругеб мехалъ, цояб рахъалъ тумазул богин Агъалар [556], цояб рахъалъан гІахуш-цІедехІдерил бо бачІун буго. Эзул кумек бачІиндал, элги цакъго чІухІун руго. Ракълие рачІарал чагІиги къватІире ахІун руго. Рекъелги къабул гьабун гьечІо. Гьеб мехалда Даниял-султІан лъугьун вуго росдал гъоркьаб авалалда. Жанир чІун рукІун руго ГІинкъавги МусахІажиявги жидер гьалмагъзабигун цадахъ. Эсие кумекги кьун буго. Энисан рагъизе байбихьун буго. Агъаларил боги букІун буго хобал ругеб рахъалда чІун, даргуялги росда нахъ бугеб магъилъ чІун.

Цин Даниял-султІан богин росдал гъоркьаб рагІалалдаги чІун, рагъ гьабун буго. Гьел Шамилил бода цадахъ гьесдехун рекъарал чІахъалги рукІун руго. Рагъулелги боцІиги талавур гьабулелги гьеб мехалда гІурусаздехун рекъарал Гъазигъумекихун, ЦІадахІарихун лъутун руго. ХІал кІварас хъизан бачун, кІвечІез жалго янгъиз. ХутІараб гьоркьосеб халкъ киналго магІарул росабалъ щущан руго. Щибго кваназе, ретІизе, тІад гъоркь базе жоги гьечІого, цІакъго язихъаб хІалалда рукІун руго.

Нахъеги гьенир Шамилил рахъалда хутІарал чагІиги жидерго хъизаназе кванилги ротІлолги рахъалъ бугеб къварилъи баччизе кІоларого, гІурусаздехун лъутун руго.

Гьеб заманаялда Шамилил наибги ГІинкъав ХІажияв тун вуго. Амма эсулги эв гІадинав цогидал наибзабазулги халкъалда цІакъ кІудияб зулму букІун буго. Лъутун арал чагІазул хурзал, хурдул жидецаго рекьулел, хъвалел рукІун руго. Гьелъие хІалтІизеги, росулъ гІакІа ахІун, хІалтІизе росу бахъизе гьабулеб букІун буго. Жинди-жиндир квенги босун, хІалтІизе рачІа абун, мухь кьечІого хІалтІизе тІамулел рукІун руго. Гьеб гуребги, жудеда данде чІолев чи вукІаниги,

[556] Агъалар-хан – гІурусаз тІамурав гъумекдерил хан (1847-1859). Асланханил вац ГІумарил кІиабилев васлъун ккола гьев. Гьев живго Асланханги ккола Сугъралъ вукъарав гъумекдерил Сурхай-ханил вацасул вас.

бахIарчилъи ялъуни ресалъ цIикIкIарав чи вукIаниги, бечедав, боцIи гIемерав чи вукIаниги, жалги гIенеккун чIун Шамилиде мацI гъабизе гIадамал тIамулел рукIун руго.

Шамилицаги бачIулеб букIун буго: «Дуда кодор квешал чагIи рагIула, эл щай толел? Жиндихъе ритIе чIвазе», – абун.

Гъеб мехалда наибасе жиндие чIвазе вокъарав чи, я жинцаго чIвалев вукIун вуго, яги Шамилихъе витIулев вукIун вуго. БоцIи кваназе бокъарав чиясде балъго лъазе гъабизе гIадан тIамулев вукIун вуго: «Мун чIвазехъинав вуго, дурго бетIералъе гIамал гъабе», – абун. Эвги хIал кIвани хъизанги бачун, кIвечIони живго гIурусаздехун лъутулев вукIун вуго. Эсул боцIиги наибасул кодоб букIун буго. Гъелдалъун, чIахъадерил бечедал чагIиги, бахIарчилъи бугел, лъай бугел чагIиги, гIемерисел гIурусазда гъоркьор рукIун руго.

**Шамилидехун рагъулел**, гьезул бетIерлъи гъабулелги, гъал хадур хъварал чIагIи рукIун руго: 1. МухIаммад-Къади; 2. Имангъазалил МухIама; 3. Макълач; 4. ИбнухIажарил Ибрагьим; 5. Мамалав, 6. ГIабдухаликъ; 7. МухIаммад-Мирза; 8. БитIулав ХIажи; 9. Мартакил Ибрагьим; 10. Хаталав; 11. ХIалималав; 12. Дибирасул Ибрагьим; 13. ШугIабил Сулейман; 14. Гъазимирза; 15. Палгьан МурсагIали; 16. ГозгIалил ГIумар; 17. Ибрагьим ХIажияв; 18. Манижал МухIаммад; 19. АхIмайил ГIумар.

Гьал руго гIурусазда цадахъ рукIарал апицерзаби. Нахъеги милицаялда нукарлъиялда рукIаралги 100-ялдасаги цIикIкIун рукIун руго. Жеги гъулугъалда ругел жидеего бетIербахъи гьабун чIаралги рукIун руго. Цоял Гъазигъумекир, цоял Къаралазда, цоял ЛъарагIазда, цоял ЦIорор, Чачаназда. Гьанжеги руго гьеб заманаялда ара-аралъуб минаги гьабун, энирго хутIарал.

Цинги Шамилица ЧIохъ хъала базе гьабун буго, гъазигъумекдерилги, даргаязулги гIурхъи бугелъул чIахъадерида. Эзие кумекалъе гIандалазул кинабго боги бачун буго. Гьенир цIакъ кутакалда хIалтIун руго. БукIараб росдал гамачIги гьениб хъала базе босун буго кинабго. ХIатта

хабалазулъ рукIарал гIарсалгицин течIого рахъун руго. ЦIул баччун, цо мухъ цIулал, цо мухъ ганчIил гьабун, бан буго гьеб хъала. Росу бакьулъ бугеб кьури тун, тIадехун ккун буго. Энибе нухги кIиго бакIалдасан гурого, букIун гьечIо. Цояб Цолокьа букIун буго хъаладулъ ракьул жанисан гьабураб нух. Эб хъалаялда сверун боржалги гьарун руго: Салада, Чалдиб, ТухIла, МугугIорда, Кьелла ад, Бурула. Эб хъаладул наибги тун вуго МусахIажияв. Гьеб хъала цIунун гьенир жанир чIахъалги, хутIарал гIандалазул бодул чагIиги, мугьажиралги рукIун руго.

1266 (1850) соналъ Аргъут вачIун вуго ЧIалда-мегIералде[557], гьеб ЧIохъ хъала бахъизе абун. Гьев гьенив вачIин Шамил имамасда лъазе гьабун буго. Имамас гьебсагIат жинда кодор ругел бакIазде кагъталги ритIун руго, кинабго боги бакIарун ГIурул-гьоцIиб абулеб бакIалде рачIайин абун. Эниве вачIун вуго хъаладул наиб МусахIажиявги. ХутIарал киналго наибзабиги ракIарун, мажлис гьабун буго. Киналго ЧIохъе рилъун руго. Кинавго наибасда жинди-жиндие бакIги бихьизе гьабун, энир жудеда бихьизе гьарурал бакIалги щула гьарун, чIун руго. Живго Шамил ХIодоб яги Куриб абулеб бакIалда чIун вуго. Эв Шамил ЧIохъе вачIун 3 къоялдаса Аргъут вачIун вуго, магIардаса гъоркье нухалги гьарун. Гьеб мехалда рагъизе байбихьун руго, рагъ гьабун буго. ТIоцере эл Уданиб абулеб бакIалда чIун, рагъун руго. Гьенисан гIодоре рачIун хъалаялда цебе бугеб РицIгIорол абулеб бакIалде кIудиял топалги раччун, хъалаялдаги хутIарал боял ругеб бакIалдеги тIаде топал ран, топица рагьу гьабун буго. Нахъеги хъалаялда нахъехун, Салада абулеб бакIалда бугеб, боржги бахъун энисанги рагъ гьабун буго.

Гьеб РицIгIорол абулеб бакIалдасан бараб топацаги, гумпараялъги, къад гьеб хъала биххизе гьабулеб букIун буго. Къаси цIулал чIалу гьабун, гьоркьобе ракь бан радалалде гьадаб жо хъала ккезе гьабулеб букIун буго.

557 ЧIалда-мегIер – гьанже Турчидагъилан абула гьеб мегIералда.

Гьеб мехалда Аргъутил боялъ речIчIараб бакIалда цIа рекIунеб, топ бан буго хъалаялда тIаде. МусахIажиясги топ речIчIараб бакIалде тIаде лъим тIезе, кIудиял хьагал цIун лъим чIчIезе гьабун буго хъалаялда жаниб. ЦIа рекIараб бакIалде тIаде лъим тIун, гьебсагIат сине гьабулеб букIун буго.

Нахъеги Аргъутил боялъ къасд гьабун буго къватIисан хъалаялъе бачараб лъим гъукъун, хандакъ бахъун къотIизе гьабизе. Гьелъие гьел хIалтIулел руголъи Шамилида лъан буго. Шамилица амру гьабун буго МусахIажиясда 100 чи чIахъадерил, 100 чи сугъулдерилги ритIе абун, гьезие гъоркьчIел гьабизе. Гьеб мехалда МусахIажияс ритIун руго 200 чи. Эл гьезда тIаде кIанцIун, гьелъие хIалтIулел рукIарал чагIиги гъурун, эзул ярагъги парталги бахъун, эзул цо топги гъоркь хутIизе гьабун, эбги баччун, нахъ руссун руго.

Кинниги Шамилил бода цIакъго захIмалъун буго хъала хьихьизе. Хъалаялда жаниб бугеб бо, къоялъ рагъ гьабун, къаси радаллъизегIан хъала цIидасан къачIазе кколеб букIун буго. Сверухъ бугеб бо къаси къад чIечIого рохьоса цIул баччизе кколеб букIун буго хъалаялде.

Гьеб мехалда бода чIалгIун, цодагьаб бодул зигара рагIун буго Шамилида. Шамилица наибзабиги ахIун насихIат гьабун буго: «ГIурус ракьалдасан рачIун нилъеда тIад ихтиярги гьабизе, нилъер исламги гIодобе гьабизе, гьадал тушманзаби гьадигIан кутакалда хIалтIулеб мехалъ, нилъги хIалтIизе ккела. Нилъер исламги эхеде гьабизе, нилъерго бакIги кквезе. Гьанисан нахъ вуссарав наибасда тIогьилаб чарма бухьизе гьечIо. ЦохIо чи хутIаниги гьанисан дун нахъе вуссиларо», – абун. Гьелдаса нахъе киназго цакъго цIакъ бетIералда босун, рагъ гьабун буго. Къад хъалаялдаса рагъун, къаси бакI-бакIалдасан урдуялде[558] тIаде кIанцIун чабхъен гьабун, гьедин рагъулаго кIиго моцI бан буго.

Гьеб мехалда Аргъутил хъала бахъизе кIвеялдаса хьулги къотIун, нахъе вуссизе къасд гьабун буго. Жидехъ бугеб

[558] Урду – яргъилазул чадирал чIван ккураб бакI (гIурус. – военный лагерь).

кинабго топил гумпарадул гуллаги хъалаялде тӀаде кьвагьун, къаси нахъ руссун руго.

Радалиса дол нахъ руссун арал лъайдал, хадур лъугьун Шамилил бодуца эзул гъоркь хутӀараб таманабго къайги бакӀарун буго, эзул таманалго чагӀиги чӀван руго. Жеги эзул бахчараб 13 къали туманкӀул харилги батун буго. Эбги босун буго нахъе. Цинги имам хъалаялде жаниве вачӀун вуго.

Эб хъалаялъул биххиги бихьараб мехалъ, эниб букӀараб аскаралъе къвариллъи захӀматги лъараб мехалъ Шамилил эниб букӀараб аскаралъухъ ракӀ бухӀун, чвахун магӀугун гӀодун вуго. Гьениб хъалаялда жаниб букӀараб бодеги МусахӀажиясеги цӀакъ баркалаги кьун буго. Нахъеги кинабго бода амруги гьабун буго – гьадаб хъала гъоркь букӀаралдасаги щула гьабун, нахъеги цӀи гьабун байилан ЧӀалда магӀардаса Аргьут нахъе ун лъугӀизегӀан. Гьес абухъе гъоркь букӀаралдасаги щула гьабун, гьаб хъалаги бан буго.

Гьелдаса нахъе-нахъеги гӀандалазул наиблъунги ГӀинкъав ХӀажияв тун вуго. Мех-мехалда ВицӀхиялде, ЦӀадахӀарибехунги чабхъеналги гьарун руго, хъалаги хьихьун рукӀун руго. Нахъа ГӀинкъав ХӀажиясул бакӀалде наиблъун эсул вас ИсмагӀил тун вуго.

Эсулги, эсул вацгӀалзабигун ГӀумарил, МахӀачил, Ибрагьимилги халкъалда цӀакъ гӀемераб зулму букӀун буго. ХӀатта Шамилги вокьулев, эсул исламги бокьулел чагӀиги, эсул зулму чӀалгӀун гӀурусаздехун лъутулел рукӀун руго. Хӏатта, я мухь кьечӀого, яги квен кьечӀого жидер хӀалтӀи гьабизе, росулъ гӀакӀа ахӀун гӀадамал рачулел рукӀун руго. ХутӀараб халкъ эздасан чӀалгӀун рукӀун руго.

Цинги Шамил Гъуниве гочун вуго 1276 (1859) соналда. Шамилил гучги дагьлъун буго. Цинги ЧӀохъ хъалаялде тӀаде Лазаревги[559] цадахъ гӀурусазул бо бачӀулеб букӀун буго. Гьеб

[559] Иван Давидович Лазарев (1820-1879) – гьавуна Шушаялда, эрмениясул хъизаналда. Лъугьана гӀурус аскаралде, 1854 соналда Дарги округалъул нухмалъулевлъун гьавуна. 1859 соналда – Гьоркьохъеб Дагъистаналда аскариязул нухмалъулев, ва гьелдаса хадув 1860-б соналда лъугьана инарал-майорлъун.

мехалда ИсмагIилги эсул вацIгалзабиги ургъун руго эл гIурусазулгин рагъ гьабун бажариларо, нагагь гIурусаз хъала бахъани нилъ хъалада жанир басралъила абун. Нилъеца хъала кодобе кьун лъикI, эз нилъее чин кьезе бегьила абун ккун буго гьезда. Гьебмехалда ГIумарицаги, МахIачицаги, Ибрагьимицаги, Исламицаги, МухIаммадрасулил МухIаммадицаги витIун вуго жудеца хъала кодобе кьела абун ЖабрагIил ЦIадахIарив Назаровасухе. ИсмагIилицаги витIун вуго Давудилав гьениве. Гьеб мехалда салдатгин цадахъ Лазаревги вачIун вуго, ЧIохъ хъалаги туманкI кьвагьичIого кодобе кьун буго. Гьеб къоялда 7 чиясе чинги кьун буго. Цинги гIурусал рачIун Гъуниб мегIерги кинабго рахъалъан сверун ккун буго.

*ГІелмияб тІехь*

**Айтберов МухІамадил Тимур**
**ХІапизов МухІамадил ШагІбан**

**МАГІАРУЛАЛЪ ХЪВАРАЛ ТАРИХИЯЛ АСАРАЛ**

Оригинал-макет хІадурана *Сулаймановас О.А.*
Мужалаталъул дизайн *Керимовасул В.А.*

Басмаялде гъулбасана 18.10.2016 с.
Пормат 60х84 1/16. Ризограп басма. Опсет кагъат.
Гарнитура «Таймс». ШартІ. б. тІ. 18,6. Тираж 1000 экз.

Къабараб басма: АЛЕФ, ИП Овчинников М.А.
367000, РД, ш. МахІачхъала, къв. СтІал Сулайманил 50
Тел.: +7-8722-935690, +7-988-2000-164

